# IуащхьэмахуэIVАЩХЬЭ МАХУЭ

Адыгэ тхакIуэхэм я журнал
1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

2010 гъэ

# 5

Сентябрь – октябрь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзымрэ КъБР-м ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ къыдагъэкI

Редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр
**Елгъэр Кашифщ**

*Редколлегием хэтхэр:*
Къагъырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей

Налшык
2010

# Ошхамахо (Эльбрус)

Литературно-художественный журнал
На кабардинском языке

*Учредители:* Союз писателей КБР, Министерство по информационным коммуникациям, работе с общественными объединениями и делам молодежи КБР

**И. о. главного редактора**
**Кашиф Эльгаров**



*Редакционная коллегия:*
Борис Кагермазов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев



**Технический редактор –** Мадина Гурижева
**Корректор –** Марина Жекамухова
**Компьютерная верстка –** Залина Гетокова

Подписано к печати 00.00.10. Формат $70 \times 108^1/_{16}$. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 00,00. Уч-изд. л. 00,00. Тираж 2050 экз. Заказ № 156. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036

*Адрес редакции:*
КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Отпечатано на ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г.» Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника
**Заурбека Бгажнокова**


## КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:


**Хьэх Сэфарбий.** ИщхъэрэкIэ . . . . . . . . . . . 3
**Бозий Людин.** ЖэмитIушкIэ. Рассказ . . . 31
**Айтэч.** Рассказ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45


### ЖЬАНТIЭ


**«Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ редактор.** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 58
**Къэжэр Хьэмид.** ЦIыкIухэм я ныбжьэгъушхуэт . . . . . . . . . . . . . . . . . 60
**Щомахуэ Амырхъан.** Усэхэр . . . . . . . . 63
**Елгъэр Кашиф.** Нэхъыбэжи нэхъыфIыжи зыхуэфащэт ар . . . . . . . . . 69
**НафIэдз Мухьэмэд.** ЩIэблэми хуэлажьэу псэуа тхакIуэ . . . . . . . . . . . . . . 80
**КIуантIэ Iэзид.** Рассказ . . . . . . . . . . 81
**Елгъэр Кашиф.** Япэ дыдэ сыкъызэралъхурэ сопсэу. Бэзэрым. Рассказхэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 93
**БакIуу Хъанджэрий.** Лъэпкъым и набдзэ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 107
**Ширдий Маринэ.** Уахътыншэ фIэпщыну гъащIэм хэлъыр . . . . . . . . . . . . . 111
**Шорэ Ахьмэд.** Щапхъэ телъыджэу сигу къинащ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 114
**ШащIэ Алик.** «Тыргъэтауэ» япэу щагъэлъэгъуам щыгъуэ . . . . . . . . . . . . . 119
**Елгъэр Кашиф.** Зи фэгъу гъуэтыгъуей цIыхут ар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 122


### 2010 гъэр ЕгъэджакIуэм и илъэсщ


**Коммодов Геннадий.** Сабий гъащIэм и узэщIакIуэ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 148


### ХЪУЭЖЭ И КУЭБЖЭ


**Нало Заур.** Ныр Мызэ и хъыбаритI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 157
**КъуэщIысокъуэ Владимир.** ГушыIэ сурэт . . . . . . . . . . . . . . . . . 160

ХЬЭХ Сэфарбий

# ИЩХЪЭРЭКIЭ

*«ДУНЕЙ ГЪАЩIЭ» тхыгъэм щыщщ*

ГЪУЭГУМ



ЩIалэгъуалэр зэуIу щыхъум, илъэситIкIэ щылэжьэну зэгурыIуэныгъэ зращIылIа ухуа-кIуэ трест Свердловск дэтым зышэну къагъэкIуа лIыкIуэр хьэзырыххэти, етIуанэ махуэм и пщэдджыжьым замыIэжьэжу гъуэгу техьащ. КъыкIэлъыжэIам хуэдэу гужьеяуэ йолъэдэкъэщыкI, макIуэ мафIэгур щIэрыIэу, вагонхэр гущэу щIеупскIэ. Фыз гуэрым, зыри жимыIэу, сабийр егъашхэ шатэпскIэ. А псом гъуагъуэ-щIэжьыуэу щIэувэу, вагоным адрей и кIапэмкIэ щызэрызохьэ Къамбот и гъусэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ. Абыхэм уэрэдыжьыр кърaш, къофэ, ину мэдыхьэшх, мэджэгу, мэкъакъэ-мэпщIыпщI.

А псом яхыхьэн дэнэ къэна, гу ялъимытэххэм хуэдэу, Къамбот щхьэгъубжэм кIэрысщ. Гукъыдэж лъэпкъ иIэкъым, нэщхъейщ. Езым ищIэжыркъым апхуэдизу щIэнэщхъейри. ЛIо щIэнэщхъеинур, сыт къэхъуар? Зыри, уегупсысмэ. Мис, гъуэгу тетщ. ЦIыхум и гукъыдэжыр гъуэгум нэхърэ нэхъ къэзыIэтын хуей сыт щыIэ? Щхьэгъубжэ здыIусым здыдэплъым, зы напIэIэтыгъуэм илъэгъуар етIуанэрейм илъагъужыркъым. Илъагъур имылъэгъуащ, имыцIыхущ, имыщIэщ. ЗдэкIуэнум нэсмэ, аргуэру игъащIэм здэщымыIа щIыпIэм къыщыхутэнущ, игъащIэм зыхуэмыза цIыхухэм яхуэзэнущ, зэмыпсэлъахэм епсэлъэнущ, цIыхугъэ яхуэхъунущ. Ахэр псори щIэкъэ, дахэкъэ, гъэщIэгъуэнкъэ, уи нэгум зезыгъэужьын, удэзыхьэхын, нэжэгужагъэ къозытын защIэкъэ? Хуейтэкъэ а къомым уи гур яхуэпэбгъэн, псэщIэ, къаруущIэ къыпхалъхьэн? Хуейт. Модэ модрей къыздикI лъэныкъуэмкIэ зэплъэкIыжынщи, унагъуэ цIыкIу къызыхэкIам иджы нэхъ лейуэ зэфIэмыхьэныгъэ, зытегузэвыхьын къулейсызыгъэ гуэр къызэринэкIа? КъызэринэкIакъым. Е а къызыхэкIахэм яфIэмыфIу, я жыIэ емыдаIуэу щхьэзыфIэфIу къежьа, хущIегъуэжын хуэдэу? Зэдэарэзырэ зэхуэарэзыжу къыдэкIакъэ дыгъуасэ? Сыт-тIэ и гу лъащIэм къыщызыхищIэ щIэтIысыкIыгъэ и гукъыдэжым абрэмывэу къытегъуалъхьэхэр, щIэзыпIытIэхэр зищIысыр? Щхьэ мынэжэгужэрэ, уэрэд жимыIэрэ, мыкъакъэ-мыпщIыпщIрэ, жылэм ещхьу? Дэнэт! ЩIэфиихьыжу, жэрыгъэ защIэкIэ жэ мафIэгум и щхьэгъубжэм доплъри щысщ Къамбот, пкъо блэлъэтхэм и нэр зэратемыпыIэм иризэгуэп нэхъей. Ауэ ар икIи иризэгуэ-пыркъым абы. А пкъохэри илъагъуххэркъым, хэбгъэзыхьмэ. Хэт и пкъо, гупсысищэр и щхьэм щызоуэ, зыр IуигъэкIуэтмэ, щIэрыпсу нэгъуэщI гуэр и гущIыIу къыфIэкIуэу. Иджы зэрымынэхъ лейм щхьэкIэ и гур игъэфIыну хэтми, а унагъуэ къызэрыкIаращ гъуэгу къезымытыр, и гукъыдэжым зыкъезымыгъэIэтыр. КъытригъэзэжурэИ гур фIытоIэбэж я унагъуэм илъу къежьа зэфIэмыхьэныгъэ къомым, тхьэмыщкIагъэм. И анэм жылэм я узыншагъэр зэримыузыншагъэм, и шынэхъыщIэр, минрэ къэжэпхъами, иджыри зэрысабийм, ар иригъэджэну, зыхуей хуэзэу къигъэ-

тэджыну зэрикъалэным, езым а псори къызэхинэу къызэрежьам псэхугъуэ къритыркъым и гум. Зыщыгугъри и гур фIы ищIыжын щхьэкIэ зэпхъуэри зыщ: зэрыхъуар имыщIэу кIуэнщ а илъэситIри, ахъшэгуфIакIэу къигъэзэжынщ, жылэм яхэгъуащэу псэу хъунщ. Я унагъуэр жылэм яхэгъуащэу Къамбот зэи илъэгъуатэкъым. Илъэгъуамэ, зэрилъэгъуар жылэм яхэмыгъуащэут, хуэкъулейсызу къэгъуэгурыкIуэут. А тхьэмыщкIагъэ псори илъэситI зы «напIэIэтыгъуэм» зэтригъэщахэу, псэукIэ дахэ яIэныр и гуращэу къежьащ. Ауэ зэрыгугъэу мыхъумэ-щэ?! Мис, жыжьэ умыIэбэ, гъуэгур гъуэгущ. Дунейм теткъым ар зищIысыр зыхуэубзыхуаи зыхуэубзыхуни. А джафэшхуэу кIуэ гъуэгу иукъуэдиикIам умыщIэххэу къыщыкъуэкIынкIэ хъуну псор уеплъкIэ теплъагъуэркъым, къиубыдыркъым нэм. ЩыIэкъым абы езым къыщымыхъу. Хъунущ ущыунэнкIи ущыунэхъункIи, гъуэгу махуэу къыпхущIэкIыу уи Iуэху сыт и лъэныкъуэкIи къикIынкIи. Аращ гъуэгу техьэр гъуэгу махуэ, жраIэу щIрагъажьэри. Къамбот мы гъуэгур гъуэгу махуэ хуэмыхъумэ, мо къигъанэу къежьахэр дауэ хъуну?! Мис аращ Iуэхур!.. Зэм, къезыгъэжьа-къыкIэлъыкIуэтахэм зэрагъэзэжрэ псори фIэкIуэдарэ зыри имыIэжу, езым и закъуэ дыдэу мы дунеижьым къытена хуэдэу зы гужьеигъуэ гуэру къыщыхъунти, и псэр пипIытIыкIыу щIидзэнт. Зэми фIым хуихьырт мы зытеува гъуэгуанэри, екIуэкI псор гуапэ щыхъужырт. КъызэринэкIа унэми лъапсэми я мэ зыщыуауэ, плъэмэ, мыбдежым щилъагъуу къыхуэнэжа къэпыжь цIыкIу къыздрихьэжьамкIэ и гупэр егъазэ апхуэдэхэм деж. КъыфIощI абы дыгъуасэ мо къызыхэкIахэм япищIэу, къыхуищIу и гур тIэкIу нэхъыфI. АрщхьэкIэ зэрапищIэ щIагъуи къыхуищIэшхуи щыIэкъым...

* * *

И гур апхуэдэу зыкъомрэ унагъуэмкIэ щыхэтауэ, и гупсысэ мыфэмыцхэм зэуэ езым, и гъащIэ къигъэщIам и дежкIэ зыкъагъэзэж. Сытым щыщу игъэкIуа а къигъэщIа илъэс тIощIым нэблагъэр? СыткIэ сэбэпа, и мыхьэнэуэ тетыр сыт мы дунейм, зыхэзагъэри хуэщIэри лIо?! Хъунщ, и сабиигъуэр и сабиигъуэт. ХуэщIэр ищIащ. Адрей и ныбжьэгъухэр хьэулейуэ щыдэтым лэжьащ, унагъуэр зэрихьащ зэрыхузэфIэкIкIэ, хигъэкIуэдэжакъым. Къуажэ школым щеджащ, а псом закъыдигъэахуэурэ, фIы дыдэу еджэн хузэфIэмыкIами, зэи къинэжакъым. Къинэжакъым  еджэн фIэкIа Iуэху ямыIэу еджахэр къыщинэжым, щыщIадзыжыпэм. ИужькIэ-щэ? ГъащIэм къыщигъэсэбэпыну IэщIагъэ гуэрым хуеджэну иужь ихьэри, щIэтIысхьэфакъым зыхуеяуэ, и нэ къызыхуикIыу зы еджапIэ. Щеджэфакъым, зыри щымыхъужыххэм, пщIэ щIиту шот школ зыщIэтIысхьами. Я пщIантIэ дэта жэмыжь закъуэр, унагъуэр зыкъуэпсэукIыр къыдилъэфу ищэу къыщIэкIар еджапщIэм зэрыщIитам нэхъ фейдэ иIакъым. Зы сом къэзлэжьынщ, жиIэри лэжьапIэ IэнатIэ Iуувати, абыи Iутыфакъым. Иджыргуэрым ищIэр лIо? Сыт къикIыр мы нобэ ищIэми? Псори къигъанэри къежьащ, мыIэщIагъэрэ мыщIэныгъэу. ЛIо, щалъхуа щIыналъэм, и хэкум щыхуэмыщIар а здэкIуэм нэхъ лейуэ щыхуэщIэну? Абы нэхъ къыщикIыну и пхъэр? Узыдэмыхьа къуэладжэ лы дэзщ...

Мыбдежым щIалэм игу къэкIыжащ Хьэжсетхэ я деж джэгуну кIуауэ, абы и адэмрэ и адэ къуэш Лъостэнбэчрэ зэфIэнауэ зэжраIэу зэхихыгъар. Лъостэнбэч хуэкъулейсызу псэурт. Тхьэм ещIэ ар а тхьэмыщкIэм къызыхихар, и къуажэ къыщалъхуар, щапIар иджыри къэс зыдэсар, къызыхэкIа

и лъэпкъыр къигъанэщ, хьэбли благъи зэридзэкIри, Жэгъунтхьэблэ Iэпхъуат, абы щыпсэуну. Хьэжсет и адэм ар игу иримыхьауэ, шхыдэрт, моуэ жиIэу: «ЛIо, Шэрэдж узэпрыкIыу адрей бжьэпэм укъызэрытетIысхьам щхьэкIэ, нэхъыфIу упсэу ухъун уи гугъэу ара? КъыхэхъуэнУ абы щхьэкIэ нэхъ лейуэ уи къарум, уи акъылым? Хьэмэрэ псэукIэ умыщIэр абы нэхъ лейуэ къыщыпщIэну? ХьэлIамэщ ар, мис а узэрыщытым хуэдэу факъырэу укъэнэжынущ!» Къэнэжат, тхьэмыщкIэ, икIи.

НтIэ, а Лъостэнбэч псэукIэмыщIэ абы щыгъуэ ищIауэ щытам сыткIэ къыщхьэщыкIрэ езы Къамбот мы иджыпсту ищIэр? Зи теплъэм итхьэкъу, зи берычэтыр мыкIуэщI мы ди щIыпIэ хьэлэмэтым щыфIыкIыжауэ здэкIуэр дэнэ, щIэкIуэри сыт? СыткIэ нэхъыфI ар зэрихъуэжыр? ЗыкIи. Щалъхуа, щапIа и Кавказыр къигъэнауэ, Урал макIуэ, абы и Iуэхур нэхъ къыщикIыну, щыдэкIыну и гугъэу. Щремыгугъ абы, алейуи. Сыт, Кавказ къурш дахэ зэщIэпщIыпщIэхэм, зи щыгу лыдыжхэмкIэ уафэр щIэзыIыгъэу къыпфIэщIхэм къурамыта къарур Урал бгыжь еутэхахэм нэхъ къратыну?

ЗыхущIегъуэжу хуежьа гъуэгуанэм тет щIалэм мыбдежым и нэгум къыщIегъэхьэ географиемкIэ езыгъаджэу щыта Зыгъэзэж Мышэ картэмкIэ еджакIуэ цIыкIухэм къаригъэлъэгъуауэ щыта а Уралыр. Абы и бгыжь екIуэкIхэр Кавказ къуршыжьхэм нэхърэ нэхъ лъахъшэт, нэхъ гъуабжэлъабжэт, куэдкIэ нэхъ теплъаджэт. Къамбот абы щыгъуэ еупщIат егъэджакIуэм, картэм апхуэдэу къиищрэ хьэмэрэ ара Уралыр зэрыщыт дыдэр, жиIэри. Аращ, жиIат егъэджакIуэм, игъащIэкIэ къылъэщIыхьэнукъым ар Кавказым и дахагъэкIи, и уардагъэкIи. Ар апхуэдэу щIыщытыр Уралым и къуршхэр нэхъыжьу ара ди Кавказым нэхърэ, жиIэу Къамбот аргуэру щыкIэлъыупщIэжым, егъэджакIуэм а упщIэр игу иримыхьа хуэдэу къафIэщIат еджакIуэхэм. Тэмэму ищIэу къыщIэкIынтэкъым и пэжыпIэр. Моуэт жэуап къазэрыритар: Уралым и къуршхэр дыдейхэм нэхърэ нэхъ лъахъшэу икIи нэхъ фэншэу щIыщытыр, шахтэ куэд щыIэщ абыи аращ. МыувыIэу яубру, къагъауэ, хъугъуэфIыгъуэхэр куэду къыщIахри, ирах и фэр. Уралым елъытауэ, ди Кавказым зэрыщIэIэби зэракъутэ щIагъуи щыIэкъым, мащIэщ зэкIэ хъугъуэфIыгъуэу къыщIахри. Хьэуэ, щIэмылъу аракъым. Дибгхэр хъугъуэфIыгъуэкIэ нэхъ къулейсызу къыщIэкIынукъым Уралым нэхърэ, ауэ а щIэлъхэр къыщахутэнури къыщыщIахынури дяпэкIэщ.

* * *

ЖэщитI-махуитI енкIэ зытета гъуэгуанэ кIыхьым Къамбот и щхьэми игуми зэпымыууэ щыкIэрахъуэ гупсысэ нэщхъей хьэлэчыпцIэхэр зытIэкIукIи нэхъ кIащхъэ мыхъуауэ нэсащ ди къэралышхуэм и къалэ нэхъыщхьэ Москва. ИгъащIэ псокIэ къэмыувыIэжыну къыпфIэщIу иджыри къэс къэжа мафIэгур уахъуэпсыхъуэр зэрихьэу кIийуэ щIидзэщ къэувыIэпIэм щынэблагъэми, хуэм-хуэмурэ къэувыIэпэу хуежьащ. ЗэщIэскъыскъэ-хэщэтыкIыжу, зыкъомрэ гугъу ехьа нэужь, икIушхуэ щымыIэурэ зыщIэрыIэжщ тIэкIури, и пIэм ижыхьащ, зэгуэри ежьэжыххэну уи фIэщ пхуэмыщIыжыным хуэдизу. Москва Москват. Дауи, абы псоми я нэ къыхуикIырт ялъагъуну. Ауэ Къамбот и гугъэжт езыр а псоми ялейуэ. Iейуэ лIэрт ар Москва щхьэкIэ. АрщхьэкIэ адыгэ щIалэгъуалэ гупым мыбдежым куэд дыдэрэ зыщаIэжьэну Iэмал ихуэнуи къыщIэкIынутэкъым. Ахэр къыщIикIар Свердловск кIуэ нэгъуэщI мафIэгу ирагъэтIысхьэу, я гъуэгум пащэну арат. Адэ, зэрыцIыкIу лъандэрэ... Хьы, «зэрыцIыкIу»

щхьэ жиIа иджы, зэрызищIэж лъандэрэ сыт хуэдизрэ зэхихауэ пIэрэ абы Москва и цIэр? Сыт хуэдиз псалъэмакъи едэIуагъэн абы теухуауэ?! Усэр усэу, уэрэдыр уэрэду къыщIэIуа, езым игъэIуа къомыр-щэ? ЦIыхуитI ауэ къызэтеувыIауэ зэпсалъэ къудеймэ, абы и гугъу ящIырт. Псоми хуэмыдэжу, зауэр щекIуэкI зэман шынагъуэхэм щыгъуэ. Сталинышхуэм унафэ ищIу зыдэс къалэм и цIэ къркрамыIуэу хьэмэрэ темыпсэлъыхьу къэнэнт?! Ауэ щыхъукIи, дуней псом я плъапIэ а къалэр Къамбот картэкIэ фIэкIа и нэкIэ игъащIэм илъэгъуатэкъым. Абы нэхъей, щIымахуэ жьычуи иримыхьэлIари! Мыдэ шыкIэпшынэм ткIий дыдэу шэщIауэ зи кIапэхэр тегъэбыда зы налъэ цIыкIум ауэ утеIэба къудеймэ зэрызум хуэдэу, зыщIыпIэ умыщIэу уецырхъамэ, къалэ псор зэрыщыту зэщIэзууэну къыпщыхъурт, ихъуреягъыр апхуэдизкIэ зэщIэщтхьа-зэщIэдияти. Мыр езыхэр къыздикIа я щIыпIэм зыкIи ещхьтэкъым. ЩIымахуэр ткIийм и ткIиижт. Вагоным къиувыкIащи, щытщ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ. ЯщIэркъым здэкIуэнури здэжэнури. МафIэгум и уэнжакъым мыбы къэсыху пыIэ шопсу щхьэщыта Iугъуэ-бахъэ къомыр мы вагонхэм ярысахэм IукIэ къыздрахьэжьа нэхъей, Iуву къаIурихырт, здэбауэм. Къамбот пIащIэу къелъащ мафIэгум. Москва япэу и лъэр зэрыщытригъэувэххэу, абы игу къэкIыжащ ПащIэ Бэчмырзэрэ я къуажэ тракторист цIэрыIуэ Шэрджэс Нажмудин и шыпхъу Мэрянрэ. А Мэрянрэ мы Къамботрэ пэщIэдзэ классхэм щызэдеджат. Абыхэм я тхылъым итт ПащIэ Бэчмырзэ и «Мэзкуу къэралыр къэралыгъуэжьти» поэмэм щыщ зы пычыгъуэ цIыкIу гуэр. Ар «Мэзкуу къэралыр къэралыгъуэжьщ, биижь нэрыгъщ» жиIэу къыщIидзэрт. Я егъэджакIуэ Зыгъэзэж Розэ зэ а Мэрян къыдеш абы къригъэджэну. ФщIэрэт къызэреджэр, дапщэрэ кърримыгъэджами? Мыпхуэдэут: «Мэзкуу къэралыр къэрал гъуэжьыжьщ, биижь нэрыгъщ...» Аргуэру зэ къеджэж, Мэрян, жиIэу дапщэрэ къыщIримыгъэдзэжами, апхуэдэут къызэреджэр. Сатыр а укъызэджэм быдэу уеплъыпэурэ къеджэт, дапщэрэ къыжрамыIами, яхутекIыртэкъым а «гъуэжьыжьым»...

Къамбот и нэр апхуэдизу къызыхуикIа къалэм хилъагъукIаи щымыIэу, псори зэщIакъуэри нэгъуэщI мафIэгум ирагуащ. АдэкIэ пащэнущ я гъуэгуанэм. МафIэгу зрагъэтIысхьар ежьащ, папщэжу.

Гъуэгу Iуфэ пкъохэм бжьыгъэ IэпапIэ кIыхь цIыкIуу блэлъэту щIадзэжащ. ЗэрыжаIэмкIэ, здэкIуэнум нэсын щхьэкIэ иджыри а къакIуам хуэдиз дыдэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэ якIужын хуейт. ИтIанэ къыщыхутэнут Урал!.. ЕджакIуэ бзаджэ цIыкIухэм, Къамботи яхэту, я егъэджакIуэм Кавказымрэ Уралымрэ щатепсэлъыхьам къажриIа псор я фIэщ хъуатэкъым. Къащыхъуат тIэкIу щIэгъэтхъэIуауэ я Кавказым щытхъуауэ. Ауэ нэхъ гъунэгъу хуэхъуу зэрыщIидзэу, псоми гу зэрылъатамкIэ, сыти жыIи, шэчи шубэхьэи къызытумыхьэжынур зыт: ди Кавказ къуршхэм Уралыбгхэр зэи зыкIи къалъэщIэмыхьэну арат. Ахэр лIамэ, ди Кавказ къуршыжьхэр хьэдагъэ бгъакIуэ хъунтэкъым. Дуней псом я плъапIэ ди Iуащхьэмахуэ и закъуэ сыт и уасэ, адрейхэм я гугъу умыщIыхxи. КIапсэшхуэу зызыукъуэдий ди къуршыпсхэр, абыхэм я бгъуитIымкIэ зи Iэгухэр щызыущIа ди губгъуэ жумартхэр... А псори къэбгъанэу, нэгъуэщI щIыпIэ укIуэн щхьэкIэ, уи щхьэм куэншыб чилэ дапщэ илъын хуей! Ахэращ уэ уилъри, уилри, уи къупщхьэри. Хьэмэрэ нэгъуэщI пхуэщын, пхуэугъурлын, къэбгъуэтын абыхэм уащыфIыкIыжу, ахэр къэбгъанэу уежьакIэ?! Ди цIыху дыщэхэр, жумартхэр, адыгэми жиIащи, зы жыпIамэ, тIу къозытхэр-щэ?! НэгъуэщI щIыпIэхэмрэ абыхэм щыIэмрэ уэ дауэ къызэрыпхущIэкIынур, укъэзылъхуахэмрэ къыбдалъхуахэмрэ уащыфIыкIыжу уежьамэ?..

* * *

УэI, Рабия! Мыбдежым Къамбот игу къэкIыжащ и хэку угъурлыгъэм щыщ зы нур кIапэ абы къызэрыздрихьэжьар. Рабия цIыкIу хуэдэхэм уабгъэдэкIыу уежьэу уэ дэнэ угъурлыгъэрэ пхуэмахуэнрэ къыщыплъыхъуэжынур?! Абы и сурэт цIыкIуитI, елIэлIапэу ищIати, ахэм ятрырыригъэхыжар къыздрихьэжьащ, - насыпкъашэу. Зыр цIыкIу дыдэу, адрейр тIэкIу нэхъ иныIуэу. И гугъащ нэхъ иныIуэр пхъуантэм дигъэлъыну, мыдрей нэхъ цIыкIур лъахъстэн лъапIэм дахэу кIуэцIидэу, дыуэ щимэу и пщэм илъу зэпымыууэ къыздрихьэкIыну. Ауэ, хъунщIэпсынщIэету къежьэн щыхъум, хузэпыщэжакъым. Зэзэмызи а и делагъэм щхьэкIэ зыщыдыхьэшхыжырт. Ауэ и фIэщ мэхъу дэнэ лъэныкъуэкIэ игъазэми, я нэхъ щытыкIэ узыхуэмейм ихуэми, а сабий угъурлы нэкIу цIыкIур и гъусэмэ, абы и нэм щIэплъэмэ, сыт хуэдэ мыгъуагъэри щхьэщихыну, зэи лей къылъымысрэ и Iуэхуи дэкIыу дунейм тетыну.

Абы и пэжагъыр хьэкъыу пхыкIарэ шэч лъэпкъи къытримыхьэжу, къызыкъуех Рабия дыщэ-дыгъэ и сурэт цIыкIур. Сурэтуи къыщыхъужыртэкъым ар абы - езы дыдэр къакIуэу и пащхьэ къиуварэ иджыпсту и нэкIэ илъагъуу фIэкIа. И нэкIу джафэ дахэ цIыкIур абджыху къабзабзэм хуэдэрэ узэпхрыплъу къыпщыхъуу. Игъэшына цIыхум и бисмылахьир зэхэзыха шейтIану мэкIуэдыж Къамбот игуми и щхьэми щызэрызехьа гупсысэ-лыших мыфэмыц къомыр. ЩIалэр къощIэрэщIэж, зэщIопсэ, уи нэкIэ плъагъуу. Сыт ищIысри дахэ, хьэлэмэт, щIэщыгъуэ, удэзыхьэх къыщохъуж. НэгъуэщI нэкIэ еплъ мэхъуж иджы ар гъащIэми, дунейми, гъуэгуанэ зытехьами. НэхъыфIкIэ захъуэж и псантхуэм къыщIэф и гупсысэхэм. Иджы абы къелъытэ къызэрежьар тэмэму. Сэ сыделэми, жи, мы къыздежьа къомыр делэ? Абыхэм зыгуэр ямыщIэу мыпхуэдиз зи кIыхьагъ гъуэгуанэм тегушхуакъым. КъагъэпцIауэ яшэу къыщIэкIынкъым а ухуэныгъэ здашэу жыхуаIэм и унафэщIхэми мыпхуэдиз цIыхур абы нэс.

Хъунщ, дощI иджы щIегъуэжу Къамбот игъэзэжауэ. Мыколхоз-мысовхозу къызэхэна къуажэм мэкъумэшыщIэм и щхьэр здихьын имыщIэу кърехьэкIри дэтщ, езым дэнэ абы лэжьыгъэ къыщыхихынур, унагъуэ тхьэмыщкIэм зыкъригъэужьыжын хуэдэу? ЗыщIыпIи. Хьэмэрэ Налшык кIуэуэ, абы щылэжьэн щIидзэкIэ нэхъ къилэжьыфыну? Сыт щхьэкIэ, еплъатэкъэ ар абы, лэжьэн щIидзэри, хьэлъэм я нэхъ хьэлъэр къыщрилъэфэкIатэкъэ, заводым кIуэри? ЛIо къикIар? Къилэжьыр ишхыжу дэсакъэ къалэм, лэжьыгъэ хьэлъейм хиха узым и лыр ишха нэхъ къыпиха щымыIэу?

Хъуртэкъым ахэр Iуэху, хъунутэкъым игъащIэ псокIи. Мо здэкIуэм ухуакIуэхэм яхыхьэнщи лэжьэнщ. Зыщигъэгъупщэнщ щIалэм щIалэ и Iуэхущ, адыгэ псалъэжьыр... Псалъэжьуи къыщIэкIынукъым ар, псэлъафэ яхуэхъуауэ цIыхум къадекIуэкI къудейуэ арагъэнщ. Зыщигъэгъупщэнщи, щIалагъэ-делагъэ Iуэху лъэпкъ зэрихуэнкъым. Зезыхуэхэми яхыхьэнкъым. Мы и гъусэхэр щIалэгъуалэ защIэщ, хыхьэнкIэ мэхъу узыхуэмеину гуэрхэми. Защихъумэнщ. Абыхэм, шэч хэмылъу, яхэтынщ темыхьэулеикIыу лэжьэн щIалэ, хъыджэбз тэмэмхэри. Мис абыхэм ядэплъеинщ.

Арыншами зэIумыбзыщэ и щхьэм изэрыхьауэ къызэрежьэрэ ита къомым я пIэкIэ мис апхуэдэ гупсысэ къабзэхэр, нэхутхьэхухэр къихьэжщ, Рабия и сурэтым ауэ зэрыIуплъа къудейм щхьэкIи, Къамбот и дэрэжэгъуэ тIэкIур хъарзынэу къэбэзэрыфат пшапэ зэхэуэгъуэ щыхъуам. Мо щIыпIэ мыцIыху зыпхрыжым, дэнэ нэсами ищIэртэкъым. И фIэщ хъунут, здэкIуэ

Свердловск къалэ дыдэм нэсауэ къыжраIами. Ар сыту псынщIэт, жиIэу игъэщIэгъуэн къудейуэ арат. Щхьэгъубжэ зыдэплъымкIэ дилъагъукIыщхуи щыIэтэкъым. Я деж къыщыдэкIам хуэдэжтэкъым, нэгъуэщI дуней тетми ярейт. Шууейм фIыуэ зыхукъуилъхьа шы хъыжьэм хуэдэу зричауэ кIуэрт мафIэгу псэемыблэжыр. Абы и дежкIэ зыми щыщтэкъым, Iу бахъэт псори – щIыIэри, хуабэри, уэшхри, уэсри. Зыхуэзэр бгъэкIэ ихьыну хьэзыру кIуэцIрыкIырт, мы ди планетэ цIыхулъэ цIыкIум и хъуреягъыр икIэщIыпIэкIэ къимыжыхьмэ, и кIуэдыр абы къэрагъэкIыну ирахужьау яхуу фIэкIа зэрыпщIэн щымыIэу.

Мыдрей ди щIалэ емынэшум и гугъат и нэжэгужагъэ игъуэтыжар зыгуэр къытехъуэу имыгъэкIуэдыж щIыкIэ яхихьэу мо щIихьауэ зэрызехьэ щIалэгъуалэм яхыхьэну. Ауэ гу лъитащ жейр къызэрытеуам. ТепIэнщIэлъын къабзэхэр зыгуэрхэм зэрахьэрт, гъуэлъыжыну загъэхьэзыру. Къамбот ехъуапсэрт езыми апхуэдэ къиищтэу, тыншу жеину. Ауэ арыншами фIэмащIэ ахъшэ тIэкIу къыздищтам хэIэбэну хуейтэкъым, щысхьырт. Апхуэдэу щыхъум, Рабия сабий дыщэ и сурэтыр и Iэм IэщIэлъу, унагъуэм пызыщIэ и гугъэж и сэлэт къэп плIэрыдзэр щхьэнтэ папщIэу и щхьэм щIэдзауэ, я бгыжьым къыдэзышу мы дуней хуитышхуэм къытезыша лъэс лъагъуэ цIыкIур и нэгум IупщIу щIэту, а здэщысым щигъуэлъыкIащ. Апхуэдэу зэрищIам щхьэкIэ мы зыхэтхэри хамэ щIыпIэ мыцIыху зыпхрыжри – зыри зыкIэ къылъэмыIэсу, я дей щыIэжу фIэкIа къыщыхъуртэкъым. Апхуэдэу здэгупсысэм, Къамбот зыкъомкIэ ещхь хъуат ИстамбылакIуэм и зэманым я хадэм, къыщалъхуа, къыщыхъуа я лъапсэжь зэрысам къыщищта щIыгулъ IэмыщIэр Тыркум нэс здэзыхьауэ ягъэхъыбар адыгэлIым. А щIыгулъыр и вакъэ лъэгум ирикIутэри иувэжауэ, сэ си щIым сытетыжщ, жиIэри зыми и щхьэр хуигъэлъэхъшэн имыдэу щытт, жаIэ тхьэмыщкIэр. Абы нэхъей, къызыфIигъэщIыну хэтт я деж щыIэжрэ я уни илъыжу. Арауи къыщIэкIынщ нэху щыху къэмыушу, IэфIу щIэжеяри.

## АСЛЪЭН

Къэбэрдей уралакIуэ-свердловскакIуэхэм я гъуэгу имыухыжын я гугъар, абы сыт хуэдиз кIыхьагъ имыIами, мафIэгузэхъуэкI къызэрыкIуахэм я гъущI шэрхъыжь иримыкъужхэм зыIуралъафэри, зыри къэмыхъухха хуэдэ, зэщIэувыIыкIащ. Вагонхэм, зи щхьэр щхьэщылъэфа къэпыжьу, цIыхур къарыщэщащ. Абыхэм яхэтт езым я хэку къыздикIамкIэ лэжьыгъэу щыIэр щиухыу, мыбы къэкIуауэ зи гугъэж ди адыгэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмри. МащIэт а и хэкуэгъухэми Къамбот яхицIыхукIыр. Ахэр псори хамэ къуажэт, мыбы къызэрежьэри къепсалъэ-епсэлъэж сыту зэрыщIатэкъым дахэ-дахэу, зэрыцIыхуатэкъым. Къезышэжьа СулътIан нэгъуни, дахьэхыжат адрей нэжэгужэ къом къафэу, джэгуу зэхэтхэм. Зи гупсысэ хьэлъэхэм щIапIытIэж и цIыхугъэжь вымпIур иджы фIэхьэлэмэтыжтэкъым. Абы и дежкIэ къеплъэкIыжыххатэкъым гъуэгуанэ псор зи кIыхьагъым. Езы Къамботи, Iуэху ищIу, бгъэдыхьатэкъым.

– Совет къэралри щымыджэмыпцIэу, дэ цIыкIухэм ди Iэпкълъэпкъри щызэмыпцIам лъандэрэ мы къалэм ахъшэу дищIар дэзыхын Тхьэм ищIын си ныбжьэгъужьхэ, хъуи бзыи сыт фи узыншагъэ, дауэ фыщыт, сэ езым дауэ фыкъысхущыт? – къэIуащ щIалэ мылъагэ дыдэ, ауэ цIыкIукIи узэмыджэнум и макъыр гъуму. – Дэ дыздэкIуэм дыкъэсащ. Дыкъэсащ Свердловскыу Екатеринэ тхьэмыщкIэм и къалэм...

– Сыт-тIэ, ар Екатеринэ и къалэу щIыжыпIэр, Свердловскмэ? –

йоупщI абы, иджыри къэс и жьэр зэщIихыу псалъэ жиIауэ зэхамыха Къамбот.

– И къалэщи. Екатеринбургт мыбы и цIэр, ауэ, пащтыхь властыр щыкъутэжым, Советхэм СвердловсккIэ зэрахъуэкIыжащ.

– НтIэ, иджы Совет властыр къутэжмэ, мыбы и цIэр аргуэру яхъуэжыну, фIащыжыну Екатеринбург?

– Сыт жыпIэхэр зищIысыр, а Советскэр езыр къутэжыххэну зэгуэр, сытми? Апхуэдэ псалъэхэр зыми зэи зэхыумыгъэх, къыбгурыIуа? Уи щхьэпхэтIыгур гъуджэкIи щумылъагъужыну щIыпIэ уамыгъакIуэмэ, согъэпцI, ара уи гугъэр?!

ЩIалэм жиIам къытрагъэхъеикIа псалъэмакъым зэрызишэщIыр, ар мыдрейхэм здаунэтIауэ иракъутэкI лъэныкъуэр игу иримыхьу, къахэIэбащ езы къезыгъэжьар:

– Къуэшхэ, шыпхъухэ, нэгъуэщIым и гугъу умыщIыххи, ауэ фыкъызэтеувыIэн къудейм си зы пщэдджыжьышхэ щIэстынт, апхуэдизкIэ сыхуейкъым а жыфIэхэми. ЛIо, фи унэ фыщIэс фи гугъэжрэ, ауэрэ фыпсэлъэну хьэмэрэ фи хэку фисыжу къызэщывгъэхъуу ара? 1938 гъэкъым. Ди щхьэщыгум къытхэплъэу къитыр си бийщ, тхьэщIэпсыр фи Iусу фи гъащIэ Iыхьэр фамыгъэхьмэ! Сыт щIэвдзауэ фызытепсэлъыхьыр, къэвгъанэ ахэр. Дэ псори зэддзэкIыу хьэдрыхэщI нэс дыкъыщIэкIуар дылэжьэну, лэжьыгъэр дыухмэ, сом гуэр ди жыпым илъу дыкIуэжын жытIэри аращ, армыхъумэ пропагандэ мышыу едгъэкIуэкIыну аракъым!

Аслъэнт а щIалэм и цIэр, зэпхыжаIыкIыу Къамбот зэрызэхихамкIэ. Езыхэми ауан зращIыжу зэрыжаIэщи, сомышхуэм кIэлъыпхъэра гупым а Аслъэн ныбжькIэ я нэхъыжьтэкъым икIи я нэхъыщIэтэкъым. Зы илъэс тIощIрэ тхум, хым итми арагъэнт. Къахэтт щэщIым щIигъуа цIыхухъуи цIыхубзи. Аслъэн езыр щIалэ зэIэщIэлът, ауэ я нэхъ интэкъым зыхэт псом. ЗыкIи къахэщыртэкъым, адрей щIалэхэм, я нэхъ лъэщу фэ иумыплъынумэ. Къамбот ар щIалэ бланэу, тегушхуэныгъи зыхэлъу къилъытэрт. ЗикI, къыщIикIуэтынрэ нэгъуэщIрэ щымыIэу, мы дунеижьыр ирищIыкIыным хуэдэу тегушхуауэ яхэтт ар. Арагъэнут, дауи, мы зыхэт гупым пашэ хуэдэу яхуэхъуауэ къыщIыпфIэщIри. Къамбот мызэ-мытIэу гу зэрылъитамкIэ, абы пщIэ хуащIырт, и жыIэ едаIуэрти, Iуэхуи тращIыхьырт. Къызэрежьэхэри а щIалэр утыкурыт хъурейт, нэхъыбэу зэхэпхри абы и макът. Къамбот япэ щIыкIэ ар цIыху мыгъасэу къыщыхъуат, хьэлыншафэ ириплъат зэщIэвэ-зэщIэжьэу щызэхэтахэм. Нэхъри игу ебгъат, езым нэхърэ нэхъыжьын зы хъыджэбзышхуэ вагоным уиздзынущ, жиIэу гушыIэу IэплIэкIэ ирихьэжьауэ ихьу щилъэгъуам. Къилъытатэкъым, минрэ гушыIами, ар къезэгъыу. Къамбот цIыхухъухэр, сыт я ныбжьми, къызэрежьар игъэщIагъуэртэкъым. ИгъащIэми адыгэ цIыхухъухэм я хабзэт зекIуэ кIуэуэ, зыгуэрхэр къагъэхьэрычэтрэ кърахьэлIэ-кърахулIэу. ИгъэщIагъуэр ахэр ежьамэ, къыщагъэзэжынум яхуэмыхьыжу пэплъэу щхьэгъубжэм кIэрысин хуейхэр абыхэм къакIуэу къазэрыбгъурыуvар арат. Пэжу, ахэр мащIэ дыдэт, ауэ итIани. Хъыджэбз къэжэпхъагъащIэ нэгъунэ яхэтт. ИгъащIэм илъэгъуатэкъым апхуэдэ. Аслъэни ар емыкIушхуэу къилъытэу, шхыдэрт. Зейхэми щхьэ губгъуэм ираутIыпщхьа ахэр, ахъшэ къытхуалэжьынущ, жаIэу!..

НтIэ, сытми, Къамбот, а Аслъэн дауэ иджыри къэс къыщымыхъуами, сыт хуэдэфэ иримыплъами, иджы арэзы хуэхъужат, а и псэлъэкIам щхьэкIэ. Губзыгъэу псэлъат. Къамбот езыр къэрабгъэу щымытми, мы щIалэгъуалэ гупым щахэхуэм, шынат щIалагъэ-делагъэм драгъэхьэхынкIэ,

лэжьаи мыхъункIэ. Аслъэн хуэдэ зэрахэтым аращ нэхъри щIыщыгуфIыкIар. Мис абы нэхъ и гъусэнщ, ищIэри дищIэнщ икIи щигъэуэнкъым.

* * *

ПщыхьэщхьэхуэкIуэу нэсащ лэжьакIуэхэр къезыгъэблэгъа трестым. Псори зэрыщIэмыкIутэу, къэзыша я лIыкIуэм и гъусэу зы гуп, Аслъэни яхэту, щIыхьэу щылэжьэнухэмрэ зэрылэжьэнумрэ яубзыхуну иужь ихьат. АрщхьэкIэ Кавказым къикIахэр зэрыщыту ираджэщ я нэхъ унафэщI ин дыдэу яIэм и дежи, ящIэнумрэ ялэжьынумрэ къыжраIа къудейм и мызакъуэу, сыхьэт псо нэс къепсэлъылIащ. ЕтIуанэ махуэм и пщэдджыжьым лэжьыгъэм икIэщIыпIэкIэ пэрыхьэн хуейуэ арат жаIэр. Къамбот и гуапэ хъуащ хьэлъэхулъищэр къыхамыгъэкIыу занщIэу лэжьыгъэм зэрыщIадзэнур. Апхуэдэу икIэщIыпIэкIэ щагъэлэжьэнукIэ, ахъши кърагъэлэжьынщ. Ауэ Къамбот абдежым занщIэу къыщыгурыIуакъым езыр и щхьэкIэ щылэжьэнури игъэзэщIэну лэжьыгъэр зыхуэдэри. АрщхьэкIэ къыфIэIуэхууи кIэлъыупщIэжакъым – Аслъэн и гъусэнщ, ар здэкIуэм кIуэнщ, ищIэри дищIэнщи, зэфIэкIащ. Си Iуэхущ, ар къызыпымыкIынIа лэжьыгъэ пэрыувэми хьэмэрэ зыщIригъэхыу лажьэми. А пщыхьэщхьэ дыдэм пасэу хуагъэхьэзыра общежитым яшэхэри щIагъэтIысхьащ. Мартым и 8-м и цIэкIэ щыIэ уэрамырат зытетыр. УнафэщIышхуэм и деж щыщIашам къыжраIат ар общежит зэфIыхьэу, езым ущыпсэуну сыт и лъэныкъуэкIи къызыхуэтыншэу. Къалэкут. ИхъуреягъкIэ тыкуэнт, шхапIэ-ефапIэт, Iуэху щIапIэт, фабрикэт, заводт. ЦIыхур хьэпIацIэ-хъумпIэцIэджым ещхьу щызеуэрт. Мо Дыгъужьыкъуэ къуажэкIэ цIыхур аэроплан нэхърэ нэхъыбэрэ зыщумылъагъум къикIар бэзэрым къытетIысхьа хуэдэу къыщыхъурт. Ар фIэщIэщыгъуэт, щыгуфIыкIырт. Ауэ езы общежит зыщIагъэтIысхьар игу ирихьакъым. Ар шэщыжьу нэхъ хуэбгъэфэщэнут, цIыху зыщыпсэу общежиту нэхърэ, апхуэдэу инти. ГъуэлъыпIэ щэ ныкъуэм нэсын щIэту къыщIэкIынт, чэмышхуэ щымыIэу. Налшык къикIыу къэкIуауэ хъуар, цIыхубзхэм нэмыщI, зэрыщыту абы щIагъэтIысхьащ, нэгъуэщIхэри къахэтыжу. Дэтхэнэми зы гъуэлъыпIэрэ тумбочкэ зырызрэ къылъысырт. Абы фIэкIа зыри зыми иIэтэкъым. ФIэдзапIэ гуэрхэр адэ-мыдэкIэрэ щытхэти, уи щыгъын щIыIутелъхэр фIэбдзэ хъуну къыщIэкIынт, псоми яхурикъунумэ, къыплъысмэ. ТепIэнщIэлъыным и гъусэу къуатырт напэIэлъэщIри. Ари мазэм щэ – махуипщIым зэ хуэзэу пхуахъуэжынут. ЗытхьэщIыпIэр щIыбым щыIэт. Ар пкъоуитIым я кум ирикIуэ къэнжал хьэкхъуафэ укъуэдият, зэрыхуэбгъэфэщэнумкIэ, и кIыхьагъыр метр зытхух хъууэ. Зы сантиметр тIощIырыпщI хуэдиз къэс къэнжалыр зэ щыпхраудурэ зи пэм хъурей цIыкIу пыгъэжьыхьыжа гъущI кIапсэхэр ирикIуэу иралъхьати, зытхьэщIыгъуэм псы яутIыпщар ар уи Iэгум ибгъэувэу щIэпIэтэмэ, къижырт. Мо щIыIэ уейм, кхъуэ быдзым щIэф ширхэм фIэкIа умыщIэну, щIалэхэр абыхэм епщIырт. Псыгъуэут псыр къызэрижри, укIэрытурэ уешырти, пхуэмыхьыжу укъыIукIыжырт. Къэхъурт уи напэм щыпхуа сабыныр нэсу кIэрымыкIыжауэ къыщыщIэкI. УкъыздэкIуэжым, абы зыгуэрым гу лъитэу къыбжиIамэ, бгъэзэжырт. Ауэ а «кхъуэ быдзхэр» общежитым щIэс псом я зырыз хъуртэкъыми, чэзур къыплъысыжыртэкъым етIуанэуи, сабын къыкIэрынар напэIэлъэщIымкIэ плъэщIыжырти, зыпхуапэрт. А зыщыптхьэщIа меданым зумылъэщIыжмэ, псыр уи нэкIум кIэрыщтхьэрт. Ауэ общежитым ущIыхьэжыну гупсэхугъуэт апхуэдэхэм деж. Ар фIыуэ ягъэплъырт. Ягъэплъыщэрт, ухуеймэ. И кIапитIым хьэкушхуэ зырыз

щытт, мывэ фIамыщIыр жьэражьэу ярылъуи, пэшыр сыт хуэдизкIэ мынами, хьэмэму къэплъырт. Жэщ языныкъуэхэм птепIаIауэ ухэлъыфыртэкъым, хуабащэ хъурти. Апхуэдэхэм деж щхьэгъубжэр щыIуах щыIэт. Ар хьэкур къэзыгъэплъхэм ямыдэу, псалъэмакъ къаIэтырт.

Къамботрэ Аслъэнрэ я гъуэлъыпIэхэр зэбгъурытт. Аслъэни арэзытэкъым общежитым и щытыкIэмкIэ.

– Армэм дыщыщыIам дызыщIэлъа къэзармэм ещхьщ мыр, – жиIэрт абы. – Ауэ а къэзармэм порядкэ гуэр щыIэт, мыр сыт зищIысыр?!

## ПХЪАЩIЭХЭР

Лэжьыгъэм, лэжьэным зи гур хуитхьэщIыкIа ныбжьыщIэхэр етIуанэ махуэм жьыуэ къызэрыIэтащ. Хэт дэнэ щылэжьэнуми, сыт хуэдэ IэнатIэ пэрыувэнуми щызэхагъэкIынур нышэдибэт. Зилъэфыхь кIыхь ямыщIу зыкъаужьри, трестым екIуэлIат Аслъэнрэ Къамботри. Къамбот зэпымыууэ Аслъэн и гъусэну хуейт. И гугъат лэжьыгъэкIи гуэдзэн зыхуищIыну. АрщхьэкIэ хъуакъым зэрыхуейуэ. Кавказым нэс кърашу мыбы къызэрашари умыгъэщIэгъуэным хуэдэт – мы лэжьапIэр езыр цIыкIуфэкIутэкъым. ЦIыхур мин бжыгъэкIэрэ щызэблэкIырт. Абыхэм ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIырт къалэм и щIыпIэ куэдым зэуэ. Апхуэдэу куэдт зыпэрыувэну IэнатIэхэри зэрылэжьэну IэщIагъэхэри. Зи къару илъыгъуэ ныбжьыщIэхэр лэжьыгъэм хуэпIащIэу пщIантIэшхуэм щызеуэрт, унафэ къахуэзыщIынухэм пэплъэу. Куэд дэмыкIыуи абыхэм къабгъэдыхьащ зы лIыку зэгъэпэща. Ар прорабт. ЗакъригъэцIыхуащ: Борода Николай Васильевич. Абы мо зэщIэвэу зэхэтхэм захуигъэзащ:

– ПхъащIэ къыфхэт?..

Абы жиIэну зыхуейр и кIэм нимыгъэсу, нэгъуэщI зылI, а Борода хъуж прорабым нэхърэ зыкIи нэхъ зимыгъэIейуэ фэ тету, къыIухьэри, мобы и псалъэр зэпиудащ:

– Мыхэр псори нобэ ПРБ-м щылэжьэн хуейуэ унафэ щыIэщ...

– ЩыIэмэ, щыIэщ. Апхуэдэу щыхъуакIэ, пщэдджыжь дызэпсэлъэнщ, зыкъыкIэрывмыгъэхуу фыкъакIуэ.

ПРБ-м къикIыр хьэлъэхэр щралъхьэ-щаунэщI базэ жиIэу арат. Вагон зэкIэрыщIаижь къомым илъа мывэ зэтеудар ирагъэунэщIащ махуэ псом. Езыхэми я закъуэтэкъым - куэд щIауэ лажьэ рабочэ зыкъоми яхэтт. Гугъу ехьу лэжьащ а махуэм Аслъэнрэ Къамботрэ. Ешауи общежитым къекIуэлIэжащ. ИтIани Къамбот сымэ куэдрэ мыжеижу хэлъащ, псалъэхэу.

– Аслъэн, сыт абы пхъащIэ жыхуиIар? – игу къэкIыжащ Къамбот прорабым и псалъэ зэпаудар.

– СщIэрIым... апхуэдэ IэщIагъэ зиIэ хуейуэ къыщIэкIынщ. ЛIо, уэ упхъащIэу ара?

– Хьэуэ, сэ сыпхъащIэкъым, ауэ...

– НтIэ, сэ сыпхъащIэщ.

– Пэжуи?

– Пэжым и пэжыжу, тхьэ пхуэсIуэн! Мы дуней псом тетIым сэ а пхъащIэ IэщIагъэм пэсщIын. ПхъащIэм, пщIэрэ, ауэ сытми пхъэ иупс-иIущI къудейуэ аракъым. ПхъащIэр сурэтыщIщ, абыкIэ зыри къемыджэ щхьэкIэ. Апхуэдэщ дэрбзэрхэри гъукIэхэри... Мывэр зыIущIу е, сэ сщIэрэ, гъущIыр къиштэу цIыху сурэт сыт къыхэзыщIыкIхэм зэреджэр пщIэрэ?

Къамбот ищIэртэкъым мывэхэм, гъущIхэм цIыху, нэгъуэщI сурэт къыхэзыщIыкIхэм хэхауэ цIэ щхьэхуэ яIэу. СурэтыщIти сурэтыщIт.

– СщIэркъым, сыт?

– Скульпторщ, художникщ ахэри. НтIэ, пхъащIэми пхъэм зыхуейр къыхещIыкI. Ар щIэмысурэтыщIыр лIо?! СурэтыщIщ, сурэтыщI къудейуэ къэнэжыркъым, уфIэфIмэ. Абы щхьэкIэ талант ухуейщ, щIалэ, талант! Аращ дэтхэнэри пхъащIэ щIэмыхъур икIи хъунукъым.

Мыбдежым Къамбот йогупсыс езыми сурэт зэрищIым. Ауэ абы теухуауэ зыри жиIакъым.

– ПхъащIэр сурэтыщIщ, жыпIащ. ИкIи пэжщ, си фIэщ пщIащ пхъащIэр зэрысурэтыщIыр. НтIэ, сурэтыщIыр пхъащIэ, апхуэдэу щыхъуакIэ?

– Хьэуэ, пхъащIэIым. Сэ нетIэ зэрыжысIар пщыгъупщэжа, пхъащIэр сурэтыщIми къыщынэжыркъым – нэхъыбэщ!

* * *

КъыкIэлъыкIуэ махуэм и пщэдджыжьым  Къамбот сымэ кIуэри аргуэру дэувэжащ трестым и пщIантIэшхуэм. Къамбот лэжьыгъэм занщIэу щIидзэну и нэр къикIырти, и гуапэтэкъым мы зэрызелъафэ кIыхь къекIуэкIыр. Аргуэру прорабыр къакIуэри, моуэ жиIащ:

– ПхъащIэ къыфхэтмэ, фыкъыхэкIыт...

Ар жиIэри, яхэплъэу уващ, пхъащIэ яхэтмэ, ар и теплъэкIэ къищIэну иужь ихьа фIэкIа умыщIэну.

Ар щыжаIэм, щIалэ пщыкIуз хъууэ, утыкум зы гуп къикIэрэхъуащ. Борода хъужым ахэр тIэкIу куэдыIуэ къызэрыщыхъуар, пхъащIэ защIэу апхуэдиз яхэтынкIэ хъуну и фIэщ зэрымыхъур и нэгум къищу къахэплъэри, жиIэнур занщIэу и щхьэм къыщимыхьэм, пыгуфIыкIащ. Абы гу щылъитэм, хупыгуфIыкIыжащ Аслъэни, узахуэщ, жыхуиIэу. Аслъэн езыр ауэ пхъащIэ къудейуэ къэмынэжу, пхъащIэ Iэзэу къыщIэкIащ, Къамбот иджыри къэс имыщIа щхьэкIэ. И къуажэгъу, фIыуэ зыцIыху щIалэ къахэтым нетIэ жиIащ Аслъэн щыцIыкIу лъандэрэ зэрыпхъащIэр. Ар а IэщIагъэм къыхуалъхуауэ къыщIэкIынут. Абы ищIыIужкIи,  ФЗО-ми пхъащIэ IэщIагъэм щыхуеджэжат. Мы пхъащIэ пщыкIузыр къызыхэкIа цIыхури, пэжыр жыпIэнумэ,  мащIэтэкъым. Ауэ а мымащIэми апхуэдиз пхъащIэ зэуэ яхэту Аслъэни и фIэщ хъуртэкъым. ЩIалэхэр зыпэрыувэну IэнатIэхэр тынш цIыкIутэкъым: щIы къэтIын, мывэ, чырбыш къелъэфэкIын, уи пэпс пыщтхьэжауэ жьы зэприхум ухэту раствор къеплъэфэкIын... Ар къагурыIуэу къыщIэкIынт псомикIи, арат пхъащIэу щIыжаIэр. Абы апхуэдэ лэжьыгъэ Iей щыIэн хуейтэкъым, джыдэ, пхъэх, сэ сщIэрэ, Iэдэ-уадэкIэт узэрылэжьэнури, нэхъ тыншт, дауи. Ауэ зыри жиIакъым. Сыт хуиIуэху, пхъащIэмэ, пхъащIэщ.

– Фэ псори фыпхъащIэ, пэжу? – щIэупщIащ прорабыр, нетIэ щыпыгуфIыкIам къыдэтIэпIа и Iупэр иджыри а зэрыщытым хуэдэу.

Зыми жиIэртэкъым, хьэуэ, сэ сыкъыхэмыкIын хуейуэ сыкъыхэкIащ, сыпхъащIэкъым, жиIэу. Зэхэтт, я тхьэкIумэм цIыв ирагъэпщхьауэ. Борода, сыт хуэдэ шэч ищIами, ахэр я фIэщу къыщыувым, триухуэжат: пхъащIэу къыщIэкIынщ, апхуэдэу щыхъуакIэ. Ауэ Аслъэн зикI и фIэщ хъуртэкъым а псори пхъащIэу. Зыри жимыIэу, ахэр пхъащIэ бригадэм хигъэхьэмэ, дауэ зэрадэлэжьэнур? Аращ зы тэлайкIэ яхэплъэу щыта нэужь, жиIари:

– Сэ си фIэщ хъуркъым мы си гъусэу къыхэкIа псори фыпхъащIэу!

Абы Аслъэн и Iуэхуу лIо хэлъыр, сыт щхьэр щIигъэузыр, жызыIаи щыIагъэнщ мыбдежым, ауэ езырат иужькIэ гугъу ехьыжынур. Мыдрейхэр къикIуэтыртэкъым:

– ДыпхъащIэщ!

* * *

Гектар ныкъуэ хуэдиз зыубыд трест пщIантIэм и зэхуэдитIым щхьэ тралъхьагъэнкъэ жыпIэну зы гуэщ кIыхьым ауэ зыщиукъуэдийрт. Абы щIэлът Iэмэпсымэ гуэрхэр, гъущI Iунэхэр зэрылъ ашычхэр, гъумагъ зэхуэмыдэ зиIэ жыр кIапсэ ину шыхьахэр, пхъэкIэбжьэкIэхэр... Апхуэдэу псори дыпхъащIэщ, жаIэу къыщыувым, прорабым ищIэнур имыщIэу къэнащ, хуейтэкъым ар апхуэдиз пхъащIэ.

– Дэ дыхуейкъым апхуэдиз пхъащIэ, – жиIащ Борода. – Дэ ди мурадыр зи IэщIагъэм хуэIэзэ пхъащIэ зытхух зэуIу тщIыуэ, зы бригадэ цIыкIу къызэдгъэпэщыну аращ. А бригадэр езыр щхьэхуэу лэжьэнущ а фэ зэгурыIуэныгъэ къыдэфщIылIар иухыху, нэгъуэщIым яхэмыхьэу. Арщи, дагъуэ зыхуумыщIыжын пхъащIэ нэсу а зытхухыр къыхэтхын хуейщ.

ИтIани зы цIыхум зыкъигъэхъейртэкъым. Псалъи жиIэртэкъым екIи фIыкIи. Хуейт псори пхъащIэ бригадэ къызэрагъэпэщынум хэтыну. Лэжьыгъэр нэхъ тыншт, лэжьапщIэр нэхъыбэт, зэрыжаIэмкIэ, хэтыт абы езыр-езыру пхухэкIынур?! Псалъэмакъым зыкъиIэту, зэдэуэжу щIадзат, уэ упхъащIэтэкъыми сытти, жаIэу. ЩIэх кIэ иIэну фэ теттэкъым Iуэхум. Апхуэдэу щыхъум, Къамбот Iэмал хуекIуащ. Ар ашычхэмкIэ кIуэщ, зы гъущI Iунэ IэмыщIэрэ уадэ IэрыхуэфIрэ къищтэри къигъэзэжащ. ЩIалэхэм я гъущI Iунэ зырызыххэ яхуигуэшри, ауэ щылъ бжей пхъэбгъу IувымкIэ и Iэр ищIащ, псоми моуэ захуигъазэу:

– Мис мы уадэмкIэ мо пхъэбгъум зи гъущI Iунэр хэзыукIыфыр пхъащIэщ, хухэмыукIэмэ – пхъащIэкъым.

Прорабыр абы жиIам еувэлIащ:

– Ар пэжщ, сыт и пхъащIэ, пхъэбгъум гъущI Iунэ хиукIэну зыхузэфIэмыкIым!

Арати, «дагъуэ зыхуумыщIыжын пхъащIэ нэсу» зыкъэзылъытэжххэр икIэщIыпIэкIэ иужь ихьащ я гъущI Iунэ къыхуагуэшахэр пхъэбгъум хаукIэну. И гъущI Iунэр и Iэпхъуамбэ зэхуакухэм щигъэджэгуу, псом япэ ежьащ пащIэ брулышхуэ зытет щIалэ зигурэ зи щхьэрэ зэтелъыр. Абы гъущI Iунэр триубыдэщ пхъэбгъум, уадэр Iэтауэ медан бжыгъэ гуэркIэ иIыгъыжщ, дыуэ трищIэ нэхъеи, изэрифIэщкIэ еуащ. АрщхьэкIэ, занщIэу зыкъигъэшри, гъущI Iунэр хыхьакъым. Уи гугъэнт ар гъухум къыхэщIыкIауэ. Сыт ищIэнт, щIалэр езыр арэзыуэ хэкIыжащ пхъащIэхэм яхэтыну зи нэ къикIхэм я сатырым. ЕтIуанэу къыдэкIар щIалэ къамылыфэ Iув гуэрт, угъурлыфэ дыдэ тету. Абы и гъущI Iунэр пхъэбгъум триубыдэщ и Iэ сэмэгумкIи, уадэр зэриIыгъ и Iэ ижьымкIэ зэрыхузэфIэкIкIэ абы щеуэм, зэуам хутемыгъахуэу и Iэм еуэжащ. ГушыIэ зыхэлъ гуэру къыщIэкIынти, абы и щхьэ моуэ ауан ищIыжащ, и Iэпхъуамбэ фIиубэрэжьыкIыжар быдэу фIиубыдыкIауэ здиIыгъым:

– Мис мы сэ схуэдэхэращ пхъащIэр, армыхъумэ адрейхэр сытым щыщ? ИтIани, дыпхъащIэщ, жаIэри къоув мыдэ!

Абы зы дыхьэшх иращIэкIати, жыжьэу щытхэр къаплъэрт къэхъуар къагурымыIуэу. А дыхьэшх уэр зыкъэзыIэтар мыужьыхыжауэ, езыри пыгуфIыкIыу къахокI къыкIэлъыкIуэу зи гъущI Iунэр къызэрыхуэгъэсэбэпым еплъыжыну мурад зыщIар. ЩIалэ псыгъуэ кIыхь гуэрт. Ар быдэу хэгупсысыхьауэ фэ тету, щхьэщыхьащ пхъэбгъум. ЩIалэм и гъущI Iунэм и пэр и жьэм жьэдилъхьэщ, IупскIэ псыф ищIри, нэгъуэщI имыщIэIа щIыкIэ игъэдыхьэшхащ, мо дыхьэшхыным зи Iуэхур теухуа хуэдэу хъуа гупыр. ЗыкъишэщIу щеуэм, гъущI Iунэм и пэри и кIэри зэуIу хъужауэ

пхъэбгъум тепIытIащ, зыхиукIэн хуеям и деж ауэ зы пIэскIугъэ цIыкIуи щимыщIу. Абы уадэр зэридзэкIыу къыщыхэкIыжам цIыхум къадыхьэшхар сыт хуэдиз! Iуэхур я нэхъ режиссер Iэзэм игъэува спектаклым хуэдэу нэгузыужьу екIуэкIырт. Аргуэру зы щIалэ домбей къыхэкIащ. Уадэ имыIыгъыххэми, а гъущI Iунэр абы и IэштIым пIащэмкIэ пхъэбгъум тыншу хиукIэну къыпщыхъурт. АрщхьэкIэ дэнэт, хухэукIакъым абыи. Мо и къаруужьымкIэ зыкъишэщIу щеуэм, пхъэм хыхьэн хуея гъущI Iунэр лъейри, апхуэдизкIэ жыжьэ кIуати, къахуэгъуэтыжыххакъым. Ауэ абы тынш цIыкIуу зитыну и мурадтэкъым. Ар хъуакъым, иджыри зы гъущI Iунэ зэ къызэфтыжи севгъэплъыж, жиIати, прорабым идакъым:

– ЗэфIэкIащ ар, текIуэт адэ.

Щымыхъум, абы и Iэ пIащэжьыр лъагэу иIэтри, зыгуэр зыкIэриху уи гугъэну зэуэ иридзыхыжащ. Сишх хэлъкъым сэ мы пхъащIэ Iуэхум, жиIэу кърigъэкIыу арагъэнт а ищIам.

* * *

Сытми, сэ сыпхъащIэщ, жызыIэу къэувауэ щыта цIыху пщыкIузым щыщу зы псэм и гъущI Iунэр пхъэбгъум хиукIэн хузэфIэкIакъым.

– КIуэт, уэри еплъыт, – зыкъыхуигъэзащ Аслъэн Къамбот.

Къамбот сэ сыпхъащIэщ, жызыIэу къыхэкIахэм къахыхьатэкъым. Къамбот къыгурыIуакъым Аслъэн и гугъу къыщIищIыххар. Гъусэ къищIыну хуейуэ арауэ къыщIэкIынт. АрщхьэкIэ езы Къамбот идакъым, сыт хуэдизкIэ абы и гъусэну и нэ къимыкIми – мыпхъащIэу, дауэ пхъащIэм зэрахыхьэнур?.. Ауэ ухуакIуэу жыпIэ хъунут: щыцIыкIуа лъандэрэ хъарзынэу бжэгъулъэхэр ищIырти, бжыхьи ихужырт. Я пщIантIэ дэт псэуалъэ тIэкIухэр, джэдэщи, гуэщи, Iуэи, зэрыхъукIэ, езым ищIыжат, арэфхэри тригъэзагъэурэ икIи зэщIибгъэжат ахэр Iэджэрэ бгъэнкIэ. ИтIанэ колхоз ухуакIуэ бригадэми хэтат, зэман мыкуэдкIэми. Ауэ пхъащIэу...

– Сэ сыпхъащIэкъым.

– КIуэт уэ!

Пэж хужыIэу упсалъэмэ, Къамбот и фIэщ хъуртэкъым гъущI Iунэр пхъэбгъум химыукIэфыну. АрщхьэкIэ хиукIэфакъым абыи.

* * *

Дауэ мыхъуами, псори хуейт пхъащIэ бригадэм хыхьэну, къалъыхъуэрт щхьэусыгъуэ. Зым жиIэрт иджы щыIэ гъущI Iунэхэр япэрейхэм хуэмыдэжу, щабэу, къэшыгъуафIэу, мыпхуэдэ пхъэбгъу быдэхэм дэнэ къэна, ахэр екIэпцIэ цIынэми хэмыхьэну.

– Сэ сыхуейкъым а фэ жыхуэфIэхэм, – зыкъритIэпащ нэгъуэщIым. – Мы бжей пхъэбгъу быдэ гъэмахуэ хуабэ къомым зэкIуэцIыгъуам, иджы щIымахуэ ткIийм зэкIуэцIыщтхьэжам, мыпхуэдэ гъущI Iунэ лантIэм и гугъу умыщIыххи, фочыши пхухэгъэхьэнкъым. Фэ пхъащIэ фыхуэмеймэ, ахэр къыщIэвгупсысын щыIэкъым, жыфIэ дыхуейкъым, жыфIи!

– Ей щIалэ, мыхэр езыхэращ пхъащIэ хуейуэ жызыIар, дэракъым... Дэ делъэIуакъым мыбы пхъащIэу дывгъэлажьэ, жытIэу. Езыхэращ жызыIар, хуэмеятэмэ, жаIэнтэкъым...

– Ау-уей, уэри абыхэм уарителъхьэщ. ДэнэкIи уащрохьэлIэ унафэщIхэм къадежьухэм, Тхьэм ещIэ къапыпхыну мурад пщIауэ, абыхэм я лъэныкъуэу укъыщIэувыр!

Къамбот пхъащIэ Iуэху лъэпкъ зэримыхуэу, ауэ щытт, екIуэкIхэм еплъу, жаIэхэм едаIуэу. Иджыпсту игъэщIагъуэрат, уа, сыту хуэшэчрэ

Аслъэн абы и къепсэлъэкIэр? ТIэкIу ефауэ щытамэ, си Iуэхут, апхуэдэу Iэдэб цIыкIуу зиIыгътэми. Ауэ мыбдежым а и хьэлыр щигъэлъагъуэ зэрымыхъунур ещIэ, губзыгъэщ.

– Уа, щIалэ, апхуэдэу жумыIэ, – псалъэрт Аслъэн щабэу. – Сэ мыбыхэм сакъыдэщIу аракъым, зэрыщытыр, пэжыр жызоIэ.

– Мыбы щхьэ утрилъхьа, пэжщ абы жиIэр, хуейщ пхъащIэ мыхэр, а бригадэри къызэрагъэпэщынущ, къызэрамыгъэпэщыну щытамэ, жаIэнтэкъым, – псалъэмакъым къыхыхьащ нэгъуэщI зы щIалэ Iэслъэс, къайгъэшыфи сыти темыту, ауэ Iуэхум зэрыригузавэр плъагъуу. – Ахэр псори тэмэмщ, ауэ мытэмэмыр, дымыдэр мы я пхъащIэ къыхэхыкIэращ. Хъунукъым ар, гъущI Iунэр мо пхъэ зэщIэщтхьам, ари зи гъун ирикъуа бжеипхъэ быдэм хэукIэн хуейуэ къызэрагъэувыр...

– Уэращ, Аслъэн, ар къыхезыгъэлъхьар, армыхъумэ абыхэм ягу къэкIыххэнутэкъым.

– Уэращ ди Iуэхур зэIызыщIэр.

– Iуэхур нэхъ зэрыдэкIынум иужь уитын и пIэкIэ, уэ зэхэпщIыхьхэр лIо зищIысыр!

ЦIыхум ягу зригъэбгъат Аслъэн, шэч хэмылъу. Ар абы и жагъуэт. Ауэ ищIэнури ищIэртэкъым. МыхъумыщIэ къригъащтэмэ, дунейм теткъым зи лэжьыгъэр зи мыIэщIагъэм удэлэжьэн нэхърэ нэхъ Iей, хущIегъуэжынут, хущIегъуэжыкIейуэ. НэгъуэщI зыри гузэвэнутэкъым, мы прораб дыдэм и деж къыщыщIэдзауэ. Прорабым, лIо, гъэзащIэ жиIэнщи, къалэн къыпщищIынщ зыхуейри, умыгъэзащIэмэ, ахъшэ къуитынкъым. Тыншщ абы и Iуэхур. Аслъэн а лэжьакIуэ мыхъумыщIэр кърилъэфэкIын хуей хъужынущ, хуэмыщIэ, хузэфIэмыкI лэжьыгъэр езым абы и пIэкIэ ищIэу!

– Уэ щIалэм къыбгурымыIуэр зыщ: хыхьэнукъым мы гъущI Iунэр а пхъэбгъум, ар щхьэ къыбгурымыIуэрэ уэ?!

– Хыхьэнущ, – жиIащ Аслъэн, а къепсалъэм и дежкIэ мыплъэххэу.

– НтIэ, хэгъэхьэт. Хэгъэхьэт, зо, лIыгъэ уиIэмэ. ЖьэкIэ улIыфIщ!

А къежауэ зышххэм Аслъэн псалъэ япидзыжакъым екIи фIыкIи. ЖиIакъым а гъущI Iунэ дыдэр а пхъэбгъу дыдэм хэзукIэфынущ, жиIэуи. Ауэ ищIэнури ищIэртэкъым. КIуэрэ, а гъущI Iунэ яIыгъахэм хуэдэ къихьрэ хиукIами, уэ дыкъэбгъэпцIащ, а ууейр нэгъуэщI лIэужьыгъуэт, жаIэнкIэ хъунут. ЦIыху бзаджэм жыIэкIи щхьэусыгъуи и куэдщ. Аслъэн ищIар нэгъуэщIщ итIанэ. ЯхухэмыукIэу зиукъуэншу хыфIадзэжа зы гъущI Iунэжь щылът ауи, къищтэщ, иузэхужщ уадэмкIи, къыздрихари ялъэгъуауэ, зыхиукIэри ялъагъуу а пхъэбгъу дыдэм хиукIащ. ЗэрыхиукIари дауэ жыIэт, адрейхэм зэращIам хуэдэу, хиукIэ гъущI Iунэр Iэ сэмэгумкIэ иубыдуи елIэлIакъым. Зэ щабэу теуIуэщ гъущI Iунащхьэм, и пэр иригъэубыдри, къыIуихыжащ и Iэр. УадэмкIэ еуэурэ захуабзэу хигъэхьащ и щхьэм нэс. УадэмкIэ еуэху гъущI Iунэр зу мыхъумэ, зы лъэныкъуэкIи ебакъым икIи къэукъуэншакъым. Я жьэр Iурыхуауэ абы еплъырт мыдрей къомыр. Прорабыр къажэри и Iэр фIиубыдыкIащ. УлIщ, жиIащ абы, лIыгъи уиIэщ, мис уэ упхъащIэ нэсщ!

Мыдрейхэм, а ялъэгъуам и ужькIэ зыри жамыIэу, IуагъэзыкIыжащ. Ауэ пхъащIи уиIэн хуейтэкъэ? А IэщIагъэмкIэ лэжьауэ иджыри зыплIытху къагъуэтри, абыхэм я бригадиру Аслъэн ягъэуващ.

Пщыхьэщхьэм, мыдэ общежитымкIэ къэкIуэжауэ, Къамбот Аслъэн дауэ а гъущI Iунэр уэ зыкъимыгъэшу зэрыхэбукIар, жиIэри еупщIат, фIэгъэщIэгъуэну. Пхъэм хэмыхьэн гъущI Iунэ ящIыркъым, жиIащ абы,

захуэу, шэрыуэу еуэн хуейуэ аращ. Плъэгъуакъэ абыхэм я еуэкIэр, я Iэпэлъапэ нэгъунэ паубэрэжьыкIыжу!

ИужькIи Аслъэн Къамбот къыжриIат си бригадэм къакIуэ, жиIэри. Идакъым. Сыту мыкIуэрэт ар пхъащIэ бригадэ, мыпхъащIэу! УмыпхъащIэми, сэ уэ пщIэн къыпхуэзгъуэтынщ, накIуэ, жиIэрт, ауэ, зикI, хутечакъым, абы и гъусэну и нэр сыт хуэдизкIэ къикIми. Ауэ абы щхьэкIэ ухуакIуэ мыхъууи къэнакъым. Дэнэ кIуэнт, здрагъэблэгъа лэжьапIэр щыухуакIуэ бригадэкIэ?

## КЪАМБОТ УХУАКIУЭХЭМ ЯХОХЬЭ

Къамбот сымэ зыхэхуа гупыр щылэжьэнур общежит зыщIэсым фIыуэ пэжыжьэти, адрейхэм нэхърэ нэхъ пасэу къэмытэджу хъуртэкъым. Унэ ящIыр институт гуэру арат жаIэр, зи институтри тэмэму ящIэртэкъым. Архитектурнэу жаIат хьэмэрэ... сытми кърагъэжьакIэт, ауэ куэди хагъэщIатэкъым. Лъабжьэ ягъэтIылъам зы метр хуэдиз хъункIэ блыныр къытраIэтыкIа къудейуэ арат. Унэ зэтелъхьэныр зи IэщIагъэм зы Iэпыдзлъэпыдз щIыгъуу ирагъэувэлIат блын къэс. Къамбот гъусэ зыхуэхъуар зы лIыку къамылыфэ гуэрт, урысыфэ лъэпкъ темыту. Ауэ урыст, Еремеевт и унэцIэр, Филипп жари. КранкIэ къыдрахьейуэ къыхуагъэува растворымрэ чырбышымрэ Къамбот ихьурэ а Еремеевым и пащхьэ иригъэувэрт, ар Iэбэмэ, и пIэм имыкIыу тыншу къищтэн хуэдэу. Ауэ Къамбот ар куэдрэ и пIэм иригъэкIырт. Къригъэхьыжырт езым и IэкIэ растворри чырбышри. Филипп Iэ псынщIэ фIэтти, щылъэщIэмыхьэр нэхъыбэт. Ауэ цIыху къиинтэкъым ар езыр, къапщтэмэ. НэгъуэщI ухуакIуэхэм Къамбот хуэдэ дэIэпыкъуэгъу я гъусэхэр жьэкIэ яшхмэ, мыбы я нэхъ щемыгугъуа щигугъэжми цIутI къыжриIэртэкъым. Ар икIи хуэIэзэт и лэжьыгъэм, ищIэр хъурт. Къамбот зэуэ къищтэ чырбышитхур хутрилъхьамэ, ауэ щыт растворым щыщ пэгун хуишиину зыкърherигъэзэкIыху иухырти, къыпэплъэу къэувыжырт е кIуэрти езым къищтэжырт. Чырбышыр апхуэдэтэкъым, ауэ растворым и зелъэфэным щIалэр хуабжьу гугъу дехьырт. Блок заводым щыщыIам зэрешу щытам нэхърэ нэхъ Iеижу ешарэ шкIащIэ увыкIэ ищIу лэжьэгъуэ зэманыр иухырт махуэ къэс, растворыр и щыгъыным кIэрыщтхьэжауэ. ПщIантIэм зыгъэпскIыпIэ тIэкIу дэтт а унэ ящIым къыбгъурыту, лэжьыгъэ нэужьым абы зыщигъэпскIыжырт, зэрылэжьар шкафым дилъхьэрти, щыгъын къабзэ къызэрыкIуар щитIэгъэжырт.

Адрейхэри ехьу къыщIэкIынт апхуэдэу гугъу. Ауэ ущIалэмэ, лIо, пщыхьэщхьэм псоми щIалэ Iуэху зэрахуэу хэлъэдэжырт, махуэм гугъу зэрехьари ящыгъупщэжауэ. ЦIыхубз общежитри абдежырати, тIури зы хъужауэ, жэщ ныкъуэ хъуху гъуэлъыртэкъым – къафэрт, джэгурт. Ахэр псори хъарзынэт Къамбот и дежкIэ. Апхуэдэ гъащIэ абы зэи иIатэкъым, щIалэгъуалэм яхэту, къафэу, джэгуу дэтыну. Ауэ игу иримыхь зыгуэри хэтт Iуэхум. Нэгузыужьым и уэрыпIэр екIуэкIыу и гур къыфIызэщыунт: сэ мыпхуэдэу си тIроцэщ, сотхъэ, модэкIэ ахъшэшхуэ къэзлэжьыну къысщыгугъ тхьэмыщкIэ къэзгъанэу сыкъежьахэр дауэ хъууэ пIэрэ?! Ар хъунт, ахъшэр а зэрыщыгугъам хуэдэу уэру кърaтынумэ. ЗэкIэ зыми зыри ищIэркъым. Игу ирихьыркъым зыщIэупщIыкIхэм къыжраIэри. Пэжщ, мыващIэхэм ахъшэшхуэ къахь, ауэ абыхэм я гъусэ мыдрей Iэпыдзлъэпыдзхэм... Къамбот иригузавэу нэгъуэщI зыи хэлъщ Iуэхум: общежитым Iейуэ щефэу къаублащ. Я гъунэгъу тыкуэным фадэр щыпэрыхьэтщ. Тыкуэнтетхэри цIыхуфI защIэщ, ахъшэ уимыIэми, щIыхуэу къуат. Къамбот фадэ зэзэмызэххэщ щефэр. Ари Аслъэн и гъусэу. Ахъшэм щосхь. ЩIыхуэуи

къыпхуищтэнукъым игъащIэкIэ. Ауэ Аслъэн хуабжьу йофэ. Зэи тIэуи илъэгъуащ щIыхуэ къищтэуи. ИтIанэ, ар ефамэ, хьэлэч мэхъу, уэгъури чыхури къыгурымыIуэжу... Iэмал имыIэуи зэуэн хуейщ!

Мы Iуэхум нэгъуэщI зыгуэри къыдокIуэ, Къамбот игу иримыхь къудейуэ къэмынэжу, игъэгулэзу. А нэхъ игу ирихьа, зыдэплъеину и гугъар къызэрыщIидзыжым еплъ! Зэгъусэу кIуахэм Аслъэн пашэ хуэдэу яхуэхъуауэ, псори и жыIэм едаIуэрт. Зыгуэр хъуамэ, унафэщIхэм зызыхуагъазэри арат. Арат езы рабочэхэм Iуэху гуэр къахудэкIми зыбгъэдыхьэр икIи къадэIэпыкъурт. Иджы еплъ ищIэм? Апхуэдэу зэхэт гупым фэ къраплъын? Фэ кърамыплъмэ, къазэрыфIэIуэхуни кърагъэлэжьыни щыIэкъым. Щхьэ мыгъуэ къежьат, унагъуэ тхьэмыщкIэри, хьэблэри, благъэри къигъанэу?!!

* * *

Пщыхьэщхьэм гувэпауэ гъуэлъыжами, къэмыхъейуэ нэху щыху жейри, мастэнэм къызэрыфIахауэ щIэрыщIэ къэхъужарэ и нэгум кърих нэжэгужагъэр къеплъым къыдилъагъуу Къамбот пщэдджыжьым жьыуэ лэжьакIуэ кIуащ, растворрэ чырбышрэ махуэ псом къызэрырилъэфэкIыным и гур хуитхьэщIыкIауэ. АрщхьэкIэ дэнэт!

– Уэ иджы нэгъуэщI щIыпIэщ ущылэжьэнур, – къыжриIащ езым нэхърэ зэрынэхъыжь щIагъуэ щымыIэну къыщыхъу зы щIалэ сырыху гуэрым, зэщыхуэпыкIарэ и нэкIури джафабзэу. Къамбот абы ехъуэпсащ лъэныкъуэ куэдкIэ, а и нэкIур зэрыджафэри хэту. Езым и напэр зыкъом щIауэ хьэлэчу къиткIуэткIурт, зригъэлъагъу дохутырхэм хуатх хущхъуэхэри пэмылъэщу. ЖаIэрт ар и ныбжьым къыдэкIуэу, зэман дэкIмэ, апхуэдэу щымытыжыну. Зэман дэкIырт, ауэ Къамбот и напэ къиткIуэткIуар а зэрыщыту къэнэжырт. Зыхэт и ныбжьэгъухэм жаIэр нэгъуэщIт: цIыхубзхэм Iуэху зепхуэркъыми аращ! Къамбот а щIалэм псом нэхърэ нэхъ зэрехъуэпсар зэреджаращ. Къамботи школым дахэ-дахэу щеджамэ, университетым экзамен щитынти, мис абы хуэдэу къулыкъущIэ хъунт. Щеджэнт ар школым фIыуэ, еджапIэ нэхъыщхьэми щIэтIысхьэнт, жылэм хуэдэу Iэмал еджэну иIатэмэ... Си Iуэхут имыIэми, и адэр къыщхьэщытыжамэ. Псори зи зэраныр зауэращ. Къамбот и закъуэ? Апхуэдэ мин бжыгъэхэр дунейм тетщ. Мы Къамбот сымэ къекIа а зэраныр я бынхэми абыхэм я бынхэми екIынущ иджыри. Апхуэдиз зэхэзыщIыхьа зауэр, Гитлер мыхъуатэмэ, къэхъеинутэкъым. Дауэ къыпщыхъурэ зы цIыху закъуэм и зэран апхуэдизым екIыну!.. А зэраныр иджыри илъэс бжыгъэ куэд дыдэкIэ хэгъуэщэжа хъунукъым.

– КъакIуэт, щIалэ мыдэ, – напэ джафэр къоджэ Къамбот. – КъакIуэ мыдэ, си гъусэу.

Ар жиIэри ежьащи, макIуэ къызэмыплъэкIыу. ЛIо къыщIызэплъэкIынури, фIыуэ щищIэкIэ: зыжриIар а жиIэм зыкIи фIэкIынукъым, кIэлъыкIуэну и къалэнщ, дэнэ кIуэми. Тыншщ и Iуэхур. Къамботи макIуэ, мэлгъашхэм хуэдэу и ужьым иту. Дунейм теткъым и гум къимыхьэ, здэкIуэм. А щылэжьам къыщIыIуагъэкIар Филипп тхьэусыхауэ арагъэнщ, къыздэбзыркъым, сызыхуеинухэр псынщIэу къызитыфыркъыми, сэ езым къэсщтэжын хуей мэхъу нэхъыбэм, жиIэу. Плъагъуркъэ абы къыкIэщIищIыхьар, адрейхэм хуэдэу къызэшхыдэркъым, цIыхуфIщ, жиIэурэ!

КъызэрыщIэкIымкIэ, Къамбот и IэнатIэм къыIузыша щIалэр мастерт. Абы Къамбот иришэлIащ уэс-мыл и гущIыIум илъым щIагъуэ къыщIэмыщрэ зищIысри занщIэу къыпхуэмыщIэну зы Iуащхьэ гъуабжэшхуэ гуэрым. Ар пшахъуэ зэщIэщтхьат, уэс тIэкIуи трихьэжауэ. Къамбот щыуауэ

къыщIэкIащ зыIута IэнатIэм къыIуагъэкIауэ зэригугъамкIэ. Зыри зыщIыпIи тхьэусыхатэкъым Къамбот щхьэкIэ икIи къыIуагъэкIатэкъым. ПцIыт Филипп теухуа и гурыщхъуэ-гупсысэхэри. ПIалъэкIэ къагъэкIуауэ арат мыбы. НэгъуэщIхэри мыгувэу къыIуохьэ, Аслъэни яхэту. Ари Iуэхуншэу къыщIидзыжа? Пшахъуэ Iуащхьэшхуэр хуабжьу зэщIэщтхьат. Ар Къамбот сымэ ломкIэ, уадэшхуэ, нэгъуэщI IэмэпсымэхэмкIэ къыгуауда нэужь, мафIэкIэ зыщIыпIэ къыщагъэвыжу, растворым халъхьэну арат. Арати, еувэлIауэ щIалиплIым якъутэрт. Пшахъуэ зэтещтхьауэ пщIэнтэкъым, мывэ къызэрыгуэкI къудейуи къэмынэжу, скъарым хуэдэу быдэт – уи уадэшхуи уи хьэлэ хаукIэ-даукIэхэм хуэди пэлъэщыртэкъым. Къахугуэуд щыIэтэкъым Къамботи адрей тIуми. Аслъэн и закъуэт пэлъэщыр. ЗэIусэри мыхъуу щытт мыдрейхэр, мо щIыIэм, я дамэр драшейуэ. Аслъэн пщIэнтIэпсыр зрикъуэкIыу еуэ-ехькIэ лажьэрт, мыдрей къеплъу щытхэм къысхуащIэфIаркъым, жиIэу уэимышхуи имыщIу. Къамбот гузавэрт зыми щымыщу зэрыщытым щхьэкIэ. Ар есатэкъым апхуэдэу. ИтIанэ Аслъэн гъущI хьэлэкIэ къыгуиуд пшахъуэ къутахуэшхуэхэр белкIэ къыIуитхъуу уващ, щIалэр щыIэбэкIэ, ахэр зэран къыхуэхъуу гу лъитэри. КъызэрыщIэкIымкIэ, Аслъэн икIи лэжьакIуэшхуэт. Мис абы ещхь лэжьакIуэу къыщIэкIынт трестыр зыхуейуэ Кавказым нэс къыщалъыхъуар, армыхъумэ Къамбот Iэ цIыкIу сымэ хуэдэтэкъым, хьэмфIанэмрэ унагъуэ Iуэху жыгъейхэмрэ щIапIыкIауэ. Аслъэн сыт хуэдэ лэжьыгъэми хуэгъэзащ икIи цIыхуфIщ, щапхъэ зытепхынщ сыткIи. Бетэмал, емыфэтэмэ, арат! Ари Iуэхукъым, ягъэ кIыну къыщIэкIынкъым, псори щызэдихьыфкIэ.

ПIалъэкIэми, лэжьыгъэкIэ зэдзылIа зэрыхъуам Аслъэнрэ Къамботрэ нэхъри нэхъ гъунэгъуж зэхуищIащ. Аслъэн цIыху губзыгъэт, захуэт, пэжт, зыкIи губгъуэм укъримынэну, гулъытэ зиIэт. Къамбот ар апхуэдизкIэ игу ирихьати, мыбы Iейм сыхуишэнщ, жимыIэу сытри дищIэну хьэзырт. КъыфIэщIырт езым и жыIэми ар къедэIуэну. Пэжу, къедаIуэрт икIи Iуэхуи трищIыхьырт. Ауэ фадэм теухуа и гукъеуэр ауэ сытми, кIуэрыкIуэм тету къыгуэлъэфауэ мыхъуу, и чэзум и жыIэкIи пщIэуэ къегъэзэгъын хуейуэ арат. Апхуэдэ Iэмал Къамбот имыхуэурэ кIуэрт.

## IУЭХУМ ЛЪАГЪУНЫГЪЭ МЫШЫУ ГУЭРХЭРИ КЪЫХОХЬЭ

И жыжьагъэм зыкIи емыплъырэ а здашэ хамэ щIыпIэм гугъу нэхъ лейуэ щехьынкIэ зэрыхъунум щышынэнуи я гум къэмыкIыххэу, ди щIалэгъуалэ гуп Арысей пхащIэм къихутахэр псынщIэ дыдэу абгъуауэ хъуат. Ахэр хъарзынэу хэзэгъат лэжьыгъэ зыпэрыувам, хэсыхьат зыхэхуа лэжьакIуэ гупми. Нэхъри хьэлэлу лажьэрт, гугъуехьми щышынэхэртэкъыми, фIыуэ къалъэгъуат лэжьыгъэкIэ зыпэщIэхуа хъуа рабочэхэми абыхэм я унафэщIхэми. Пэжу, махуэ къэс кърахъэфэкI хьэлъэм хьэлэчыпцIэр и махуэу иригъэшырт. Ауэ зыми зыри зыкIи къехьэлъэкIыу зэрыпщIэн щыIэтэкъым. ИкъукIэ щIэщыгъуэу, нэгузыужьу ягъакIуэрт я зыгъэпсэхугъуэ зэманри. Клуб хъарзынэ яIэти, Алыхьым и зы пщыхьэщхьэ закъуи къагъанэртэкъым абы мыкIуэу. Уэрэдхэр, къафэхэр, джэгухэр зэхаублэрт. Пщэдджыжьым жьыуэ лэжьыгъэм къыщIэтэджэн зэрыхуейри ящыгъупщэжауэ, жэщ ныкъуэ хъуху зэбгрыкIыжхэртэкъым. Хъыджэбзу мыбы щыIэ жыхуэпIэм щIэи гъуни иIэтэкъым. ЖаIэрат, икIэ къихуамэ, зы щIалэм абыхэм щыщу щы, плIы, нэхъыбэж къылъысу. Пэжи пцIыи, ауэ а къалъысхэм зылъэмыIэсу зыри къахэмыкIыу арат щIалэхэми уи фIэщ ящIыну зыхэтыр. Ди щIалэ нэхъ къэгъэделэгъуафIэхэм къахэкIат лъагъуныгъэ куум хыхьа. «Мы сэ къызэуэлIа насыпыр!» – жызыIэу хэлъадэу къэзышаи щыIэт. Къамбот

хуейтэкъым абы. Ар игъащIэ псокIэ иримыкIуэну арат ахэм я щапхъэм. Ядэплъеинутэкъым езыр къызыхэкIар къигъанэу, урыс е нэгъуэщI хамэ лъэпкъхэм щыщ бзэмыIу щхьэгъусэ зыщIхэм. И анэжь тхьэмыщкIэм къыжриIэр къыгурымыIуэрэ мынэгъуэщIу, Iэпэ тэрмэшкIэ зэпсалъэу. Ар сыту Iей! Ауэ итIани лIэным хуэдэу ехъуапсэрт зыпылъ хъыджэбз зиIэхэм. Хуабжьуи и нэ къыхуикIырт зригъэцIыхунIауэ. Пщыхьэщхьэ зэхыхьэхэм къикIыжа нэужь гъуэлъыжахэмэ, щIалэхэм, зым жиIэр адрейм Iэпиуду, и гугъу ящIыжырт я хъыджэбзхэм зэрагъусам. Трагъалэу тепсэлъыхьыжырт ныщхьэбэ зэщIэщIауэ а къыщызэдэфэхэм щыгъуэ я нэкIу щабэ дахэ цIыкIухэр, я бгъэхэр IэфIу зыхащIэу зэкъузылIауэ зэрыщытам. ИужькIэ, а «къыфIагъэна» хъыджэбзхэмрэ езыхэмрэ лъэныкъуэ зрагъэзыжу, IэплIэм, бам зратыжу куэд Iейрэ зэрызэрыгъэгувэжар-щэ?! Ар и фIэщи хъущэртэкъым, ауэ языныкъуэхэм тхьэ зыщаIуэрат езы хъыджэбзхэми апхуэдабзэу IэплIи баи къыхуащIауэ. Ар сыту фIы! Езы Къамбот тхьэмыщкIэ игъащIэм къыхуащIатэкъым апхуэдэ ба лъэпкъ, иIэтэкъым хъыджэбзи. ЗригъэцIыхуфыртэкъым зыри. Ар къызыхэкIыр Къамбот зы къафэ лIэужьыгъуэ гуэркIи къызэрымыфэфми и закъуэтэкъым. Езым и цIыхумыщIагъми къыхуихьырт – зыIурамылъхьэж жыхуаIэм хуэдэт. Алыхьым абы къару кърититатэкъым адрей и гъусэхэм хуэдэу, зыри къызэрымыкI псалъэ мышыухэр идз сыту, зыгуэрым кIэрыхъыжьэну. Арати, икIи мыжеифу щылът, а зэдаIуэхэм узижэгъуэныпцIэр и махуэу къагъэбырсеярэ игу цIыкIур «дыргу-дыргу, дыргу-дыргу!» – жиIэу къызэкIэлъеуэу. Апхуэдэхэм деж жиIэр езым и фIэщ ищIыжу тхьэ иIуэрт пщэдей пщыхьэщхьэ нэхъ фIимыгъэкIыу хъыджэбз гуэр зригъэцIыхуну. Ауэ а «пщэдей пщыхьэщхьэри» къэсынт, езыри зэрыщытыжьу къэкIуэжынти, пIэм хэгъуэлъхьэжынт. Аргуэру, щIалэхэр я хъыджэбзхэм зэрагъусам зэрытепсэлъыхьыжым здедаIуэм, езыми апхуэдэ зыгуэрхэр къызыфIигъэщIурэ жеижынт. Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджыжынти, кIуэнт лэжьакIуэ, жэщ хъууэ къыпэрыджэлыкIыжыху чырбышрэ растворрэ кърилъэфэкIыну. ЩIалэхэм гу къылъамытэу къанэртэкъым Къамбот и щытыкIэм, хъыджэбз къыдэхьэхыным теухуауэ щхьэж езым и опытым щыгъуазэ ищIырт, игъэIущырт. Лёвэ жыхуаIэ мордовэ щIалэр зэ и пIэ лъапэм къытетIысхьэри, куэд Iей къыжриIащ. ЩыIукIыжым, и бзэгу кIыхьышхуэр кърherдзщ, абы чырбышымрэ растворымрэ яхъуа и Iэпхъуамбэ пхъашэшхуэмкIэ теуIуэжри, шэч лъэпкъ къызытримыхьэж мы псалъэхэмкIэ иухащ: мис мыращ, умыщIэу щытмэ, бжесIэнщи, сытым дежи хъыджэбзыр псом япэу къызэрыдэпхьэхынур – къыхуэвэн хуейщ!

* * *

Къыргу жиIэу илъэс тIощI ирикъуным зы джэдуукIэ хуэдиз фIэкIа къэмынэжа щIалэр мы дунеижьыр къызэтемыщэщэжу зэтезыIыгъэу къыщыхъу лъагъуныгъэ гуащIэм пэIэщIэу псэурт. Ар а псом иджыри къэс апхуэдэу егупсысатэкъым, къэхъуатэкъым лъагъуныгъэм зэщIиубыдэу зэи школым щыщIэсым хъуапсэ-къэхъуапсэ гуэрхэм и гур къыдэхъуэпскIами, хагъуэ химыдзэу ункIыфIыжат. Ауэ иджы апхуэдэжтэкъым. Балигъ зэрыхъуара хьэмэрэ мы ихъуреягъкIэ щекIуэкI къомым къыхэкIрэ, къимыгъэпсэууэ щIидзат лъагъуныгъэ ищIын зэрыхуейм хуеIэ къару зэгуэудыгъуэ гуэрым. Ар игу, и псэ къытехьэлъэ къудейуэ къэнэжыртэкъым, и тхьэмбыл нэгъунэ къыщIэфу къыщыхъурт. И фIэщу иригуIэрт: сыщылейщ мы дунеижьым! Апхуэдэхэм деж и гур иригъэфIу зы гупсысэ къабзэ къыхукъуэкIырт: лIо, сэ мыбы ара сыкъыщIэкIуар?! Унагъуэ цIыкIу

къысцыгугъым си гупсысэр щIысфIытекIыр сыт? СщIэри, злэжьри, гупсысапIэу сиIэри зытеухуэжауэ щытын хуейр зы сом къызэрызлэжьынырщ. Тэмэму, схузэфIэкIыр сщIэуэ сыщылажьэкIэ, нэгъуэщI мыхьэнэншэхэм щхьэкIэ сыт си гум зыщIишхыхьыжыр?!

Ем Iуэхур хуэкIуамэ, Къамбот тхьэмыщкIэм щхьэегъэзыпIэ хуэхъу а и гупсысэ-гугъапIэ иIэр къашыргъэ зыхэуа джэджьей гупу зэбгрихуащ и япэ улахуэм – блок завод адэ зэ здэщыIауэ щытам къыщихьым зэрыщхьэщыкI щIагъуэ щыIэтэкъым ахъшэу къратар! Сытым щыщ мы хьэдрыхэщI нэс къэкIуауэ зэрыхьэулейр? Ди тхьэмыщкIагъэм соуэ, жиIэурэ и щхьэм еуэжащ. Абы къыщыщIар, абы къыщыщIар! Адыгэм кIэщIу иIэщ абы къыщыщIар зэрыжыпIэн: унэхъури тIысыжащ! Дауэ иджы зэрыхъунур, лъэлъэжащ и муради и хъуэпсапIи зэуэ. Гъэзэжи кIуэж иджы, си тхьэмыщкIэжь, укъыздикIам. Исыж уи тхьэмыщкIапIэ... Уагъэгъэзэжыну абы нэхъеи, бгъэзэжынущи, зэгурыIуэныгъэ мыгъуэжь ярищIылIар-щэ? Игъэзэжыпэуи ещIри, къыщыщIидзэнур дэнэ? КъыщыщIидзэн, сом къэхьыпIэ дахэ-дахэу игъуэту къэкIуат ар мыбы? КIуэжми аракъэ зыхыхьэжынур? ИщIэнур сыт иджы? СулътIаныжьыращ ар зи зэраныр, журт формэжь хъужауэ. Дэнэ къикIыуи къыхуузэт а махуэм ари. Къыхуэмызатэмэ, мыбы къэкIуэну игу къэкIыххэртэкъым... Хьэуэ, ар жиIэ щхьэкIэ, хуиттэкъэ къэмыкIуэну, абы къихуауэ ара къыщIэкIуар? Зыри къарыкIыркъым а псоми. Къэхъуар къэхъуащ. Сыту пIэрэ езы СулътIан жиIэр?

СулътIан зи гугъу ищIым зыри жиIэртэкъым. КъыфIэIуэхуххэтэкъым мы Къамбот зи бэлыхьым иукI псор. ЛIот, абы езым хуэдэу и сомым унагъуэ къыпэплъэу къыщIэкIынтэкъым, дауи. ЩыIэтэкъым щIэгузэвэн лъэпкъ икIи гузавэртэкъым. Ар куэзыр джэгуу гъуэлъыпIэм ист.

Къамбот абы йоупщI ахъшэу къратар зыхуэдизымкIэ. Езым къратам хуэдэ гуэрт.

– НтIэ, лIо тщIэнур? – йоупщI абы Къамбот.

– ЛIо, – жеIэ СулътIан, фIыщIэжь щIэхуа щIалэмкIэ чрес хъыджэбзым еуэурэ. – Зыри тщIэнукъым.

Хьым, къыфIэIуэхукъым. И щхьэ ипIыжмэ, арагъэнщ, нэхъыбэкIэ къыщыгугъIаркъым. ЕпIыж икIи и щхьэ. Хъарзынэу егъакIуэ гъащIэр. Хъыджэбзхэми лъакъуащхьэкIэ хэтщ, езым зэ зэрыжиIащи. Къамбот хьэлэчу зэгуэпу щхьэщытщ абы. Езы СулътIан и щхьэм илъыр иджыпсту зэрыхэкIын къудейращ, нэгъуэщI зыми егупсысыркъым. И насыпкъэ абы нэхъ гукъеуэ зимыIэу дунейм тетым?! Алыхьым къызэригъэщIрэ апхуэдэу зы махуэ псэуакъым Къамбот. СулътIан къеплъыххэркъым мо гузавэу къыщхьэщытым, и щхьэ Iуэху зэрехуэж: хэт, жи, зи кIуэгъуэр?

– Ей, цIыхущ уэ къопсалъэр! – хуэшэчыжакъым Къамбот.

– Сыту пIэрэ узыхуейр, ей, дэри дыарэзыкъым а къыдатамкIэ... ПщIэрэ, дэ мыбы улахуэ тэмэм гъэуващ мазэ къэс къыдатыну аракъым. Къэдлэжьыращ зэлъытар. Мы мазэм апхуэдэу зэблэуауэ аращ жаIэр. ДяпэкIэ нэхъыбэ къэтхьынущ. Сыт щхьэкIэ, деупщIатэкъэ дэ мыбы щылажьэхэм къахьымкIэ? Хъарзынэу къэдлэжьынущ дяпэкIэ. ЛIо уэ уи гугъэр, дэри хьэулеякIуэ дыкъэкIуауэ араIым мыбы... ИIэ, къыдэкI зэ, укъыдэкIынумэ!

Я лэжьапщIэр зэрыщытынум теухуауэ а СулътIан жиIарат адрейхэми жаIэр. Уемыплъ, жаIэрт, а иджы къыдата тIэкIум, аракъым дэ мыбы дыкъыщIэкIуар, къэтхьынущ ахъшэ. Зи псалъэри зи Iуэхури и фIэщ хъу Аслъэни жиIэрт ар апхуэдэу зэрымыхъунур. ДыкъагъапцIэу дыкъашауэ щытмэ, яхуэбдэ мыхъуну, КПСС-м и ЦК-м нэсамэ, къалэжьым и пщIэр

къапихыну тхьэ иIуэрт. Къалэжьым и уасэр къратыжмэ, ар мащIэфащIэу щытын хуэмейуи уи фIэщ ищIырт. Арати, Къамботи тебэяуэжащ, иджы игу нэхъ загъэри. Псом нэхърэ езыр нэхъ губзыгъэкъым, апхуэдэу щыжаIэкIэ, Iуэхум зыгуэр щыщыIэу къыщIэкIынщ. А зэрыкIуэу щытам хуэдэу лэжьакIуэ макIуэ, а ищIэу щытари ещIэ, нэхъ гукъыдэж мащIэ хуимыIэу. А зыхэтым зэрахэту щытами текIакъым – махуэм йош, пщыхьэщхьэм теухэм я гъусэщ, жэщым зегъэпсэхуж... Мо щIэгужьеямкIи и гур тепыIэжу псоми къыщыдэхуэм, и лъагъуныгъэ гупсысэхэр кърегъэблэгъэж. ЗикI, жыжьэ Iей IукIатэкъым ахэри. Хьэм нэщI щхьэIуо щеуэурэ, иджыри къэс екIуэкIами, иджы и Iуэхум лъагъуныгъэ мышыу гуэрхэри къыхыхьэу хуожьэ. ЗэфIэмыхьэу, мыхьэнэншэу, апхуэдэу къапихышхуи щымыIэу, ауэ лъагъуныгъэм и мэ зэращыуа къудейм и гъащIэм щIэщыгъуагъ мымащIэу къыхилъхьэу.

## ДЕРС

ЛъагъуныгъэщIэлIэ мыгъуэт Къамбот. Нэхъри мы щIалэгъуалэ гуп зи унагъуэхэм я нэIэм IэщIэкIыу, хуитыныгъэм и IэфIыр япэу зыхэзыщIахэм ягъахъэу, ящIэу жыхуаIэхэм едаIуэм-едаIуэурэ, апхуэдизкIэ и гумрэ и псэмрэ зыкъащтати, лъагъуныгъэ щхьэкIэ сытри ищIэнрэ и IумацIэр къиицIэфту къытенат дунейм. ИтIани псори и зэхуэдэрэ япэ зрихьэлIэ цIыхубзым цIыхугъэ зыхуищIынуи пхухэлъэдэнутэкъым. И теплъэкIи сыткIи гум къыдыхьэнт зызыпищIэфынур. «Ялыхь, Ялыхь, нобэ зыгуэрым сыхуэгъазэ! Ялыхь, Ялыхь, нобэ зыгуэрым сыхуэгъазэ! Ялыхь, Ялыхь нобэ зыгуэрым сыхуэгъазэ!» – апхуэдэурэ щэней лъаIуэрт, пщэдджыжьым и нэр къызэтрихамэ. И фIэщ ищIыжат махуищ зэкIэлъыкIуэкIэ ар мис апхуэдэу зэпимыгъэууэ пщэдджыжьым щэ зэкIэлъыжиIэмэ, итIанэ зыхуей дыдэр, и нэр къыщIикI лъагъуныгъэр Алыхьым къихьу и IэмыщIэм занщIэу кърилъхьэну. Зы пщэдджыжь, псори жейуэ, езыр къэушауэ а псалъэхэр щыжиIэм, тIэкIу нэхъ иныIуэу Iущэща хъуагъэнти, Аслъэн зэхихащ.

– ЛIо, Къамбот,– жеIэ. – Дыуэ къыубжрэ хьэмэрэ?.. Сыт апхуэдизу хэкъузауэ Алыхьым ущIелъэIур?

– Дыуэуи дыуэкъым, ауэ... Алыхьым ущIелъэIун мащIэ? Алыхьым и гущIэгъу щIэлъэIун хуейщ сытым дежи.

– Ди анэшхуэр сигу къэбгъэкIыжаи. Ар щыгъуэлъкIи щытэджкIи Алыхьым елъэIурт. Иджы щыIэжкъым апхуэдэхэр. Коммунист партым идэркъым динри Алыхь Iуэху зепхуэуи. Ей, сыту пIэрэ абы диныр имыдэу, апхуэдизу бийкIэуфIыцI щIищIар? Диным ди партым япэ Тхьэшхуэр ирегъэщ, жаIэу армырамэ, сщIэрIым. Псом хуэмыдэу, ди муслъымэн диным итхэм я деж щыегъэлеяуэ къысфIощI а ямыдэр. Еплъыт, «ФIыщIэр Алыхьым ейщ, Алыхьым нэмыщIкIэ, уэращ». Апхуэдэущ, зыгуэрым фIыщIэ хуищIын хъуамэ, адыгэм къызэрыригъажьэр. Ар партым игу ирихьынукъым, псори къэгъэнауэ. Абы идэнукъым зыгуэрым и ужьу. Псом япэр езыращ!

Мыдрейм абы жиIэхэр зэхихыжыххэртэкъым. НетIэ Аслъэн дыуэ Iуэху къыщыхигъэщам лъандэрэ Къамбот и гур Рабия и дежкIэ жэри и сурэт цIыкIур къиищтауэ, щэхуу еплъыырт – Тхьэшхуэм апхуэдэу щэней хэкъузауэ зэкIэлъелъэIуу, а цIыкIум и нэгу насып защIэм иплъэжауэ щIэкIмэ, IущIэн хуейщ лъагъуныгъэ!

Лъагъуныгъэ, лъагъуныгъэ, лъагъуныгъэ... Псори зыгъэгулэзу, зыми имыгъэгулэзыж, жыпIэ хъунущ абы щхьэкIэ. ЛъагъуныгъэмкъарукIэ упэлъэщыркъым. Дзэзешэшхуэхэр, армэ псо зэтрикъутэну Алыхьым

къару зритахэр, ауи пэщ хуэмыхъуу щхьэжагъуэ ещIыф лъагъуныгъэм. ХузэфIокI дунейр яфIэмыIэфIыжу къигъэнэн. Абыхэм я дежкIэ къалэ быдэу щыIэм я нэхъ быдэ дыдэр аращ. ЩIэныгъэкIи акъылкIи утекIуэн пхузэфIэкIынукъым а лъагъуныгъэм. АбыхэмкIэ къэпщтэн пхузэфIэкIыну щытамэ, щIэныгъэмрэ акъылымрэ къызэгуиуд лIы бэлыхьыжьхэу мин бжыгъэкIэрэ щIалэгъуалэр езыгъаджэ профессорыжьхэм яхузэфIэмыкIыр я студентыжь цIыкIухэм яхузэфIэкIынтэкъым. Лъагъуныгъэм нэхърэ нэхъ щхьэзыфIэфIрэ нэхъ IумпIейри дунейм къытехъуахэм яхэту къыщIэкIынкъым, тобэ ирехъуи. ГъэщIэгъуэныракъэ, Iуэху пщIыуэ улъыхъуэкIи нэхъ лейуэ къыпхуэгъуэтыркъым а лъагъуныгъэр. И Iуэхуи зумыхуэу, уи гущхьэми къыщымыхъейуэ къэкIуэнщ. А сыхьэтым  уэ ар уи Iуэху-уи мыIуэху лъэпкъи зэхигъэкIынукъым - умыщIэххэу, упэмыплъэххауэ зыщIыпIэкIэ къыщыкъуэхунущ, узым хуэдэу. Аращ, ари уз лIэужьыгъуэщ. Ауэ уз IэфIщ, узэрыхуейуэ екIуэкIмэ. Феплъыт ар зэрыхъум...

## ШХАПIЭМ

Лъагъуныгъэм зи гур зэрипхъуэу дунейм къытенауэ ди гугъэ Къамбот, иджы ар дэнэ щыIэми имыщIэж жыхуаIэм хуэдэу, и щхьэри и Iэри лэжьыгъэм хэлът. И Филипп растворрэ чырбышрэ щимыгъащIэу и чэзум Iэригъэхьэмэ, абы фIэкIа нэгъуэщI зыри хуейтэкъым ар иджыпсту. КъехъулIэрт икIи хъарзынэу. АпхуэдизкIэ есат иджы ар а зыпэрыт и лэжьыгъэми, зэман тIэкIуи къыхудэхуэжырти, Филипп сымэ якIэлъыплъырт. Хуейт езыми блын зэтрилъхьэфу зригъэсэну – сыт хуэдэу ахъшэ куэд къахьрэт абыхэм! Чырбышри растворри къелыжу зригъэтIылъылIа и Филипп цIыкIум, псори къегъанэри, шэджагъуашхэ ищIыну хохьэж. Къамботи буфетымкIэ жэуэ, тIэкIу едзэкъэну мурад ещI, мымэжэлIащэми. Шатэ стэчан къиштэри, абы дишхын пирожки къыIихыну яужь иту, гурыщхъуэ ещI ахэр кхъуэ дагъэкIэ гъэжьауэ. Гурыщхъуэр сыт, гъэжьат, къыIурыуат и мэр! Ар Къамбот зэрыпхуишхын щыIэтэкъым. Пщэдджыжьым уи жьафэр дэкъеяуэ Алыхьым уелъэIуу, умэжэлIамэ, кхъуэ дагъэ узыIурыбзаежу ущIэфу, мыхъун Iуэхут ахэр. ЩIакхъуэ бзыгъитI къиштауэ зыкъыщригъэзэкIыжым, и IэфракIэ гъурымкIэ жьэхоуэ рагу тепщэч иIыгъыу и щIыбым къыдэт хъыджэбзым. ГурыIуэгъуэтэкъым мы ди щIалэм и щIыбагъым асыхьэтым абы щищIэр, ар зыжьэхигъэуэн щхьэкIэ къакIуэу къэмыувамэ. Ауэ цIыкIуфэкIууи зыкъигъэза хъуат езы Къамботи! Сыт щыгъуи хуэдэу зыкъигъэкIэрэхъуат, сархъщ жиIэу. Иримыуду къызэрынари гъэщIэгъуэнт хъыджэбзыр. Абы тепщэчыр IэщIэхури, жьгъыб хъуащ, илъари унэ лъэгум къэб хъудырым хуэдэу зы гъуэжь гуэру ириупцIащ. ЛIамэ, хьэуэ, абы щхьэкIэ зигъэлIэнуи къыщIэкIынтэкъым, дауи, ауэ нэгъуэщI сыт къыщыщIами нэхъ къиштэнт Къамбот абы нэхърэ. И фэр пыкIат, хъуат моуэ зы гурымыхь гуэру, къащтэри. ИтIани гушыIэну хузэфIэкIащ: кхъыIэ, мы зэм къысхуэгъэгъу, псалъэ быдэ узот, илъэсищэкIэ сыпсэуамэ, абы фIэкIа сэ апхуэдэу зэи уэ уи рагу тепщэч пIэщIэзмыудыжыну!

Езы хъыджэбзым а Къамбот зэрылIыкI пэта щIэщхъур щай фIыцIэжьу кърыдзэртэкъым. Асыхьэтым хъыдан кIапэ хьэзыри дэнэ къриха, зэлъыIухакIуэ щIэтхэм ящIэнуми нимыгъэсу, езым унэ лъэгур къабзэу къилъэщIыжри, и рагури щIэрыпсу къиштэжащ, зы компот стэчани щIыгъуу. Къамбот абы фIрикIута и шэджагъуашхэр езым къыхуиштэжынуи игу къэкIыжыххакъым, мо здэпIейтеищам, а екIуэкIхэр зэрекIуэкIым и жьэр ущIауэ кIэлъыплъу щыта фIэкIа. Ауэ а псорат Iуэхур, уитхьэкъуу ар зы нэ хьэлэмэтыщэкIэ къеплъат Къамботи, току мащIэ къыхиутIыпщхьауэ

къыщыхъуат. ЩIыIэ тIэкIу худиху хуэдэу и Iэпкълъэпкъым зыгуэририжат, зищIысри имыщIэу. Мыбы Рабия цIыкIум и нэгум къищ угъурлыгъэм ещхь гуэр хэлъ хуэдэщ, жиIэу Iурыплъыхьырт Къамбот. Ар здэтIыса Iэнэм кIуэри езыри тIысащ. Япэ къэсым имыщIэнкIэ хъуну а Iуэхум тегушхуащ Къамбот зыIурамылъхьэж, и мыхьэлу. ИрищIаIа сщIэркъым, зы бэлыхь хуищIам хуэдэу гуапэут хъыджэбзыр абы къызэреплъыр. А къызэреплъ и нитIыр-щэ? Мы дуней псом тету къыщIэкIынтэкъым абыхэм хуэдэ! Мыдэ зи хъугъуэ ирикъуа щхъырыб пIащэшхуэ игъащIэм хэт Iуэху ищIу еплъыпа – апхуэдэт и нитIыр, и къащхъуэ-удзыфэри и къуэлэныкIэри хузэщIэту. Уи пIэм укърашу, зы нур хьэлэмэтыщэ къащIихырт а нэхэми, ихъуреягъкIэ щызэбгрыкIырт. Мордовэ Лёвэ къригъэлъэгъуа бзэгур игу къэкIыжауэ, мыдрей нэхъуеиншэжьми зиIуантIэрт, зыгуэр жиIэну. Ауэ игъуэтыртэкъым, а и пащхьэ зэщIэпсэу къис тхьэIухудым хуэфэщэн псалъэ. Хуейтэкъым псалъэ къызэрыгуэкI зыри къызэрымыкIхэр жриIэну. Апхуэдэу ищIамэ, ар адрей щIалэ псоми ещхь хъурт. Езыр зыхуейр псом нэхърэ нэхъ нэгъуэщI зыгуэру, и гушыIэхэри щIэгъэщхъуэжарэ икIи шэрыуэу щытыну арат зыхущIэкъури, ари къемыхъулIэу гугъу ехьырт. Щыст, мы дуней цIыху цIыкIур зыхуей хуэзэу псэунымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху бэлыхь  илэжь  нэхъей, егугъуу и шатэ стэчаным хигъэщIу. Апхуэдэу щыхъум, щIалэ къыбгъэдэсыр зыхуэдэр къыгурыIуагъэнт, езы хъыджэбзыр къохашэ:

– Сэ сыхуейщ уэ а нетIэ къызжепIа псалъэхэр си фIэщ сщIыну...

– НыбжесIаIауи къыщIокI. СщIэжыркъым. ЖысIэр сымыщIэжу мы дунеижьым сыкъызэрытенэрэ, ауэ хыфIэдзи, зы илъэс тIощIым нэсащ, чэмышхуэ щымыIэу. Мырщ жысIэу ныбжесIэн схузэфIэкIынукъым а тхьэмыщкIагъэр къызыхэсха щIэщхъури, лъагъуныгъэншагъэм къыдэкIуа фэбжьу щымытмэ. Сигу къэгъэкIыжыт, кхъыIэ, уи фIэщ пщIыну ухуейуэ жыхуэпIэ а жысIар. Сэри, уэ уигу щрихьакIэ, сахуейт а псалъэхэм Iейуэ... КъызжеIэжыт, жьгъей уэстынщ!

Сытми, зыгуэр жиIэн щхьэкIэ Къамбот къив а делагъэхэм нэхъ губзыгъагъэ игъащIэм зэхимыхам хуэдэт хъыджэбзым, зыуэ гъэщIэгъуэн къыщыхъуу фэ тетти..

– УкъысIэщIэуэу си рагу тепщэч абы фIэкIа игъащIэкIэ иумыкIутыжыну зэрыжыпIар!

– Ыы, ара жыхуэпIэр? Ар хьэл мыгъуэу къысхуинэмэ, жысIэри сыгузавэри арат апхуэдэ псалъэ быдэ уэстыныр къызыхэкIар.

Къамбот и стэчаным ита шатэр ирищкъумпIыкIауэ, и джабэхэм къыкIэрынар шей бжэмыщх цIыкIумкIэ кърихъунщIыкIыжат, Iэуэлъауэшхуэ иригъэщIу, а ищIэр зэрымыдахащэми гу лъимытэжу. Иухат хъыджэбзми и рагу зэфIигъэувэжар. И компот стэчанри трифыхьыжакIэт. АрщхьэкIэ тэджыжыртэкъым. Къамботи ар ялыхь, къыумыгъэтэджыж, жиIэу щыст, тIуми я жьэр мыувыIэу зыгуэрхэр жаIэу.

– Сэ уэ Iэджэрэ услъэгъуащ, – жиIэрт хъыджэбзым. – Iэджэрэр сыт, махуэ къэси узолъагъу. Уэ Спиридонов Филипп и гъусэу уолажьэ. ЛIыжьыфIщ ар. Ауэ хэт гъусэ хуэхъуми, егъэтхьэусыхэ, Iэ псынщIэIуэ фIэтщи. Пэжщ, лэжьыгъэкIэ къедзылIа хъухэм ахъшэшхуэ кърегъэлэжь. Аращ абы дэлэжьэну куэдым щIафIэфIри. «Ауэ сытми къызигъэлэжьрэ сэ абы ахъшэшхуэ, егъэлеяуэщ къызэрызигъэлэжьыр, улахуэ тыгъуитI я кIапэ схузэтегъэхьэркъым!», - жиIэну и Iупэм къэсат Къамбот. АрщхьэкIэ къыхуегъэкIуакъым, шынащ зэрыщымыт зыгуэру хъыджэбзым къыщыхъункIэ.

* * *

Хъыджэбзым жиIэхэм дахэ-дахэу едаIуэртэкъым, куэдыIуэрэ зэреплъыр фIэемыкIути, и нэр зэриубыдыным нэхъ елIалIэрт. ТхьэмыщкIэлъым хидзат, фадэм щхьэкIэ адыгэм къагупсыса а жыIэкIэ шэрыуэр лъагъуныгъэм ехьэлIауэ къэбгъэсэбэпмэ.

– Сэ сыщылажьэр уэ щыпщIэкIэ, уэ ущылажьэри къызжепIэмэ хъуркъэ, си гур зэрумыгъэшхыу.

– Сыт абы щхьэкIэ уи гуи уи пси щIызэрышхынур, бухгалтерием сыщIэсщ...

– Уарэ, яугъащIэ мы дунеишхуэр зи IэмыркIэ зекIуэ дебет-кредит цIыкIухэм! Си щIалэгъуэ асууншэ кIуам и кIэн гъур си Iэпэр пызыхъукIахэр сигу къэбгъэкIыжаи!

– Уи щIалэгъуэр иджыкъэ, уи сабиигъуэрагъэнщ уигу къэкIыжар. ЛIо, уэ дэнэ ахэр щыпцIыхур, а дебет-кредит жыхуэпIэхэр езыхэр?

– Ахэр си гупсысапIэу зэгуэр дунейм сытетащ сэри. Къысхэхъуэри схэщIри абыхэм я деж щызэпэзгъэшачэу. Ахэрт зэрылъыр си хэхъуэри си хэщIри. Ауэ схэщIыр нэхъыбэт къысхэхъуэм нэхъри, хыфIэздзэри сыкъежьэжауэ сыдэтщ, мис мыпхуэдэу.

– Ар сыту гъэщIэгъуэн а жыпIэр!

– Сэ абы нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныж къысщыхъунут уи цIэр. Ухэтщ жыпIа? Сэ уэ уи цIэр къызжепIэну дзыхь къысхуэпщIу си гугъэкъым. Умышынэ, сэ ар уэ къызжепIэмэ, ди нанэ и пхъуантэ фIыцIэжьым быдэу дэгъэпщкIуауэ сыт щыгъуи зесхьэнщ, данэху-данапIэм хэлъу!

– Пэжуи? Людэщ, Людмилэ. Уэ-щэ?

– Людмилэ... Людэ милэ! Апхуэдэущ сэ уэ сынызэроджэнур дяпэкIэ, ди зэрыцIыхуныгъэм гъащIэ иIэну иухауэ къыщIэкIмэ. Людэ милэ, сэ си цIэр... Сэ насыпыншэжьым цIэ сиIэж мыгъуэ уи гугъэрэ, сиIэжкъым иджы сэ цIэ лъэпкъ!

– Ар дауэ? УиIамэ, уиIэжу къыщIэкIынщ, дэнэ кIуэн?

– Къигъуэтащ здэкIуэн икIи кIуащ иджыпсту лъандэрэ.

– Иджыпсту лъандэри? Ар сыту хьэлэмэт а жыпIэр! Дэнэ здэкIуар?

– Уэ ипфащ, сыноплъурэ!

– Дауэ?!

– Мис а уи стэчанымкIэ бгъэщIейуэрэ!

– Уарэ, сытыт а цIэ хьэлэмэтыр?

– Ипфар, зиунагъуэрэ, иджыпсту ипфар пщIэжыркъэ?!

– Компоти?!

– ТIэкIунитIэ хьэуэщ – Къамботщ.

– Ар сыту цIэ гъэщIэгъуэн. Усыт лъэпкъ, Къамбот, уэ... Утэтэр хъунщ.

– Уэращ тэтэр хъункIэ хъунур, сумыгъэикIэ!

– Тэтэрыр икIэ? Ар жыIэн хуейкъым зы лъэпкъым щхьэкIи.

– Фэ, урысхэращ жызыIэри зыгъэикIэри... Зэмыджа хьэщIэм нэхърэ нэхъ Iейти сытти жыфIэу, дунейм тетыр яхужывоIэ тэтэрхэм.

– Ыы, зэмыджа хьэщIэр тэтэрым нэхърэ нэхъ Iейщ, жаIэ, пэжу. Ар дэ Iейм къыхэтхыу жытIэркъым.

– Сытым къыхэфхми, жыфIэркъэ?!

– Уэ усыт лъэпкъ-тIэ?

– Адыгэ жаIэу зэхэпхагъэххи?

– Адыгэ, адыгэ... Кавказыра си гугъэщ ахэр щыпсэур...

– Шэрджэсри зэхэпхакъэ?

– Сыт щIызэхэзмыхар, сощIэ сэ апхуэдэ лъэпкъ Кавказым зэрыщыIэр.

– Дэнэ щыпщIэр? БухучетымкIэ бджауэ жумыIэ иджы, дебет-кредит цIыкIухэм я гъусэу!

– Тхыдэм тIэкIу дыщыгъуазэщ. Иван Грознэм а лъэпкъым къыхэкIа щхьэгъусэ иIауэ жаIэ... Шэрджэсхэр бгырыс щхьэмыгъазэу, зауэрэ банэкIэ я гъащIэр ягъакIуэу зэхызох куэдрэ.

– ЦIыхул яшхыу жаIэу зэхэпхыркъэ?

– Ар пцIыщ, жызыIэхэри делэщ е цIыху икIэхэщ!

Мыбдежым Къамбот игу къэкIыжащ и Филиппыр. Къежьэу щыту къыщIэкIынщ. Апхуэдэ тепыIэ иIэ абы, шэджагъуашхэм сыхьэт псо тригъэкIуэдэну, игъэзэжауэ триупцIэу щыт хъунщ, къытрахыжыну къебгъэрыкIуэIам хуэдэу гужьеяуэ. Къамбот сыхьэтым щеплъым, и Людэ милэри къотэджыж. Сыт хуэдиз и жьэмеягъми, щIалэм и гум къыщыхъея гурыщIэм ирихулIащ абы хъыджэбзым и телефон номерыр къыIихыну. Къритщ Людэм и телефон номерыр, гуапэ дыдэу къыхупыгуфIыкIыжри, зэбгъэдэкIыжащ.

## ЗЭIУЩIЭ ГУАПЭ

Хьэуэ, Людэ милэ къыбгъэдэкIыжар езырат, армыхъумэ Къамбот и гур щхъырыбынэ и деж иджыри щыIэт, ар къигъанэу къежьэжын мурад лъэпкъ имыIэу. ИщIэртэкъым абы и нэр щхъырыбым щIригъэщхьауэ, щхъырыбынэкIэ щIеджэр. ИгъащIэм адыги нэгъуэщIи зыгуэрым и нэр щхъырыбым ещхьу жаIэу зэи зэхихатэкъым. Ар езыми ищIэжырт фIыуэ, ауэ щIыжамыIэми щIызэхимыхами и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу къилъытэр мы хъыджэбзым хуэди абы и нэхэм ещхьи игъащIэ псом дунейм зэрытемытар икIи зэрытемытырат! Сыту цIыхуфI, сытуи гуапэ. Иджыри къэс, сыт хуэдизкIэ ар абы хуеями, къилъыхъуами, жэщхэм къэушыжурэ егупсысами, и лъагъуныгъэм и хэщIапIэр къыщIыхуэмыгъуэтар мис мыбы хуэзэну иухауэ арауэ къыщIэкIынут, дауи. Адыгэ цIыкIуу щытамэ арат, бетэмал! Iуэхутэкъым тIэкIу нэхъыжьыфэ зэрытетри, нэгъуэщIри. Зы щхьэкIи къигъэнэнтэкъым, къишэнт, адыгэу щытамэ. Ауэ бзэмыIу лъэпкъ хъунукъым къишэ. Я нэхъ узыхуэмей дыдэу къилъытэм щыщщ щхьэгъусэр уи бзэкIэ къыптемыхуэныр. Ари и анэм зэрыгурымыIуэну къудейм щхьэкIэ. И жагъуэ хъунущ анэм. И анэм и жагъуэ щIищIынур сыт? Иджыпсту и нэм къыщхьэрипхъуауэ ауэрэ къыщыхъу щхьэкIэ, щхъырыбыни хъарбызыни щыIэкъым адыгэ пщащэ пыжьынэ цIыкIухэм хуэбгъадэ хъун... Ар зэгупсыс къомыр елърэ, сышэ жиIэу къыпиубыда нэхъей. КъыдэкIуэну ар езыр, къишэну и ужь ихьэкIи? ЛIо-тIэ, тIэкIу къепсэлъамэ, къыхупыгуфIыкIамэ?.. Сыт щхьэкIэ, и телефон номерри къритакъэ! Хьэуэ, мыбы зыгуэр щыщыIэщ. ИтIанэ, мыбыкIэ цIыхубзхэр нэхъ щыхэутIыпщхьащ, тегушхуэныгъи нэхъ яхэлъщ, зыгуэрым кууэ хухэтарэ нэхъ лъапIэ дыдэу иIэр абы и деж къыщинамэ-щэ?! Уа, къишэнукъыми-къишэнукъым, а псом уи Iуэхуу хэлъыр сыт?.. Плъагъурэ а Къамбот и лъагъуныгъэ къыкъуэкIыкIэр, жылэм къафэм, джэгум къыщагъуэтмэ, мыбы ейр лэжьапIэм къыщыкъуэкIащ. ЛэжьапIэм, игъащIэ лъандэрэ езыр нэхъ зыхэтым икIи нэхъ зыхэзагъэм къыдэкIуащ ар ицIыхунри – ещхьыжщ! ПсомкIи ещхьыжщ езым. Хьэмэрэ диным къыхуихьа? Ар нэгъуэщI зыгуэру щытамэ, кхъуэ дагъэкIэ гъэжьащ, жиIэу а пирожкихэр къищтэни ишхыни къигъэнэнутэкъым. Къимыгъэнамэ, кхъуэ дагъэкIэ гъэжьа а пирожкихэр къищтэрэ

занщIэу къыIукIыжамэ, мы хъыджэбзым хуэзэххэнутэкъыми хэхат. Тхьэм ищIэнщ кхъуэр муслъымэн диным хьэрэм щIищIари, ауэ абы Къамбот ифI къыхэкIа жыпIэмэ, къыхэкIащ... Мэгугъэ къыхэкIауэ.

Абы и закъуэ Къамбот нобэ лъагъуныгъэ къызэрыхукъуэкIар зи фIыгъэр! Нышэдибэ щэней къытригъэзэжурэ Алыхьым апхуэдэу быдэу зэрелъэIуаращ... ИтIанэ Рабия и нэгум зэриплъар-щэ?! Иджыри къэс и Iуэхур щIэмыхъуари арауэ къыщIэкIынт, зэи игу къэкIыу еплъатэкъым ар пщэдджыжькIэрэ Рабия. ПщыхьэщхьэкIэри арат, къызыкъуихыурэ емыплъу зы махуэ имыгъэкIуэн мурад быдэ иIэу къыздрихьэжьа щхьэкIэ. Си Iуэхуи-тIэ, дяпэкIэ ар абы емыплъмэ! Пщыхьэщхьэм къыздэкIуэжа общежитым Рабия, абджыху цIыкIум ещхь Рабия и сурэтыр къищтэри, IэплIэ иришэкIащ, Iэ дилъащ, яллыхь, мы цIыкIур насыпыфIэ-лIыфI натIэ щIы, жиIэурэ.

Иджы Къамбот и дежкIэ псори гуапэ, IэфI хъуат. Пщыхьэщхьэ къафэ-джэгум кIуэрт, ауэ, пэжыр жыпIэмэ, зыцIыкIукIэ дихьэхыртэкъым. И жагъуэт, ухуеймэ. Абы къикIыжырт и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжауэ. Нэжэгужагъэ лъэпкъ хэмылъыжу гъуэлъыжырт, псори пщыхьэщхьэр зэрагъэкIуамрэ ягъэхъахэмрэ тепсэлъыхьыжмэ, езыр зы псалъэкIэ хэмыувэу, жиIэни имыIэу. ИIэми, жиIэнтэкъым Къамбот. Адрейхэм хуэдэу къитхъутхъукIынтэкъым абы теухуауэ. Лъагъуныгъэр дыщэ Iэлъынкъым, бгъэпIийуэ, зрибгъэщIагъуэу удэтыну... НтIэ, сытми, а пщыхьэщхьэ зэхыхьэри фIэфIт ныщхьэбэ. Абы и Людэ милэ къэкIуэну жриIатэкъым, ауэ и гугъэт, жриIэмэ, къэкIуэну.

Къыхуэмыгъэсу къэсщ пщыхьэщхьэ джэгу кIуэгъуэри, Къамбот Людэ и деж псэлъащ. Телефон-автомат жыхуаIэмкIэ псалъэу арати, плъагъуну фIэкIа ухуейтэкъым, абы бжыгъэхэр къигъуэтурэ къыщригъэкIэрэхъуэкIым и Iэпэхэр зыуэ кIэзызырти. Игурат ахэр зезыхуэр, апхуэдизкIэ шынэрти. ЛIэнуи къыщыхъурт, хьэуэ, сынэкIуэнукъым, къыжриIамэ. ИкIи къыжриIащ, ауэ лIакъым. Ар и закъуэу псэуркъым, дауи. ЦIыхухъу е цIыхубз гуэрым телефоныр къытрихынщ, къыщIэкIиенщи, трипIэжынщ, жиIэу гузавэурэ къиIуэнтIа щхьэкIэ, езы хъыджэбзым къытрихащ. Сыту дахэу Iурэ и макъыр телефонкIэ!

– Хьэуэ, сэ абы сынэкIуэнукъым, – жиIащ Людэ а и макъ дахэмкIэ. – Ауэ, хъунумэ, уэ къыщIэкIи, дызэхуэзэнщ.

Уоу, Къамбот зы гуфIэгъуэ иIэти! ИгъащIэкIэ хуейт ар къафэм къэкIуэну, е езыр къэфэфыртэкъым, е нэгъуэщIтэкъым.

– Дэнэ дыщызэхуэзэн, дэндей сынекIуэлIэн?

– Мартым и 8-м и цIэкIэ щыIэ уэрамыракъэ фэ фызытесыр? Мис а уэрамымкIэ хьэблитху, хьэуэ, догуэт зэ... Аращ, хьэблитху убжурэ къызэнэкIи, еханэм ущынэсым сэмэгурабгъумкIэ зы уэнжакъ лъагэшхуэжь щытынущ. Мис абы и гупэм сыщыножьэнщ.

Куэдрэ дэцIэфтынт лъагъуныгъэ дамэ зытет Къамбот, куэдрэ къигъуэтынт и Людэм и уэнжакъ лъагэшхуэжьри езы Людэ мили! Ауэ зыщышынэрат, е и жьэмеягъэкIэ, е и делагъэ псэлъэкIэкIэ, е и зыщIыкIэ гурымыхькIэ игу зригъабгъэрэ къызэрыдэщIыгъу щымыIэу дыхьэжмэ, жиIэрт. ПсомкIи зыхуэсакъыжынут, дауи, Къамбот, Iэмал зэриIэкIэ. Ауэ Дыгъужьыкъуэ къуажэкIэ пабжьэм къыхиха хьэл-щэнымрэ мопхуэдэ къалэ ехьэжьам хъыджэбз тхьэIухудым къыщищтамрэ дауэ зэрызэхуэхъунур?! Ей, щхьэ къыхуэзэххэу пIэрэ ар Къамботыжь цIыкIум? Сыту пIэрэ игу ирихьар, фэкъым, цыкъым, зэрыжаIэу. Ихьи, мыбы хъыджэбз куэд Iей щыIэщи, щIалэр щызэпэубыдауэ арагъэнщ. Хьэмэрэ мыбы зезгъэшэнщ, жиIэу

къыщыгугъауэ ара, зэрынэхъ Iэсэм щхьэкIэ, нэхъ къэгъэпцIэгъуафIэ хъун и гугъэу?

* * *

Гуапэу зэIущIащ щIалэмрэ хъыджэбзымрэ я япэ зэхуэзэгъуэм. Узэхъуэпсэн щIэщыгъуагърэ фIагърэ, ягу къинэжын зэхущытыкIи апхуэдизуи яку дэлъауэ жыпIэ хъунукъым а тIум, ауэ а зэхуэзэныгъэм, Къамбот зэрыщышынам хуэдэу зэпэщIигъэкIуэтакъым, нэхъри нэхъ гъунэгъу зэхуищIа мыхъумэ. Къамбот и цIыхумыщIэкIэ-зыIурамылъхьэжыкIэр Свердловск хуэдэ къалэ къитхъутхъукIхэм щызекIуэ хьэл теутIыпщхьахэм хъыджэбзым иригъэщхьамэ, мы щIалэ зыхуэзам гъэсэныгъэшхуэрэ культурэ лъагэрэ хэлъу къилъытауэ къыщIэкIынут, ухуеймэ.

ЩIымахуэкIэ мазэт, шылэм и кIэт, ауэ зиукIыжыртэкъым, адыгэм зэрыжиIэу. Мо хуабэу хуэпахэм къатехьэлъэртэкъым щIыIи. Куэдрэ къакIухьащ аитIум а пщыхьэщхьэм зэгъусэу, куэдри псэлъащ. ЗэрыцIыхуащ. Къамбот и хъыджэбзым жриIащ мыбы къыщIэкIуари, и гъусэу къэкIуахэми щыгъуазэ ищIащ. Мазэ закъуэ зэрылэжьам къыпэкIуа ахъшэмкIэ зэрымыарэзыри къыхигъэщащ. Зыри, зыри щибзыщIакъым. Зэрызэшым, зыпылъын щхьэкIэ зэрылIэми гъэщIэгъуэн гуэру хутепсэлъыхьащ, абы хуэмеями. Игъэдыхьэшхащ, нышэдибэ къыщыушам Алыхьым зэрелъэIуари жриIэжри. Езыми зыри къыщибзыщIакъым. КъыжриIащ зэман щIауэ зэризакъуэр, щIасэ лъэпкъи сыти зэримыIэр. Пэжщ, лIы иIащ, ауэ иIэжкъым. Дэнэ кIуэжа-тIэ уи щхьэгъусэр, жиIэу щеупщIам мафIэм исащ, Iугъуи къыхихуакъым, къыжриIати, пидзыжаIакъым. КъргагъэкIыжа къыщIэкIынт. ЗэрыжиIамкIэ, езы Къамбот нэхърэ ар илъэс зыщыплIкIэ нэхъыжьынт, апхуэдэфэ темытми.

## ХЪЫДЖЭБЗЫМ КЪАМБОТ Я УНЭ ИРЕГЪЭБЛАГЪЭ

Ауэрэ, зэхуэзэгъуэ зыщыплI хуэдизрэ уэрамым дэтауэ, зы пщыхьэщхьэ уэлбанэ гуэрым Людэ милэу плъагъум иригъэблагъэмэ, уэлэхьи, Дыгъужьыкъуэ къуажэкIэм икIа щIалэ емыщIэ-фIымыщIэ цIыкIу. Къамбот абы щыгугъыххатэкъым. Ауэ нышэдибэ нэху къыщекIам Алыхьымрэ и Рабия цIыкIумрэ лъэIукIэ захуигъэзат лъагъуныгъэ игъуэтам и IэфI тIэкIу кърагъэлъагъуну. Дунейм теттэкъым Къамбот зэрылъэIуаи зэрыгугъаи IэплIэ тIэкIурэ ба тIэкIурэ фIэкIа. Хъыджэбзым и унэ иригъэблэгъэн жыхуэпIэр жыжьэуи игу къэкIыртэкъым. Сегъэблагъэ, жиIэу жриIэн дэнэ къэна, и гущхьэм къыщыхъейртэкъым ар абы и унэ зэгуэр щIыхьэххэнкIэ хъуну. Езы Людэ милэщ псори зэхэзыщIыхьар. Къепсэпсауэрт. Псалъэу здэщытхэм, хуэм-хуэмурэ псыф хъурт.

– ПщыхьэщхьэфI къыдэхъулIакъым, – къеплъащ хъыджэбзыр щIалэм. – ЩIагъуэкъым нышхьэбэ уэрамым удэтыну...

– ЩIагъуэ хъунуми мыхъунуми дэращ зэлъытар. ЛIо и лажьэр, хъунущ щIагъуэ, уэрэ сэрэ тщIымэ!

– Хъунщ, – жиIащ Людэ, и натIэцым уэших ткIуэпс цIыкIухэр жыжьэ лъейуэ IэкIэ къыпигъэщэщурэ. – Апхуэдэу щыхъуакIэ, уэрамым дыдэтынкъым, уэшхым диуфэнщIу. НакIуэ, си деж нышIыхьэ.

Къамбот ар занщIэу къыгурыIуакъым.

– Дауэ сынызэрыщIыхьэнур, фи деж щIэсхэр-щэ?

– Сыт щхьэкIэ, си закъуэу сопсэу, бжесIатэкъэ. ЛIо, сэра узыщыукIытэнур? Сэ укъысщыукIытэнумэ, итIанэ унышIэмыхьэххэ!

Ар щызэхихам Къамбот зыуэ гуфIати! Дэлъеинут, зимыубыдыжамэ.

А здэщытыр кIыфIти, и Людэм къилъагъуртэкъым, армыхъумэ щIалэр плъыжьыбзэ къэхъуауэ къыщIэкIынут, мафIэм хуэдэу сырт абы и нэкIущхьитIыр. Щытт ар, и жьэр мащIэу зэтехарэ жиIэнури ищIэнури имыщIэу. Хэт и гугъэнт, хэт и гугъэнт! Мыуэшх-мыуэс къехыр и щхьэцым хэз хъуауэ, и нэм къызэрыщIэлъадэри зыхищIэжыртэкъым.

Жыжьэтэкъым, абдежырат хъыджэбзыр щыпсэур. Езым жиIэшхуэ щымыIэу, тегупсысыкIрэ къыжраIэми емыдэIуащэу кIуэрт Къамбот. Абы и щхьэм щыкIэрахъуэрт и Людэ милэ къыжриIа зы псалъэуха: «Сэ укъысщыукIытэнумэ, итIанэ унэмыкIуэххэ!». Сыту пIэрэ абы къикIыр? ЗэщымыукIытэжу ящIэнIауэ арауэ пIэрэ! Унэр общежит хуэдэт, ауэ цIыкIухэри инхэри щыплъагъурт. Къамбот къищIащ: унагъуэ общежит жыхуаIэм хуэдэт. Пэш зыщIашар щIалэм имыгъэщIагъуэу къэнакъым. Модэ, Налшык блок заводым щыщылэжьам зыщIэсауэ щыта пэш закъуэ фэтэр жыгъейм хуэдэт и инагъкIэ. Ар дыдэрат и щIыкIэри: метриплI нэхъыбэ и кIыхьагъынтэкъым, и бгъуагъри метритI-щым щIигъуну къыщIэкIынтэкъым. Ауэ мы Людэ милэ и фэтэрым къылъэщIыхьэнутэкъым жыжьэуи. Езы щхъырыбынэ ещхьт ар, уеплъ пэтми, зыщыбгъэнщIыртэкъым. Моуэ жиIэнт Къамбот, апхуэдэу жыпIэ хъунумэ: къабзэмэ къыщIихырт, зыкIэ екIуу зэлъыIухати! Мыбыи щIэтыр а зы гъуэлъыпIэ закъуэрат, езы Къамбот деж щIэта шэнт зытIущри щIэтт, жыхафэгу тIэкIу къэнэжым хуэдизт къэнэжри. ИтIани мыр куэдкIэ нэхъ Iэхуитлъэхуиту къыпщыхъурт. СтIол цIыкIум тюльпан Iэрамэ тетт, абджыху къабзэ мыин дыдэм игъэувауэ. Телефонри абы къыбгъурытыжт. РадиоприемникIри адэIуэкIэ щыплъагъурт. Блыным Iэзэ дыдэу кIэрыщIыхьа телъхьэпIэм хьэкъущыкъу хэплъыхьа екIуу тегъэзэгъат. Къамбот и нэр абыхэм хуэзауэ гу щылъитэм, Людэ къеупщIащ:

– Ушхэну?

ЩIалэм занщIэу игу къэкIыжащ зыщIыпIэ къикIыжауэ щIыхьэжамэ, и анэр апхуэдэу къеупщIу зэрыщытар. Ауэ егупсысащ: адыгэу щытамэ, апхуэдэу къеупщIынтэкъым! Хуейтэкъым Къамбот шхын лъэпкъ. Ар и Iуэхутэкъым абы иджыпсту.

– Хьэуэ, сыхуейкъым, – итащ жэуап.

* * *

Людэ удз дахэхэр абджыхум зэриту къищтэри, и Iупэм Iуилъхьащ. Уоу, зыуэ сурэт дахэ Iуплъат Къамбот абдежми! А тюльпан жьэражьэхэм хъыджэбзым и нэкIу хужь къабзабзэр гуакIуэрэ-гуакIуэу къащIэувэрт, здэгуфIэм, и Iупэ дыхьэрэнхэр мащIэу зэтежырт. А псом нурыр я хъуреягъкIэ щагуэшу къапхыпсырт делэ узыщI и щхъырыбынэхэр. ИтIанэ жэщ джанэ къыщIигъэщамрэ и гуфIакIэ хуиту узыдэплъэмрэ. Убегъымбармэ, ухагъэлъэдэнт. Хагъэлъэдащ щIалэ хьэщIэри. ИгъащIэм а Iуэхум хэмытами, мы къэхъу псор и щыпэлъагъу-и щыпэщIэу умыщIэну Iэрыхуэу Iэбэрт, ищIэн хуей псори зэрыщIыпхъэм хуэдэу ищIу. Ауэ, я хуабэ, я IэфI зэрызэхыхьэу, а здынэсам и деж къыщыувыIащ... Къамбот ищIэн хуея псори ищIарэ адэкIэ пщIэн щымыIэжу къыфIэщIауэ арат. Ирикъуатэкъым езыр, упщIыIуатэкъым, зигъэнщIатэкъым игу къэбырсеям а ищIамкIэ, хуейт иджыри зыгуэр. АрщхьэкIэ а зыхуей «зыгуэрыр» мыращ жиIэну ищIэртэкъым. КъыгурыIуэжыртэкъым езым. ЩIалэр а щытыкIэ мыхьэнэншэм къыщинэм, модрейр къеупщIащ:

– Ара зэрыхъур?..

– Аращ, – жиIащ щауэм. – ЛIо-тIэ, нэгъуэщI?..

– IукI-тIэ, тэдж!

Къэтэджыжахэщ. Людэм къыгурыIуэртэкъым и хьэщIэм а ищIар къызыхэкIар, ищIэртэкъым зыхуихьынури. Абы игъащIэкIэ игу къэкIынутэкъым, минрэ и щыпэщIэми, цIыхухъум апхуэдэ къыщыщIынкIэ хъуну. КъыфIэщIащ а щIалэм и узыншагъэр мыпхуэдэ Iуэхухэм хуэмыхъуну, фIэгуэныхьи хъуащ. Къамбот Людэ зихуэпэжу щилъагъум, а и пыгуфIыкIыкIэ дахэмкIэ пыгуфIыкIащ:

– ИгъащIэм срихьэлIакъым сэ уэ пхуэдэ... Зэрумыгъэхъуэну Iам, гъэжалъэр сыт щIэпхьынур?!

Людэ, гурыщхъуэ гуэрхэр ищI мыхъумэ, ищIэртэкъым Къамбот и Iуэхур зэрыщыт дыдэр. И хьэщIэр щригъэжьэжым, ар аргуэру зэ къеупщIыжащ:

– Илъэс дапщэ ухъурэ?

– Мы май дызыхуэкIуэ илъэс тIощI сыхъунущ...

– И чэзу хъури щхьэпрыкIыжат псори пщIэну!

Къамбот къыгурыIуэртэкъым мор зыщIэупщIэхэми щIагъыбзэкIэ къыжриIа адрейхэми къарыкIыр. Еплъырт, цIутI жимыIэу. ИужькIэщ къыщыгурыIуэжар а къыщыщIа хьэдыгъуэдахэр. И Людэ милэр къилъыхъуэн, иджыри хуэзэн Iуэху зэрихуэн дэнэ къэна, зэрымыщIэкIэ хуэзэн и гугъэу шынэрт. И напэр и IэкIэ трихыжат! Зызутэжащ, зызуцIэпIыжащ, мэракIуапцIэм сыхыхьэри, жиIэрт абы игукIэ, мэракIуи сшхакъым! Езы Людэми дэнэ и Iуэху къыщызэрихуэжынт абы фIэкIа мыхьэнэ зимыIэ щIалэ нэмыхъусым и деж? Арати, а тIум я лъагъуныгъэ мыджэмыпцIэр, дахэ-дахэу дунейм къытехьэнуи хунэмысу къэмыхъупс ефар, кIуэдыжри, нэгъуэщI зыкIи зи Iуэху зэхэмылъ цIыху зэхамитIыр зэпэщIэдза хъуащ, игъащIэ псокIэ жыжьэуи гъунэгъу зэхуэмыхъужыну. Уа, ар зыщIэ щIалэ псоми къащыщIу пIэрэ апхуэдэ гуэрхэр, зэи ямыщIауэ япэ дыдэу щащIэм деж? Хьэмэрэ езым и закъуэ ар игъащIэм къызыщыщIар? Iуэхукъым, дауэ мыхъуами, дерс хихащ – ищIэнщ дяпэкIэ!

## ПАСХЭ МАХУЭМ

Аслъэн и натIэгу нэзакъуэ исми мазэ бжыгъэ и пэкIэ зымыщIэу щыта Къамбот иджы абы и гъусэу лэжьакIуэ къэкIуа къудейуэ уи фIэщ хъун-тэкъым. Ар абы игъащIэ лъандэрэ ицIыхуу къызэдекIуэкIауэ къыщыхъужырт, апхуэдизкIэ есати. Ефа нэужь, тIэкIу зэIымыхьамэ, цIыху гъэщIэгъуэнт а щIалэр, хьэл-щэн дахи иIэт. Зэ зылъэгъуам етIуанэуи сыхуэзэжарэт, жригъэIэу зыгуэр хэлът абы езым, а «хэлъыр» зищIысри къыпхуэмыщIэу. Егупсысыжыпати, ар Аслъэн ауэ сытми еса къудейтэкъым - жиIэри ищIэри дыжиIэну, дищIэну абы нэсат. Щапхъэ хуэхъуу хуежьат, уигъэшынэу. УщIигъэшынэр фадэм дригъэхьэхынкIэ хъунути арат. Ар апхуэдэу къыщыщIмэ, фIохъус апщий, Фрий Машэ, жыхуиIэм хуэдэт Къамбот и Iуэхур – унэхъури тIысыжауэ арат, адыгэбзэкIэ жыпIэмэ. Абы и лъэныкъуэкIэ, Аслъэнрэ езымрэ я зэхуакум щIалэм и псэ шынэ къэзыщтар къэрэгъул бжыхьу Iутт. ДэмытIысуи щыттэкъым ар абы фадэ Iэнэ. Ауэ, дэтIысыхуи и псэр дзапэкIэ иIыгъыу щыст, къэщтауэ кIэзыз и гум моуэ къыщIикъузыкIыу: «Сызыхуэсакъыжынщ, езгъэгъэутхъуэнкъым фадэм си акъылыр!» АрщхьэкIэ, Iуэхуратэкъэ, фадэм уи акъылыр иумыгъэгъэутхъуэн плъэкIын щхьэкIэ, абы ирикъун губзыгъагъэ уиIэн хуейт. Къамбот зэкIэ къехъулIэрт ар. Мыдрейми и ныбжьэгъу нэхъыщIэр къыхигъэзыхьыщэртэкъым ефэну. Ефэ-емыфэм теухуауэ апхуэдэу и гугъуи къищIыщэртэкъым. Езы Аслъэн фадэ фIыуэ ихьырт.

Пэж хужыIэу жытIэнщи, чэф делэ хъуху ефэртэкъым ефэхуи. Уеблэмэ щыпэрытIысхьам нэхърэ куэдкIэ нэхъ бжьыфIэ хъуауэ, бзэ IэфI иIэрэ и псалъи и Iуэхуи дахэу къыпэрытэджыкIыжырт Iэнэм, фадэ ефэм уригъэхъуапсэу. Ауэ зэзэмызэ, езым и псалъэкIэ жытIэнщи, «фIыщхьэпридзырти», уэгъукIи чыхукIи угурымыIуэжу къанэрт. Сытми тегушхуэнут, сытри ищIэнут апхуэдэхэм деж икIи тегушхуэрт, ищIэрт. Зауэ къигъэхъеинт зы мыхьэнэншэ щхьэкIи, жылэр зыщIигъэплъынт. Къыщышыни хъуат куэд. Абы и закъуэтэкъым зыщышынэр, адыгэ псоми къащышынэрт мы къыздашам щыIэхэр. Iэлхэу, я абрэджагъэр дунейм темыхуэрэ гущIэгъу лъэпкъи яхэмылъу ягъэIурт. Мы къахыхьа щIалэгъуалэ къомри а зи хъыбар зэхаххэм зыкъомкIэ ещхьт, жаIэ псор уи фIэщ хъуххэнумэ, ягъэхъуну. Ефэхэрт, зауэхэрт, къыщIикIуэтын щымыIэу, шыщхьэмыгъазэу зыкъыщагъэхъурт. Езы дыдэхэм я фIэщ хъужат мы къыздэкIуам щыIэ цIыхухэм хуэмыдэу, нэгъуэщI зыгуэррэ зыри къатекIуэн хуэмейуэ. Къамбот и жагъуэт ар апхуэдэу зэрыщытыр, абы фIым ухуимышэну къилъытэрт. И жагъуэт щIалэгъуалэ зи лъы къэплъыгъуэр Аслъэн нэхъри щызэщIигъэстыр. «ФыкъимыкIуэт зы щхьэкIи, феуэ!» – щыжиIэ щыIэт, ефамэ. Хэти хуейт дыгъужьыгу кIуэцIылъу закъыфIигъэщIыну.

* * *

Джаурхэм я дин махуэ хэхахэм щыщ зыр, адыгэм паскIэ жыхуиIэр, ягъэлъапIэрт абы щыгъуэ. Ар а гъэм апрелым и пщыкIущым техуат. Къамбот езым зыуи къыщыхъуртэкъым икIи и фIэщу ящыдыхьэшхырт хамэ лъэпкъ щыщхэм дэплъейуэ, а «13» бжыгъэм щыщтэхэм, зыпыIузыдзхэм. Сыту фызэгуэудыгъуэ фэ, яжриIэрт апхуэдэ и лъэпкъэгъухэм, хэт фэ адыгэм, пщыкIущми и гугъу тщIынкъыми, зы бжыгъэ гуэр хиубыдыкIыу ар угъурсызу зэгуэр къилъытауэ хьэмэрэ иджыпсту къилъытэу къывжезыIар?! Пасхэр махуэ мыугъурлыщэм техуащ, жызыIа и урыс лэжьэгъуми хуигъэдэхатэкъым нышэдибэ, махуэм лажьэ иIэкъым, жриIат. Ар угъурлыуэ щытамэ, нобэ зыгъэпсэхугъуэ махуэм дагъэлэжьэнтэкъым, къыжриIэжат щIалэми. ЯжриIари къыжраIэжари щигъэгъупщэжащ лэжьыгъэ нэужьым къызрихьэлIэжам. Махуэ уэфIым къигъэва уэсыр иджыри мыщтыжауэ псыр кумб цIыкIухэм ярытти, Къамбот абыхэм хэуэурэ лъапэкIэ иутхырт, псынщIэу здэкIуэм. Дунейм теттэкъым ар зыхуей, мо ешам, фIыуэ шхэуэ, фIыуи жеижу, пщэдджыжь гуэрым лэжьакIуэ кIуэжыну фIэкIа. И Людэ милэ (Къамботрэ абырэ иджы зэIущIэн дэнэ къэна, я напIэр яIэту зэплъыжыххэртэкъым, зэзэмызэ зэрихьэлIэнкIэ хъуми.) Щыхуэзам къыжриIахэм гугъэ гуэрхэр нэхъ ирагъэщIыжат дяпэкIэ мыIейуэ ахъшэ къахьынуи, нэхъри игу хыхьэу лажьэрт. Армырами, лIот ищIэнур, Iэмалыншэт. Къамбот зэ хуежьат, зэращIылIа зэгурыIуэныгъэр къигъанэу, ахъшэ нэхъ къызыпыкI лэжьапIэ къилъыхъуэну. АрщхьэкIэ хуит ящIакъым – хуиттэкъым а илъэситI зэраухылIар имыухауэ нэгъуэщI щIыпIэ кIуэну. ЛIо, мыр тутнакъ щхьэхуимытым дыхуэдэу ара, жиIэри зыкъритIати, ягъэувыIащ: абы егупсысын хуеят зэгурыIуэныгъэм Iэ тридзэу къыщыкIуэм!

– ПсынщIэу, псынщIэу, дыкъыкIэроху! – общежит бжэIупэм къыщылъэщIыхьащ СулътIан абы. – Аслъэн сымэ ешхэ-ефэр зэхаублэ, нобэ зэрыбразничыр пщыгъупщэжауэ ара? Махуэшхуэщ нобэ, махуэшхуэ!

Къамбот егупсысащ: «Дауи, уэ уи махуэшхуэщ нобэ, джаурхэри джаурщ, уэри уджаурщ!». И жьэкIэ жиIар нэгъуэщIщ:

– Адыгэм иIэкъым апхуэдэ махуэшхуэ, сэ сыадыгэщ!

Мыдрейм абы жиIар зэхихыжыххакъым, щIэлъэдэжащ. Щхьэусыгъуэ

лъэпкъ щамыIэм ефэрт къэзакъ щхьэхуиту мыбы зыкъыщызылъытэжа адыгэ щIалэхэр, иджы къэнэжынт, бахъейр къащхьэщихыу зэхэст. Абыхэм ядэрт сыт щхьэкIэ ефэми, ефэмэ, арат.

– Уоу, мырелърэ мыр,– къэкIиящ Аслъэн, Къамбот къызэрилъагъуу. – Моуэ иджыпсту дыдэ укъэмыкIуами, сэ уэ уздэщыIэм сынэкIуэнут, къыдыхьэ, къэтIыс мыдэ, хуивгъахъуэт абы псынщIэу!

ПсынщIэуи изуи къыхурагъэхъуащ стэчаным. Ефащ Къамботи гуп махуэбжьэм щыту, и кIэми нэсу, моуи кIэлъыгупсысэжащ: абы фIэкIа апхуэдэу изу сефэжынкъым, нэху щыху дыщысами! ЗанщIэуи хуеплъэкIащ Аслъэн. Ар щыст, дэпым хуэдэу плъыжь къэхъуауэ. Къамбот щIыIэ-щIыIэу игу къэкIащ: чэф мэхъу! Уа, щхьэпригъэдзын мыгъуэу пIэрэ мыбы нысщхьэбэ гуэрым?!

Къэхъуари аращ – щхьэпригъэдзащ, ари щхьэпригъэдзыкIейуэ!

БОЗИЙ Людин

# ЖЭМИТIУШКIЭ

***Рассказ***



Нажмудин университетыр фIы дыдэу къиухри, заводым щылэжьэну ягъэкIуат. Илъэс зытIущкIэ инженер къызэрыгуэкIыу щыта нэужь, и лэжьэкIэр ягу ирихьри, нэхъыщ-хьэж ящIат. Абы и гур апхуэдизкIэ лэжьыгъэм етати, щIэуэ зыгуэрхэр къызэрихутэн, ахэр лэжьыгъэм зэрыхипщэн Iэмал къилъыхъуэ мыхъумэ, и къэшэгъуэ блэкI пэтми, къэшэн Iуэху зэрихуэртэкъым. АтIэми, езым хэплъыхьищэр ищIырти, и гур зытхьэкъун хъыджэбз и нэгум къыщIэмыхуэурэ, зэманыр кIуэрт.

ЦIыхухэм я жьэр пхуэубыдын? Зи мыIуэху зезыхуэрэ фыгъуэ-ижэрэ щымыIэу зэман къэхъуакъым. Нажмудин и ехъулIэныгъэхэм щхьэкIэ къефыгъуэ и гъунэжт. Къыхуэупсэми, ауан къащIми мыгурыIуэгъуэу, абыхэм Нажмудин куэд къраIуэкIырт. «Уа, щIалэ, фыз зиIэми бын зиIэми уащымыщу, щIэщIауэ улажьэу уи дунейр пхьыну? Урысхэм зэрыжаIэу, лэжьыгъэр дыгъужькъым, мэзым щIэлъэдэжынкъым. Ар тIэкIу гъэкIащхъи бынунэ узэрыхъун и ужь ит», - жеIэ МутIалиб; «Пэжщ МутIалиб жиIэр. Жьыуэ къэтэджамрэ пасэу фыз къэзышамрэ щIегъуэжакъым», – жеIэ Хьэрун. «Хэплъыхь Iыхьэншэщ, жи. Куэдрэ ухэмыплъыхьу, уи нэр уфIыцIи зыгуэр къашэ», - Хьэдили къыщIегъу. «Хъыджэбз дунейм текIыжа нэхъей! Къэпшэн уэ къыпхуэмыгъуэтмэ, дэ къыпхущIэтхынщ. Уэ хьэрычэт хэлъхьэ, дэ берычэт хэтлъхьэнщ», - къопсалъэ нэгъуэщI зы.

Апхуэдэурэ нэгъуэщIхэми зыгуэрхэр къыжраIащ. «Зэрыделэ мыхэр»! – жиIэурэ хэт жиIэнури жригъэIэри, икIэм, хуэмышэчыжу, езыр къыщитхъащ: «КхъыIэ, фи ажэ си бжыхь къевмыпх! Фэр нэхърэ нэхъ делэу фи гугъэр хэт! Сэ си акъылыр схуримыкъу хъужыкъуэмэ, фэ фи акъылыр къэзгъэсэбэпынщ. Ауэ сэ сыхуейкъым хамэIэкIэ шыпсыранэ сыпщIэну. СеужьэрэкIрэ, кIапэ дагъэ содзакъэ жысIэурэ, щэ дагъэм сепхъуэмэ-щэ? Ар сэ зыкIи сызыхуэмейщ. Пасэу къишатэкъэ ЩIурэ? Вэнвейм хэIэбэу зи

Іэпэм ебзеижам нэхъей, щІегъуэжауэ щыскъэ? КъимыдэкІэ, сэ си ныбжьым сигъэпІейтейркъым – япэм адыгэлІым фыз къыщишэр илъэс плІыщІ хъуа нэужьт. Сэ си гум дыхьэн срихьэлІэмэ, сщІэн хуейр фэрыншэуи зэфІэзгъэкІыжынщ...»

Нажмудин и адэ-анэри Іуэхум иригузавэрт. Я къэшэгъуэ, я ишэгъуэ хъуауэ быn нэхъыщІэ яІэхэти, мор абыхэм лъахъэ яхуэхъурт. «Сэ сылІа нэужь къэпшэну арагъэнщ уэ! Хэплъыхьищэр уощІри ущысщ. Хэплъыхь Іыхьэншэщ, жи. Мурадин къишэну мэпІэцІеиж. Адрейхэми я ныбжь нэсащ...», – жриІэрт и анэм. «КхъыІэ, Нанэ, сумыгъэпІащІэ, Къуэшрокъуэр пІащІэри унакъым, – жиІэрт Нажмудин. – Фадэр гуакІуэрыефэщи, фызыр гуакІуэрыкъашэщ, жаІэ. ПІэщІэрыІу-пІэщІэрыщІэу сыхэпхъуэрэ, езым зигъэджэду хьэжыуэ хьэл ІуэнтІа гуэр къыспэщІэхуэмэ, уи щэджыжьыр уигъэІуэжынщ, сэри насыпыншэ сыхъунщ. Мурадин къишэнумэ, сэр щхьэкІэ къремыгъанэ...» И адэри пІэцІеижырт абы епсэлъэну, ауэ фІэемыкІут.

Арати, Нажмудин дэзыхьэхын къыкъуэмыкІыурэ зэманыр кІуэрт.

* * *

Махуэ гуэрым, Нажмудин автобусым пэплъэу къэувыІэпІэм здытетым, адкІэІуэкІэ щыт цІыхубзыр абы зэзэмызэ къызэрыхуеплъэкІым гу лъитащ. ЦІыхубзыр, зэ Іуплъэгъуэкlэ, хэти къыдихьэхынщ хужыпІэну, зэкІужт, и нэгур зэлъыІухат. Нажмудин къыщыхъурт ар зэгуэр зыщІыпІэ щилъэгъуауэ, ауэ щилъэгъуа щІыпІэри зэманри къыхуэгубзыгъыжыртэкъым. Бгъэдыхьэу еупщІынуи иригъэкІуртэкъым. Апхуэдэурэ зыбжанэрэ зыр зым хуеплъэкІа нэужь, цІыхубзыр Іэнкуну Нажмудиным бгъэдэкІуатэри, укІытапэурэ зыхуигъэзащ:

– КхъыІэ, къысхуэгъэгъу, зыгуэркІэ сыноупщІынути, алъандэрэ сыкъыббгъэдыхьэфыркъым. Сэ сыщылажьэ заводым уэри ущымылажьэу пІэрэ?

Нажмудин и нитІыр и пащхьэм къит цІыхубз бжьыфІэшхуэм тедияуэ тІэкІурэ еплъа нэужь, ар щилъэгъуар къигубзыгъыжащ – завод пщІантІэрат, ауэ пІэщІэгъуэкІэ завод унэм щІыхьэжа цІыхубзым набдзэгубдзаплъэу еплъыну хунэсатэкъым. «Тобэ! Сыту дахащэ! Мыр зи псэуэгъум и унэр Алыхьым дыщэкІэ къибгъакъэ!..» – игукІэ жиІэрт Нажмудин. ИкІэм, зыкъищІэжри, жиІащ:

– Ы-ы... Къысхуэгъэгъу, а завод дыдэм сыщолажьэ. Уэри абы зэ ущыслъэгъуащ, ауэ... гур зэмыплъыр нэм илъагъуркъым, жаІэ... Уэ сыту абы узэрыщылажьэр?

– Медсестрауэ. Куэд щІакъым сыкъызэрыкІуэрэ... Си цІэр Жансурэтщ.

– ИкъукІэ си гуапэщ, Жансурэт. Сэ сы-Нажмудинщ.

Жансурэт зыпэплъэ автобусыр къэсри ежьэжащ, имылъагъуж хъуху-кІэ щІалэр абы кІэлъыплъащ.

КІуэрэ пэт Нажмудин и гур Жансурэтым зыкІэ кІэрыпщІати, апхуэдиз илъэскІэ фыз къимышэу абы зыхуихъумауэ къыщыхъуат. ИтІани, лІы иІэу къыщІэкІмэ жиІэу, и гур хьэжэпхъажэрт. А махуэр щэбэтти, блыщхьэр къэсу хъыджэбзым зэрыІущІэнум хуэпабгъэу, ар и гурыфІыгъуэу, и щхьэм гъуэжькуийуэ щыджэрэзрэ зыми игу хэмыхьэу махуитІыр игъэкІуащ.

* * *

Блыщхьэр къос. Нажмудин, нэсыху пІащІэу, лэжьапІэм макІуэ, жыыуэ хъыджэбзыр завод пщІантІэм щыдыхьэкІэ зыхуигъэзэну. АрщхьэкІэ

Жансурэт нэхъ жьыжу кIуэри дыхьакIэт. Ар имыщIэу, зиплъыхьу куэбжэпэм здэщытым, Хьэжысуф къыбгъэдохьэри:

– ЛIо, Нажмудин, уи пIэм щхьэ уина? УзыпэплъэIарэ? – йоупщI.

Нажмудин, хуей-хуэмейуэрэ, жэуап ирет:

– Мыдэ... медсестрам зыгуэркIэ сеупщIынути...

– Жансурэти?

– НтIэ.

– Ар куэд щIащ къызэрыкIуэрэ, зыгуэркIэ ухуеймэ, и кабинетым кIуэ.

Нажмудин дохутырыр щылажьэ унэм щIыхьэри, кабинетыбжэмкIэ зыбжанэрэ зыблригъэхащ. Бжэр щыIуахкIэ Жансурэт и макъ къыщIэIукIырти, «ЩIэсщ... Зэ укъыщIэкIтэмэ, сыт уэсщIат!..» – жиIэрт игукIэ. Ауэрэ, кабинетым зыгуэр щIыхьэрэ пэт, Жансурэт Нажмудиныр къилъагъури къыщIэкIащ.

– Къеблагъэ, Нажмудин, – и нэ дахитIым щызу абы и нэгум иплъэри еупщIащ: – ЛIо, зыбгъэсымаджэу ара? НакIуэ, ныщIыхьэ.

– Хьэуэ, сымаджэ лажьэ сиIэкъым. Мыдэ... зыгуэрым сыхуейуэ сыкъыщIыхьати... уи макъыр зэхэсхри сыкъызэтеувыIауэ арат. Дауэ ущыт зымахуэ лъандэрэ?

– Алыхьым уигъэузыншэ, сыкъызэрыплъэгъуащ. Уэ-щэ?

– Алыхьым нэхъыфIыж уищI. Сэри аращ, сыкъызэрыплъэгъуащ...

– Къысхуэгъэгъу, Нажмудин, сымаджэ гуэр ныщIыхьащи... иужькIэ... – жиIэри, Жансурэт кабинетым щIыхьэжащ, Нажмудини, «ИужькIэ, жи... дапщэщу пIэрэ а иужькIэр?..» – егупсысурэ цехымкIэ иунэтIащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Нажмудинрэ Жансурэтрэ лэжьапIэм щыкIуэм ямыщIэххэу зэрихьэлIэри, нэсыху зэдэуэршэрахэщ. Апхуэдэурэ пщэдджыжь зыбжанэкIэ зэхуэзащ. Нажмудин икъукIэ хуэпабгъэрт хъыджэбзым и Iуэху зытет къиищIэну, ауэ пIэщIэгъуэкIэ емыупщIу гупсэхуу епсэлъэну хуейт. Лэжьэгъуэ нэужьым зыхуигъэзэну щIэбэг пэтми, къехъулIэртэкъым – лэжьэн зэриухыу лIы гуэр машинэкIэ завод дыхьэпIэм къежалIэрти, Жансурэт Iуишыжырт. Ар абы и сытми къыхуэмыщIэу, Нажмудин бампIэрт. ИкIэм, упщIэ щIэщхъукъым жери, ар зищIысыр зригъэщIащ: Бахъсэн къокI, и цIэр ХьэтIэхъущ, бынунэ иIэщ, и бынхэр хэти балигъщ, хэти балигъ ныкъуэхъущ. ЗэрыжаIэмкIэ, езыр дохутырщ. Бынунэ щиIэкIэ, и благъэу къыщIэкIынщ жери, Нажмудин мамырыжащ.

«Жансурэт и Iэр гуапэу зэрыскъузым химыгъэгъуазэу пIэрэ сэ ар фIыуэ зэрыслъагъум? – жиIэрт Нажмудин. – Аууей! Си мызакъуэу, абы и Iэр псоми апхуэдэу якъузмэ-щэ?.. ИтIани, езым гухэлъ гуэр къысхуимыIэмэ, си цIэр дахащэу щхьэ къыжьэдэIукIрэ? Хьэмэ, пшынауэм езыр зыхуейр кърегъэкI зэрыжаIэу, сэ апхуэдэу къысщыхъуу пIэрэ? И щхьэр умытIатэу, нэдым хьэ илърэ ху илърэ къапщIэркъым, жаIэ...»

* * *

Тхьэмахуэ махуэт. Нажмудин къалэку уэрам гуэрым ирикIуэрэ пэт, имыщIэххэу и нэгум къыщIэхуа цIыхубз дахэшхуэр зэры-Жансурэтыр и фIэщ мыхъуу, къызэтеувыIэри, и нэхэр тенащ. Еплъыпэмэ – ар дыдэрат. Жансурэти, абы гу къылъитэри къэувыIащ. Щытщ ар, и пIэм ижыхьауэ, Нажмудин ищIэнум поплъэри. Модрейр, пыгуфIыкIыу абы бгъэдыхьэщ, и Iэр зэрихабзэу, икъузри, гушыIэ хэлъу, жиIащ:

– ЛIо, Жансурэт, къалэ уэрамыр бгъэбжьыфIэу удэту ара?

– ХьыI! – пыгуфIыкIащ Жансурэт. – Ауан сыкъэпщIу ара? Сэ схуэдэ Тхьэм имыщIкIэ къалэ уэрамхэр зыгъэбжьыфIэхэр!

– Iау, зиунагъуэрэ! Щхьэ усщIу ауан? Си нитIымкIэ узэзгъэплъыжащэрэт уэ езыр! Мы къалэм хъыджэбз мин щитI дэсыгъатэми, уэ уакъыхэщынут.

– Ар зэрыжыпIа уи жьэр фо кIуапIэ ухъу. Умыбэлэрыгъ! Си фIэщыпэ пщIынщи, сыкъызыфIэщIыжынщ...

Апхуэдэурэ тIэкIурэ зэдэгушыIахэ нэужь:

– ДэнэкIэ, Нажмудин? – щIэупщIащ Жансурэт.

– СокIуэж, – жиIащ Нажмудин. – Уэ-щэ?

– Сэри аращ, тхьэ... – жиIащ Жансурэт, зымащIэрэ абы и нэгум иплъа нэужь: – УмыпIащIэмэ, мобыкIэ дыгъакIуэ, ди парк цIыкIум дихьэнщи, лъэсу дехыжынщ.

Нажмудин зыхуейуэ хуэмыгъуэтыр арати, «Си гум укъишхыдыкIащ, Жансурэт дахэ!..» – жиIэри, ежьэжахэщ.

* * *

Нажмудинрэ Жансурэтрэ парк цIыкIум ихьауэ макIуэ. Хъыджэбзым и псэлъэн къикIащи, жиIэ пэтми хуэмыухыу, и гъащIэми, я лъэпкъми къыщыхъуа-къыщыщIахэр къеIуэтэж. Нажмудин абы пэрыуэнт? Зыхуейр нобэ къехъулIащи, и тхьэкIумитIыр тегъэхуауэ йодаIуэ. Жансурэт и псалъэхэм, «си лIу щытам жиIэгъат, ищIэгъат», жиIэурэ куэдрэ къыхохуэ. Абы и псалъэр зэпеудри, Нажмудин щIоупщIэ:

– Уа, Жансурэт, а зи гугъу пщIыр псэужкъэ?

– Си лIу щытари?.. ХьыI!.. Псэущ, тхьэ... – зымащIэрэ гупсыса нэужь, пищащ: – Псэущ... Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэри пщIэнукъым, жи, узэмыдэIуэн уезгъэдэIуэнщ, Нажмудин. Илъэс пщыкIубл фIэкIа сымыхъуу сыдэкIуат абы, езыр илъэс тIощIрэ тIурэ хъурт. Зы сабий зэдэдгъуэтати, ари Алыхьым тIихыжащ...

– Сыту пасэу удэкIуат. Зы школ фыщеджагъэнщ?

– ЫIы! Тхьэ, ауэ къудей дызэмыкъуажэгъут. БжесIэнщ ар зэрыхъуар.

Си анэм сабиибгъу къилъхуащ. Япэреищым Алыхьым къахуиухар икъукIэ гъащIэ кIэщIт. Сэ сриеплIанэт. СиужькIэ аргуэру илъэс зырыз фIэкI я мызэхуакуу тху къыстралъхуат. Ди анэм и узыншагъэр пасэу къутат. Дауи, сабиибгъу ипкъ къикIыныр къытехьэлъагъэнт. Абы и щIыIужкIэ колхоз лэжьыгъэр и къурмакъейм къэсырт. Ди адэри колхозым щылажьэрти, а зэманым къэхь фIэкIа, мэхь щыIэтэкъым. Сабиитхур зыгуэрым игъэшхэн, ихуэпэн хуейтэкъэ? Сэ еянэ классыр къэзухщ, школыр къэзгъанэри, лэжьапIэ сыуващ. Уунэхъунумэ – куэдрэ? ИлъэситIкIэ сылэжьауэ, дзэм зэрыщыIа сэлэт щыгъынри щыгъыу, зы щIалэ накIуэри, сэ сыщылажьэм машинэзехуэу нэуващ. Куэд дэмыкIыу, фIыуэ узолъагъу, къыздэкIуэ, жиIэри къыскIэрыныкъащ. Тхьэ дыдэ, Нажмудин, сыт щхьэкIэ пцIы пхуэзупсын, лъагъуныгъэ жыхуаIэр яшхми сымыщIэт, лIы сыдэкIуэнуи си пщIыхьэпIэ къыхэмыхуэт. ЛIы си Iуэхут сэ? Сыт къызжимыIами, дауэрэ зыкъысхуимыщIами, уIэли-ууди, зымащIи зыщызгъэгугъакъым. И ныбжьэгъу-жэрэгъухэр си ужьым къриутIыпщхьэри сыкъагъэIулэну хэтащ, абыхэм я гугъуехьри псыхэкIуадэ хъуащ. ИкIэм, дахэкIэ укъыздэмыкIуэнумэ усхьынущ, жиIэм, си фIэщ мыхъуурэ, лэжьапIэм сыкъыздикIыжым сипхъуатэри сихьащ. СыздэщыIэр ямыщIэу, си адэ-анэр хьэжэпхъэжащ, гъунэгъуи, благъи къамыгъанэу сыкъалъыхъуащ.

Ауэрэ сыздэщыIэр наIуэ къэхъури, сыкъытрахыжыну пхъэр нагъэкIуащ. Ауэ абы нэху сыкъыщекIауэ, сыт си къэкIуэжт? Дунейм темыту къысщыхъурт сэ къысщыщIам хуэдэ къызыщIэIуа. Сызижагъуэныр цIыхухэм яжьэдэухуэ! Яхьати, къахьыжати, жаIэу къысхукъуэплъхэу... Си адэри, Алыхь IэмыркIэ къэхъуа Iуэхущ, езы тIур Тхьэм зэригъэзэгъ, жиIэри мамырыжащ.

Дуней сызытетыр си нэ къимыхьу, сигури сызыхьа Жунедым бгъэдэмыхьэу зыкъомрэ сыпсэуащ. Езым, кIуэаракъэ, драхьеймэ – мэгъущIэ, къэрахьэхмэ – мэщIытэ, жыхуаIэм хуэдэу сыкъиуфэрэзыхьырт. Ауэрэ сыдихьэхщ, дызэсэри, фIы дыдэу слъагъу хъуат, тхьэ. ПцIыр хьэрэмщ, дызэдэпсэуху зэ закъуи си жагъуэ къищIакъым. ДызэрызэпыкIыжар зи лажьэр си гуащэу щытаращ. КIуэ пэтми къысхуэдзэлашхэу, и нэр къысхузэригъэдзэкIыу, унагъуэм Iейуэ къыщыхъу-къыщыщIэ псори сэ сягъэу къилъытэу, къыстеплъэнкIэ Iэмал имыIэу хъуащ. Тхьэ, Алыхьым сыкъещIэ, сыт къызжиIэми, дауэрэ зыкъысхуищIми, си тхьэкIумэ измыгъэхьэу сежьэжа мыхъумэ, зэ гуемыIу псалъэ пэзмыдзыжа. Ар къызэрысхущытыр си адэм къищIати, и цищ тхъурт, ауэ, сыхэмыIэбэм бамэ къыхихынкъым, жери зыри жриIэртэкъым.

А си гуащэу щытар, апхуэдизкIэ нэпсейти, кIэпIейкIэм цIэ треукIэ, жыхуаIэм хуэдэт. ЖэмитI къишырти, шатэ джырафинэ зыплIытху шкафым дэту, IункIыбзэ етауэ ихъумэрт. Апхуэдэ къабзэу, сэхуран дагъэ куэди игъэтIыгъуэрт. Гуэдз хьэжыгъэр къэп бжыгъэт. ХьэщIэ къытхуэкIуамэ, апхуэдиз гъэтIылъыгъэ зиIэм, мырамысэ бэлагъыщхьэ ищIырт, кIэртIоф жьэрыкуей тIэкIу псыкIэ игъажьэрти яригъэшхырт. Шатэ къомыр шкафым дэтурэ фырти, дэ димыгъэлъагъуу, адэ хадапхэм ихьырти ирикIутыжырт...

КхъыIэ, Нажмудин, мо тетIысхьэпIэм дытегъэтIысхьи тIэкIу дыгъэбауэ... Ыхьы! Еплъыт мы дунейм и дахагъым! Сыт я насып абы темытыжхэм! НтIэ, жысIэ пэтми схуэмыухыращи, тхьэ, сэ а фызыжьым сигъэшэчар псоми езмыIуэтылIэ, – пещэ Жансурэт и псалъэм. – Зэгуэрым, «Лэкъум сигу къэкIащ, мамэ (итIани мамэт сызэреджэр), тIэкIу тхуэбгъажьэтэм псапэ къэпхьынт», – щыжысIэм, «Нэхъ къэпщтэнт?! Мохьщ ар! Сыту уIущ цIыкIу уэ! Дауи, уи дзэр къэкIагъэнщ!..» – жиIэри къысIуригуэжащ, сэри си бзэгум седзэкъэжащ. Ди сабий тхьэмыщкIэр щылIам, ар сэ згъэлIауэ жиIэри псы мыгъуэ сригъэфащ. Сытыт – на, си пкъым къикIа сабийр сэ щIэзгъэлIэнур? А зы цIыкIурат гурыфIыгъуэу сиIэр. Мис апхуэдэу Алыхьым деж нэмысын псалъэхэр къыжьэдэкIырт абы. А сабийр сымыгъэлIэн щхьэкIэ сэ зызгъэлIэнт, тхьэ.

Махуэ гуэрым къезгъэжэбзэхыу сыщысу Жунед къыщIыхьэжащ, къысщхьэщыувэри: «Куэдщ, Жансурэт, уэ къэбгъар. Сабийр къыдэзыта Алыхьым тIихыжауэ аращ. Нэпсым нэпс къешэ, жи. Куэдрэ угъкIэ лIар къэхъужынукъым. ТIэкIу зышыIэ, – жиIащ. Си нэпс зэпымыужыр къызыхэкIыр щыжысIэм: «Аракъым уэ узыдэпсэур – сэращ. Мыхъумэ, зэрыхъуу тщIынщ», – жиIэри, сэри зысшыIэжащ. Уезгъэша, Нажмудин?

– Хьэуэ. ЖыIэ уэ.

– НтIэ, едаIуэ адэкIи къэхъум. Гъавэ Iухыжыгъуэт. Жунед хьэлъэзешэ машинэм дэсти, жэщ-махуэ имыIэу лажьэрт. Пщыхьэщхьэ гуэрым ар еша-елIарэ мэжэлIауэ къэкIуэжат. «Адыгэ шхын сигу къэкIащ, кхъыIэ, Нанэ, жэмыкуэ тIэкIу тхуэщI», – жиIэу щелъэIум, шатэ джырафинитхум хэIэбэу и къуэм жэмыкуэ бэлагъыщхьэ хуищIыфакъым. «Жэмыкуэр нэхъ лей! Мыр адыгэ шхынкъэ?..» – жиIэри шхурэ хьэлурэ хутрилъхьащ.

Жунед, къызэщIэуцIыплъауэ, сэ къысхуеплъэкIащ, хуей-уэжащ. Абы игу фIы щыщIэнт? И щхьэр къыфIэхуауэ хущхьэ-щатэу щыст. Сэри, ар апхуэдизкIэ сфIэпсэкIуэдти, сыкъыщиудын хьэзыру сыщхьэщытт. ИкIэм, схуэмышэчыжу, «Еу-уей! Ари анэщ. Шкафым дэфыхьыж шатэ къомым щысхьрэт? Быныр нэм и хъуахуэщ, жаIэ. Сыт ягъэ кIынт, ущелъэIум, жэмыкуэ бэлагъыщхьэ пхуищIамэ! Сэ симыгъэшхми здэнт, тхьэ», – жысIащ. Сэ сщIа ар къыткIэщIэдэIухьу? Шэ цIывауэ лэгъунэм нышIэлъэдащ. «Хьэ зэрахуэм къилъхуа! Абы жэмыкуэ хуэсщIынуми хуэзмыщIынуми уи Iуэхуу дапщэ хэлъ?! Щхьэр куэдрэ бгъэузым сигу ирихьынкъым! Уи мыпIастэ уи бэлагъ хыумыIу! Быныр си бынмэ, дэ дызэгурыIуэжынщ!..», жиIэри фIыуэ къыстритхъуэри щIэжыжащ. Сэ сыт жесIэнт? КъыптекIуэр гугъущ, жыхуаIэрати, ари зыхуэзгъэшэчащ. Жунеди зы псалъэ жриIэфакъым абы. Дыгъуэлъыжа щхьэкIэ, тIури нэху щыху дезэгъакъым жейм, икIи дызэмыпсалъэу, зыдгъэкIэрахъуэу дыхэлъащ. Сэ адэкIэ ди зэдэпсэукIэ хъунум и гурыгъузым сихьырт. Тхьэм ещIэ, Жунед зэгупсысар.

Уунэхъунумэ, махъшэм утесми, хьэ къодзакъэ, жаIэ. ЕтIуанэ махуэм ди жэмитIыр къэкIуэжакъым. «Алыхь-алыхь!» – жысIэри занщIэу си гур хэщIащ. Сызэрышына дыдэм хуэдэу, «Ямылъагъужын нэжэс! Угъурлыуэ зыц птеткъым! Жэмыкуэ мыгъуэр ушх! Дыгъуасэ утегъэщ-утебжэри, нобэ жэмитIыр кIуэдащ!» – жиIэри, уэху Алыхь, и жьэм къихьыр къысхущIитхъуащ. Ар Жунед зэхихакъым, губгъуэм къикIыжа щIыкIэтэкъыми. Сэри иужькIэ Iурыздзэжакъым.

Мис иджы узэгуэудынумэ, къеблагъэ! Къэпым изыщэ пщIымэ, и щхьэр къыщелъэф, жыхуаIэр къэхъуащ. Гъуэлъыжыгъуэ мэхъури, Жунед мэгъуэлъыж. Сэ си IэфракIитIыр стIолым тегъэкъуарэ си IэдакъитIыр си щхьэм щIэгъэкъуауэ къызогъэжэбзэхри сыщысщ. Жунеди жейркъым. «Сыт аргуэру къэхъуар? КхъыIэ, узэмыгупсысын куэдым уемыгупсысу, гъуэлъи жей. Дунейр уэ зэтес пхуэщIынкъым...» – жеIэри мэлъаIуэ. Сэри си тхьэкIумэм изгъэхьэркъым. Ауэрэ жэщыбг мэхъу. Сэри сыщысщ, езыри мэгъуматIымэ. ИкIэм, «Куэдрэ умыгъумэтIымэу, къэтэджи ди деж сышэж!..» – жызоIэри, сыкIэрохъыжьэ. «Мыр сыт, лIэун! УилажьэIа! Жэщыбгым фи деж ущIэкIуэжынур сыт? Нэху бгъэщыркъэ?!..» – мэшхыдэ ар. «Згъэщынукъым!..» – сыкъикIуэтыркъым. «Хъунщ-тIэ. Дызэгъусэу докIуэ, уи Iуэху блэкIыр зэфIыдогъэкIри, дызэгъусэу дыкъокIуэж», – жеIэ, машинэр щIегъанэри срешажьэ. Ди къуажэм дынэсыху, хьэкъурт джьэдэлъым хуэдэу, тIуми зы псалъэ жыдмыIэу, ди пэр къыпыхуауэ докIуэ. Ди деж дызэрынэсу: «НтIэ, Жунед, бланэ щалъху йокIуэж, сэ сыкъэсыжащ. Услъэгъуакъым, сыкъэплъагъужакъым. Си ужьыр махуэ пхухъу!» – жызоIэри, машинэм сыкъокIыж. «Зэ къызэтеувыIэт, Жансурэт! Ямыгъэпсалъэу лIы яукIыркъым!..» – жиIэу ныскIэлъыджэ щхьэкIэ, дэнэт! Ди адэр: «Уделэщ! Апхуэдэу ящIрэ-тIэ? УкъимыкIыжу мыхъунумэ, дэ дылъэпкъкъэ? ХабзэкIэ укъитшыжынт. Иджы жагъуэгъугъэгуфIэ дыпщIащ...» – жиIэри тIэкIуи шхыдаи, ауэ, Iуэхур зытетыр щыгурызгъаIуэм: «Сыт тщIэн, щымыхъум зэрыхъуу пщIащ. Си псэм ищIэрт гува-щIэхами апхуэдэу зэрыхъунур. Си унэжь пхъэжь мафIэ, жыхуаIэращ», – жиIэри мамырыжащ.

Срагъэшэжыну зэрэ-тIэурэ къысхуагъэкIуати, а фызыр зыдэс пщIантIэ гъэзэж иIэкъым Жансурэт, жиIэурэ си адэм иутIыпщыжащ. КхъыIэ, Нажмудин, емыкIу сыкъыумыщI, куэдыIуэ къызэрыпхуэзбжри сощIэ, итIани си лъыр къовэри зысхуэубыдыжыркъым. НтIэ, жысIэ пэтми схуэмыухыращи, мы дунейм зы гуащэ ябгэ тетмэ, ар етIуанэт. Апхуэдиз илъэс

дэкIарэ пэт, ар сигу къихьэмэ, си щхъуэцым зеIэт, сыщыжейкIэ си нэгум къыщIохьэри сыкъыхегъэскIыкI. Си анэм дыуэ схуригъэтхати, ари сэбэп къысхуэхъуакъым.

Сэ згъэзэжу Жунед сыдэпсэуну си пщIыхьэпIи къыхэхуэртэкъым. ИтIани сыхуеят накIуэу къызэлъэIуну, си гум къеуар зыхузигъэIуэтэну. АрщхьэкIэ – дэнэт! Уэсэпсу къыщIэкIащ сэ абы къысхуиIа лъагъуныгъэр. Згъэзэжынуми имыщIэу, мазищ фIэкIа дэмыкIыу хьэIужажэ гуэр къиишащ. Ауэ гуащэ ябгэм ари езэгъакъым. НэгъуэщI къасшэми аращ зэрыхъунур, жиIэщ, и щхьэр пщIантIэм дихри, фызабэ гуэрым хыхьэжащ. Ауэрэ зи хущхьэ хъум и бзууэ ежьэжащ.

Си Iуэхур апхуэдэу щыхъум, фIыуэ зызгъэхьэзырри, медучилищэм сыщIэтIысхьащ, ар хъарзынэу къэзухри, къалэм лэжьапIэ къыщызгъуэтащ. Жунеди хуеиху къыкIуэцIрыжурэ, зигъэджэду хьэжыуэ къызэубзэрабзэу хуежьащ. Сыт хуэдэу щымытами, езы Жунеди щыскIэрымыкIкIэ, гуващIэхами абы си деж къигъэзэжыну къысщыхъурт. Къигъэзэжамэ, сыт сщIэнт, къэзыгъэзэжыр Алыхьым ещтэ, жаIэ. Ауэ езым и щхьэм илъыр нэгъуэщIт: адрей къызыкIэлъижыхьхэм саригъэщхьу арагъэнт. Ар къыщызгурыIуэм, афIэкIа гъунэгъу зыкъысхуимыщIыну пэзубыдри, абы иужькIэ сытыншыжащ.

Жансурэт и псалъэхэр щиухым, Нажмудин, и щхьэр къиIэтри, абы и нэгум гупсэхуу иплъащ: «Апхуэдизу уигу хыумыгъэщI, Жансурэт. ФIэкIар фIэкIащ, узэмыгупсысын куэдым уегупсысу уи щхьэ мыгъуагъэ хуумыхьыж. Уэ иджыри ущIалэщ, удахэкIейщ, зэрыжаIэу, пащтыхьым и бжаблэм ирагъэувэм ухуэдэщ. Уи насып жыгым ирапхакъым».

Ар жиIэри, Нажмудин зыкъиIэтыжащ.

– ФIыгъуэу щыIэм я нэхъыфIыр Алыхьым къыпхуищIэ, Нажмудин, си гур дахэ схуэпщIащ... – жиIэурэ Жансурэти къэтэджыжащ.

* * *

Нажмудин щыпсэум нэсыжыху Жансурэт къиIуэтэжахэр гъуэжькуийуэ и щхьэм щыджэрэзащ, гъуэлъыжа нэужьи абы дяпэкIэ хуиIэну щытыкIэм егупсысу, и нэм жей къемыкIуэу нэху игъэщащ. «Нэм фIэдахэр псэм фIэIэфIщ, жыхуаIэращ, – егупсысырт ар. – Зэ и насып къикIакъым, жыпIэу цIыхубзыр Iумпэм пщIы хъунукъым. Ар зыпэщIэхуами елъытащ. Абы зи гугъу ищIа гуащэм сыт хуэдэ ныси емызэгъынкIэ хъунт. Хэт ищIэн, езыми къуаншагъэ гуэр бгъэдэлъагъэнкIэ хъунщ. СепIэщIэкIынкъым...»

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Нажмудинрэ Жансурэтрэ я нэгур зэлъыIухауэ заводым щызэIущIащ, зэпсэлъэн щIадза къудейуэ, пщIантIэм Iэпыдзлъэпыдзу дэт Чэфил къабгъэдыхьэри:

– Уэ, Нажмудин, Батырбэч укъилъыхъуащ, директорыр къыпхуейщ, – жиIащ.

– Сыту пIэрэ, ярэби?

– СщIэркъым, ущIыхьэмэ, къэпщIэнщ, – жиIэщ, Жансурэтым нэщхъкIэ къепыджри, IукIыжащ.

– Ар сыт нэщхъ? И адэр сыукIа нэхъей!.. – жиIэурэ кIэлъыплъащ абы Жансурэт.

– Ау-уей! Узэмыгупсысын уемыгупсыс, Жансурэт. НэщхъкIэ уэуэ, цIыхубз илъагъумэ, и нэр къыщIигъэбырдыкIыу, псалъэ гуемыIухэр яридзу и гъащIэр ехь абы. И адэри апхуэдэу щытауэ жаIэ.

Нажмудин директорыр щылажьэ унэм щIыхьэху кIэлъыплъри,

Жансурэт езым и дежкIэ иунэтIащ. Абы Чэфил аргуэру зыкъыбгъэдигъахуэри къеупщIащ:

– Сыт, Жансурэт дахэ, а щIалэжь къыдэнэжам кIэрыплъэгъуар?

– Сыт хуэдэ щIалэжь! – къэуIэбжьащ Жансурэт.

– Мис а узыбгъэдэтам. Арыншауи уэ къыпхужаIэр пхурикъунщ...

– Еу-уей, хъарып! ПлъакIуэ-дэIуакIуэ ухъужауэ! Уэра зыри зыхужамыIэр? ЗызыщIэж щыIатэмэ, зызылIэжи щыIэнт, щIыжаIар уэ пхуэдэхэращ! Уи цIэри уэ уэщхьыжщ, фадафэжь! – жиIэри ежьэжащ Жансурэт.

Мыдрейми:

– Банэ пIураулъэф уэ, – жиIэри гъумэтIымэурэ ежьэжащ.

Директорым и щхьэр хэIуауэ тхылъымпIэ гуэрым еплъу щысти, мо щIыхьам гу къылъитакъым. ЗымащIэрэ щытри, Нажмудин зигъэпсчэуIуащ. Модрейр къыдэплъейщ, тхылъымпIэр лъэныкъуэкIэ IуигъэкIуэтри:

– Къеблагъэ, Нажмудин. Сыту щэхуу укъыщIыхьа! УкъыщIезджар пщIэрэ? – къеупщIащ.

– ХьыI! СыткIэ сщIэн, Тажудин?

– Мэ, мис мыбы къеджи къэпщIэнщ...

Тхыгъэм къеджэщ, Тажудиным нэбгъузкIэ хуеплъэкIри, мащIэу хэщэтыкIащ Нажмудин. Къалэшхуэм тIэкIу зыщиплъыхьын и мыжагъуэ пэтми, Жансурэт цIыхугъэ зэрыхуэхъуам щыгуфIыкIа къудейуэ, IэщIагъэлIхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ еджапIэм мазищкIэ щыIэну къызэрылъыкъуэкIар абы гуапэ щыхъуатэкъым.

– СлIожь! Сыту Iейуэ ухэплъэ хуэдэ? Уигу ирихьыркъэ? – жиIащ Тажудин.

– Сигу иримыхьри сыт?.. Сэ Iуэху гуэр сыхэтщи, мызэкIэ нэгъуэщI бгъакIуэтэм хъунт.

– УгъэщIэгъуэнщ уэ! Дыгъуасэ укъалъхуами ярейщ! Дэ графикым тету дызэрылажьэр пщIэну уи ныбжьыр нэмысауэ ара? Чэзур уи деж къэсащ, Нажмудин. КъыбгурыIуа хьэмэрэ иджыри зэ бжесIэн? Хэт Нажмудин и пIэкIэ уэ кIуэ, зыжесIэнур? НэфI-ней зэрехьэ, жаIэнщи хьэм срагъэхьынщ! Сэ сыткIэ сыхуей абы?! Ахьей нэхъ къэпщтэнт уэ сэ сылъаIуэ-сыIункIэу сахэтмэ!

Нажмудин къэтэджыжри:

– Хъунщ, ярэби, умыкIий закъуэ. Iэмбатэ зэрымытым Iэтэ ибгъэуващ. Апхуэдиз къыумыгъэкIуэкIыу, хъунукъым, жыпIамэ кIэщIт, – жиIэри, сэлами иримыхыжу, кабинетыр къибгынащ.

Нажмудинрэ Тажудинрэ зэи зэщыIеятэкъым. Иджы, тхьэмахуэ кIуам ирагъэкIуэкIа зэIущIэм Тажудин къыхилъхьа IуэхугъуэмкIэ мыарэзыуэ Нажмудин псалъэ зыщыплI жиIати, ар модрейм щхьэжэ зыщищIауэ арат.

* * *

Дохутырыр къэса щIыкIэтэкъыми, Жансурэт халат хужь зыщитIагъэри къыщIэкIауэ бжэIупэм деж зиплъыхьу щытт. Ар къилъагъури, Нажмудин абы дежкIэ иунэтIащ, модрейри хуэмурэ къыпежьащ.

– СлIожь! Сыту узэхэуфа хуэдэ, Нажмудин?

– ПлъэкIмэ, зызэхыумыуфэ. ИджыпстукIэ мыбы симыгъэкIуэну Iэгъуи-гъуэгуи хуэзгъуэтакъым Тажудин. Сыт сщIэн? КъыптекIуэр гугъущ, – жиIэри тхылъымпIэ напэр хуишиящ.

Жансурэт абы итым къеджэри:

– АIей!.. Мазищ енкIи?!. – къэуIэбжьащ.

– Мазищ енкIэ, уэлэхьи!..

– Ар дауэ? Фэ тIур фызэфIу щытати? Сыт иджы къэхъужар?

– Щытат дызэфIу, зымахуэ тIэкIу сызэрыпэпсэлъэжар хуемыгъэхыу, бдзэжьей къупщхьэу, и тэмакъым телъщ. Езым сыт жиIэми, сыт ищIэми, ар хъунуми, мыхъунуми, дэпIыгъын хуейуэ station къызэрилъытэр. АтIэми, выговор къызэрыратрэ зешхыхьыжри уIурыIэбэ хъуркъым, – жиIэри, сэлам ирихыж щIыкIэу, и нэр Жансурэтым тедиящ.

– Алыхьым къыптрилъхьэмэ, фошыгъу шей уефэнщ, жыхуаIэращ, дызэрыцIыхуа къудейуэ...

– Сыт тщIэн, – жиIащ Нажмудин. – Сызижагъуэным и псэ пIалъэ ухъу мазищыр. Ари кIуэрэ пэт къэзухынщ. Абы нэхъ гукъеуэ Тхьэм къыдимыткIэ. Сэ пхузиIэ гурыщIэр мазэ бжыгъэкIэ пхуэгъэупщIыIункъым, Жансурэт. ПыIэгъэлыгъуэ джэгу хэлъкъым, жыхуаIэм хуэдэщ ар...

ЯмыщIэххэу къалъыкъуэкIа Iуэхум тэлайкIэ тепсэлъыхьащ ахэр.

– Умыгузавэ, Жансурэт! Алыхьым зы жиIащи, тIу хъункъым. Ы-ы... къалэшхуэм сыкIуэмэ, письмо къыпхуэстхынщ. Хъункъэ?

– Ахьейми къысхуэптхын! Армыраи хабзэр! – жиIащ Жансурэт зигъэдыхьэшх нэпцIурэ, и фIэщми гушыIэми къыпхуэмыщIэу. Езыми къыгурыIуатэкъым Нажмудин и фIэщрэ гушыIэрэ. ИкIэм, хъунщ-тIэ, пщэдей пщIондэ, жаIэри зэбгъэдэкIыжащ ахэр.

Чэфил, узэсэ сэгъейщ, жыхуаIэрати, и Iэуэлъэуэныр зэпигъэури, абыхэм якIэщIэдэIухьащ. Нажмудин пщIантIэм щыдэкIыжым, зыбгъуригъахуэри еупщIащ:

– Сыщымыуэмэ, уэ къалэшхуэм уокIуэ, Нажмудин. Пэжкъэ?

– Ар дэнэ къыщыпщIа, Чэфил?

– Iау зиунагъуэрэ! Сэ дэгу сыхъуауэ къыпщыхъурэ? Хьэмэрэ фэ цIыкIуу фыпсалъэу фи гугъэжт? Тажудин щхьэкIэ жыпIахэри зэхэсхащ. Сэ а псоми си Iуэху хэлъкъым, мыбдеж сыщагъэтмэ сыгуфIэу station. Ауэ, пэжым нэр ирещI, жи, уэлэхьи, пцIыуэ зы псалъэ жумыIа. Ы-ы... а къалэшхуэм цIэ иIэкъэ, Нажмудин?

– Щхьэ имыIэу! Ауэ ар дэнэ дежми сщIэркъым. Дыгъужьыкъуей жыгей мэзыжьым хэту жаIэ.

– ГъэщIэгъуэн жыпIаи!  НтIэ, уэ абы уагъэкIуэныр къызыхэкIар сыт?

– Абы факъырэр нэхъ щылъапIэу яIуатэ, Чэфил. Мис station сыщIэкIуэр.

– Хьы! Уэлэхьи, хъуам ар! Апхуэдэу щытмэ, абы кIуэн хуеяр уэратэкъым, Нажмудин – сэрат. Инженер факъырэт иджы сымылъагъужар!

– ПщIэнукъым, Чэфил. Инженерхэми факъырэ къащыхэкI щыIэщ. Узыншэу ущыт, – жиIэри, Нажмудин Чэфилым дэгушыIэщ, игу къэлыбар тIэкIу игъэтIысри, ежьэжащ, Чэфили, «ЗэрыгушыIэрей ар!..» – жиIэурэ и Iуэху и ужь ихьэжащ.

Нажмудин Жансурэт письмо хуитхыну къигъэгугъа щхьэкIэ, иджы гуитIщхьитIт. Хуэстхрэ сыщIегъуэжмэ, хуэзмытхщи, пцIыупсыфэ къызиплъмэ, жиIэу и псэм бэлыхь телът. Зыбжанэрэ тхылъымпIэрэ ручкэрэ къищтэурэ игъэтIылъыжа нэужь, зэрыхъуIамэ хъунщ, джатэм и щIагъ нанэ щыIэн хуейкъым, жиIэри, письмор итхащ:

«Си псэр зышхын Жансурэт дахэ, дахэу щыIэм едэхэкI! Сэламу щыIэм я нэхъ гуапэр узох. Ба пхузощI (емыкIу сыкъыумыщI). Уи узыншагъэм сынщIоупщIэ. Сэ сыузыншэщ, уэ узэрызмылъагъум нэхъ гукъеуэ сиIэкъым. ШэщIауэ дызэпсэлъэну, си гуращэр пхуэсIуэтэну си нэ къикIыу, ар къызэмыхъулIэу укъызэрызэзнэкIам псэхугъуэ къызитыркъым, си гум ущыз-

гъафIэ зэпытщ. Жэщым узипщIыхьэгъущ. Пщэдджыжьыр хъуамэ, нэхущ бзухэм я пшыналъэм уи цIэ дахащэр къыхэIукIыу къысщохъу. Арагъэнщ лъагъуныгъэ жыхуаIэжыр. «Лъагъуныгъэм ныбжь псори етхьэкъуф», – итхыгъащ Пушкиным. Ар сэ хьэкъыу спхыкIащ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, къару гуэри щыIэн хуейкъым лъагъуныгъэр игъэупщIыIуфу. Ар дыгъэм хуэдэу маблэ, тенджызым ещхьу пIалъэкIэрэ къоукъубий. Нобэ тхьэмахуэщ. Общежитым си закъуэу сыкъыщIэнащи, ди зэхуэзэкIахэр, зэжетIэгъахэр си щхьэм къищхьэрыуэжауэ си гур мэхьэжэпхъажэ... Сэ бжесIэн си куэдщ, Жансурэт, ауэ мызэкIэ абдеж щызухынщ. Жансурэт дахэ! ПсалъитI нэхъ мыхъуми къысхуэптхтэмэ, дуней насыпыр сысейуэ слъытэнт. Узыншэу ущыт. СынолъэIу, укъызэреджэу, письмор зэфIэтхъ. Нажмудин».

* * *

Сыт щыгъуи и гурылъ, и хъуэпсапIэ ириIуэтылIэу, Нажмудин и цехым щылажьэу, Жансурэт IупэфIэгъу цIыхубз иIэт. Махуэ гуэрым ар цехым къыщIэкIауэ, и IитIыр и щIыбымкIэ ехьэкIауэ, пыгуфIыкIыжу, Жансурэтым къыхуэкIуэрт. Къызэрысу:

– ЛIо, Полинэ, уи хьэм бажэ къиубыда? – дэгушыIащ ар.

– Сэракъым, Жансурэт, зи хьэм бажэ къиубыдар – уэращ. Къащтэ гуфIапщIэ.

– ХьыI! Сыт хуэдэ бажэ, на, си хьэм къиубыдар?

– Мис мыпхуэдэ бажэщ къиубыдар, – жиIэри письмор къызыкъуихащ. – Сэ си нэр нэжмэ, мыр Нажмудин и хъэтIщ.

– Тхьэ, сэ абы и хъэтIым сыщымыгъуазэ, Полинэ.

– Ущымыгъуазэмэ, мэ, Жансурэт, зыщI щыгъуазэ, – письмор къритри, Полинэ цехымкIэ игъэзэжащ.

СыкъэзылъагъуIауэ пIэрэ жиIэу хъуреягъыр къиплъыхьри, Жансурэт лъэныкъуэегъэз зищIащ, пIащIэ-тхъытхъыу письмор зэтритхъри, къеджащ. «Мыр пэж хьэмэ сэ къысщыхъурэ?..» – жиIэри, къытригъэзэжурэ тIэу-щэ щIиджыкIыжащ. «Хьы! Ба къысхуещI! Упсэу, си псэр зышхын!..» – жиIэурэ письмор и бгъэм кIэрикъузащ. «Сыт иджы сщIэнур? Шэми сес, шхуми сес. Письмо хузотхри – сымыгъуэщ, хуэзмытхщи – сыгъуамэщ... Хуэстхрэ, ХьэтIэхъу сыкъищIэмэ, кIэ сиIэщ. Нажмудин, фIыуэ сыкъилъагъур пэжмэ, зы тхылъымпIэ тхьэмпэ щхьэкIэ дызэфIигъэкIуэдынкъым...» – жиIэри Нажмудиныр жэуапыншэу къигъэнащ.

* * *

Жэщ, махуэ имыIэу Жансурэт и жэуапым пэплъэрт Нажмудин. Ар щыгугъырт, езыр зэрелъэIуам тету, нэгъуэщI мыхъуми, псалъэ IэфI зыбжанэ къыхуитхыну. АрщхьэкIэ абы и гугъэр гугъэ нэпцIу къыщIэкIащ. Нажмудин игу фIы щыщIэнт? УкIуэдыж ар зэмыгупсысамрэ и щхьэм иримыгъэжамрэ! Шотым сыкъридзакъым, жиIэу и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжырт. Арати, и еджэныр и кIэм нэблэгъауэ, уэлэхьи, сэ ар ауэ къэзмыгъэнэн, жеIэри, Жансурэтым тIэкIу ехъурджэуэн мурадкIэ етIуанэ письмор хуетх:

«Си псэм и щIасэ Жансурэт! Сэлам узох. Уи узыншагъэм сынырщIоупщIэ. Сэ сызэрыщытыр пщIэну ухуеятэмэ, си лъэIур бгъэзэщIэнт. ТхьэмыщкIэм и гуапэ пщIын папщIэ куэд ухуейкъым: «Уи письмор къысIэрыхьащ. Упсэу. Сэ сыузыншэщ», – ар къудейм арэзы сытехъуэнут сэ. Еу-уей! Апхуэдизу фIыуэ узылъагъу сэ зы псалъэ закъуэкIи укъысхуэупсэфакъым. ЛъэныкъуэкIэ уеутэкIами, сыт сщIэн? Урысхэм, обидно, но

факт, жыхуаIэращ. Сэ мыгувэу сынэкIуэжынущ. ФIыкIэ. Укъызэреджэу зэфIэтхъ. Нажмудин».

* * *

Япэ письмом жэуап зэрыримытам щхьэкIэ Нажмудин нэгъуэщI къыхуитхынкIэ мыгугъа Жансурэт етIуанэ письмо къыIэрохьэ. Зэтретхъ, къоджэри, угъынумэ, къеблагъэ. Лэжьыгъэ нэужьым, и щхьэр щIэIуарэ гъырнэIуу здэкIуэжым, Полинэ лъэщIохьэри зэуэзэпсэу и Iэблэр еубыд.

– АIей! Сыкъэбгъэщтащ, тхьэ! – жеIэри, Жансурэт къыдоплъей.

– Ан-на, Жансурэт!.. – къоуIэбжь Полинэ. – Тхьэ, укъэзмыцIыхуж! Сыту узэхэуфа? Сыт-на, къыпщыщIар?

– Къэхъуагъэшхуи щыIэкъым, щIалэр яукIри витIыр яхуащ. Мэ, мис мыбы къеджи къэпщIэнщ къэхъуар, – письмор хуеший... – Мэ, зо. Сэ хуит узощI укъеджэну.

Письмом къоджэри:

– Хьы! Мыра-тIэ ущIэгъыр? – жеIэ Полинэ. – Тхьэ, витIыр яхуащ, щыжыпIэм, си гугъамэ бэлыхь лажьэ къэхъуауэ. Умыгузавэ, жэм лъакъуэ шкIэ иукIыркъым. Къэсыжрэ къыпIуплъэмэ, си Iуэхущ абы и гукъанэр IэщIэмыхужмэ.

* * *

Нажмудин къэсыжыным хуэпабгъэу, жэщ хъуамэ, нэху хуэмыгъэщу, нэху щамэ, жэщ хуэмыгъэхъуу, зэхуэзэжхэмэ, зызэрызэхуащIынур и нэгу къыщIигъэхьэу, поплъэ Жансурэт. Абы и къэкIуэжын хъыбар зыми хуищIыркъым. Нэхъри, «мыгувэу»... жиIэу къызэрыхуитхам щхьэкIэ, зыгуэркIэ щхьэрыуауэ пIэрэ, жери и гур мэхьэжэпхъажэ.

Пщэдджыжьщ. Заводым щылажьэхэр щхьэхьу макIуэ. Абыхэм Нажмудин яхэслъэгъуэну пIэрэ, жиIэу, Жансурэт и нэхэр зожэ. Полинэ завод пщIантIэм зэрыдыхьэу къызэтеувыIауэ, Жансурэт къыпоплъэ. Ар зэрыбгъэдыхьэу, щыму зымащIэрэ йоплъри:

– ЛIо, зыри жыпIэркъыми?

– Сыт, Полинэ, жысIэну нэхъ узыхуейр?

– ФызэхуэзакIэ?

– Хэт сызыхуэзэнур?

– Нажмудин!

– КъэкIуэжа?!

– КъэкIуэжащ, тхьэ. Ар уэ умыщIэуи?

– Тхьэ, сымыщIэ-тIэ.

– Сэри сщIэртэкъым. Автобусым сису Хьэжысуф бгъэдэту слъэгъуащ.

Жансурэт и пIэм ижыхьауэ Нажмудин поплъэ. Куэд дэмыкIыу, ар къос, нэкIуэпакIуэу Жансурэт бгъэдохьэри, сэлам ирех, мыдрейм, зыри жимыIэфу и гуфIэ нэпсым къызэпежыхьри и нитIыр тодие. ТIури щыму тIэкIурэ зэплъыжа нэужь, Жансурэт жиIащ:

– Къысхуэгъэгъу, Нажмудин, уи письмом жэуап нызэрезмытар. Сигу иримыхьауэ хьэмэрэ уи жагъуэ сщIыну сыхуейуэ аракъым... Уи псалъэ IэфIхэм щхьэуназэ сащIри, емыса лэгъупэжь хъунт, си гъащIэм сымытха письмор... сщIэркъым сызэрыхъуар...

– Хъунщ, ярэби! Уэлбанэ блэкIам щIакIуэ кIэлъытщтэжынкъым. Жэуап нептатэмэ, си нэт, си псэт. Ауэ, дапхуэдэу хъуами, лIы и псалъэ епцIыжыркъым, сэ пхузиIэ гурыщIэр зымащIи къэтIэсхъакъым.

– Уи письмохэр зэфIэстхъауэ аракъэ уи гугъэр?

– Сэ абы шэч къытесхьэркъым.

– Тхьэ, зэфIэзмытхъа-тIэ. Дауэ зэфIэстхъынт си гум ету къытезыдза письмохэр! АтIэми, хъэтI дахащэкIэ тхарэ, псалъэ гуапэ, псалъэ IэфIхэмкIэ гъэпсауэ! Сыту делэ къысхужыпIэнкIэ хъунщ, Нажмудин. КъысхужыпIэми, схуэфащэщ, тхьэ. ЕтIуанэ письмор къыщысIэрыхьам, Алыхьырщ зыщIэр сэ си гум щыщIар, нэпсу щIэзгъэкIар зыхуэдизыр.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, бэлыхь ухэздзащ, Жансурэт?

– ХьыI! Алыхьым къузэритынщ апхуэдэ бэлыхь! Си щIалэгъуэм къигъэзэжауэ къысщыхъуащ. ФIыуэ плъагъум фIыуэ укъилъагъумэ, Iей-тIэ?..

Чэфил жьэпкъыпэкIэ белыкIым зытригъэщIауэ еплъырт а тIум. Зыкъом дэкIри,

– ФIэхъусыж, Нажмудин! – жиIэри егуоуащ.

– Упсэуж, Чэфил, – Нажмудин, хуей-хуэмейуэрэ, жэуап кърετыж.

– Дауэ щыт къалэшхуэр?

– Тхьэ узэрелъэIунщ... Сэлам къуахыжащ.

– Факъырэхэми?

– Ар дыдэхэм.

– Упсэу. Фэри хъарзынэу фызэрыгъуэтыжащ. Феуэ, маржэ, Щам и бжыхьу евгъэкIуэкI, – жиIэри Чэфил ежьэжащ. Нажмудини, «Щхьэ мыгъуэ къытщиша мы фасикъыр?..» – гъумэтIымащ.

Нажмудин къыщыхъуат куэд лъандэрэ Жансурэт къыжриIэну зыщIэхъуэпса псори асыхьэтым къыхуиIуатэу нэгъуэщI дунейм къыщыхутауэ. ЗэхуамыIуатэу абыхэм я гум щахъума гурыщIэхэр нобэ сэтей къэхъуат.

Налшык парк дахэшхуэр мащIэрэ ягъэбжьыфIатэкъым абыхэм. Паркым здитым: «ФIыгъуэу щыIэр Алыхьым къыпхуищIэ, Нажмудин! – жиIэрт Жансурэт. – Уэр нэмыщI, нэгъуэщI хэт зыщызигъэплъыхьынт сэ мы парк дахэкIейм? Мо жыг абрагъуэхэм, мо удз гъэгъахэм сеплъ пэтми защызгъэнщIыркъым, тхьэ. Мо къуалэбзухэм я макъым уи цIэр къыхэIукIыу къысщохъу...» АпщIондэху Нажмудин и гур хохъуэ, и лъэр жан мэхъу. Жансурэти бауэкIэщI мэхъу. ЗыкъещIэжри, зыгуэрым дыкъилъагъумэ, жиIэу зеплъыхь. Зыри щимылъагъукIэ, си псэр зышхын жиIэурэ, и нэкIум Iэ делъэ. «Бетэмал! – жеIэ Нажмудин игукIэ. – Мыр нэхъапэу къызихьэлIамэ сыту игъуэт!.. Ари Iуэхушхуэкъым, уи насып зыхэлъыращ фIыр... Еплъыт мыбы и дахагъым! Нэр щесыкI! КъыздэкIуэ закъуэмэ... сэри сыщIалэжь цIыкIужкъым...»

– Сыт, Нажмудин, апхуэдизу узэгупсысыр? – йоупщI Жансурэт.

– Ди насып къэкIуэну сфIэфIырщ, Жансурэт. Сэ нэгъуэщI гупсысапIэ сиIэкъым.

– ЖиIэнщ, тхьэ, иджы!.. – модрейм и нэкIущхьэр къоуцIыплъ.

Нажмудин абы зыбжанэрэ зэрышэн Iуэху ириIуэкIат. Модрейм: «ДумыгъэпIащIэ, Нажмудин, Алыхьыр пIащIэркъым, шы щIакъуэм тесщ», – жиIэурэ зыщхьэщигъэкIырт. ИкIэм, еупщIащ:

– Жансурэт, дызэхуэзэрэ хьэм нэщI щхьэIуо дыщеуэу, дызэубзэрабзэрэ дызыIурыбзаежу дызэбгъэдэкIыжу ди гъащIэр етхьэкIыну?

– ЛIо, сыкъэбужэгъуауэ ара, Нажмудин? Арамэ...

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ! Щхьэ узужэгъуу? ЗыпщызмыгъэнщIу аращ. Сэ сыхуейщ жэщи махуи услъагъуну. Дызэрыгъаши дызэдэгъэпсэу.

Аргуэрыжьти, думыгъэпIащIэм текIакъым Жансурэт.

* * *

ЦIыхухэм къамыщIэн щыIэ? Уэ жыпIаи, сэ жысIаи, Нажмудин пхъужь гуэрым зэрыпылъыр абы и анэм Iурадзащ. Iуэху ищIри, пхъужьыр зыхуэдэр зригъэщIащ анэм, ар адэми хуиIуэтащ. «Сыт и шыфэлIыфэу пIэрэ яръэби, абы и гум къыдыхьа пхъужьым?..» – йоупщI адэр. «Сэ зэзгъэлъэгъуащ ар, – жеIэ анэм. – Алыхь, дахэкIейм. Пхъужьщ жумыIэмэ, нэр щесыкI, тхьэ». Пхъужьми, Нажмудини и ныбжь нэсащ, сыхэныпэ нэхърэ лъэхъумбыщIэ, жыхуаIэращи, я насып зэхэлъу Алыхьым иухамэ, кърешэ, жаIэри адэ-анэр акъылэгъу хъуат.

* * *

Нажмудинрэ Жансурэтрэ я Iуэхур тэмэму екIуэкI хуэдэт. Абыхэм я нэгу фIыуэ зрагъэужьауэ паркым къикIыжу, ХьэтIэхъу и машинэм ису блэжащ. Мохэр къызэрилъэгъуар къаригъэщIэну, абы машинэр зэрифIэщкIэ игъэкIиящ. Нажмудин зыри къыгурымыIуами, Жансурэт машинэр ицIыхурти, ХьэтIэхъу къызэрилъэгъуар гущIыхьэ щыхъуащ, ауэ зыкIи къыфIэмыIуэхуауэ фэ зытригъауэри, адрей махуэхэми хуэдэу, и нэщхъыр зэлъыIухауэ щыпсэу унэм нэсыжащ, Нажмудин и Iэр гуапэу къиубыдыжри, зэрихабзэу, и Iэхъуамбэхэр къыхуигъэджэгуурэ щIыхьэжащ. «Сыту пIэрэ а машинэр къэзыгъэкIиям абыкIэ жиIэну зыхуеяр?..» – а гупсысэм хэту Нажмудин кIуэжащ.

Жансурэт и гур хьэжэпхъажэу, пщэдей ХьэтIэхъу зэрызищIынум егупсысу гъуэлъыжыгъуэ пщIондэ щысащ. Иджы сыгъуэлъыжынщ щыжиIэм, и бжэм зыгуэр къытеуIуащ. «Хэту пIэрэ жэщыбгым къысхуэкIуар?..» – жиIэу бжэр Iуихмэ, блэ уэну и нитIыр къоцIыщхъукIри ХьэтIэхъу къыщытщ. «А-а сымыгъуэт!..» – жеIэри Жансурэт йокIуэтыж, мыдрейр щIохьэри «баргъэ» жиIэу бжэр иредзылIэж. Зэжьэхэлъэну зэпэува IэщитI нэхъей, тIэкIурэ я нэхэр зэтедияуэ щыта нэужь, ХьэтIэхъум жиIащ:

– ЛIо, Жансурэт, пщIэнур пщIэуэ ущIэщтэжауэ ара?

– Сыт-на, сыщIэщтэжын хуэдизу сэ сщIар? Ныжэбэ укъэкIуэну сыппэплъэртэкъым...

– НтIэ, узыпэплъэр нобэ узигъусарат?

– АIей! Ар дауэ жыпIэфа? Тхьэ, игъащIэм си унэбжэ къыIуимыха абы.

– КъыIуиха-къыIуимыхами, зи хущхьэ хъум урибзууэ, щIалэ плъагъумэ, уи нэр зежэу, зи дзэлыфэ къыпхуэзытIым уриIэпэгъуу, зэрымыщIэу хьэжыпщIитI хэпхыу удэмыт! КъызжиIакъым жумыIэж, дяпэкIэ зыгуэрым удэщIыгъуу услъагъумэ, уэри узигъусэми фIы щIывэзгъэхынкъым!..

– ЛIо, сыбукIыну ара? Арамэ, иджыпсту сыукI.

– Уэзгъэлъагъунщ фэсщIэр! – жиIэри, ХьэтIэхъу щIэжыжащ. Жансурэт Iэджэ зэригъэзахуэу нэху игъэщащ.

* * *

Нажмудин и псэр зыкIэрыпщIа цIыхубзым зэрыIуплъэнум хуэпабгъэу, адрей махуэхэм нэхърэ нэхъ пасэу нэсри, завод пщIантIэм къыщызэтеувыIащ. Куэд дэмыкIыу Жансурэти нэсащ, хьэдэ изыхам хуэдэу, и нэгур фагъуэт. Нажмудин абы пежьэу и Iэр иубыдыну щыIэбэм, Жансурэт и IитIыр и щIыбагъымкIэ ирихьэкIри умэзэхащ. Епсэлъэну щыхуежьэм, IурыIэбэнкIэ Iэгъуи-гъуэгуи хуимыгъуэту, жумэрэн губжьауэ гъумэтIы-

мащ. Заводым щылажьэхэр пщIантIэм дэужьгъати, Нажмудин мызэкIэ хэтакъым Жансурэт и гум кърихур къищIэну, хъунщ-тIэ, жиIэри бгъэдэкIыжащ, модрейри епIэщIэкIыу ежьэжащ.

Жансурэт зэрызищIар зыхуихьынур къыхуэмыщIэу, къытехьэ иIэу пIэрэ, жиIэу махуэ псом егупсысащ Нажмудин. Пщыхьэщхьэм зыхуигъазэри еупщIащ:

– УкъысхуэцIыхужыркъым, Жансурэт. Сыт къэхъуар?

– Шэрэдж къиури Къэхъун ихьащ, Нажмудин! – жиIащ Жансурэт, и щхьэр къиIэту и нэгу къыщIэмыплъэфу. – Дыгъуасэ уэ сызэрыпщIыгъуам щхьэкIэ ныжэбэ гъуэлъыжыгъуэм къыстеуэри, ХьэтIэхъу къысщыхьащ. УкIуэдыж абы къысхужимыIар. Хьэ къугъыр къисшу нэху згъэщащ.

– ГъэщIэгъуэн жыпIаи! ЗэрыжыпIэмкIэ, ХьэтIэхъу уэ къошхыдэну хуитщ? Ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур? Аркъым, абы бынунагъуэ зэриIэр, и бынхэр зэрыбалигъыр умыщIэу ара? Хьэмэрэ уэ хэти къошхыдэну хуиту ара?

– Фызи, бын балигъи зэриIэр фIы дыдэу сощIэ, тхьэ. Си псэм жагъуэу щимылъагъукIэ, сыти иреIэ. Сэ абы псэуэгъу зиIэм сригъэхъуапсэркъым. Зэ зи насып къутам и дунейм ещхь псэукIэрщ сэ сыкъызыхуэнар. ЛIы, бын зиIа пхъужь бзаджэжьым щIалэ фызкъэмышэр къигъапцIэщ, къыдихьэхри зыкIэрищIащ къысхужаIэу. ЖэмитIушкIэу сызэрыщытар куэдщ. АтIэми, ныжэбэрей жэщтеуэм жиIахэмрэ зэрызищIахэмрэ я ужькIэ... Сэ насыпыншэ сыхъуами, уэ ущIалэ фызкъэмышэщ. Си зэранкIэ бэлыхь ухэхуэну сыхуейкъым... Абдеж щыдгъэухи нэхъыфIщ...

– ИкъукIэ дэгъуэщ¸ Жансурэт дахэ! Аратэкъым сэ фэуэ уэсплъар. Псэуэгъу зиIэм сригъэхъуапсэркъым жыбоIэ-тIэ. Хьы! Си гугъакъым, пэж дыдэу, уэ ужэмитIушкIэу. Апхуэдэу щыщыткIэ, и хъер улъагъу уи лIыжьым! Узыншэу ущыт!

* * *

ЖыпIэну тынш щхьэкIэ, блэжьыну хьэлъэ Iуэхугъуэхэр гъунэжщ. Апхуэдэт нобэ Нажмудин къылъыкъуэкIар. Ар лъэныкъуэ куэдкIэ егупсысащ адэкIэ ищIэнум. Жэщ мащIэ игъэкIуакъым и нэм жей къемыкIуэу. Абы егъэлеяуэ къытехьэлъэрт и псэр зыхьэхуа цIыхубз гуакIуэм къытридза уIэгъэр. ИтIани и гум къыщIитхъырт ар зэрыIэщIэкIыр. Дауэ хъумэ, дауэ хъун жиIэу, куэдрэ ечэнджэщыжащ и щхьэм. Ауэ Нажмудин сыту ищIынт лъагъуныгъэ купщIэншэ? «Сыту Iейуэ сыщыуат! – жиIэрт абы. – ИтI зышхынум из шхыкIэ ищIэркъым, жыхуаIэм срещхьщ. Сыт сщIэн? Бегъымбаррэ пэт щыуащ, жаIэ...»

Сыт хуэдизкIэ фIыуэ имылъэгъуами, Нажмудин дежкIэ гутехуэгъуейт Жансурэт лIы хэкIуэта гуэрым и Iумэтым зэрихьар. Псори зэпишэча нэужь, абы и лъагъуныгъэ къабзэр ехьри, нуру зэщIэблэу, а-адэ губгъуэшхуэр зыуфа кIыфIыгъэ жэм хеутIыпщхьэ. Бэлыхьлажьэр къыхигъуэтэн хуэдэ, езы лъагъуныгъэри щхьэхьу кIыфIыгъэм пхрокI. «Ужьыхтэмэ, сыIукIыжынт... Хьэмэрэ... къезгъэгъэзэжмэ мынэхъыфIу пIэрэ? – хъырэхъыщэрт Нажмудин, арщхьэкIэ, къигъэзэжми мыхьэнэ къызэримыкIыжынур хьэкъти, – ирекIуэ адэ, икIута из хъужыркъым...» – жиIэри, бащэкIэ зыщыгугъа лъагъуныгъэм тэлайкIэ кIэлъыплъыжри, къепэзэзэхыу къыIуигъэзыкIыжащ.

Iуэхушхуэракъэ, фIыуэ плъэгъуам гузэрыдзэ хуэпщIа пэтми, лъагъуныгъэ къабзэм и Iэужьыр зэуэзэпсэу гъущыжыркъым. МафIэ ужьыхыжар жьыбгъэм къызэрызэщIигъэрыуэжым хуэдэу, Жансурэт хуиIа гурыщIэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ Нажмудин мащIэу къыпкърыхьэжырт, ар зыхиутIып-

щхьэжа кIыфIыгъэжьым щхьэхуимыту екIуалIэурэ хэплъэрт. Ауэ япэм нуру зэщIэблэу щыта лъагъуныгъэм и щIэину абы хилъагъуэр, нэм къиубыд къудейуэ, зыщIыпIэкIэ къыкъуэпс нэху фагъуэжь тIэкIурт. Ауэрэ а тIэкIури хэкIуэдэжри, Нажмудин и псэр псэхужащ.

*Ноябрь, 2007 гъэ*

Айтэч

***Рассказхэр***

# Мурживб зэрыкIа жыхьэрмэ лъэмыжыр

Мурживб Iэтащхьэм зэрызыпищIыжыр псоми ящIэрт, езы Iэтащхьэм фIэкIа къэмынэу. ЯщIэ къудейм къыщынэртэкъым – елъэIуурэ зыпрагъэщIыжырт. Зы щхьэусыгъуэ гуэркIэ зэныбжьэгъухэр Iэнэ тIысын хуей хъуамэ е, зэрыжаIэщи, «гуп дыгъэлу» зэрихьэлIамэ, яшхри, ирафри, ягъэхъыбархэри я нэ къихьэнутэкъым, гуIэфIтещIэжу Мурживб зыгуэрхэр жрамыгъэIэжмэ. Мурживби зригъэлъэIухэртэкъым. Ар сыт щыгъуи хьэзырт. ИкIи, кIуэаракъэ, езы дыдэр къакIуэри къэтIысащ жыпIэну, напIэдэхьеигъуэм зызыпищIыжым и сэфэтым ихьэрт – и макъкIи, и теплъэкIи абы ещхь хъурт, плIэухуэ хъужу!

– Фэри зэрыфщIэщи, коллектив щыхъукIэ, абы псэемыблэжу лажьи зыщIезыгъэхи къахокI. Ауэ зэи зыщывгъэгупщэн хуейкъым...

Сыт щыгъуи, абдеж зэрынэсу, Мурживб къызэпамыуду яхузэфIэкIыртэкъым. Къызэрызэпаудри дауэт – псори зэуэ къыщиудырти, унащхьэр трач жыпIэну зэщIэдыхьэшхэрт. Апхуэдэу къамыгъэувыIэмэ, Мурживб адэкIи ирикъутэкIыну хьэзырт, коллективым ехъулIэныгъэ иIэн папщIэ дэтхэнэ зыми и пщэ къыдэхуэ къалэнхэм, лэжьыпхъэм теухуауэ Iэтащхьэм къит хабзэ уазхэм къыпищэу. Iэтащхьэм дапщэщи жиIэр а зырт, а жиIэ и хабзэрати, абы хэти щыгъуазэт, есэжат. ЦIыхухэр зыгъэдыхьэшхыр нэгъуэщIт. Мурживб, артист хьэлу, а зызыпищIыжым и ролым ихьэрт, абы и псэлъафэм и мызакъуэу, и псэлъэкIэр, и зыIыгъыкIэр уи нэгу къыщIигъэувэу, и макъыр зэхыуигъэхыу...

– Мурживб, ей! Уэ уартистщ, лIэун!

– Уэ театрым ущIэмыкIуар сщIэркъым!

– Театрым щIэкIуэнур сыт! Ар езыр театрщ!

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, пэ зиIэм кIэи иIэщ жыхуаIэрати, Мурживб и пщIыхьэпIи къыхэмыхуа къылъыкъуэкIащ.

Ти, бухгалтер нэхъыщхьэр пенсэм щыкIуэм... КIэщIу жыпIэмэ, ар зытеса шэнтыр мыупщIыIу щIыкIэ, абы нэгъуэщI зыгуэр тетIысхьэн хуейтэкъэ! Арати, Мурживб и цIэр Iэтащхьэм кърьиIуащ. АфIэкIаи хэлъакъым: Iэтащхьэм и стIолым къытехутащ «пэжым и телъхьэ» зыфIэзыщыжа гуэрым къыпкърыкIа тхыгъэ кIэщIыр: «Мурживб уэ зыкъыппещIыж». Арат тхыгъэр зэрыхъур.

Япэ щIыкIэ Iэтащхьэм зыри къыгурыIуакъым. Ауэ, «тхыгъэр» зытеухуам, ар ятхын щIэхъуа щхьэусыгъуэм, и стIолым къызэрытехута щIыкIэм егупсысурэ, иужькIэ къыгурыIуащ Iуэхур зыIутыр. КIэщIу жыпIэмэ, мыр IэнэнимкIэу аращ, егупсысащ ар. ИкIи щыуатэкъым: «тхыгъэр» зыгуэрым

и Iэрытхыу щыттэкъым, текст гуэрхэм къыхэгъэжа хьэрфхэр тхылъымпIэ напэ трагъэпщIауэ арат.

– «Пэжым и телъхьэ»... – и щхьэ хужиIэж и гугъами, езым гу лъимытэжу, къыжьэдэIукIащ Iэтащхьэм: – Хэту пIэрэ а дыгъужьыгу зышхар?

Ари зыгуэр хъунт, ауэ... абы жиIэр пэжмэ, сыт хуэфащэр мобы фIэкIа номыр зимыIэ натIэкъыжь цIыкIум?!. Мобы... Дауэ!..

Iэтащхьэр езыр ауэ сытми къызэрыгуэкI лIытэкъым. ЦIэрэ щхьэрэ зиIэ, пщIэшхуэ зыхуащI икIи зыхуэзыщIыж пашэт. Зы илъэстэкъым икIи тIутэкъым, илъэс тIощIым нэблэгъауэ коллектив мыцIыкIум икIи мытыншым и унафэщIт ар. Ауэ сытми и унафэщIт: хэт сыт иляжьын дэнэ къэна, егупсысын и пэ къихуэу Езы дыдэр абы щыгъуазэ ящIыпхъэу къызыфIэщIыж унафэщIт! Абы ищIэр тэмэмт. Абы жиIэр – хабзэт. Адрейхэр... адрейхэр къедэIуэн хуейщи, къырыредаIуэ! ЖиIэр ягъэзэщIэну я къалэнщи, ирырагъэзащIэ! Къыпэрыуэж, къыпэпсэлъэж... хьэуэ, хьэуэ, апхуэдэ лъэпкъ щыIэн хуейкъым!

Дауи, апхуэдэ Iэтащхьэм иIэжщ езым дзыхь зыхуищI гуп (и замхэм, и помхэм, и блыгущIэтхэм нэмыщI). Абы и куэдщ бзэгу къыхуэзыхьыжи. Мобы мыпхуэдэр къызипэсащи, хуэзгъэгъунукъым, жызыIэу тхьэусыхакIуэ къыхуэкIуэхэри мащIэкъым. Ауэ... ар хэтуи щрети, и лэжьакIуэхэм ящыщ гуэрым... кърикуу... зыкъыпищIыжыну!..

ИмыщIэххэу Iэтащхьэр гупсысэ хэхуат. Догуэ, апхуэдэ щхьэ къэхъуххэн хуея?.. АрщхьэкIэ, сыт хуэдизрэ емыгупсысами, абы и жэуапыр къыхуэгъуэтыртэкъым. И натIэр иIуэтурэ иугъуэныным нэсат. КъызэрыпщIантIэр езым зыхищIэжу, къэпщIэнтIат. Дауэ?..

Шэч хэлъкъым, езым зыкъыхимыгъэщыххэу, и лэжьакIуэхэм ящыщ дэтхэнэри пэкIэ щIисэу зэригъэлъеин Iэмалищэ, Iэмал мин ищIэрт Iэтащхьэм. Абы зыгуэрым нэхъыфI дыдэу хищIыкIмэ, нэхъ зыхищIыкIри апхуэдэ Iэмалхэрт. И зы пом е зам гуэрым, и блыгущIэтхэм языхэзым гугъущи демыхьу яхузэфIэкIын Iуэхут ар, Езы дыдэм и зы нащхьэ фIэкIа хуэмейуэ. Мыщхьэхыу, «Уирэ!» жиIэ закъуэмэ... Ауэ...

Ауэ мы зэм Iэтащхьэр хъийм икIауэ къэлыбат. ИкIи, и гур игъэтIысын папщIэ, мо бзаджэнаджэр (нэгъуэщI сытыт абы узэреджэнур!) IупхукIи зэфIэкIыртэкъым. Япэ щIыкIэ нэжэсыр къриджэу, абы зригъэцIыхужыну, ар игъэпудын хуейуэ къыщыхъурт Iэтащхьэм.

Абы хэту, Iэбэри зы мет цIыкIу трикъузащ. А напIэзыпIэми бжэщхьэIум къытехутащ зы цIыхубз Iэхулъэхушхуэ:

– СынодаIуэ, Хьэжмэстафэ Мустафаевыч.

– Къеджэт мыдэ а натIэкъ цIыкIум!

– Къезджэнур хэт, Хьэжмэстафэ Мустафаевыч?

– Мис а бухгалтерием щыIэ... как иво?.. Къазмыш или Бабыщмыш?..

– Джэдмыш, Джэдмыш Муржибщ бухгалтерием щыIэр, Хьэжмэстафэ Мустафаевыч.

– Ы-ы, къеджэ мис абы, аращ жыхуэсIэр. ИтIанэ, ар къебджа нэужь, зыри си дей къыщIумыгъэхьэ икIи къыумыгъэпсалъэ, сэ бжесIэху.

Iэтащхьэм фIэфIтэкъым, зыгуэрым щешхыдэкIэ, езыр-езыру теужыху, къызэпауду. Иджыпстуи абы зыхуигъэхьэзырырт мо нэмысыншэм быдэу зэрытехъущIыхьынуми, зэран къыхуэхъу щыIэу идэнутэкъым.

– Зэт, – къегъэувыIэж секретарыр. – Мы тхылъымпIэ напэр хэт си дей къыщIэзыхьар?

– ?

– Мис мыр, мы псалъищ фIэкIа зэрымыт IэнэнимкIэр...

Секретарыр Iэнкунт:

– СщIэркъым, Хьэжмэстафэ Мустафаевыч, зыри къыщIыхьакъым, пощтым хэлъу къамыхьамэ...

– Хъунщ. КIуэ, къеджэ мыдэ.

Iэтащхьэр щыст, пыупсыкIа хьэзыру къэрэндащылъэм щызэгъэкIуа къэрэндащ IэплIэм зы къыхипхъуэтыкIауэ, и пащхьэ къилъ тхылъымпIэ напэ къабзэм бжыгъэ гуэрхэр тритхэу, а тритхари занщIэу зэприлъэфыжу. «Джэдмыщх, – жиIэрт абы игукIэ, – уэ си дей щыпшхынур щыпшхауэ къыщIэкIынщ. Ари бдэнт, узэрышхэн гуэр къыпIузнауэ усIэщIэкIтэм...»

– СынищIыхьэ хъуну? – япэ щIыкIэ къытоуIуэри, бжэр къыIуех Мурживб.

– КъакIуэ, къакIуэ, къыщIыхьэ, етIысэх, – Iэтащхьэм егъэлеяуэ зегъэщабэ.

Абы и лэжьакIуэхэм куэд щIат гу зэрылъатэрэ: унафэщIым нэхъ щабэу къригъэжьэху, нэхъ хьэлъэу къыптрипIэну арат. Мурживи щыгъуазэт абы. ИкIи, къыщIраджа щхьэусыгъуэр имыщIэми, фIы лъэпкъ пэмыплъэу, гузавэу щIидзащ.

– Къоджэ жаIати... – зэхэпх къудейуэ къыжьэдэкIащ Мурживб, Езы дыдэр къыхуеин щIэхъуар зыхуихьынур имыщIэу, Iэнкуну.

– Ы-ы, сыноджат... СынищIоджари... Уэ пщIэркъэ сынищIоджар? – хуабжьу нэщхъыдзэу Мурживб къыжьэхэплъащ Iэтащхьэр, и нэ гъуабжэ цIыкIуитIым къалыгъуэу, нэгъуджэм къыпхылъэту зыкъыхасэн нэхъей.

– Хьэуэ, сщIэркъым, – жи къэкIуам, нэхъри Iэнкуну.

– Iэу! – къолъ модрейр. – Ар дауэ ухъут! – И Iэгухэр зэтрегъауэри: – Уэ пхуэдэлIым...

Мурживб тхьэмыщкIэм зепIытI-зехуз, зызэхуешэ, ищIэнури жиIэнури ищIэркъым. Ерагъыу къыдрешей:

– КъызгурыIуэркъым...

– Ауэ сытми къыбгурыIуэрэ! ФIы дыдэущ къызэрыбгурыIуэр! Апхуэдэ тIэкIухэр къыбгурымыIуэу, дауэ узэрыартистышхуэр? ЦIыхухэм запыпщIыжу... Догуэ, алъандэм щхьэ убзыщIа талантым укъызэрызэкIуэцIичыр?

Мурживб иджы къыгурыIуат хэтми зыгуэр къызэрыхэшар. Ауэ – хэту пIэрэ? КъызыхэкIари сыт щхьэусыгъуэ?

Дауэ хъуми, абы зэман иIэтэкъым куэдрэ гупсысэу щысыну. Iэтащхьэм икIэщIыпIэкIэ зы жэуап гуэр иритын хуейт, арыншамэ... Гузэвэгъуэм ирихулIауэ гупсысэурэ, Мурживб сытми къегъуэт зы хьилагъэ. ИкIи, гъэщIэгъуэнракъэ, зыкъызыфIэщIыжа, къэзыгъэпцIэфын щымыIэу зи гугъэж и Iэтащхьэр дэкум хуэдэу къегъапцIэ.

– Хьэуэ, – жеIэ абы, мащIэу хощэтыкIри, – сэ сыартисткъым. Артистыр – дэнэ!.. Артистыр сыт хуэдэ ролми йохьэф. Сэ къэзгъэлъэгъуэфыр лIы хэчыхьа зырызщ. Абыхэм запысщIыжу аракъым. ЗэрысхузэфIэкIкIэ къэзгъэлъагъуэу аращ...

– НтIэ, къомыхьэлъэкIмэ, къыджеIэт, хэт сымэу пIэрэ а «къэбгъэлъагъуэхэр»?

– Лениныр, Сталиныр...

– Дауэ жыпIа!..

– Лениныр, Сталиныр...

– Ара зэрыхъур?

– Аращ... ауэ...

– Сыт «ауэр»? ЖыIэ!

– ПцIы хэмылъу, жысIэпэнуми, тIэкIу сыныпфIолIыкI, Хьэжмэстафэ Мустафаевыч...

– Тегушхуэ!

Мыбдеж Муржиб къилъытащ фIыуэ къыщIигъалъэми мызэрану. Дауи, абы ищIэрт иджыпсту зи пащхьэ ис и Iэтащхьэр Мэлбахъуэм, ди республикэ псом и унафэщIым, и кIуэгъужэгъуу зэрыщымытыр. Хэбгъэзыхьмэ, псори зыфIэлIыкI лIы гъурым и кабинетым ар зэ щIыхьаи-щIэмыхьаи... ИтIани, урысми и жыIауэ, кIашэр тхъум зэIигъэхьэрэ!

– СынычIыпфIэлIыкIыр... уи ныбжьэгъуу зэрыщытым щхьэкIэ, уи жагъуэ пщIымэ, жызоIэри...

– ЖыIэт уэ! ЖыIэт!

– Ар Мэлбахъуэращ, – жи Муржиб, Iэнкуныфэ зытригъауэу.

– НтIэ, ар дэгъуэкъэ! – жеIэ Iэтащхьэм, къыпыгуфIыкI щIыкIэу, и фIэщрэ гушыIэрэ Муржиб къыхуэмыщIэу. Мыри дещIыгъуж: – Ауэ... а жыпIэр си фIэщ щыхъунур – а зи цIэ къипIуахэр мис иджыпсту, уи жыIауэ, мыбдеж «къыщыбгъэлъагъуэмэщ». ИIэт, къэгъэлъагъуэт!

– Хэт япэ изгъэщынур? – щIоупщIэ Муржиб, шэ узэфэнур хьэмэ шху жаIэу зэрыщIэупщIэ макъкIэ.

– Япэ ибгъэщынур уэ пщIэркъэ! Япэ ибгъэщынур япэ итырщ – Ленинырщ. ИIэ!

Абы фIэкIаи хэлъакъым.

Муржиб къызэфIэувэщ, и кIэстум щIыIухэр иритIэтэхщ, Iэ сэмэгумкIэ и блэгущIэмрэ и бдзымрэ я зэхуакум хуэзэу иубыд хуэдэу ищIщ, Iэ ижьымкIэ ауэ стIолым телъ тхылъымпIэ напэ гуэр къипхъуатэщ, ар уплIэнщIауэ къиIэтри, Лениныр кинохэм къызэрыщагъэпсалъэм ещхьу къэуващ:

– Товарищи, революция, о которой говорили большевики, свершилась. Мы взяли власть всерьез и надолго. Это подтвердит и мой верный соратник товарищ Сталин.

Iэтащхьэр щыст, и жьэр ущIауэ Муржиб еплъу, зэ зыкъищIэжу и жьэр зэрызэтрипIэжын хуейр щыгъупщэжауэ.

Арыххэу Муржиб къэувыIэжщ, и кIэстум щIыIухэри мыпIащIэу ипхэжри, гупсэхуу, хэгупсысыхьауэ икIи хэкъузауэ (Сталиныр сценэм къызэрыщагъэпсалъэм ещхьыркъабзэу) псалъэу щIидзащ:

– Да, товарищи, я могу это подтвердить. Все народы Советского Союза пошли по пути строительства социализма, по пути, указанному великим Лениным, признанным вождем мирового пролетариата...

Телъыджэракъэ, Лениныр «къыщигъэлъагъуэм» щыгъуэ, Муржиб и макъыр зейр – Ленинырт (абы и «р»-р къызэрипсэлъым и мызакъуэу, псори псори ещхьт, – кIуэаракъэ, зы кинолентIэ гуэрым къыхэувыкIри къэуващ жыпIэнт). Сталиныр «къыщигъэлъагъуэм» щыгъуэ, зи макъ зэхэпхыр Сталинырт. Ауэ щыхъукIи, а макъитIыр зыкIи зэщхьтэкъым. ИкIи фIэщхъугъуейт а макъхэр зы тэмакъ къикIыну! Ауэ, – нэрылъагъур дэнэ пхьын! – къикIат. Зэм Ленину «щыта», етIуанэм Сталин «хъуа» Муржиби иджы ауэ къызэрыгуэкI бухгалтер хъужауэ, тIэкIуи хуэтхьэмыщкIафэу, абдеж дыдэм къыщытт.

Iэтащхьэр хэплъэрт. Япэ щIыкIэ зэригугъамрэ Iуэхур къызэрыщIэкIамрэ хузэхуэгъэхъуу къыщIэкIынтэкъым.

Заул дэкIауэ:

– Хэти сыт жреIэ, уартистышхуэщ! – къыжьэдокI абы, фIэфI-фIэмы-

фIми. – Ауэ, – жи, – къомыхьэлъэкIмэ, си ныбжьэгъу Тимбори «къэгъэлъагъуэт».

Муржиб зигъэгувакъым.

Мэлбахъуэм и IэбэкIэм ещхьу зэрэ-тIэурэ Iэбэщ, и нэгъуджэр и щхьэкум хуэзэу дригъэкIуэтея хуэдэу ищIри, абы и макъкIэ жиIащ:

– Чтобы наша республика и впредь находилась в авангарде коммунистического строительства, необходимо, чтобы каждый внес свой весомый вклад в этот созидательный труд и чтобы труд стал творчеством для каждого из нас.

Ленинымрэ Сталинымрэ я псэлъэкIэр иджыри зи тхьэкIумэм ит Iэтащхьэр щыст, тIэкIуи къэуIэбжьауэ: абы зэригъэщIэгъуэнур къыхуэщIэртэкъым нобэр къыздэсым гу зылъимыта и лэжьакIуэ къызэрыгуэкIым и «талантыр». Приемнэм сыщIэсу, сыкъэдэIуатэмэ, егупсысырт ар, езы Мэлбахъуэр си кабинетым щыпсалъэу фIэкIа къысщыхъунтэкъым... ГъэщIэгъуэнщ, гъэщIэгъуэн дыдэ... Ауэ щыхъукIэ, лIо абы зэраныгъэу къишэр? – Лениныр, Сталиныр е Мэлбахъуэр «къигъэлъагъуэми», сэри абыхэм срагъусэу «сыкъигъэлъагъуэми»... Хэбгъэзыхьмэ, зэран дэнэ къэна – сэбэпщ. Щапхъэ зытехыпхъэ лIыхэр ущыхуей дыдэм деж бгъуэтыркъым. НтIэ, сыт ягъэ кIын – абы языхэз щIэх-щIэхыурэ «къагъэлъагъуэмэ». Зыдэплъеин яIэнщ».

Ауэ Iэтащхьэр бзаджэжьт. ИкIи абы хузэфIэкIащ, игукIэ сыт зэригъэзахуэми, и фэкIэ ар сэтей къимыщIыну.

– Муржиб, – жиIащ абы, и лэжьакIуэхэр зэсэжа ткIиифэр тету, сыхьэтымкIи еплъэкI хуэдэу зищIащ (я псалъэмакъым кIэ зэригъуэтар абыкIи игъэбелджылыну хэтагъэнщ). – Сэ укъыщIезджарат... Хьэжмусэ пенсэм зэрыдгъэкIуар уощIэ. Уэ главбух утхуэхъуну си гугъэщи, уи документхэр умыгъэгувэу отдел кадрым ет.

Муржиб къотэджыж, къыщIэкIыжынуи хэтщ. АрщхьэкIэ Iэтащхьэм ар къегъэувыIэж:

– Зэ умыпIащIэт. Мэ, мыри къыздэщтэж, – икIи Муржиб къыхуегъэкIуатэ зы тхылъымпIэ напэ упIышкIуа. – Авторыр къыпхуэзэмэ, етыж.

Ар – нетIэ, Лениныр «къыщигъэлъагъуэм», кепкэ папщIэу, икъузу Муржиб иIыгъа тхылъымпIэ напэрт.

КIэлындорым къытехьэжа нэужь, къоувыIэри, тхылъымпIэм итым къоджэ: «Муржиб уэ зыкъыппещIыж. Пэжым и телъхьэ».

– А-а, псэжь, уэраи сэ нобэ сызыхэта бэлыхьыр къыстезылъхьар!.. Сэри уэ ар екIуу къозгъэпшыныжынщ...

Муржиб тхылъымпIэ напэ упIышкIуар цIыкIу-цIыкIуу зэпитхъщ– къызэпитхъыжри, япэ зыхуэза пхъэнкIиилъэм ирикIутащ. Бэлътоку кърихри, елIэлIапэу, и IитIри илъэщIыжащ.

# Хьэждаут и Iуащхьэ

1942 гъэм и бжьыхьэт.

Ди дзэхэр къикIуэтат.

Абы и ужьым кIэщIу иту хъыбар къэIуащ: нобэ-пщэдей бийр къуажэм къыдыхьэнущ...

Iэщэ зыIыгъыфын цIыхухъу къуажэм дэсыжтэкъым, фронтым Iутт. Ауэ, къуажэ щыхъукIэ, цIыхубз, лIыжь-фызыжь, сабий жыпIэн, – иджыри зыкъом къыдэнат. Мис абыхэм, гузэвэгъуэр ятелъу, я щхьэр здахьын

къалъыхъуэрт. Дыдейхэр жыжьэ IукIатэкъым, Бахъсэныпсым зэпрыкIри, Къызбрун бгы екIуэкIым и дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэм зыкъыщагъэбыдат, пIалъэкIэ къызэрикIуэтар ягъэзэкIуэжу, бийр къыщебгъэрыкIуэнум зыхуагъэхьэзыру. Абы къикIыр псоми къагурыIуэрт: мыгувэу мыбдеж зэхэуэ гущIэхэр щекIуэкIынущ. Ауэ щыхъукIэ, зымыгъэгуvауэ Ислъэмейр бгынэн хуейт. ЛIыжьхэм, Iэкъуэшакъуэу здрахьэжьэну хьэпшып тIэкIухэр къагъэIэгъуэрт. ЦIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ зэрызехьэрт, зэрыгъэкIийрт. Ар зылъагъу хьэхэр щIэчэ ямыIэу банэрт.

Дауи, шыдыгу е шызакъуэгу зиIэ зырызхэм я пхъэр нэхъ къикIат. ЗимыIэхэм сыт ящIэнт, дамэрыхьу яхуэхьынум теухуауэ я хьэлъэр ягъэхьэзырырт. УнагъуитI-щым я хьэпшыпыр зы шыдыгум ирагъэзагъэрэ абы и ужь езыхэр иувэжу, – апхуэдэр нэхъыбэт.

Бийр къуажэм къыдыхьа нэужь, гу нэхъ щылъимытэну къафIэщI тIупхлIэпххэм гъавэр щагъэпщкIурт. АрщхьэкIэ, гъавэр бгъэпщкIуми, Iэщыр дэнэ пхьынт? Жэмхэр, мэлхэр, бжэнхэр пакIэ-пакIэурэ зэрагъэуIурти, щIалэ нэхъ жан цIыкIухэм ирагъэбыдылIэрт.

Абы хэту псоми гъэщIэгъуэн къащыхъуа Iуэху къэхъуащ. Ислъэмейр зи кIыхьагъым зы трактор закъуэт щыпIэтIауэри, а трактор закъуэр, дуней псор игъэзджызджрэ жыпIэу Iэуэлъауэ ищIу, къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм тету къыдэжейщ, ижьырабгъумкIэ триIуэнтIыкIри, и гъуагъуэри, и цIычри, къыщхьэщыт Iугъуэ гуэрэнри зыкIи имыгъэкIащхъэу, Шэлътауч мэзым ухуэзышэ гъуэгум теувауэ макIуэ, цIыхухэр кIэлъыплъу. Жылэ псом яцIыху Хьэсани, рулыр адэкIэ-мыдэкIэ здыщIиIуантIэм, мэкIий, тракторым и Iэуэлъауэм езым и макъыр, мыIупщI дыдэми, зэхэзыхым къыгурыIуэн хуэдэу, къыхэIукIыу:

– Тхьэр зыгъэпцIар Хьэсанэщ, ар уэ пIэрызгъэхьэмэ, куэпэчым къилъхуа!

Абы кIэлъыплъу зыкъомрэ зэхэта лIыжьхэм яз къопсалъэ:

– Ей, щIалэ делэ мыгъуэ! АбыкIэщ ар езыр къыздикIынур...

Пэжт лIыжьым жиIэр: къуажэм къыхуэкIуэу бийм къэкIуатэу щIидзэмэ, а лъэныкъуэмкIэт ар къыздикIынур.

– КIуэт, тIу, Хьэждаут къысхуеджэт, – жи Шу, къыхудэплъейуэ щыт Хьэсэнбий, илъэситху-хым итын и къуэрылъху цIыкIум, тIэкIу еIунщI хуэдэу ищIу, ауэ хуемыплъэкIыххэу.

– Ей, Хьэждаут! Дадэ къоджэ! – кIийуэ, лъэурэ мажэ Хьэсэнбий.

И къуэрылъхур игъэжа щхьэкIэ къимыгъанэу, адэшхуэри абы кIэлъокIуэ, и гъунэгъу, и ныбжьэгъу Хьэждаут, къыхуидэ закъуэмэ, Къуэнхьэблэ здишэну. Уэрам зэвыр зэпиупщIу куэбжэм щынэблагъэ дыдэм ирихьэлIэу Хьэждаут къыдокI.

Хьэждаут лIыжь фэншэ дыдэ цIыкIут, лъахъшэу, гъуру, жыжьэу укъеплъмэ, кIуэаракъэ, дахэ-дахэу ямыгъашхэ, илъэс 12–13-м итын чыцIыхъуэ щIалэжь цIыкIу фIэкIа умыщIэну.

– Хьэждаут, уэ зэхыумыхауэ ара?

– Зэхэсхащ.

– Мыбдей гуащIэу щызэрызекъуэну къыщIэкIынщ. Моуэ тIэкIу лъэныкъуэ зевгъэз жаIэ.

– СощIэ.

– НтIэ, зыбгъэхъейркъыми.

– Сыт сщIэн, зызгъэхъейуэ?

– НакIуэ, дэ Къуэнхьэблэ лъэныкъуэмкIэ зыдочри, уздэсшэнущ, унакIуэмэ.

Хьэждаут заулрэ щымащ. ИтIанэ:

– Си къуэшхэм сыт жаIэн? – жи.

Шу жери:

– Ялъыгъуазэ. Я Iуэху зытетыр къащIэ. Ауэ укъагъанэрэ – умыгузавэ, сэ узигъусэнщ, сыщытIысым утIысынщ, сыщыгъуэлъым угъуэлъынщ. Си гъусэу унэкIуэнумэ, зыгъэхьэзыри къыдэкI, зумыгъэгувэжу.

Хьэждаут, абы зыри пимыдзыжу, IуигъэзыкIри дыхьэжащ. Шу хэплъэу щытщ.

Жангулэз пIащIэ-тхъытхъыу куэбжэм къыдожри:

– Ей, цIыхухъу! Жылэр щыIэпхъуэм гуащэм къаз егъэхъу жыхуаIэм нэхъей!.. Уэ узыхэтымрэ узэжьэмрэ къызгурыIуэркъым. Псоми дакъыкIэрыбгъэхунущ! Мы Изволык уэ зыхуэплъагъурщ сымыщIэр!

– Ари дэнэ щызэхэпха?

– Аращ псори абы зэреджэр. ХьэждаутkIэ еджэр уи закъуэщ.

– Абы и цIэр Хьэждаутщ. «Изволыкыр» Iуэхуншэхэм фIащауэ аращ. А цIэ лейр къызэрилэжьами хъыбар иIэщ...

– Иджыпсту хъыбар Iуэтэгъуэ, н-н-на!..

Шу ар къыпхуидэнт! И нэщхъыр хузэхиукIэри, и щхьэгъусэм ткIийуэ хуигъэуващ:

– Къезыгъэжьар сэракъым, – уэращ. Ауэ, къыщебгъэжьакIэ, Хьэждаут и цIэ лейр къызэрилэжьа щIыкIэр жызмыIауэ си пIэ сикIынукъым, езы Гилътыр нэф мыбдей къэувауэ щытми!

Жангулэз сыт ищIэнт? И щхьэгъусэр ицIыхужыртэкъэ!

– Хъунщ, хъунщ, жыIэ, сыт тщIэн...

Шу, тIэкIу зегъэпсчэуIури:

– ЗэманыфI дэкIаи абы лъандэрэ. Хьэждаути фIыуэ нэхъ щIалэт, кIуэаракъэ, и зэманыгъуэу къыщIэкIынт. ХьэщIэ яIэт я унэкъуэщ гуэрми, Хьэждаут хэгъэрейм ящыщу абы щыIэт. Зы ерыскъы гуэр Iэнэм къытехьэным пэплъэу щысаи ахэр Iэджэрэ. ХьэщIэхэм гъуэгуфI къызэпачати, – абы емыкIу хэлъ! – къэмэжэлIаи яхэтынт. Гупыр зэхэсщ, мэуэршэр. Яхуэмышэчыжыххэу, зэ зыр, зэ адрейр бжэмкIэ маплъэ, шхын гуэр къахьынкIэ гугъэу. Ауэ – дэнэт! Абы нэхъей, щIымахуэщи, уейщ. Мо пэш мыгъэплъам гъуэгу тета, пIыщIа, мэжэлIа хьэщIэхэр щIаубыдауэ... ХьэщIэхэри хэгъэрейхэри зэхэсщ, хущхьэ-щатэу, жаIэнури ящIэнури ямыщIэжу. Сытми, зэ зы зэман, бжэр къызэIуожри, бысым фызыр къыщIохьэ, хуэсакъыпэу IитIкIэ зыгуэр иIыгъыу. Сыту пIэрэ мыбы къытхуихьар жари, псори абы нэхъуу йоплъ. АрщхьэкIэ фызым къихьар шхынтэкъым, пэтифонт (абы щыгъуэ пэтифоныр яфIэхьэлэмэтт). Псори кIэлъыплъурэ, цIыхубзым иIыгъ пэтифоныр, сакъыпэурэ, мыпIащIэурэ, плIанэпэм дегъэзагъэ, плъастинкIэри трелъхьэри ирегъажьэ, езыри макIуэри бжэм йоувэж. И IэщхьитIыр и IэфракIэм нэс дрегъэджэрэзейри, упсэлъэнумэ къеблагъэ!.. Пэтифоныр зыуэ мэкIий, фызми абы зыкъыкIэригъэхуркъым! Псалъэр кIыхьу иришэжьащи, къэмыувыIэжыфу ирекъутэкI. ХьэщIэ тхьэмыщкIэхэр мэкIэзызри, я дзэр зэтеуэу щысщ. Зоплъыж, мэхущхьэмэщатэ. Хуэмыхьыжу, си Хьэждауту плъагъур къыщылъэтщ, пэтифоныр къипхъуатэщ, къиIэтщ, вырвырвыр и махуэу щхьэгъубжэм диутIыпщыкIри, бысым фызым моуэ ещащ:

– А, Изволык, фэ фи напэр зытефхыжыну мурад фиIэмэ, сэ си лажьэр сыт!

Хьэждаут апхуэдэу кIыхьу псалъэу зэхэзыха щыIэтэкъым. АбыкIи пщIэнт ар къызэрылыбар. Бжэр «баргъ!» жиIэу иридзылIэри къахэкIыжауэ, абы лъандэрэ а унагъуэм ялъихьэжыркъым. Ар ящыщкъым хъуанэми

хъущIэми. Зэхихыр, илъагъур игу ирихьрэ – зыри жимыIэу щысынущ; иримыхьрэ – «изволык» жиIэнурэ ежьэжынущ. «Сволочыр» мо бзэ зымыщIэм къызэрипсэлъыр – «изволыкыущ»... ЗыщIэн зымыщIэжхэм яхьри цIэ лейуэ ар езым фIащыжащ!..

Жангулэз, гузавэу:

– Хъункъэ иджы, цIыхухъу? Дауэ пщIыми, хъыбар мышуушхуэм, имыкурэ-имыбгыу, сыщIэбгъэдэIуащ. ИIэт иджы, еужьэрэкIыт...

– Сыт мыгъуэ къывгурыIуэрэ фэ фызхэм! Уэ сыт хэпщIыкIыр хъыбарыр кIыхьу щIэзыукъуэдийм? СщIэркъым сызэрыщытыр... Си къуажэжь... си унэжь... ГупыкIыгъуейщ... Дэ мыбы къыщыдгъэзэжынур хэт зыщIэр...

– ЫIхьы, «агъэ-быгъэм» хыхьэжащ иджы...

– Уэращ «агъэ-быгъэм» нобэр къыздэсым къыхэмыкIыххэр! ИгъащIэкIэ уи пщIыхьэпIэ къыхэхуэнкъым сэ зы меданым сызэгупсысыр... Иджыпсту пщIэрэ сигу къэкIар: ярэби, Хьэталрэ Талийрэ псэужу щытмэ, абыхэм дауэ къафIэкIа мы къакIуэу жыхуаIэ мыкIуэ-мыжэ хъунхэр?.. Аслъэным хуэдэт си щIалитIыр!

Абы хэту Хьэждаут къабгъэдохьэ:

– Си гъунэгъуфIхэ, дэнэкIэ вгъазэми, Тхьэм фыкъихъумэ! Сэ си къуэшхэм срагъусэщ.

ЯIэ зэроубыдыжхэри, зэгъунэгъухэр зэбгъэдокIыж.

Хьэждаут и къуэшхэм я гъусэу жиIа щхьэкIэ, абы зыри къелIэлIатэкъым. Гулъытэ зиIэу къыщIэкIа и гъунэгъухэри зыщхьэщигъэкIри, зигъэхьэзыру щIидзащ. КъыхэщэIукIыурэ, и гъуэншэдж дыта тIорысэр зыщикъуащ, и кIагуэ дыта нэхъ тIорысэжыр къытрикъуэжащ. Нэхъ пасэу, колхоз штабыжьым жэщ плъыру щытеса зэманым, къратри къыхуэнауэ зы фоч закъуэрыуэжь иIэти, ар къызыкъуихыжри илъэщIащ, дагъэ иригъэжыхьащ, шэ гуэрхэри абы и гъусати, ахэри къигъэIэгъуэщ, фIыуэ ятелъэщIыхьри, и гуфIакIэ жыпхэм яригуэшащ. ИтIанэ гъуэмылэ тIэкIу игъэхьэзырщ, шыгъу, мафIэдз, шейныч – ахэри къэлътмакъыжь цIыкIум иригъэзагъэри, Бахъсэн IуфэкIэ иунэтIащ.

Щхьэж и Iуэху и ужь итыжти, зыми гу лъитэххакъым къикIукI-никIукIыу псы Iуфэм Iут лIыжь цIыкIум.

Сытыт иджы абы зи Iуэху зэрихуэр? Псым икIыну арат!

ГъэщIэгъуэнракъэ, апхуэдэ гугъэ зыщIа лIыжьыр лъэрымыхьщ, уепщэмэ укIуриинуи къарууншэщ. И лъакъуэ сэмэгур илъэф мыхъумэ, дахэдахэу къыдэбзэркъым, щыщIалэм жьыуз бзаджэм иубыдауэ, и нэ ижьми илъагъу щыIэкъым, кIуэ, сэмэгур нэхъыфIыIуэщ; нэхъыфIыIуэу зылъагъу а и нэ лъэныкъуэр япэ ирегъэщри, аращ и щхьэри хуэIушэ хуэдэу къыщIыпфIэщIыр.

И насыпым кърихьэкIри, нэпкъ дыдэм тетт зы бэкхъ гуэри, бэкхъ джабэр нэхъ щIищыкIыурэ, къэбгъэтIасхъэ хъун къыфIэщIу зы пхъэбгъуфI мис а и нэ лъэныкъуэм къыфIонэ.

Куэдрэ елIэлIами, сытми, пхъэбгъур зыIэрегъэхьэри, псым гъунэгъу зыхуещI.

Бахъсэн апхуэдэкIэ упэлъэщынуи!

Ауэ, бжьыхьэти, псыр фIыуэ нэхъ цIыкIу хъуат, адэкIэ-мыдэкIи мывэ гуэрхэр къыхэпIиикIырт.

Хьэждаут куэдрэ щытащ, псым хэплъэу. ИтIанэ мыпхуэдэ Iэмал хуекIуащ: пхъэбгъум и кIапэ зырызыр мывитIым тэмэму тригъэзагъэрт, мыпIащIэу, сакъыурэ бакъуэрт, фIыуэ зытригъащIэ хъууэ зы бжэгъу

кIэмщхьэми иIыгът, япэ щIыкIэ ар быдэу псым хигъэувэрэ, иужькIэ езыр кIэлъыбакъуэу.

Апхуэдэххэурэ, зы мывэм икIмэ, адрейм кIуэурэ, Тхьэм иуха хъунти, сытми, бауэбапщэу адрыщIым къыщыхутащ.

АдрыщIыр зригъэгъуэта нэужь, Хьэждаут пхъэбгъур ауэ иридзыхри, бжэгъур щIэгъэкъуауэ заулрэ щытащ, хьэлъэу бауэу. Жьы Iурыхьэгъуэ зригъэгъуэтри, къеуз и лъакъуэр нэхъри илъэфу, хуэмурэ ежьащ. Пхъэбгъури къыздищтащ: игъуэтмэ, бгъуэнщIагъ гуэр нэху къыщекIыну арат зытриухуари, пхъэбгъур хуабжьу къыхуэщхьэпэнут, тетIысхьэнщ, тегъуэлъхьэнщ, пщIэнукъым...

Фочыжьыр зы дамэм, къэлътмакъыр адрейм фIэдзауэ, пхъэбгъур и блэгущIэм щIэлъу макIуэ ар, хуэмурэ, хуэм дыдэурэ, и лъэм имыIыгъыжу ешащ, ешами, макIуэ, зэ къызэтеувыIэрэ етIысэхмэ, къару мащIэ къыхуэнэжари фIэкIуэдыпэу, къэмытэджыжыфынкIэ мэшынэри, аращ щIемытIысэхыр. Хуэмурэ, хуэм дыдэурэ макIуэ, псы Iуфэм тIэкIу нэхъ IукIуэтын, зы чыцэ гуэрым зыхигъэзагъэу, абдеж тIэкIу зыщигъэпсэхун и хьисэпу. Мыжыжьэуи хьэцыбанэ гуэрэн къелъагъу. Ыхьы, йогупсыс Хьэждаут, абы и къуагъыр зэ зэзгъэгъуэтмэ, абдей зыщезгъэщэтэхми хъунущ; псым зыгуэр къызэпрыплъми, зыкъэзмыIэтыщэмэ, сыкъилъагъун хуейкъым.

Хьэцыбанэ гуэрэным и псэр нехьэс, фочымрэ къэлътмакъымрэ зыпщIэхех, пхъэбгъур егъэтIылъ, абы тотIысхьэжри, иджы тIэкIу седзэкъамэ зэрантэкъым щыжиIэ дыдэм, мо къарууншэр Iурех, а зэретIысэхам хуэдэу, пхъэбгъум телъ-тесу, и щхьэр къыфIэхуауэ. Махуэр щIыIэтэкъым, Бахъсэн аузым щызепщэ жьыри, къабзэрэ IэфIу гурыхьти, Хьэждаут, имыщIэжми, пырхъыжу мэжей, и унэжь щIэлъыж нэхъей.

Зы жеипэфI икIауэ, къызэщоури, зыкъещIэж, зыкъеплъыхь. Мыбдей зыщызгъэгуващэ хъунукъым, йогупсыс ар, псым пэгъунэгъуIуэщ, бийр псыхьэ къакIуэмэ, гу къыслъитэну зыри хуэIуакъым. Нэхъ сыIукIуэтыIуэнщи, моуэ зы къуэгъэнапIэ гуэр къэзгъуэтынщ, сыхуеймэ, си щхьэр къыкъуэзгъэжу, сыхуеймэ, къуэзгъэлъэдэжу.

ИкIи къегъуэт. Абдеж нэхъ зыщепхъэхри, тIэкIуи йодзакъэ. ТIэкIу зэрызигъэпсэхуам, ерыскъы гуэри зэрыщыкIуам я фIыгъэкIэ и гур къызэрыгъуэтыжауэ, увыIэпIэ ищIыну къыхиха щIыпIэр ихъуреягъкIэ къеплъыхь. Дэнэ деж тIысыпIэ ищI хъунуми, зыщигъэукIуриину нэхъ къезэгъми зрегъащIэ, – тIысурэ, гъуэлъурэ, къэтэджыжурэ. Псом хуэмыдэжу ар зэлIалIэр сыт жыпIэмэ, и фочыр зэригъэтIылъыну щIыкIэм, абы щIэгъэкъуэн хуищIынум. Сытми, икIэм-икIэжым фочри и пIэ ирегъэзагъэ, я уэрам цIыкIум къыдыхьэу бгыпэ тIэкIум къытехьэм тебгъапсэ хъун хуэдэу.

Хьэждаут хэщIапIэу къыхихар щIыпIэ зэгъуэкIт. БгъуэнщIагъ тIэкIу хуэдэр чыцэ гуэрэным хэгъэпщкIуат. ЗымащIэкIэ укIуэтэIуэмэ, бгы къуапэти, абы укъуэувапэми, псым къызэпрыплъым укъилъагъунутэкъым. Усакъмэ, абдеж мафIэ тIэкIу щыпщIи, шей щыбгъави хъунут.

ХэщIапIэ ищIар тэмэм дыдэу къыхихат Хьэждаут. Ар псы Iуфэм IукIуэтыщи хъунутэкъым. IукIуэтмэ, фIыуэ илъагъуртэкъым, дыдейхэмрэ нэмыцэхэмрэ тыншу хузэхэгъэкIынутэкъым. Мыдэ, дзэзешэхэм, инэралхэм я хабзи: бийм щапэщIэувэну щIыпIэр нэхъ пасэу зрагъэлъагъуу, ар гупсэхуу зэпаплъыхьрэ, нэхъ екIурабгъум деж зыщагъэбыдэу.

Абы пебдзых мыхъун IэнатIэ Iутащ Хьэждаут. И фочыр и пIэм иригъэзагъэу, езыми абы зригъэзэгъыжурэ кIыфI къытехъуащ. КъызэрымэжэлIари абдежщ нэхъ щызыхищIар.

АрщхьэкIэ, махуэ псом лъэуджыджа лIыжь къарууншэр щхьэхыжри, мафIэ ищIыну пымылъыжу, ауэ пхъэбгъум здытесым, имыщIэххэу Iурихащ, къыздихьа мэжаджэ IыхьэфIым тIэкIу къыгуищIыкIыу, абы егъун мурад иIами, ари кIуэрэ пэт IэщIэхужри...

Хьэждаут къыщызэщыуам жэщыр хэкIуэтат икIи хэпщIыкIыу нэхъ щIыIэтыIэ зыкъищIат. Бетэмал, егупсысащ ар, си упщIэжьыр мыбдей щызиIамэ сыт хъунт! Дауи, упщIэми и мызакъуэу, абы уэншэку и гъусэжами, зэран хъунтэкъым. Ауэ... хэтыт ар къызэрыкIа псым а къомыр къизыхынур? И щхьэр кърихащи, ари Iейкъым. Сыт иджы къыхуэнэжыр? И кIагуэжьыр и тепIэнщ, щIэлъын жыпIэмэ... Абы хэкIыпIэ иIэщ: зыми пимыупщIауэ удз хъарзынэ Iэгъуэблагъэм щыпэрыхьэтщи, нэху къызэрекIыххэу, абы и ужь ихьэнщ.

А псор гукIэ зэригъэзахуэурэ, Iурихри, нэхущ нэблэгъэху жеящ, и лъакъуэ узым къыхигъэзыхьыхукIэ, гызу, къыхэщэIукIыу, жьыр нэхъ щызэхуэсауэ къыфIэщI и лъэгуажьэтесыр иIуэту здэжейм, тIэурэ-щэрэ къызэрызэфIэтIысхьар умыбжмэ.

Къызэрыушыххэуи щIидзэри, нэху щыщ дыдэм ирихьэлIэу щабэрэ хуабэу щIэлъын ахъырзэман игъэхьэзыращ. Нэху ща нэужь, Iэкъуэшакъуэу зигъэпIиину хуейтэкъым, зыгуэрым гу къылъитэнкIэ шынэрти.

Пщыхьэщхьэ пшапэ зэхэуэгъуэм ещхьу гъуабжэрэ-сырыхуфэу нэху къыщыхъуам щыгъуэ, Хьэждаут и щIэлъын щIэрыпсым зыхигъэджэрэзэжауэ щылът, псым зэпрыплъу, дыгъуасэ къибгына и хьэблэжьым нобэ къыщыхъуну псори нэхъыфIу зэрызригъэлъагъунум егупсысу.

Махуэм тIэкIу-тIэкIуурэ зеужь. Хьэждаут маплъэри щылъщ. Игури зы гуауэ гуэрым пекъузыкI. И гъащIэ псор щыкIуа и хьэблэжьыр къыхуэмыцIыхуж хуэдэщ. Хьэблэуи къуажэуи пщIэжынкъым. Хьэдэ зыдаха пщIантIэм ещхьщ. Уэрамхэм зыри щызекIуэу плъагъуркъым. Псыми зыри къакIуэркъым. Унэхэми, хадэхэми заущэхуа, загъэщхъа къыпфIощI, зы насыпыншагъэшхуэ гуэрым пэплъэу. Зэт! Зыгуэр къэпIэтIэуаи. Ар, дауи, ХьэкIашэ и анэжьырщ. Ауэ, догуэт, ар нобэ сыт щхьэкIэ унэм къыщIэкIын хуей хъуа? Абы нэхъыжь, цIыхухъуи цIыхубзи хьэблэм дэсыжкъым. Илъэс Iэджэ хъуауи хэлъ-хэсщ, унэм къыщIэкIыркъым-къыщIэплъыркъым. НтIэ, нобэ... Догуэт, догуэт, а-а-а, нэгъуэщI щIэмысмэ-щэ, псори щхьэж и занщIэкIэ зэбгрыжамэ-щэ? Фызыжьыр унэ нэщIым къыщIанэуи? НтIэ... фызыжьыр инатмэ, «ЗыщIыпIи сыкIуэнукъым. Фэ фыкIуэ, сэ си унэ зизгъэлIыхьыжынущ», жиIэу зригъанэмэ, уэ пIэщIэгъуэкIэ ущIэпхъуэн хуеймэ, сыт пщIэнур? Апхуэдэ зыгуэру къыщIэкIынщ. Арыншамэ пэгун къиштэу псыхьэ къежьэн хуейтэкъым ар. Ауэ пхъэхьи иIыгъкъым. Къиштари зы пэгунщ. НтIэ, сыт ищIэнт? Ари изу хуэмыхьмэ, ныкъуэу ихьынщ. IэзэблэхъукIэ ихьынщ. Псы изымыф щыIэ? Псы иIэж хъунтэкъыми, нэгъуэщI мыхъуми, зэфэн тIэкIу ихьыну къежьащ. АдэкIэ-мыдэкIэ ещIэми, сыт ищIэн? Лъабэдий ищIми, емыкIуншэщ: мащIэ щIа ар къызэрыщIэмыкIыжрэ! Мес, ищхъэрэкIи зыгуэр къыщыпIэжьажьэ хуэди. Ари хэтыну? ЦIыкIущ, цIыкIу дыдэ. ЦIыкIуми, пэгунитI иIыгъщ. Псы пэгунитI ихьыфыну пIэрэ а Iейм? Лъакъуэ псыгъуэ хъужу? Ярэби, а кIэжьыбгъэр хэт и щылъхуу пIэрэ?

Сыту хъуми, Хьэждаут плъэуэ щылъурэ, фызыжьым и зы псы пэгуныр, из-ныкъуэми, дихри дэкIыжащ. Хъыджэбз цIыкIури абы къыкIэрымыхуу нэпкъым кIэрыхьэжащ, псы пэгунитIыр къытехьэлъэрэ лъэбакъуэ ичыхукIэ бгъукIэ ещIэу. А псом кIэлъыплъу, зимыгъэхъейуэ щылъ Хьэждаут абы хэту къилъэгъуащ я уэрамым зы дзэ пакIэ къыдыхьэу, хэти лъэсу, хэти мэтэцыч тесу, псори зэрызехьэу, зэрызекъуэу; пIалъэ къыхамыгъэкIыуи,

гъэблэгу ящта нэхъей, зэрыпхъуакIуэхэм я ныбэ и Iуэху зэрахуэу щIадзащ: хэт шыуан зэрилъафэу, хэт кIэструл къипхъуатэу, хэти джэд къиубыдыну щIэпхъуауэ...

А псор зи нэгу щIэкI Хьэждаут щылът, и сабиигъуэр щигъэкIуа бгыпэ дахэ цIыкIум къытехьэ бийм еуэну хьэзыру и фочыр абы тегъэпщауэ. Езыри поплъэ, мохэри зэрызехьэ мыхъумэ, бгыпэм зыри къытехьэркъым. Апхуэдэу зыкъомыфIрэ пэплъауэ, Хьэждаут зыхуей дыдэр къохъу: нэмыцэхэм ящыщ зы адрейхэм къахокIри къокIуэ, бгыпэм и курыкупсэми къытоувэ, нэрыплъэ иIыгъыуи къыщIокIри, ар зыIуелъхьэ, мыпIащIэуи Къызбрун и дыгъэмыхъуэ джабэ нэкIур зэпиплъыхьу щытщ.

Дауэ хъуми, пщIэнтIэпсыр къыпыхуу елIэлIами, Iэджэрэ тегушхуэу къэувыIэжами, (хутемыгъэхуэнкIэ гузавэу), сытми, зэ тогушхуэри, кIакхъур щIеч. Илъагъууи нэмыцэр мэджалэ. Езым «сархъ» жиIэу къуэгъэнапIэм зыкъуедзэж.

Арауи къыщIэкIынущ а къуажэм япэу даукIыхьа бийр. Хьэждаути япэу псэ щигъэнар а махуэрат. АпхуэдизкIэ псэ щабэщ ари, джэд фIигъэжатэкъым игъащIэм!

Бгыпэм тета офицерыр ялъагъуу къыщызэфIэлIэм, мо хьэлыншэжьхэр зэхэзежэнтэкъэ! Батэр ягъэшрэ шопсыр ягъауэу, «Партизан! Партизан!» – жаIэу зэрогъэкIий.

Дауэ замыщIами, мор зыхьа шэр къыздилъэта лъэныкъуэр къахуэщIакъым. Ауэ абы къримыкIуэIауи къэнакъым: гужьеяуэ заплъыхьу, шэч зыхуащIын пабжьэ гуэр къаIэщIэлъэгъуамэ, автоматыр траунащIэу... Апхуэдизыр къызэрыкIари Хьэждаут къахидза шэ цIыкIу закъуэрт.

Къуажэм къыдэнауэ дэсахэм жаIэжырт: а къэхъуам и ужькIэ нэмыцэхэр шынэрт бгыпэ цIыкIум дэкIын дэнэ къэна, гъунэгъуу бгъэдыхьэну, абдеж лагъым щIэлъ нэхъей; икIи жыжьэу зыпыIуадзырт, къыздиукIыр ямыщIэу, къауэу абдеж къыщызэтеувыIэр къаукIын я гугъэу.

Хьэждаут и къуэгъэнапIэм къуэст, адэкIэ ищIапхъэм егупсысу. Иджыпсту аргуэру сахэуэмэ, жиIэрт абы игукIэ, ей, сымис, фыкъауи сывукI – аращ къикIыр. НтIэ ар лIыгъэ? АфIэкIа щыпхузэфIэмыкIынум дыгъуасэ лъандэрэ зэбгъэкIэс къомыр сытым и пэрмэн? ЗанщIэу кIакхъум уепхъуэныр лIыгъэкъым. ШыIэ пхэлъу егупсыси... Айэ, дауи, арат тэмэмыр. Ауэ... асыхьэтым ищIапхъэм и акъыл хуэкIуэртэкъыми, зэгуэпырт.

Сытми, икIэм-икIэжым мыпхуэдэу треухуэ: зы махуэм къриубыдэу зэ фIэкIа уахэуэ хъунукъым; абы къыфIэбгъэкIмэ, укъащIэнущ. Ауэ щыхъукIэ, нобэрей нормэр кърихьэлIащи, иджы езым и щхьэ Iуэху зэрихуэ хъунущ. Шейнычыжь цIыкIум псы тIэкIу итщи, зитхьэщI хуэдэу ищIынщ, къэнар шейуэ игъавэми хъунущ... хьэуэ, хъунукъым, дзыхьщIыгъуэджэщ: къуэгъэнапIэм укъуэтIысхьэу мафIэ зэщIэбгъанэ мэхъу, ауэ Iугъуэр, Iугъуэр дэнэ пхьын? Ауэ щыхъукIэ, зэкIэ мафIэ зэщIигъэстынуи, шей игъэвэнуи къезэгъыркъым. ЩымыхъукIэ, сыт ищIэн. Мэжаджэм тIэкIу егъуащ, псы деIубурэ. Тхьэм иухауэ щытмэ, шей щигъэвэну пIалъэри зэ къэсынщ, мардэ зимыIэ щыIэкъым.

Абыхэм егупсысурэ, тIэкIуи жьэгъуашхэу щысыху, шэджагъуи хъури фIэкIыжащ. Абы хуэзэу дыгъэр зэуэ къуилъафэри, пшэ зэмыфэгъу гуэрхэр уафэм къизэрыхьащ. АфIэкIа хэмылъу уэшхми къригъэжьащ. Иджыри къэс сытым егупсысами, абы егупсысатэкъым Хьэждаут. И пщIыхьэпIи къыхэхуэртэкъым, уэших къешхмэ, дауэ сыхъуну, жиIэу. Абы щегупсысынури дапщэщыт? ХущIыхьэгъуэ щихуар иджыпстущ, Хьэждаут иIыгъ тIэкIухэри, нышэдибэ зэригъэпэща и щIэлъынри бгъуэнщIагъымкIэ елъэф,

псы нэмысын хуэдэу. Ауэ... фочыр имыгъэхъеямэ нэхъыфIтэкъэ: бгъэхъейрэ – пхутемыухуэжмэ... АрщхьэкIэ, хуей-хуэмейми, фочри игъэIэпхъуэмэ нэхъ тэмэму къыщохъури, ари нэхъ гъущапIэ гуэр деж иреупсей.

ЫIхьы, мис иджы мафIэ пщIы хъуну къыщIэкIынщ. Зэт, умыпIащIэт, зыжреIэж Хьэждаут, япэ щIыкIэ къуэплъауэ, дунейр зыхуэдэр зэгъэлъагъун хуейщ. Абы укъиплъмэ... Iугъуэр... УщIэгузэвэн щыIэкъым: уэшхыр Iуву къошх, пшагъуэ тIэкIу хуэди телъщи, шей дэнэ къэна, выщIэ зыгъэвэн мафIэ зэщIэгъэст, пфIэфIмэ!..

Хьэждаут гъурц гуэрхэр зэхуехьэс, пхъэкIэбжьэкIэ гуэрхэмкIэ къегъэтIылъыхьыжри, мафIэ зэщIегъанэ, мывэ Iэрыхуит I къехь, абдеж къыщигъуэта къэнжал кIапэжьыр къакIэщIесэжри, шейнычыр тебгъэувэ хъуну ещI. Арыххэуи, къуркъуркъур и махуэу шейр къегъавэ!

Шейр хьэзыр щыхъум, шейнычыр къыпехыж, ауэ, Iуэхуракъэ, зригъэхъуэн иIэкъым, кIурушкIэ къыздищтакъым, къыщыгъупщэри. Шейудзыр Iуэхутэкъым.

Iэбэри тхьэмпэ цIыкIу зытIущ къыпичащ, къызыпичыр зищIысми емыплъу, псы тIэкIу мащIэу дигъэжэх хуэдэу ищIри, шейнычым ит псым хидзащ. Апхуэдэу къызэригъэпэща шеймкIи арэзы хъунут. Ауэ дауэ абы зэрефэнур? НэгъуэщI Iэмал щимыгъуэтым, йогупсыс: сыпIэщIэнкъым, пщтырым и дзэр моуэ тIэкIу IулIыкIа хъуху сежьэнщи, итIанэ, сезэгъ хъуа нэужь, шейнычбыдзымкIэ сефэнщ.

И Iур игъущыкIауэ, псы хуэлIэрт. ИкIи къэмэжэлIат. Ауэ япэ щIыкIэ тIэкIу еIубамэ нэхъыфIт, щымыхъукIэ, сыт ищIэн! Мэжаджэм щIыгъуу зы кхъуей хьэли къэлътмакъым кърилъхьати, мэжаджэм егъуу, кхъуейми ебзейуэ, шейнычым хуеплъэкIыу щысщ.

Сытми, гува-щIэхами, Хьэждаут шей ефащ, кхъуейм хигъэщIышхуа щымыIэми, мэжаджэм быдэу егугъуу. ЗэкIэ хъунщ ар, щыжиIэм къэувыIэжщ, шхыну къыхуэнэжар зэпиплъыхьщ-зэпиплъыхьри, абы пщэдей зэ фIыуэ къигъэшхэжын хуэдэу къыщыхъуащ.

Ари хъарзыни, жиIащ абы игукIэ, ауэ... ПщыхьэщхьэкIэ, пшапэр зэхэуа нэужь, сакъыу сызекIуэмэ, гу къыслъамытэу псы къэсхьыфынущ. Псы сиIэмэ, шеи сиIэщ. Ауэ псыкIэ, шейкIэ зэфIэкIрэ?..

Ауэрэ жэщ хъуащ. Уэшхми щигъэтыжащ. Ауэ пшагъуэм нэхъ Iув зыкъещI, щIыIэщ. ДяпэкIэ и Iуэху зэрыхъунур дауэу пIэрэ? Тхьэм и шыкуркIэ, иджыпсту жэщхэри апхуэдизу щIыIэ дыдэкъым. Ауэ нэхъ щIыIэ зыкъищIмэ... уэлбанэ кIыхь хъумэ... Абыхэм егупсысурэ, Iурихри, къыхэIуэщхъукIкъыхэщэIукIми, нэху щыху жеящ.

Пщэдджыжьым, къызэщыуащи, аргуэрыжьу гупсысэм иIыгъщ. Пшагъуэр Iувщ. Ауэ, хэт ищIэрэ, махуэм нэхъ зыкъиужьмэ, къулъшыкъушхуэхэм нэсмэ, пшагъуэр текIыжу, дыгъэр уафэгум къиувэжмэ... Тхьэ йолъэIури щылъщ лIыжьыр: «Яллыхь, яллыхь...» Хьэждаут иджыпсту зыщIэлъэIур зыщ: дыгъэр къыщIэщыжыну. Аращ псори зэлъытар, Хьэждаут мыбдей щIыщылъыр... Пшагъуэр темыкIыжмэ, Бахъсэн зэпрыплъыфынукъым, Бахъсэн нэси илъагъунукъым. Ауэ... зиукъэбзыжмэ...

Сытми, къулъшыкъушхуэм нэблэгъауэ, пшагъуэри текIуэтыжщ, нэхъ нэхуи къэхъужри, мыгувэу дыгъэри Хьэждаут гуапэу къыжьэхэпсащ. Иджы сыт абы псом япэу ищIар? ФочымкIэ зидзащ. Зидза щхьэкIэ, къыжьэдимыкъуэжу хъуакъым: епIэщIэкIыIуэри, псынщIэIуэу зигъэхъеягъэнт, и кIэнтIыIур пиубыдыкIащи, игъакIуэркъым. Сытми, епIыркъ-ешыркъми, фочыр къищтэщ, зыши игъакIуэри, щэIуурэ гъуэлъри, фочыр нэхъ тэмэму

зеригъэтIылъыным, нэхъ Iэрыхуэу зэриубыдыным хэтурэ, куэдрэ елIэлIа нэужь, гъуазэм ириплъэу щIидзэмэ...

Япэ щIыкIэ Хьэждаут и фIэщ хъуакъым. И фIэщ щымыхъум, и нэм щIэIуэтыхьу щIидзащ. АрщхьэкIэ, и нэр игъэузыжыху щIэIуэтыхьа пэтми, зыри къикIыртэкъым: пшагъуи телъыжтэкъым, дыгъэри къепсырт, ауэ Хьэждаут иджыпсту илъагъур икъукIэ нэхъ мащIэт, иджыпсту абы дежкIэ адрыщIыр щыIи-щымыIи, я уэрамри бгыпэ цIыкIури аркъудей илъагъужыркъым, пшагъуэм щIигъэна нэхъей...

– А изволык! – къыхэкIиикIащ ар, игъэкъуаншэр езым имыщIэжми.

Хьэждаут къэуIэбжьат икIи къэгужьеят. Ар пэжмэ... Сыт иджы абы къыхуэнэжыр?.. Зэт, хуэмыху, Iэжьэкъур иумычыт. Зэ зэтеувыIи гупсысэ.

ИкIи Хьэждаут къигупсысар мыращ: хэт ищIэрэ, си нэр зэтепIауэ зыкъомрэ сыщылъынщи, сызэрыщытауэ сыхъужмэ... Абы зэхихат нэм ущIэIуэтыхь зэрымыхъунур. ЗэтупIэмэ, нэм зэрызигъэпсэхуми щыгъуазэт. И нэр иуфIыцIри, гъуэлъащ, и щIыбыр дыгъэм хуэгъэзауэ.

Апхуэдэу зыкъомыфIрэ щылъащ. ИтIанэ, мис иджы хъунщ щыжиIэм, и нэр къигъэплъэжащ, псымкIэ, къуажэмкIэ плъэуэ щIидзащ. АрщхьэкIэ, сыт хуэдизрэ емылIэлIами, нетIэ хуэдэ къабзэу, уэрамри бгыпэри илъагъуртэкъым...

Мис абдежщ Хьэждаут щыгужьеипар. Ар икIи ауэ къызэрымыкIуэу щIегъуэжат: ар ищIатэмэ, дыгъуасэ мобыхэм тIэурэ-щэрэ яхэуэнти, хэт ищIэрэ, нэгъуэщI гуэрхэри яхиукIыкIынкIэ хъунт...

Жьым ириуду къарууншэми, и щхьэр уназэу мэжалIэми, и Iур игъущIыкIауэ псы щхьэкIэ лIэми, Хьэждаут и щхьэр иджыри тэмэму лажьэрт. ИкIи абы псынщIэу къыгурыIуащ мыбдеж зыщIыщиIэжьэжын щхьэусыгъуэ зэрыщымыIэжыр, икIи адэкIэ ищIэнум егупсысу щIидзащ.

Пшапэр зэхэуэху зыбгъэхъей хъунутэкъым: Хьэждаут езым имылъагъу щхьэкIэ, зэрыпIэтIэуэххэу, адрыщIымкIэ къиплъым ар къалъагъунут. Ауэ щыхъукIэ, къэнэжыр зыт: зиIэжьэн хуейт.

Пшапэр зэрызэхэуэу, Хьэждаут, Къызбрун жьэгъур иIыгъыу, хуэмурэ кIуэ-пщыуэ щIидзащ, ВыщхьэфIэч нэсу, Къызбрун щхьэдэхыу, Дыгулыбгъуейк1э игъэзэну. Я благъэ а къуажэм дэсти, абы зэ нэсмэ... Хьэждаут иджы зыри иIыгътэкъым, и фочыжь закъуэм фIэкIа. Ари, къехьэлъэкIырти, къыздищтэнутэкъым. Ауэ – е хьэщ, е дыгъужьщ – хэт ищIэрэ... Къыздищтами, щыкIэрыхуар езыми имыщIэжу, фочри кIэрыхуащ. Езыри, пщыурэ, сытми, и псэр пыт къудейуэ, Тхьэм ещIэ ар здынэсар, и къарур иухщ, джалэри...

АрщхьэкIэ, Хьэждаут и псэр абдеж щитыну Тхьэм иухатэкъыми, Дыгулыбгъуей щыщ лIыжьитI, гъэсынышэ къэкIуауэ, шокъу жиIэу кърихьэлIащ, мо дэхуэхар къаIэтщ, гум иралъхьэри, унэм здашащ. МахуитIкIи-щыкIи плъыржьэру хэлъауэ, Хьэждаут, сытми, зэ зыкъищIэжри, и Iуэху къызэрекIуэкIар бысым хуэхъуа унагъуэм яхуиIуэтащ. Абы къарикIуаращ: езыр Дыгулыбгъуей щыхьэщIэу, Хьэждаут и хъыбарыр Ислъэмей нэсащ.

И хъыбарыр япэ къища щхьэкIэ, Хьэждаут езым зыкъигъэхъей мыхъуу Дыгулыбгъуей щыIащ, и къуажэм бийр дахужыху.

КъэкIуэжа нэужь, Хьэждаут куэд икIужакъым: ныбафэкIэ щIы щIыIэм зэрыхэлъам кIуэцI уз хихри, мазитI къудейщ зэрыпсэужар.

Ауэ Хьэждаут зэи мыкIуэдыжын щIэин къызэринэкIащ: бийр къызриудыхауэ щыта бгыпэр цIыкIуми, ислъэмейдэсхэр нобэми абы зэреджэр «Хьэждаут и Iуащхьэщ».

## ЖьанIэ



# «Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ редактор Щомахуэ Амырхъан къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу

*Щыпсэуа зэманым зыдезыгъэкIуу къэгъэгурыкIуахэм ящыщт 1910 гъэм Къаншууей Ищхъэрэ (Курп Ищхъэрэ) къыщалъхуа Щомахуэ Амырхъан. Ар къызыхэкIар езым и дуней тетыкIарами, Iэдэбу, хьэл-щэн зэпIэзэрыт иIэу зэрыщытарами, и тэмакъкIыхьагъкIэ къихьами, зэманыр къызэрыгурыIуэн акъылрэ щIэныгъэрэ зэрыбгъэдэлъами – сытым кърикIуами, Амырхъан и Iуэхур хъу зэпыту къыщемыкIуэкIа къэхъуауэ къыщIэкIынкъым. Ар Iейтlэ? Апхуэдэ цIыхум уехъуэпсэн хуейуэ аращ.*

*УщIехъуэпсэни бгъэдэлът абы: щIэныгъэ иIэт, гъащIэм зыдригъэкIуфырт, къыхуагъэфащэ лэжьыгъэ IэнатIэхэр сыт хуэдизкIэ зэщхьэщыкI пэтми, ар псоми дэгъуэу хэзагъэрт. Къуажэ школри, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр техникумри, институтри зэригъэкIэса нэужь, Щомахуэр езыр егъэджакIуэ, итIанэ еджапIэм и унафэщI мэхъу. ДэнэкIэ игъазэми, и пщэ къыдалъхьэ къалэныр тэмэму зыгъэзащIэ адыгэ щIалэм и лэжьыгъэм хуэфащэ гулъытэ имыгъуэтуи къанэркъым: зи ныбжьыр илъэс 28-рэ фIэкIа мыхъуа Щомахуэ Амырхъан 1938 гъэм ягъэув адыгэбзэкIэ къыдэкIыу щыта «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым и редактору. ИтIанэ Щомахуэр ягъакIуэ партым и Бахъсэн райкомым и япэ секретару. Нэхъ иужькIи абы къулыкъу IэнатIэ зыбжанэ зэблихъуащ: политикэмрэ щIэныгъэмрэ гъащIэм щып-*

*хыгъэкIыныр зи къалэну щыта «ЩIэныгъэ» обществэм, ди тхылъ тедзапIэм я унафэщIу, республикэм щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и министру, «Къэбэрдей пэж» газетым и редакторым и къуэдзэу лэжьащ.*

*Ауэ, а псоми нэмыщI, дэ Щомахуэм пщIэ лей щIыхуэтщIын щхьэусыгъуэ диIэщ: Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым 1958 гъэм къыдигъэкIыу щIидза ди «Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ тхьэмадэу щытар Амырхъанщ. Шэч хэлъкъым «Iуащхьэмахуэр» адыгэ лъэпкъым, ди щэнхабзэм махуэ тхуэхъун папщIэ Щомахуэм IуэхуфI куэд зэрилэжьам – абы и зэманым журналым къешэлIа хъуат жыджэру ди литературэм хуэлажьэ тхакIуэ нэхъыжьхэри а лъэхъэнэхэм къызэщIэрыуауэ щыта творческэ щIалэгъуалэри.*

*Журналым и гъуэгуанэр дахэ, узыншэ хъун папщIэ, абы лэжьэгъу ищIа тхакIуэ, журналист, критикхэм я фэгъу щIалэ Iэзэхэм хуэдэхэр гъуэтыгъуейт: Шэвлокъуэ Петр, Мысачэ Петр, Шырыт Хъэтызэ, КIурашын БетIал.*

*Журналым и унафэщIу щытыныр ауэ сытми пщэрылъ къыщащIатэкъым абы – Амырхъан тхэным зэрызрипщытрэ куэд щIат. Критик Сокъур Мусэрбий зэрыжиIэу щытам тепщIыхьмэ, и ныбжьыр илъэс 18-м иту Щомахуэм и япэ усэ газетым къытехуащ. ИтIанэ, илъэситI-щы нэхъ дэмыкIыу, Амырхъан и усэхэр къытрадзэ «Япэ лъэбакъуэ» альманахым.*

*Амырхъан гъащIэм, зэманым тэмэму зыдригъэкIуфу зэрыщытам и нэщэнэщ абы пасэу гу зэрылъитар адыгэ литературэр нэхъ зыхуэныкъуэ Iуэхугъуэхэм: сабийхэм яхуэтхэным хуэфащэ гулъытэ зэримыгъуэтым. КъыжыпIэ хъунущ а ныкъусаныгъэр гъэзэкIуэжыным япэ дыдэу зезыпщытар Щомахуэ Амырхъану. Дыгъуасэ еджакIуэу, егъэджакIуэу щыта, иужькIэ гъащIэм и курыкупсэм хэту, цIыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэ-зыщIэупщIэхэр зылъагъуу къекIуэкI адыгэлI набдзэгубдзаплъэм и къалэмыпэм куэду къыщIэкIыу хуожьэ сабийхэр зэрагъэIущ, Iейр зищIысымрэ фIыр зыхуэдэмрэ цIыкIухэм зэребгъэлъагъун усэхэр. Ауэ щыхъукIи, Амырхъан сабийхэм я нэм щIиIуркъым баштекъузэ гъэсэныгъэ «гъущэр».*

*Сыт хуэдэ хьэл-щэн мыхъумыщIэм темытхыхьми, Щомахуэр сабийхэм яхуэгуапэщ, яхуэбзэIэфIщ, ар абыхэм зэратехъущIыхьыр жэм лъакъуэ шкIэ иукIыркъым жыхуаIэм хуэдэущ. Шэч хэмылъу, арат езы усакIуэри сабийхэм фIыуэ къыщIалъагъур.*

*Амырхъан и гъусэу литературэм теухуа зэIущIэхэм ухэтыну школхэм е балигъхэм я лэжьапIэхэм укIуамэ, сытым дежи а зэхуэсхэм бжьыпэр щызыубыдыр Щомахуэрт – абы и сабий усэхэрат инри цIыкIури нэхъ дэзыхьэхыр. Ар IэгуауэкIэ утыкум куэдрэ щаIыгът. Дауэт-тIэ абы узэремыхъуэпсэнур? Япэрауэ, езыр гушыIэ дахэ зыхэлъ нэхъыжьыфIу, уигъэгушхуэу къыпхэтмэ, къимыдэкIэ, уи тхакIуэгъур зэрагъафIэм, зэраIэтым уэри ущIэфIыкIмэ... ПцIы щхьэ упсын хуей, Амырхъан и гъусэу уежьамэ, уи пщIэри нэхъ ин хъуауэ, уи щхьэри нэхъ Iэтауэ къэбгъэзэжырт.Сабийхэм я закъуэкъым Щомахуэ Амырхъан зыхуэтхэу щытар – абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ публицист тхыгъэхэр, рассказхэр, повестхэр, пьесэхэр, романхэр. Абы зэридзэкIащ нэгъуэщI усакIуэхэм я тхыгъэ куэди. Дауи, а псори къалъытащ Щомахуэ Амырхъан 1949 гъэм СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым щыхагъэхьэми, абы а гъэ дыдэм ди республикэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэр къыщыфIащами. А псори гурэ псэкIэ къилэжьащ зи къалэмыпэм тхылъ тIощIырыпщI нэс къыщIэкIа, абыхэм ящыщ куэд,*

*Мэкуурэ Налшыкрэ я мызакъуэу, нэгъуэщI къалэхэми къыщыдэзыгъэкIа Щомахуэ Амырхъан.*

*Шэч къытетхъэркъым, ди лъэпкъ литературэми хэлъхъэныгъэшхуэ хуэзыщIа, лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъуауэ къыдэкI «Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ редакторуи щыта, ар гъуэгу тэмэм тезыгъэува Щомахуэ Амырхъан и фIыщIагъэхэр зэрымыкIуэдынум. Езыр 1988 гъэм дунейм ехыжами, апхуэдэ цIыхухэм я цIэр щэнхабзэми щIэныгъэ Iуэхухэми къыхонэ, ахэр ящыгъупщэжи хабзэкъым.*

## ЦIЫКIУХЭМ Я НЫБЖЬЭГЪУШХУЭТ

20–30 гъэхэм япэ лъэбакъуэхэр зычу щIэзыдза ди лъэпкъ литературэм зиужьын, абы жанр зэмылIэужьыгъуэхэр щызэфIэувэн папщIэ, тхакIуэ гупыфI диIэн хуейт. Мис а гупым ящыщ зыуэ къэуващ Щомахуэ Амырхъан.

ЗылI къигъэщIэни къэзыгъэщIа, тхыгъэ мымащIи къызэзынэкIа Щомахуэм литературэ жанр гуэри игъэхамэу щытакъым. Ауэ, ди критикэми пасэу гу зэрылъитащи, абы нэхъ къехъулIэр сабийхэм папщIэ итх усэхэрт. ПцIыи хэлъкъым: абы еджакIуэ нэхъыщIэхэм яхуитхахэращ зи фIыщIэр Щомахуэм ди литературэм и тхыдэм щиубыд увыпIэр.

Лъэхъэнэ гугъум, пыIэзэфIэхь зэманым техуат Амырхъан и сабиигъуэр. ЩIалэ цIыкIум и ныбжьыр илъэсиплIым иту арат Герман зауэжькIэ зэджэу щытар къыщыхъеям. Мыгувэу абы къыхыхьэжат кIэдетхэмрэ бэльшэвичхэмрэ я зэрызекъуэ-зэрызехуэр. Зэм зы лъэныкъуэр тепщэ хъурти, адрейр иригъэкIуэтырт. Куэдыщэ дэмыкIыу, тепщэу щытахэр бзэхыжырти, модрейхэр къыкъуэкIыжырт. АпщIондэхункIи мыхьыр зыхьыр, зи гъащIэмрэ зи псэукIэмрэ кIуэ пэтми нэхъ хьэлъэ хъур цIыхубэрт.

Амырхъан илъэсипщI ирикъуат япэ дыдэу къуажэ еджапIэм (а гъэм къызэIуахагъащIэм) и бжэщхьэIум щебэкъуам. Ауэ кIасэу еджэн щIидзами, ар ящыщт Хэку зауэшхуэм и пэ къихуэу щIэныгъэ нэхъ куу зэзыгъэгъуэта ди тхакIуэхэм.

Щомахуэ Амырхъан и псалъэмрэ и IуэхущIафэмрэ зэтехуэрт. ГъащIэжьым и щIыб хуигъазэри, ар гъащIэщIэм гурэ псэкIэ еувэлIат. ИкIи ар зыкIи щIихъумэртэкъым. Обществэм къыщыхъу, къэралым щекIуэкI къэхъукъащIэхэр и щхьэ Iуэхум къыгуихыртэкъым абы. Апхуэдэурэ, Амырхъан йосэ лъахэм, къэралым къыщыхъу Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм езым и псалъэкIэ пэджэжыфу. «Зауэ зэман къудейр уигу къэбгъэкIыжыну ирикъунщ. Хэку зауэшхуэм и зэманым, ди республикэр зэрыпхъуакIуэ фашистхэм щаубыдам щыгъуэ, Щомахуэм адыгэбзэкIэ къыдигъэкIыу щыта листовкэхэр бийм иубыда ди щIыналъэм кхъухьлъатэкIэ щызэбграпхъырт, фашистхэм пIалъэкIэ япэщIэхуа ди цIыхухэм пэжыр ящIэн, я щхьэр ямыгъэщхъыу, къимыкIуэту бий къанлым ебэнын папщIэ. ЦIыхубэр бэнэныгъэм къыхуэIэтыным хуэщхьэпэт тхакIуэ гуащIафIэм и псалъэ Iущхэр, а зэманым абы и къалэмыпэм къыщIэкIа усэхэр», – дыкъыщоджэ критик цIэрыIуэ Шэвлокъуэм Щомахуэм триухуа тхыгъэм.

Зауэм и ужькIэ, 50–60 гъэхэм, ди къэралышхуэм къыщыдэкIащ тхылъ куэд – усэ, рассказ, повесть, роман жыпIэми. А псоми, зэгурыIуа нэхъей, темэ нэхъыщхьэу тIу пхрыкIырт: зауэ блэкIамрэ абы и ужькIэ ди цIыхур зыпэрыува и мамыр IэнатIэмрэ. Ар дыдэр щыболъагъу ди лъэпкъ литературэми, Щомахуэ Амырхъан дежи. Апхуэдэщ а зэманым къриубыдэу Амырхъан къыпкърыкIа тхылъхэр: «Унэ нэху, «ЩIалэгъуэ», «Рассказхэмрэ очеркхэмрэ», «Колхозыр мафIэ лыгъэм щыхэтам», «ПсыкIэху и Iуфэм», «Тэрч Iуфэ къыщищI пшэплъ», «Бгырыс шухэр».

Сыт щыгъуи тхакIуэм и нэIэ нэхъ зытетыр цIыху къызэрыгуэкIхэрт, зи гуащIэдэкI хьэлэлкIэ бэм къахэжаныкI лэжьакIуэ псэемыблэжхэрт, и художественнэ тхыгъэхэм къадэкIуэу, Щомахуэм итхащ зи лэжьыгъэ хьэлэлкIэ ди республикэми, абы и гъунапкъэхэм адэжкIи къыщацIыхуауэ щыта цIыху телъыджэхэм ятеухуа очеркхэр. Абыхэм ящыщщ Бгъэжьнокъуэ Музэбир, Балъкъэр Тимошэ, Аттоев Сэлихь сымэ ятеухуахэр.

Псом хуэмыдэжу Щомахуэ Амырхъан зыхуэIэижьыр сабийхэм, еджакIуэ цIыкIухэм яхуэгъэза усэхэрт. ИкIи абы езым и щхьэусыгъуэ иIэжщ. Сэ ар зыхэслъагъуэр Амырхъан и цIыхущIыкIэрт. ФэрыщIыгъэ мыхъуу, гуапагъэ зыхэлъ цIыхурщ, цIыху хьэлэлырщ сабийхэм я псэм дыхьэн тхыгъэ къызыпкърыкIынкIэ хъунур. Амырхъан апхуэдэ цIыхут.

Сабийр къабзэщ. Игури фIымрэ дахэмрэ хузэIухащ. Зэхебгъэхри занщIэу къепхъуатэ. Ауэ щыхъукIэ, усакъыпэурэ къыхэхыпхъэщ сабийм зэхебгъэхыну дэтхэнэ зы псалъэри. АбыкIи зэфIэкIыркъым. Сабийм унафэ хуэпщIкIэ, мыпхуэдэу щыт, мопхуэдэу ущымыт жепIэкIэ, ар бущиифынукъым. Хэбгъэзыхьмэ, ныбжьыщIэр нэхъ къэзыгъэгубжьу, нэхъ къэзыгъэлыбу щыIэр сыт жыпIэмэ, ар – ущие гъущэрщ. Ауэ щыхъукIи, сабийр умыгъасэу, езыр-езыру сэнукъым. Сыт къэнэжыр? Iэмал хуекIуауэ, Iэзагъэ хэлъхьауэ, ныбжьыщIэр къыдэхьэхын хуейуэ аращ: сабийр къыщодэIуэнур абы жепIэр фIэхьэлэмэт щыхъум дежщ. Армырауэ пIэрэ Щомахуэм и усэхэр сюжетнэу щIыщытыр? УсакIуэм зы хъыбар гуэр къиIуэтэж хуэдэу кърегъажьэри, хиша цIыкIухэр сюжетым зэрызиукъуэдий щIыкIэм дехьэх. Мис, псалъэм и хьэтыркIэ, «Хьэндрабгъуэ» усэр зэрыгъэпсар. «Сыту дахэ хьэндрабгъуэр, СлъагъухункIэ согъэщIагъуэ», – жеIэ япэ щIыкIэ Таужан, хъыджэбз псэ щабэ цIыкIум. Арыххэу, авторым ди нэгу къыщIегъэхьэ мыпхуэдэ теплъэгъуэ: «ЗагъэпскI цIыкIухэм, гуэлым хэсу». ЗызыгъэпскIхэр мэгуфIэ, мэдыхьэшх, псыр зраутх... Абдей къыщыхута хьэндрабгъуэми псы лъоIэс, ар псыф мэхъу, икIэм-икIэжым, и дамэхэр хузэблэмыхыжу, псы хохуэ. ПсэзэпылъхьэпIэм хэхуа хьэндрабгъуэр «Таужан мапхъуэри къыхех». Абы йоIэзэ. Ар зэригъэгъущыжын Iэмал къелъыхъуэ. Дыгъэ къыщытепсэм, хьэндрабгъуэр «псынщIэ дыдэу мэгъущыж». УсакIуэм иукъуэдия хъыбарым зыкъомрэ фIэгъэщIэгъуэну къыщIэдэIуа сабийм, икIэм-икIэжым, мыпхуэдэ ущии зэхебгъэх мэхъу:

*– Ирепсэу, – жи, – сыт псэущхьи,*
*Ягъэдахэу мы дунейр:*
*Лъатэу щыти къэзыкIухьи,*
*Псори, псори, псэун хуейр!*

Мы усэм къыщыIуэтар къэхъукъащIэ жьгъей дыдэ гуэрым теухуа хъыбари хуэдэщ: цIыкIухэм гуэлым зыщагъэпскI, абы ехутылIа хьэндрабгъуэр псыф мэхъу, псым хохуэ; хьэндрабгъуэм къыщыщIар зигу щIыхьа хъыджэбз цIыкIум къелъыхъуэ мо гуащIэмащIэ дахащэр къызэрыригъэлын Iэмал... А щIыкIэм тету, ныбжьыщIэм деж нэхьэса мэхъу, ди жагъуэ зэрыхъущи, иджыри куэдрэ-куэдрэ литературэм нэхъ темэ хьэлъэ дыдэу къыхуэнэну фэ зытет Iуэхугъуэм – экологием, нэгъуэщIу жыпIэмэ, цIыхумрэ ар къэзыухъуреихь дунеймрэ я зэхущытыкIэм, ехьэлIа гупсысэ узыншэр.

Апхуэдэу гъэпсащ «Сабий псоми – мамырыгъэ!» усэри:

*Дякум дэлъым ныбжьэгъугъэ,*
*Хъунукъым дунейр шэ зекIуапIэ,*

*ЩыIэщ щIылъэм мамырыгъэ,*
*Абы нэхърэ сыт нэхъ лъапIэ!*

Бетэмал! Сыту фIыт апхуэдэ гупсысэхэр я лъым хэт, я псэм щыщ хъуауэ дэ къытщIэхъуэ щIэблэхэр къэтэджатэмэ! Зэман кIэщIым къриубыдэу мы дуней дызытетыр къыпхуэмыцIыхуж хъунт! Сыту жыпIэмэ, нобэ телеэкраным щилъагъум фIэкIа зымыщIэм дежкIи гурыIуэгъуэщ цIыхур щIыуэпсым (природэм) зэрыхущытымрэ (зы лъэпкъыр) адрей лъэпкъым зэрезэгъымрэ тэмэму зэфIэха мыхъуамэ, къинэмыщI псори зэрыщхьэгъэпцIэжыр. Щомахуэ Амырхъан и творчествэм щыболъагъу апхуэдэ проблемэ абрагъуэхэми сабийм, ныбжьыщIэм къагурыIуэн бзэкIэ утепсэлъыхь зэрыхъур, уи Iэзагъэр къыпекIуэкI закъуэмэ.

ИтIанэ.

Сабийм уи нэщхъыр зэхэлъу уепсалъэ хъунукъым. Абы нэхъ хэзагъэр укъыпыгуфIыкIыу ущепсалъэрщ. Щомахуэм ар фIы дыдэу ищIэрти, гушыIэр куэдрэ Iэпэгъу ищIырт. Апхуэдэ Iэмал Амырхъан хуемыкIуатэмэ, абы и усэ куэдыкIейр шхыдэ гъущэм пэгъунэгъу хъуну зыри хуэIуатэкъым, псом хуэмыдэжу емыджэфыр, хуэмыхур, сэхъуар, игъэфIащэурэ и анэм игъэунэхъуар, н.къ. щIэнэкIалъэ щищIхэр.

Щомахуэм фIыуэ къыгурыIуэрт сабийхэм уахуэтхэныр IэщIагъэ гугъу дыдэу зэрыщытыр, абы узэрыхэзэгъэнуи зы Iэмал фIэкIа зэрыщымыIэр – уегугъуу, уелIалIэу уи Iэзагъэм щIэмычэу хэбгъэхъуэныр. Мис езы Амырхъан абы теухуауэ жиIар:

«Нобэрей щIэблэр дыгъуасэрейм хуэдэжкъым, абы нэхъ псынщIэу зеужь, и зэхэщIыкIыр инщ, куэдым гу лъетэ, куэд къыгуроIуэ, куэди хузэфIокI, фIымрэ бзаджэмрэ зэхегъэкIыф, хъуари мыхъуари къыбжиIэфынущ. Абы къыхэкIыу щIэблэм хуэтхэ усакIуэми тхакIуэми я пащхьэм къалэныщIэ къоувэ. А къалэнри абыхэм я Iэзагъым, я щIэныгъэм хагъэхъуэн, гъащIэм нэхъ быдэу зыпащIэн, сабийхэм я дунейр, я псэукIэр нэхъыфIу зрагъэщIэн Iуэхурщ. Уеджэным, нэхъыбэ зыщIэм уеупщIу умыщIэр зэбгъэщIэным, цIыху Iущхэр чэнджэщэгъу къэпщIыным емыкIу хэлъкъым, ауэ гъащIэм зыкъыкIэрыбгъэхумэ емыкIущ. Ар къыпщыщIынкIэ хъунущ: сиIэщ, тхакIуэ цIэ лъапIэр зызохьэ, жыпIэрэ, уигу зэгъауэ «профессиональнэ» тхакIуэу стIолым убгъэдэтIысхьэжмэ. ТхакIуэр хэтын хуейщ гъащIэм и курыкупсэм, общественнэ лэжьыгъэм, ныбжьыщIэхэм зэрахьэ Iуэхухэм».

Щомахуэ Амырхъан пщIэшхуэ къыхуащIырт тхакIуэшхуэхэм, критикхэм. Абы и щыхьэту къэпхь хъунущ Соболев Л., Пипинис В., Бычков Д., Шортэн А., Нало З., Шэвлокъуэ П. сымэ Щомахуэм и творчествэм траухуа тхыгъэхэр.

СощIэж, зэгуэрым, ди тхакIуэхэм я зэIущIэ екIуэкIыу, Кулиев Къайсын, гуфIэжу (цIыху гуапэжьтэкъэ ар езыр!), къэтэджри: «Ныбжьэгъухэ! Сэ иджыпсту запискэ хьэлэмэт къысIэрыхьащ. Мыращ абы итыр: «Къайсын, дынолъэIу къыджепIэну, Щомахуэ Амырхъан уэ дауэ ухущыт?» ИкIи, Амырхъан бгъэдыхьэри, абы IэплIэ иришэкIыурэ, моуэ пищащ: «Мис сэ Щомахуэ Амырхъан сызэрыхущытыр. Зыми щызбзыщIыну сыхуейкъым мы цIыху телъыджэр, талант зыбгъэдэлъ усакIуэр сэ фIы дыдэу зэрыслъагъур».

Щомахуэм и творчествэм пщIэшхуэ зэрыхуищIыр иужькIэ Къайсын мыпхуэдэу къыщиIуэтащ «Литературная Россия»-ми:

«Ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, щIыпIэ куэдым къыщацIыху сабийхэм я усакIуэ Щомахуэ Амырхъан. Абы фIыщэу ещIэ цIыкIухэр дэзыхьэх Iуэхугъуэхэр. Абы и лъэныкъуэкIэ Чуковскэмрэ Маршакрэ яжь Щомахуэм къызэрыщIихуар нэрылъагъущ, а усакIуэшхуэм я тхыгъэхэм ябгъэдоувэ Амырхъан и произведенэ языныкъуэхэр. Сэ Амырхъан сыщIыгъуу куэдрэ сокIуэ литературэ зэIущIэхэм. ЕджакIуэ цIыкIухэм, щIалэгъуалэм нэмыщIкIэ, зи ныбжь нэхъ хэкIуэтахэми я пащхьэ усэ дыкъыщоджэри, сэ сыт щыгъуи сфIэгъэщIэгъуэну сыкIэлъоплъ дуней гуфIэгъуэр яIэу псори Щомахуэм и усэхэм зэредаIуэм, иджыри къытхуеджэ, жаIэу Амырхъан къызэрелъэIум, унащхьэр трач жыпIэну IэгуауэкIэ къызэрыIущIэм. Ахэр дэнэ къэна, сэ си щхьэкIэ апхуэдэ зэIущIэ къэс Амырхъан и усэ куэд щIауэ сызыщыгъуазэхэм щIэрыщIэу сыдахьэхыу сыщIодэIу, ахэр си щыпэ зэхэх къысфIэщIыжу».

Щомахуэ Амырхъан КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ, орденхэр, медалхэр къыхуагъэфэщащ, цIэ лъапIэхэр къыфIащащ. Псом ящхьэжращи, Щомахуэ Амырхъан къызэринэкIа тхыгъэхэм мымащIэу хэтщ ноби тхылъеджэ ныбжьыщIэр дэзыхьэхын усэхэр.

**КЪЭЖЭР Хьэмид,**
*КъБКъУ-м и доцент.*

# ЩОМАХУЭ Амырхъан

## ДИ ХЭКУ

**Уэ ди хэкуу адэжь лъахэ,**
**Дыгъэ хуабэр зи щIым тепсэ!**
**Дунейм щыIэ уэ нэхъ дахэ,**
**ФIыкIэ зи бын къытхуэхъуапсэ!**

**ЗыпщыдгъэнщIкъым дыноплъ пэтми,**
**Дэ утлъытэу адэ-анэу,**
**Сыт хуэдизи пхуэтщIэу щытми,**
**Уэ уи щIыхуэ дэ къыттонэ.**

**ТхылъкIи гукIи къаIуэтэжу**
**Уэ уи тхыдэр дэри дощIэ.**
**Уи щIым щхьэкIэ узэуэжу**
**Зэпыпчакъым уэ гъуэгу мащIэ.**

**КъэпкIуа гъуэгум и лъэужьу**
**Сыныжь куэди итщ уи щIыгум.**
**Куэдщ чэщани, хъуа мывэжьхэу,**
**ТещIыхьауэ Iуащхьэ щыгум.**

**Хэхъуэ, гъагъэ, адэжь лъахэ,**
**Дыгъэр хуабэу зи щIыгу тепсэ!**
**Дэнэ щыIэ уэр нэхъ дахэ,**
**УтщIынщ нэхъри цIыху зэхъуапсэ!**

## ПАРТЭ ЛЪАПIЭ

Класс нэхум щIэтщ зы партэ,
ИIэу нэщIу зы тIысыпIэ.
Дэтщ а партэр класс жьантIэм.
Ар фэеплъу ягъэлъапIэ.

Зейр дэсыжккъым абы нобэ,
Ауэ дэсуи ар ялъытэ,
Дэсащ зэгуэр абы Бубэ,
Школым ищIар къуэ пэлъытэ.

Зауэ гъуэгум ар щрикIуэм
Щышынакъым и лIэныгъэм,
Здихьат абы зауэм щыкIуэм
Ди адыгэм яхэлъ лIыгъэр.

Здихьат Iэщэу хэку нэмысыр,
ЦIыху лэжьыгъэр, ныбжьэгъугъэр.
ИщIэжт абы уанэгу щIисыр,
Ар щыхэтым зауэ лыгъэм,

Псынэу къабзэу и гурыщIэр,
Зыт а щIалэм иIэ плъапIэр, -
Псэм фIэмащIэу бий хигъащIэр, -
Хъумэжыныр т и хэку напэр.

Музейм хуэдэщ унэр, къамэр
ФIэлъщ блынджабэм — лIым и Iэщэр.
ФIэлъщ сурэти, илъу рамэм,
Тхъуэжьейм тесу, щыгъыу фащэр.

Лъэпкъ нэмысыр зыхуэфащэр
Яхэтщ ноби школым щIэсым.
ЛIы лъэужьырщ хэмыгъуащэр,
КIуэдкъым ещхьу ар уэсэпсым.

## МЭШЫКЪУЭ СЛЪАГЪУХУКIЭ...

Кавказ жьэгум деж — Псыхуабэ,
Пшэм ныщIэуэу бгышхуэ щытщ, -
Ар Мэшыкъуэщ, дэркIэ нобэ
Фэеплъ уардэу ди нэгу щIэтщ.
ПыщIащ Iуащхьэм поэт тхыдэр,

**Имыхужу дигу къинар.**
**Губжьт, гузавэт а бгы задэр,**
**ТхакIуэм и псэр щыщинам:**

**Жьапщэт махуэр, уэшхи щIэту,**
**Iуащхьэм пшэхэр щхьэпрыпщт.**
**Жыг епхауэ мэзым щIэту,**
**ЗэфIэлъауэрт шыхэр, щыщт.**

**Гъуагъуэрт уафэр, зикI щIэмычэу,**
**УафэхъуэпскIым щIыр дэнэхут.**
**КIэзызт шыхэр, къуэр къигъачэу**
**Щыблэр къуакIэм къыдэуэху.**

**Уащ а махуэм псэхь фокIэщIыр,**
**ЛIитI зэхуакур зэхуапщау.**
**Уащ цIыхугур хэзыгъэщIыр,**
**Поэт гущIэм егъэпщау.**

**ЙощI поэтыр, лъыр къыпожыр,**
**ЩIыр дэгызу удзым хэлъщ.**
**Поплъэ, къэскъым хьэдэшэжыр,**
**Бгым и IэплIэм къаныр илъщ.**

**Бгы жьэгъу щхъуантIэр и пIэщхьагъыу**
**Щыжей хуэдэт, хилъэфау.**
**КъыдокI къалэм гури кIыргъыу, -**
**Къос усакIуэм деж гувау.**

**ТкIийт лъэхъэнэр — пащтыхьыгъэм**
**Ихьт вагъуэщIэу къыщIэкIар.**
**Ауэ лIакъым поэт тхыгъэр, -**
**Къалэмыпэм къыщIэкIар.**

**Сэ Мэшыкъуэ сыIуплъэхукIэ,**
**Лермонтовыр псэу къысфIощI.**
**И тхыгъэфIхэм сакъеджэхукIэ,**
**Нэхъри гуакIуэ лъахэр сщащI.**

## ЗЭРАНШУ

**Джэдхэр къакъэу, зэрызехьэу,**
**Бжыхьым, бэкхъым ныдолъей.**
**Хэту пIэрэ зэранзехьэу**
**Хьэблэ джэдхэр зыгъэлъейр?**

**Джэду хуэзэм, къеубыдри,**
**Ирегъэщӏыр ислъэмей.**
**Лъэрымыхь хуэзэм, иреудри,**
**Холъэдэжыр бэрэжьейм.**

**КъытекӀуэну нэхъ лъэщ хуэзэм,**
**Хьэ сабыру зеущэху,**
**Лъакъуэ псыгъуэр щӀэкӀэзызэу,**
**Шэхум хуэдэу и фэр поху.**

**«Хьэф, хьэф!» жиӀэу, башкӀэ пыджэу,**
**Гъунэгъухьэр къыдегъэж.**
**ЛӀыжьыр шхыдэу къыкӀэлъыджэу**
**Уэрам пхэнжым зыдедзэж.**

**Чышым тесу къыдэжамэ,**
**Псоми жаӀэ: «Мес шууейр!**
**Зэран хъунущ ар ежьамэ.**
**Ар сыт щӀалэ, а щӀыкӀейр?»**

**Школым щӀэсмэ: «Мыр сыт?» - жаӀэу,**
**ТӀысыпӀэншэщ, мэкъуейщӀей.**
**Перор хиӀуу, зикӀ мыдаӀуэу**
**Къыбгъурысыр дрегъэлъей.**

**Ныкъуэкъуэхыу мис а щӀалэм**
**И деджэгъур партэм деху.**
**Лъакъуэр щӀидзрэ игъэджалэм,**
**Игу зэгъауэ жеӀэ: «Уэху!»**

**Ауэ доскам ираджамэ,**
**ЩӀалэр мэхъур зэуэ къыкъ.**
**И урокыр имыджамэ,**
**ЖеӀэ узу и тэмакъ.**

**Псэлъэжыфу къыпхуэщӀэнкъым,**
**Дэгуи хъуауэ къыбжиӀэнщ.**
**Сыти жеӀэ, зыхищӀэнкъым,**
**Ӏэмал куэдым ар еӀэнщ.**

**«ЩӀакъуи» хъуауэ, мащӀэу хэщӀэу,**
**Доскам щӀалэр къыӀуокӀыж.**
**КъыщыщӀари къыпхуэмыщӀэу,**
**Партэм щатэу дотӀысхьэж.**

**Ауэ еджэн яухакъэ —**
**И «уз»псори мэкӀуэдыж.**

Школ уэзджынэр къеуакъэ –
Школым япэ къыщIожыж.
Унэм кIуэжу ар гъуэгу тетым,
Хамэ хадэм щхьэдолъых.
Хъуа-мыхъуами зыгуэр пытым,
ЕфыщI жыгыр, напэтехщ.

Хэт ищIэну и унэцIэр
Ди школ хабзэм щхьэдэхам?
Хэту пIэрэ абы и цIэр –
Ныбжьэгъу напэр тезыхам?

КъеупщIамэ ящибзыщIу,
И цIэ дыдэр абы Шущ.
ЦIэфIэщ джанэр сэ хуэзмыщIу
ФIэсщащ абы Зэраншу!

## НАНЭ ИТХЫНЩ УСЭ

КъыщIехуэ жьы гуапэ
Унэм, хъуауэ гъатхэ.
Исщ диваным папэ,
Мэгупсысэ, матхэ.

Дыгъэр къызэщIэплъэу
ЩIэкIащ нанэ унэм.
Джыдэр игъэпсалъэу
Пхъэ екъутэ нанэ.

Папэ и пхъур – Зинэ –
ДоIэпыкъур нанэ.
ПщэфIэн хуейщи янэр,
Къехьыр пхъэхэр унэм.

- Папэ, папэ, папэ!
Сыт уэ пщIэр, си папэ? –
ЕжэлIауэ Зинэ
ЙоупщIыр и папэ, -
НыщIэкI псынщIэу унэм,
ДэIэпыкъу ди нанэ!

Зинэ къэгубжьауэ
Мэхъущ Iэ, мэшхыдэр.
Тхэн зэпигъэуауэ,
Мэдыхьэшхыр ядэр:

- Сэ сщIэр уфIэIуэхукъэ?
Сыщысщ, согупсысэ.
Сотхыр, Зинэ, плъагъукъэ,
Сэ уэр щхьэкIэ усэ.

- БжесIэм щхьэкIэ, папэ,
Уэ зумыг ъэгусэ.
НакIуэ пхъэ къутапIэм,
Нанэ итхынщ усэ!



*Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Ботэщей къуажэм 1930 гъэм къыщалъхуащ Брат Хъэбас. Кулакхэм хабжэу ягъэкIуэда и адэ Мухъэмэд ящхъэщымытыжу къыщынэхэм, уни мылъкуи къыхуамыгъанэу зытраха Салимэт и бынитIыр зыщIигъури, щтапIэ ежьэжащ.*

*Абыхэм я къуажэм къыщагъэзэжыфар 1947 гъэращ. Сыт хуэдиз гугъуехь Iууами, къуажэ школ нэужьым, Хъэбас педучилищэм щIотIысхьэ. АрщхьэкIэ, унагъуэм защIимыгъакъуэу хъунутэкъыми, а еджапIэми зы илъэс фIэкIа щIэмысауэ къуажэм егъэзэжри, абы IэнатIэ зыбжанэ щызэблехъу. Емыджэу зэрымыхъунур къыгурыIуэрти, аргуэру Черкесск къалэм макIуэри, зэрылажьэм хуэдэурэ и щIэныгъэм пещэ. Мис а лъэхъэнэхэращ абы усэхэр, газетымрэ радиомрэ папщIэ очеркхэр, статьяхэр итхыу щыщIидзар.*

*ИтIанэ езыр радиомрэ газетымрэ щылажьэ мэхъури, мис абдежхэм Братым и къалэмыпэм къыщIокI очеркышхуэхэр, рассказхэр. Абыхэм псалъэ гуапэ хужаIэ критиккхэми, тхакIуэхэми, щIэджыкIакIуэхэми. Ауэрэ Хъэбас зрепщыт повестхэр тхынми. А жанрми абы ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрегъэхъэ. Зи зэфIэкIым хэхъуэ зэпыт, зи Iэзагъым зиузэщI тхакIуэ Братым и япэ повестхэр адыгэ прозэм и фIыпIэхэм хабжащ. Щытхъушхуэ къыхуагъэфэщащ «Хъэрхъупыр къыщыджэкIэ», «Ажэгъумэр къыщыгъагъэкIэ», «Жэщ гугъухэр», «Лъагъуныгъэм и фэеплъ», нэгъуэщIхэми. Абыхэм ящыщхэри хэту, Хъэбас и тхыгъэ куэд къытехуащ ди «Iуащхьэмахуэ» журналми.*

*Брат Хъэбас и тхыгъэхэр щызэхуэхъэсауэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхылъ зыхыбл къыдэкIащ. Абыхэм Братым и пщIэр лъагэу яIэтащ. Мис ахэращ Хъэбас Къэрэшей-Шэрджэсым и комсомолым и саугъэтыр къыхуагъэфэщауэ, Урысейм и ТхакIуэхэми и Журналистхэми я союзхэм хагъэхъауэ, «КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащауэ щIыщытар.*

*Хъэбас 2002 гъэм дунейм ехыжами, ди лъэпкъ литературэм, щэнхабзэм щызыIэригъэхъауэ щыта творческэ лэжьыгъэфIхэр уахътыншэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым.*

# Нэхъыбэжи нэхъыфIыжи зыхуэфащэт ар

*ГукъэкIыжхэм щыщ*

Шэрджэсхэм ящыщ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ хъуауэ 2002 гъэм дунейм ехыжа Брат Хьэбасрэ сэрэ илъэс щэщIым щIигъукIэ дызэныбжьэгъуащ жысIэныр сфIэмащIэщ – зэкъуэшым хуэдэу дызэрылъэгъуащ. Дызэбгъэдэтащ. ДызэкIэлъыкIуэ-дызэкIэлъыжэу, зэрыжаIэу, ди гъуркIи ди цIынэкIи дызэрыщIэу дыкъызэдэгъуэгурыкIуащ.

ЗэмыщхьитI зэрихьэлIэркъым, жи, Хьэбасрэ абы и щхьэгъуса Валентинэрэ хуэдэу зи хьэл-щэнкIи, зи шыгъупIастэкIи, зи цIыхугъэ дахэкIи зэщхьу, зэгурыIуэрэ-зэдэIуэжу, тыншу зэдэпсэуа гъуэтыгъуейт. Iуэхур апхуэдэу зэрыщытам щымыгъуазэ куэд яхэтакъым ди тхакIуэхэми журналистхэми.

Я щхьэр сымылъагъу щIыкIэ, сэри а унагъуэм ехьэлIа хъыбарыфIхэрат Хьэбасрэ Валярэ япэ щIыкIэ къызэрысцIыхуар. ИкIи зы махуэ сыхущIегъуэжакъым апхуэдэ цIыху гъуэзэджитIым ныбжьэгъу, къуэш сазэрыхуэхъуам.

1970 гъэм и бжьыхьэпэ мазэм, «Iуащхьэмахуэ» журналым сыщылэжьэн щIэздза къудейуэ, сызыхыхьа си ныбжьэгъу щIалэхэм я фIэщуи гушыIи хуэдэу къызжаIэ:

– ЛэжьакIуэ утхуэхъунрэ умыхъунрэ зэхэдгъэкIын папщIэ, удгъэунэхун хуейщ.

– Ар дауэ? Абы щхьэкIэ сыт сщIэн хуейр?..

– Япэрей адыгэлIхэм ящIэфу щытам зыгуэр хэпщIыкIрэ?

– Зыгуэрхэми зыгуэр хэсщIыкIыу къыщIэкIынщ. Ауэ...

– НтIэ, абыхэм я лIыгъэр къызэрагъэлъагъуэу щытам щыщт тенджызхэм, псышхуэхэм зэпрыкIыурэ шы гуартэхэр къызэпрыхуныр, – сэ сыкъоIэнкун: сытыш, сыт...?

– Умыгузавэ, умыгузавэ, хуэмыху! Дэ шы гуарти къодгъэхунукъым, тенджызи узэпрыдгъэкIынукъым, – си гур фIы къысхуищIыж щIыкIэу, къыпогуфIыкI гушыIэшхуи зыхэлъррэ журналистыфIуи щыта Шэвлокъуэ Петр. – Псыжь лъэныкъуэкIэ удгъэкIуэнущ, ауэ... ущIэдгъэкIуэнур шы къодгъэхуну аракъым, а щIыпIэхэмкIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми ди журналыр яIэрохьэ. Абы щхьэкIэ мы щIалэхэми ди тхакIуэхэми тщIэращ: Черкесск докIуэри, «Iуащхьэмахуэр» ди къуэшхэм яIэрыхьэн папщIэ, шэрджэс тхакIуэхэми, журналистхэми, егъэджакIуэхэми Iэ трыдогъадзэ. Нэхъ гурыIуэгъуэу бжесIэнщи – подпискэр къызыдогъэпэщ. Уи лIыгъэр, зэфIэкIыр зэрыдгъэунэхунур Псыжь къызэпрыпхуфыну шым я куэдагъыракъым – журналым Iэ зытребгъэдза цIыхухэм я бжыгъэращ. А Iуэхур зи пщэ дэлъу емыжьа дэ къытхэткъым. КъыфIэбгъэкIмэ, я дзэ нэхъ къытхуэшу нэхъыфIу зыкъытщIагъэкъуэн папщIэ, цIэрэ щхьэрэ зиIэ ди тхакIуэхэм, журналистхэм ящыщ зыщIыдгъуурэ дыщыкIуи щыIэщ. Адыгэ куейхэм, жылагъуэхэм дащыхыхьэкIэ, ди ныбжьэгъу шэрджэс щIалэхэм гъусэ зыкъытхуащIурэ дыкърашэкI... УщIедгъэжьэнур, пщIэнур къыбгурыIуа иджы? – къызоплъ сезыгъэжьэнухэр.

Абы къыбгурымыIуэни хэлъ хуэдэтэкъым. Ауэ, пцIы щхьэ упсын хуей, сыщIрагъэжьэну Iуэхур тэмэму зэфIэзгъэкIыфынкIэ сигурэ си щхьэрэ зэтелътэкъым. Япэрауэ, апхуэдэ къалэн си пщэм зэи къыдэхуатэкъым.

КъимыдэкIэ, сызыбгъэдыхьэну хэгъэрейхэм, я тхыгъэхэмкIэ фIэкIа, зи щхьэкIэ сцIыхуу куэд яхэттэкъым. ЛIыгъэншафэ дыдэ зытезгъэуэнри сфIэемыкIути, тызодзэри Черкесск сокIуэ.

Ауэрэ гъуэгу сыздытетым сигу къокIыж илъэс зыщыплI и пэкIэ сызыхуэзауэ щыта щIалэ гуэрхэм я цIэхэр. Пэжщ, абыхэм яхэтауэ сщIэжыртэкъым сыщIэкIуэ Iуэхум хуэдэкIэ къыздэIэпыкъуфын. Сыкъезыгъэжьахэм нэхъыбэу зытрагъэчыныхьар, гъэщIэгъуэнракъэ, ди тхакIуэгъу адыгэхэм я лэжьапIэм секIуэлIэнратэкъым – газетым щылажьэхэрат къысхуагъэлъэгъуар.

Си Iуэхур къыздигъэпсынщIэну, хузэфIэкI къимыгъанэу къыздэIэпыкъуну псоми зи цIэр нэхъ къраIуэр Брат Хьэбаст. Сэ ар и щхьэкIэ сцIыхуртэкъым. Тхьэм жыхуиIар хъунщ сызыбгъэдыхьэнухэр хамэкъым, жысIэу сигу согъэфIри...

Къалэм сызэрынэсу, хьэщIэщым сокIуалIэ. ЕгъэзыпIэ сиIэ хъуати, редакцэр къызогъуэт. СызытекIухьар яжызоIэ. Гуапэ дыдэу къысIущIа щIалэхэм сэ схуэдэ лъэIуакIуэр я щыпэлъагъутэкъыми, сигу фIы къысхуащI. КъыщыщIэддзэнури, щыдухыжынури, дыздэкIуэну щIыпIэхэри къызжаIэ. Я нэхъыщхьэ Шурдым Кушыкуи, абы и къуэдзэ Мамхэгъ Шыхьбани, жэуап зыхь Багътыр Исмэхьили сыкърагъэцIыху. Шу гъусэ схуэхъунумкIэ хэгъэрейхэри къызытеувыIэр Брат Хьэбаст. Хьэбас а зэманым жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу лажьэрт.

Уи Iуэхур хъунумэ – хъарзынэкъэ?

– И чэзу дыдэу укъэсащ нобэ. Шэджагъуэ нэужьым партым и обкомым зэIущIэшхуэ щокIуэкI. Темыр Умар къызэхуешэс школхэм щезыгъаджэхэмрэ абыхэм я унафэщIхэмрэ. Сэри а зэIущIэм срихьэлIэн хуейщи, Хьэбасрэ уэрэ фызигъусэу нэхъ пасэIуэу докIуэ. Умар зыхудогъазэри... Ар пцIыхурэ? Адыгэ щIалэ бэлыхьщ. Партым и Къэрэшей-Шэрджэс обкомым и етIуанэ секретарщ. ФIэлIыкIышхуэ, пщIэшхуэ зиIэщи, абы и псалъэм ебэкъуэн къахэкIынукъым зэIущIэм кърихьэлIахэм. Адыгэ къуажэхэмрэ абыхэм егъэджакIуэу щылажьэхэмрэщ ди газетми фи журналми... «Фи» жысIэ щхьэкIэ, «Iуащхьэмахуэр» адыгэу хъуам дыдейщ. Дэ журнал щыдимыIэкIэ, ди тхакIуэхэри зыщыгугъыр фэращ. Хабзэу зэрекIуэкIщи, дауи, псом япэ Iэпэ щIэзыдзын хуейр ди тхакIуэхэмрэ ди журналистхэмрэщ. ИтIанэ, зэрыжысIауэ, егъэджакIуэхэмрэ къуажэ интеллигенцэмрэщи...

ДызэрызэгурыIуам тету, обкомым докIуэ. Кушыку Темырым деж дыщIешэ. А зэIущIэм сэ Iуэху хузимыIэми, мо сызигъусэ журналиститIыр абы щIэсын, ар зэрекIуэкIар я газетым къыщагъэлъэгъуэжын хуейти... Я гъусэу сикъыщIонэ – жаIэр зэхэсхынщ.

Сыхьэтищ-плIыкIэ екIуэкIа зэIущIэр щиухым, къигъэнапхъэхэр къыщIенэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым къикIауэ хьэщIэ зэраIэр, сызытекIухьар яжреIэ. ТIэкIуи щIигъатхъэу (си тхылъ гуэрхэр «Iулъхьэу» еста къудейт) сакърегъэцIыху. Печатыр зэрымыIуэху джэгум, партымрэ правительствэмрэ я Iэщэ лъэщу зэрыщытым, политикэр къызыгурыIуэм газетхэмрэ (псом хуэмыдэу зытрикъузэр «Правдам»-рэ «Известиям»рэщ) журналхэмрэ Iэ щIадзын зэрыхуеим кIэщIу топсэлъыхь. А псор къыщIригъэкIуэкIар гурыIуэгъуэт. Езыр ди журналым къытехуэхэм зэрыщыгъуазэр нэрылъагъуу, «Iуащхьэмахуэми» и гугъу ещI: шэрджэс тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэри абы щIэх-щIэхыурэ къызэрытехуэр и псалъэм къыхегъэщ... ЖыпIэнурамэ, пщIэншэрыкIуэ сызэрымыхъунум къежьапIэ дэгъуэ игъуэтауэ къэслъытэу, Хьэбасрэ сэрэ дыкъыщIокIыж. Абы редакцэм игъэзэжын хуейт:

екIуэкIа Iуэхум теухуа хъыбарыр традзэнут нэху дыкъекIмэ къыдэкIыну газетым.

– Пщэдей зэхудипIалъэщ, – жысIэу, сэлам есхыжыну сыщыхуежьэм:

– Уэ дэнэ уздэкIуэнур? – къысхудоплъей мо щIалэ хэщIыхьар.

– ХьэщIэщым.

– А унэжын, жыпIэр сыт? Адыгэхэм я хьэщIэр апхуэдэу кърагъэблагъэ хабзэ? – гукъанэ хэлъу къызоплъ.

– Сэ хьэщIэщым сыщIэтIысхьащ... ДызэгурыIуэри... ЗэкIэ махуитI и уаси естащ.

– Абы ущымыIэу щIэмыхъунур ахъшэ зэрептарамэ, ар сэ уэстыжынщ, – къыпогуфIыкI мор.

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ! Ауэ...– сыкъезыгъэжьа си лэжьэгъухэм къызжаIат Братхэ хьэщIэкIэ зэрыфIыр. Абыхэм урамыгъэблагъэу, я шыгъупIастэ уамыгъэшхыу къалэм укъызэрыдамыгъэкIыжыр. Абы удэкIуэтэнт, ауэ Хьэбас нэгъуэщIи къыспиубыдырт: «Жыг жьауэ дыщыщIэмыскIэ, кIэзонэ унэ ущызгъэIэнукъым. Сэ фи деж сынакIуэрэ, апхуэдэу сщIымэ, къысхуэбдэнут?» – жиIэу къыщызиубыдылIэм, занщIэу жэуап схуетыркъым: пэж дыдэу, апхуэдэу хъуамэ, сыту пIэрэт сщIэнур?

– Уэ пхуэмылэжьыну хабзэншагъэр нэгъуэщIым и деж къыщыплъыхъуэну емыкIущ, – сегъэIущ бысымым.

Ар щхьэжэ сщIыркъым: абы жиIэр пэжт. КъимыдэкIэ, Братыр сэр нэхърэ тIэкIукIэ нэхъыжьт. Хабзэ-бзыпхъэхэм нэхъыфIу зэрыхищIыкIри нэрылъагъут: редакцэм дыкъыщIэкIыным и пэкIэ, зи Iуэху зэрахуэр къызгурымыIуэу, хэгъэрей щIалэхэр зэIущэщат. КъызэрыщIэкIымкIэ, абыхэм ябзыщIар зытеухуар сэрат: я «хьэщIэшхуэр» къызэрырагъэблэгъэну щIыкIэрат.

– Аращи, узыхэмытын ухэмыт. Уи хьэщIэщ кIуэдакъым. РедакцэмкIэ дыIуохьэж. ДыздэщыIам теухуа хъыбар тIэкIур ядот. ЩIалэхэр къытпоплъэри, псори зэгъусэу ди дежкIэ докIуэжри...– щыжиIэм, нэхъри сыкъогузавэ: си закъуэу щытами зыгуэрт. Иджы щIалэ гупыр дызытеуэну унагъуэр...

Дыздежьам дынэсмэ... Пэш цIыкIуитI фIэкIа мыхъу фэтэрым цIыхур щызэрызохьэ: «хьэщIэшхуэмрэ» абы бгъэдагъэсынухэмрэ зы Iэнэ къыхуагъэуващи, къэбэрдеипщыр кърагъэблэгъэну зыхуагъэхьэзыращ жыпIэнщ.

А псор щыслъагъум, хьэкъыу спхыкIащ сыкъезыгъэжьахэм пцIы зэрамыупсар: Братхэ Хьэбасрэ Валярэ я деж щымыхьэщIа, а тIум я шыгъупIастэмрэ я гуапагъымрэ зыхуэдэр зымыгъэунэхуа тхакIуэрэ журналистрэ мы къалэм икIыжу Налшык зэрымыкIуэжар.

А хабзэм ахэр щытемытаи слъэгъуакъым я гъащIэр яухыху. Ди япэрей зэIущIэм и ужькIэ илъэсым плIэ-тхуэ дызэрымылъагъуу зэи къэнакъым. АбыкIэ жэрдэмыр нэхъыбэу къызыбгъэдэкIыр Брат зэщхьэгъусэхэрат. Абыхэм я дежкIэ зырикIт къытрадзэу ауэ сытми лъагъунлъагъу къэкIуэныр. КъыфIэбгъэкIмэ, я сабийхэри, итIанэ я къуэрылъхухэри я гъусэу. Апхуэдэу уахущымытыжуи къыпхуадэнутэкъым: загъэгусэрти, «бий укъащIырт». Арат дэри абыхэм я жагъуэ щIэдмыщIыр: зытщтэрти, зэрыунагъуэу дыкIуэрт – зы жэщ, жэщитI-щы фIэкIа дыщымыIэнуми. Ауэ адыгэхэм я хьэщIэ гъэхьэщIэкIэм теухуа хабзэхэр зэрытхъумэнми дыпылът. АбыкIэ Братхэ зедгъэщхьырт: зэрыунагъуэу дыкIуами, дымыукIытэжу драгъэсати, хьэщIэщ Iуэху зедмыхуэжу, ди унэжь дыщIыхьэж нэхъей, занщIэу декIуалIэрт ди ныбжьэгъухэм я деж, езыхэр къэкIуами – арат.



**Хьэбасрэ сэрэ ди псэлъэгъухэр шэрджэс тхакIуэхэу Шорэ Ахьмэдрэ (сэмэгумкIэ) Хьэбасрэ Мухьэдинрэщ**

А лъэныкъуэмкIэ щапхъэ дэзыгъэлъагъур, дызыдэплъейр ди ныбжьэгъухэрат.

Илъэс щэщIым щIигъукIэ щылэжьа газетми тхылъ тедзапIэми къыдэкIуэу, Хьэбас тхакIуэ IэщIагъэми хуэIэкIуэлъакIуэ хъуат. Абы и рассказхэр, повестхэр щIэщыгъуэт. Удэзыхьэхт. Езы Братыр хуэмырыпсалъэт: мыпIащIэу, жиIэм купщIэ хэлъу, узригъэдэIуэфу, литературэм, езым и мурадхэм я гугъу къыпхуищIурэ, нэху щыху ущигъэсыфынут. Ауэ щыхъукIи хэжае, лэжьапIэм къыкIэрыху иIэтэкъым. Зыхэт гупым фIыуэ къалъагъурт. АпхуэдизкIэ Iэсэт, сабырти, и жьэ ину зэщIихыртэкъыми, ар фIыуэ умылъагъумэ, гуэныхь къэпхьынт. Журналистхэр зэрыщыгъуазэщи, жэуап зыхь секретарым и пщэм газет лэжьыгъэм щыщ куэд къыдохуэ. А IэнатIэ мытыншым илъэс щэщIым нэскIэ пэрытащ Братыр. Ауэ дапщэрэ Черкесск сыкIуами, Хьэбас къыхуэмыарэзы е абы лэжьыгъэр екIурэ ещхьу имыщIыфу жызыIа срихьэлIакъым. Ауэ щыхъукIи, абы и деж цIыхуу щызэблэжым хуэдиз редакцэм щылажьэу уи фIэщ хъунтэкъым. Хьэбас а псоми щабэу, Iэсэу, зы цIыхум и жагъуэ имыщIу епсэлъэфырт. Чэнджэщ щхьэпэхэр яритырт. Хэт пцIы сигъэупсрэ, абы и цIыху хэтыкIэм, и лэжьэкIэм сехъуапсэрт.

Брат Хьэбас щыщIалэфIыр лэжьапIэм и закъуэтэкъым – ныбжьэгъухэми яхуэгуапэу, яхуэIэфIу дунейм тетт. Валярэ абырэ къэзымыцIыху, абыхэм я деж щымыхьэщIа Черкесск къалэм дэмыс хуэдэт. А тIум я фIыгъэкIэ сэри цIыхуфI куэд къэсцIыхуат. Абыхэм ящыщщ адыгэлI нэс, хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ Уэхъутэ Александр. Абырэ Братхэрэ я унагъуэхэмкIи зэныбжьэгъуу, пэжыгъэкIэ зэбгъэдэту зэрыщытам сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ. Сэри мызэ-мытIэу згъэунэхуащ Братхэ я фIыщIагъэкIэ ныбжьэгъу къысхуэхъуа Уэхъутэм и гуапагъэхэр, и хьэлэлагъыр, абы хэлъ цIыхугъэшхуэр. Абы цIыхугъэ сызэрыхуэхъуамкIэ фIыщIэр зыхуэсхьыр Хьэбасщ.

ЦIыхуфIыр тхакIуэ Iей хъу зэрымыхабзэр Брат Хьэбас дежи щынэрылъагъут: цIыху хэтыкIэ, ныбжьэгъу IыгъыкIэ зыщIэ, къысхуищIэм нэхърэ нэхъыбэ хуэсщIэжыфащэрэт жызыIэу дунейм тета адыгэлIым и

художественнэ творчествэри езым ещхьыжт. Абы и рассказ хьэлэмэтхэм, повестхэм яхэтлъагъуэ лIыхъужьхэм я нэхъыбэр Iэсэщ, сабырщ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъщ. ЖыпIэнурамэ, ахэр «зи бын» тхакIуэ Братым ещхьщ.

Зыми и жагъуэ сщIыну, адрейхэр згъэпудыну сыпымылъу къыжысIэнщи, сэ къызэрысщыхъумкIэ, Брат Хьэбас хуэдэ прозаикрэ Бемырзэ Мухьэдин ебгъэпщэн усакIуэрэ нобэр къыздэсым шэрджэс литературэм къыщIэхъуа къыщIэкIынкъым. Ауэ мыбдеж сэ къалэн зыщысщIыжыркъым а зытезгъэчыныхьыр зэрыпэжыр къэзгъэлъэгъуэн папщIэ а тIум я творчествэм кIыхьу сытепсэлъыхьыну. Ар дэгъуэу ялэжьащ Хьэбасрэ Мухьэдинрэ я творчествэр кууэ зэпкърызыха еджагъэшхуэхэу Бэчыжь Лейлэ, Хъупсырокъуэ Хъызыр, БакIуу Хъанджэрий, Пщыбий Инал сымэ, нэгъуэщIхэми. А щIалэ IэзитIым псалъэ гуапэ куэд хужаIащ тхакIуэхэми усакIуэхэми. КъимыдэкIэ, а жысIэм щыхьэт техъуэу къысфIощI Братымрэ Бемырзэмрэ я тхыгъэхэм ди дежи зэпымыууэ гъуэгу щагъуэту зэрыщытар: ахэр щIэх-щIэхыурэ къытрадзэрт ди газетхэм, журналхэм. Аркъудейкъым – Хьэбас и тхылъитI Мэзкууи къыщыдэкIат, Мухьэдин ейхэр – ди «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм.

Дауи, апхуэдэ гулъытэр къызэрахьыр тхакIуэм бгъэдэлъ и зэчиймкIэщ. Зэчийр езы тхакIуэм Тхьэм кърита фIыгъуэщ. Ауэ цIыхугъэр, гуапагъыр къыщежьэр, абыхэм гъуэгу ягъуэтыныр зэлъытар езыращ. Ахэр уэ къызэрыблэжьыфщ. А Iуэху бгъэдыхьэкIэмкIи уеплъу щытми, ди журналым и редколлегием илъэс куэдкIэ хэта Брат Хьэбас гукъанэ щIыхуэпщIын щыIауэ сщIэжыркъым – гу къабзэкIэ къыддэлэжьащ. ГуфIэгъуэуи гузэвэгъуэуи езыхэм я деж къыщыхъухэм зыхигъэныртэкъым. Дэри апхуэдэу къыдбгъэдэтт. Арат езыри гулъытэншэу зэи къыщIамыгъанэр – и гуфIэгъуэхэми нэщхъеягъуэ къыщылъысахэми. ЗэрыжаIэщи, уэ узэрыхущытым хуэдэущ цIыхур къызэрыпхущытыжынур.

Мы жысIэхэр зэрымыпсалъэ дыгъэлыр, атIэ Брат Хьэбасрэ Валярэ ящIэфу щытам и щапхъэ гуэрхэу къэсхьынт мыхэр.

1977 гъэм дгъэлъапIэрт ди критик, литературэхутэ, журналист цIэрыIуэ Шэвлокъуэ Петр къызэралъхурэ илъэс щэныкъуэ зэрырикъур. ГуфIэгъуэ Iуэхур щекIуэкI я фэтэрым къеблэгъахэм яхэтт дуней псом щыцIэрыIуэ балъкъэр усакIуэ Кулиев Къайсыни, ди тхакIуэ пажэхэм ящыщ ЩоджэнцIыкIу Iэдэми, нэгъуэщIхэри. Черкесск нэс къикIри хъуэхъуакIуэ къэкIуат Брат зэщхьэгъусэхэри. Иджыпстуи зэхэсх хуэдэщ апхуэдиз гъуэгуанэ къызэпызыча хьэщIэ лъапIэхэм ди нэхъыжьыфI Къайсын псалъэ гуапэу яхужиIар.

Ди деж щекIуэкI апхуэдэ Iуэхухэм зэи зыхагъэныртэкъым ди ныбжьэгъуфIхэм, цIыху жумартхэм. Ауэ аитIум апхуэдиз гъуэгуанэр къыщызэпачыр гуфIэгъуэ къудейхэм дежтэкъым – нэщхъеягъуэ къызытепсыха я ныбжьэгъум и гуауэр дагъэпсынщIэнуи къакIуэхэрт. КъакIуэ къудейкIи зэфIагъэкIыртэкъым – я цIыхугъэм кърикIуэ хьэлэлагъри ядэплъагъурт.

Ди ныбжьэгъухэм ящыщ гуэрым и анэ дунейм ехыжати, Хьэбасрэ Валярэ хъыбар едгъэщIащ. Арыншауэ хъунутэкъым: иужькIэ зэхахыжмэ, зыкъыпхуагъэгусэнут. Я жагъуэ бзаджэ ящIынут. Ауэрэ дыуэщIым дыздыдэсым, мыпхуэдэ дауэдапщэхэр ди дежкIэ зэрыщыдахым теухуа псалъэмакъри къохъей. Сэдэкъэр зэращIым дыщынэсым, а махуэм яукI хабзэ Iэщ бжыгъэми, абыхэм ди деж щауасэми я гугъуи дощI:

– Iэщыр ди дежкIэ щынэхъ пудщ, – жи Хьэбас. ЖиIэу къигъэнэжыркъым – ди деж зэрыщызекIуэ уасэмкIэ сэ зы IэщIэвыщIэфI къахуэсшэфынт...

– ЖыпIэр сыт? Черкесск нэс былым къипшу... – сыпэроуэ. Езыр, зэрихабзэу, хуэму, щабэу къопсалъэ:

– Черкессккъым къыздисшынур – ди къуажэ Ботэщейщ. Армыхъу ди къалэми...– щыжиIэм:

– Нэхъ жыжьэжыр аращ, зиунагъуэрэ! Тхьэм щхьэкIэ, абыхэм ухэмыхьэ. Уэ зыми емыкIу къыпхуищIынукъым. АтIэми, абы нэс Iэщ къызэрипшынур?.. – аргуэру сыпэрыуэу, и гукъэкIыр хуэзмыгъэдахэу сыщыхуежьэм, жысIэхэр зэхимых щIыкIэу:

– Напэм и емыкIур-щэ, унэжын? Дунейм ехыжа тхьэмыщкIэм и шыгъупIастэ IэфIу тшхам хьэтыр иIэн хуейкъэ? Си къуэш Фатихь и маршынэжь цIыкIу Домбай дызэрыдэкIауэ щытар иджыри зокIуэ. Дыкъэзышари аращ. Дунейр хуабэщи, Iэщыр пщыхьэщхьэм фIэдгъэжынщ. Маршынэм ипхэ тетIысхьэпIэр къитхынщ. Лыр абы итлъхьэнщи, нэхумыщхэм дыкъежьэмэ...

ЖиIам схутемыкIыу, апхуэдэуи ящIауэ сэдэкъэм къэкIуахэт. Ахэр цIыхугъэ щапхъэщ. Гуапагъэщ. Куэдым къыпхуамыщIэфын Iуэхутхьэбзэщ. Ауэ Брат Хьэбас апхуэдэхэм щхьэкIэ къикIуэтынутэкъым. ХузэфIэкIыу абы къыпхуимыщIэн щыIэтэкъым. А унагъуэ телъыджэм деж емыкIу къызэрыщыдмыхьыным дыпылът дэри: я нысашэ хьэгъуэлIыгъуэхэм, къыщалъхуа махуэ хэIэтыкIахэр зэрагъэлъапIэм иращIэкI хъуэхъухэм зыхэдгъэныртэкъым.

Моуэ иджыпсту слъагъу хуэдэу си нэгу щIэтщ Нало Ахьмэдхъан ди пашэу щIалэ гупышхуэ машинэ псынщIитIкIэ Черкесск дызэрыкIуауэ щытар. Хьэбас и юбилейуэ арати, пэшищу зэхэт фэтэрышхуэми я гъунэгъухэм яйхэми щIэмыхуэу, щIыбми Iэджэ щызэхэст. «Къэбэрдейм къикIа ди къуэшхэр», – жаIэу дэ пщIэ лей къыщIытхуащIыр нэхъыби дызэрыхъурт, псоми фIыуэ ялъагъу цIыхушхуэ Нало Ахьмэдхъан дызэрипашэрат, армыхъу гуфIэгъуэ зэIущIэм хэтт Адыгейм щыщ тхакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъи, шу гъусэхэри щIыгъуу, Карачаевск дэт пединститутым щылажьэ адыгэ щIалэ гупышхуи. Ауэ, иджыри къытызогъэзэжри, нэхъ нэлейкIэ зэплъхэр къэбэрдей хьэщIэхэрат. Iэнэм ди нэхъыжьыфI Ахьмэдхъан и цIэр къыхэщырт хъуахъуэу хъуам я псалъэхэм. Абы дришугъусэт Шэвлокъуэ Петр, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, Къэрмокъуэ Хьэмид, Тхьэзэплъ Хьэсэн, Бицу Толэ сыми, зыми зыдгъэщIалэ хуэмыхутэкъым. Ар аргуэру наIуэ щыхъуат дыкъежьэжыным и пэкIэ екIуэкIа бжэIупэ джэгуми. Ди шу пашэ, мо адыгэлI екIу, тхакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ, зи хабзэри зи нэмысри зыхъумэж Нало Ахьмэдхъан къыдэмыфэ шэрджэс пщащэм и махуэ мыгъуэу, джэгур тIэкIу кIыхь хъуауэ щытами, мыдэ нэс къыддэкIуатэу зэуэ дахэу дыкърагъэжьэжати, игъащIэкIэ ухэт хъунт апхуэдэ гуфIэгъуэ зэIущIэ...

Апхуэдэ цIыхугъэ, гуапагъэ щыдмылъагъуу зэи дыкъыдэкIыжыртэкъым Черкесск. Сэ ар зэрызгъэунэхурэ куэд щIат. Сыхэтат ди ныбжьэгъухэм я гуфIэгъуэ зыбжанэм. Ахэр къызэрызэхъулIэмкIи фIыщIэр зыхуэсхьыр Хьэбасрэ Валярэт. А тIум я цIыхугъэ дахэмкIэ къалэжь гуапагъэм щыщ сэри къыслъысу екIуэкIырт. Япэ дыдэ я унэ сыщихьам къыдыщIэдзауэ апхуэдэт. Абыхэ я унагъуэм – ирегуфIэгъуэ, иренэщхъеягъуэ – зы Iуэхуи щекIуэкIыртэкъым ди унэ икIахэр дыхэмыту. Апхуэдэ дауэдапщэхэм ухэтынри щхьэусыгъуэм щыщу, лъагъунлъагъу Братхэ дызэрыкIуэр сыт и уасэт! Абыхэ я деж ныбжьэгъу щыпхуэхъу цIыхуфI къомыр-щэ?! Апхуэдэ зэхуэсхэм, нэхъ хэIэтыкIауэ ягъэлъапIэхэм ящыщ

зыт Хьэбас илъэс щэ никъуэ зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэщауэ щыта пшыхь дахэри.

Абы щыгъуэ Валя редакцэм щылэжьэжыртэкъым – я къуитIри студентхэти, щIалэшхуэм щыгъынышхуэ, жи, – ахэр зыхуей хуэбгъэзэн папщIэ нэхъыбэ къыумылэжьу хъунутэкъыми... Хьэбас и щхьэгъусэр пщафIэу щIоувэ шхапIэшхуэ гуэрым.

– Уэ пщафIэ Iэзэ узэрыхъуар зи фIыщIэр дэращ: фыхьэщIэкIуапэти, дэ хъу-мыхъуми зыгуэр тхуэпщIурэ, IэфIу дахэу упщэфIэфу зебгъэсащ, – жысIэурэ сыдэгушыIэрт Валя.



**Шэвлокъуэ Петр, Елгъэр Кашиф, Къэрмокъуэ Хьэмид сымэ я гъусэр Братхэ Хьэбасрэ Валентинэрэщ**

– Уэлэхьи, пэжкIэ. Братхэ я нысэ щыхъуам джэдыкIэнэкъиж къудей хуэгъажьэу щытатэкъым. Си закъуэ дахэ-дахэу сыхуэгъашхэртэкъым, иджы...– си гушыIэр къыздиIыгът Хьэбас. Модрейми щIыхуэ зытригъахуэртэкъым:

– Абы щыгъуэ упщэфI хъун Братхэ фиIатэкъыми, сэ нысэ сыфхуэхъуущ, берычэтыр къыздэкIуэри...

– Уэлэхьи, ари пэж мыгъуэкIэ. Ди адэр тщхьэщымытыжу, быным нэхъыжьыр сэрауэ... – къэнэщхъейрт си ныбжьэгъур. Ауэ зи бзэри, зи ерыскъыри IэфI Валя дыкъыдихыжырт:

– Фи сабиигъуэм фымылъэгъуам хуэдэкIэ фи жьыщхьэм фызогъэтхъэжри...– жиIэу, шхын щIэщыгъуэхэр тхузэблихырт. Ар жьы зыщIэт, хабзэ дахэ зыхэлъ адыгэ бзылъхугъэ телъыджэт: и нэщхъ зэхэукIауэ, пэбжьауэу зэи плъагъунтэкъым. Ди ныбжьэгъу тхакIуэр игъэтыншт. Гуныкъуэ-

гъуэ имылъагъуу игъэлажьэрт. Нэхъыщхьэращи, игъатхэрт. Псышхуэр ин зыщIыр абы къыхэлъадэ псы цIыкIухэращ. Брат Хьбас и тхылъхэми ягъэбатэрт, ягъэбжьыфIэрт адыгэ литературэшхуэр. Ягъэдахэрт ди щэнхабзэр.

А цIыху телъыджитIым къатепщIыкIа къуэрылъхухэми ягъэбагъуэрт ди лъэпкъыр. Ауэ...

ЩIэауэращи. Братхэ я унагъуэр куэдым къацIыхуу, абыхэ я деж Iэджэ щыхьэщIэу зэрыщытар, ауэ щыхъукIэ, а унагъуэ дахэм и кIуэдыжыкIэ хъуари ящIэ. Сэри сыщыгъуазэщ абыхэм къатепсыха гуауэхэм. А лъэныкъуэм и гугъу сымыщIынуи си гугъащ. ЩIэзмыщIынур дыгъуасэ Хьэбасрэ Валярэ ядэслъэгъуа гуфIэгъуэм щхьэуназэ сищIу, иужькIэ зыхэхуауэ щыта насыпыншагъэмрэ абы кърикIуа нэщхъеягъуэмрэ къысфIэмыIуэхуауэ аратэкъым. Гу щIагъым лъы нэпс къыщIэзыгъэж а хъыбар гуауэхэр сэркIэ къэIуэтэжыгъуафIэкъым. Ар зы. КъимыдэкIэ, а псор зыщIэну зи нэ къикIыр хэт? – жызыIэнхэри щыIэнкIэ мэхъу. ИтIани, сегупсысыжри, а лъэныкъуэри мыбзыщIамэ нэхъ сфIэзахуэу... Сыт щхьэкIэ? Зи щхьэкIэращ.

Языныкъуэ щIалэгъуалэм зэхащIыхьхэм къишэ гуауэшхуэхэм адэанэхэр нэщхъеягъуэм, гузэвэгъуэм хадзэ. Бэлыхь мыухыж хэхуа адэр, анэр а уз жагъуэм ехьыж. Гъуэгу пхэнж теувэу щхьэрыуа езы щIалэгъуалэми я Iуэхур зэи фIыкIэ иухыркъым: е хокIуадэхэр, е пIалъэ кIыхькIэ лъэхъуэщхэм йохуэри, насыпыншэ мэхъухэр. Аращ къащыщIар къежьэкIэ дахи зиIа, дахэуи дунейм тета Братхи.

Зи бын жагъуэу зылъагъу адэ-анэ щымыIэми, моитIур я щIалитIымкIи нэхъуеиншэт. ТегужьеикIахэу япIат. Ягъэсат. Ирагъаджэри, езы тIум къаймыхъулIа щIэныгъэ нэхъыщхьэри ирагъэгъуэтат. ЩIалитIри зэрыцIыкIухэ лъандэрэ фIыуэ сцIыхурти, си пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым зэщхьэгъуситIри бын гузэвэгъуэм къыхаха узым ихьыжыну. Ауэ... ихьыжахэщ.

Адэ-анэм емычэнджэщу, абыхэм я нэщIыбагъкIэ щIалэ нэхъыжьыр узыхуэмейхэм япыщIа мэхъу: хьэрычэтыщIэкIэ зэджэ цIыху бзаджэхэм пэшэгъу захуещI. Псори къызэрекIуэкIам и пэжыпIэр, езы щIалэм щибзыщIакIэ, хэт ищIэн? Е щIыхуэ къытехуауэ хуэмытыжарэ, е езым и щIыхуэ зытелъхэм кърамытыжыным къыхэкIа? ЩIалэр телефонкIэ унэм щIашри... Мэбзэх. И хъыбари-шыбари щымыIэу, мэкIуэд. Хьэбасрэ Валярэ хуэдэу бынкIэ гу мыгъуэ зиIэхэм я дежкIэ ар удынышхуэт. Гу мыгъуэхэр абы гу узи йохъукI. Зи щхьэгъусэр кIуэда я нысэ щIалэр дунейм йохыж. Адэ-анэншэу къэна сабий цIыкIуищыр лIыжь-фызыжьым къабгъэдонэ. ИтIанэ илъэс зыплIытху дэкIауэ я къуэр дунейм къытохьэж. Ар жьэм къегъэкIугъуейми, къимыгъэзэжыгъамэ нэхъыфIа хъунт...

Езым зэрыжиIэжахэмкIэ (ар «къэхъужу хьэдрыхэ къызэрикIыжам» иращIэкIа тхьэлъэIуми сыхэтащ) Сыбырым яшэщ, зыгуэрхэм иращэри, гъэру мэзышхуэхэм щагъэлэжьат. КъаIэщIэкIыу къэкIуэсэжауэ жиIэжырт. Пэжи пцIыи...

Ауэ уанэ мыгъуэр тезылъхьар, Iущ мыхъуар щыгъэтауэ, илъ ищIэжыну, къраха лейр имыгъэгъуну хуежьа? Абы щхьэкIэ ахъшэшхуэ иIэн хуейуэ къыщIэкIынти, и адэ-анэм къыхузэрагъэпэщауэ щыта фэтэрыр шэсыпIэ ирелъхьэри, банкым ахъшэшхуэ къаIрех. Ар иIыгъыу унэм къыщIэкIыжауэ машинэм щитIысхьэжым (я «ныбжьэгъур» къулеижь зэрыхъуар къызэращIа щIыкIэр Iэджэми хуэпхь хъунущ) зыгуэрхэми гъусэ зыкъыхуащI, зыбгъурагъахуэри. Iэщэхэр къытраубыдауэ къалэм даху. Губгъуэшхуэ

гуэр ихьахэ нэужь, ахъшэри машинэри трах. Езыр, цIыху мыхъужыным хуэдизу, зэхэубэрэжьауэ нэхущхэм деж къокIуэлIэж. Абы Iуплъа адэ-анэм я пIэм сызижагъуэри къимыхутэкIэ. ИтIанэ «ягу фIы яхуещI»: зэман кIэщIкIэ ахъшэ бжыгъэшхуэ зыщхьэщимытыкIмэ, а къыздикIыжам нэс ямыгъэкIуэжу, Iуэхур къалэкхъэм щызэфIагъэкIыну къыжраIащ...

Апхуэдэ хъыбарым щIэдэIуахэм сыт ящIэнт? Машинэми щIалэм банкым къыIиха ахъшэм пагъэува фэтэрми пыкIахэт. Къахуэнэжыр езыхэм я фэтэрышхуэри бынунагъуэ хъуауэ хъарзынэу псэу я къуэ нэхъыщIэм ейри ящэн хуейуэ арати... Сыт ящIэнт? Къызэрагъэгугъа кхъэм намыгъэсу, Iуэхур зэтрауIэфIэ. Езыхэм фэтэр хьэху къащтэри мэIэпхъуэхэр. Абы илъэс псом хуэзэ фэтэрыпщIэр зэуэ иратын хуейуэ къыпаубыдри... ЗэщхьэгъуситIыр гузэвэгъуэм кърехужьэ.

Щэбэт махуэ гуэрым сылажьэу унэм сыздыщIэсым:

– Тэдж псынщIэу! ХьэщIэшхуэ къытхуэкIуащ! – жари ныщIолъадэхэр.

– Нэхъ сыщыхущIэмыхьэ дыдэм Ельцинымрэ Черномырдинымрэ дэнэ къиухут? – согъумэтIымэ.

– Уэ уогушыIэ. Пэж дыдэу, хьэщIэ лъапIэ къытхуеблэгъащ.

СыкъыщIэкIмэ... ПщIантIэм дэтщ Хьэбас, Валя, абыхэм ныбжьэгъу сызыхуащIа Уэхъутэ Сашэ, нэгъуэщI зы. Ари хъарзынэу сцIыхурт: моищым я гъусэу къалэ унэм щызихьэщIат. Ауэ и цIэр щIыжызмыIэр...

ХьэщIэхэм уащыгуфIыкIынтэкъэ? Унэм щыщIэтшэхэм, си Iэблэм къоIусэри, Сашэ сыкъегъэувыIэ:

– Мы гъэми уи жыг хадэр фIы? НакIуэт, сегъэплъыт, – жери шыгъуэгумкIэ срешэкI. – Узэгугъур къогугъуж, жи. Хъарзынэу къэгъэгъащ. И хьер улъагъу. НакIуэ мобы тIэкIу дыщIэгъэс, – жери пхъэбгъу унэ зыгъэпсэхупIэ цIыкIумкIэ егъазэ. Сэри хьэщIэм сыпэрыуэркъым. Дэ къыдбгъэдэсхэри къалэм къикIа ди сабийхэри абдеж щIэсати, хьэщIэхэр щалъагъум зэбгрыжыжхэри, тахътэбаным илъ тхылъхэр, журналхэр икъуухьауэ къагъэнати, ахэр лъэныкъуэкIэ изогъэкIуэтэкIри, дотIысэх. Зыгуэрхэм дытепсэлъыхьурэ, дакъикъитI-щы нэхъ дыщымысауэ, унэм дыщIохьэж.

Абыи куэдрэ дыщIэсакъым.

– Сашэ мэпIащIэ. Фытлъэгъуащи, ари хъарзынэщ,– жи Валя. Ауэ ди ныбжьэгъуитIым я нэгу хъарзынэ лъэпкъ ислъагъуэркъым. Хьэбас и щхьэр къыхуэIэтыркъым. Къэхъуа псом дыщыгъуазэкъыми, сэри сыщIэупщIэркъым.

– Апхуэдэ лъагъунлъагъу, афIэкIа фыщымысыну, дяпэкIэ фыкъэмыкIуэ, – жысIэу садэгушыIэну сыхуожьэ.

– Фэри апхуэдэу Тхьэм зэи фынимыгъакIуэкIэ, – жи къыщиуду гъын къудей Валя. Ари зыхуэсхьынур сщIэркъым.

Мохэр едгъэжьэжу сылэжьэну сытIысыжа щхьэкIэ, си Iэр зыми хэмыхьэу, мобыхэм я къэкIуэкIами я щытыкIами сегупсысу сыздэщысым:

– Дадэ! Дадэ! Мы дэ къэдгъуэтар плъагъурэ? – цIыкIухэр зэрыгъэкIийуэ, дуней гуфIэгъуэр яIэу ныщIолъадэ. Къагъуэтар къеIысхрэ сеплъмэ – ахъшэщ. Мобыхэм я кIий макъым кърижа балигъхэми я нэр къоху.

– Дэнэ къикIа?

– Алыхьым къытхуридзыхащ!– зэрызохьэ мохэр. Iуэхур сэ къыслъамыгъэсу, ахъшэр ябж.

– Сом миний мэхъу! Фэ цIыкIухэм Алыхьым уафэм къыфхуридзыхащ...

Ар «къезыдзыхар» сэ къэсщIакIэт: 1995 гъэм си юбилейм къэкIуауэ щыта Уэхъутэ Александр къыдищIэгъар сигу къэкIыжащ – си стIолым телъ тхылъым дигъэпщкIуа ахъшэр «къыткIэщIидзэри» ежьэжат.

Иджы-щэ? Зи цIыхугъэри зи жумартыгъэри зяпэ иту дунейм тет Сашэ лэжьыгъэ гуэр сигъэщIат: Шэрджэсейм щыщ усакIуэ гъуэзэджэ икIи цIыху телъыджэ Нэхущ Мухьэмэд игъуэ нэмысу дунейм ехыжат. Абы и фэеплъыр ехьэжьауэ Уэхъутэм езым и мылъкукIэ къалэми къуажэми зэрыщригъэкIуэкIар зылъэгъуар си закъуэкъым – а тIуми дыхэтащ Налшык икIа гупышхуэхэр.

– Зэмануи мылъкууи бгъэкIуэдар псапэу Тхьэм къуитыж: тхьэмыщкIэ цIыкIум и псэр бгъэгуфIащ. Мы тхылъ хъарзынэри къыхудэбгъэкIащ, – жысIэурэ, сытолъэщIыхь «Адыгэ нэпсхэр» зи фIэщыгъэу Сашэ къызита сборникым.

– Ар урысыбзэкIи къыдэзгъэкIамэ, сигу зэгъэнут. Подстрочнэу зэзыдзэкIын згъуэтамэ... – щыжиIэм, ар сэ къызиIуэкI хуэдэу къысщыхъури...

Уасифэси дытемыпсэлъыхьу, си пщэ дэслъхьэжа лэжьыгъэр зэфIэкIа нэужь, Хьэбас телефонкIэ сепсалъэщ, мохэр зэрыгъуэтри къэкIуахэу арати...

«Уафэм къытхурадзыхар» си закъуэ зыкIэщIэзупщIэжынт? Ар къэзыгъуэта сабийхэм гуфIапщIэр щестым, балигъхэри дауэ хэзнынт? «Къагъуэтам» и зэхуэдитIыр згуэшащ. Мыдрейр къыдэгъэжым дэслъхьащ.

Нэху дыкъекIмэ, къулъшыкъухэм деж сыIэуэлъауэу пщIантIэм сыздыдэтым, машинэ макъ зэхызох. Куэбжэ цIыкIур Iусхрэ сыдэплъмэ... Хьэбасрэ Валярэ таксим къокI. Дыгъуасэ кIуэжахэм нобэ къыщIытрагъэзэжар зыхуэсхьынур сщIэркъым. Ауэ Iей лъэпкъ сигу къэзмыгъэкIын щхьэкIэ согушыIэ:

– Шэрджэсхэр аргуэру сытым фыкъытхуихьа? Хьэмэрэ дыгъуасэ къыскIэщIэвдза ахъшэр фшэжыну фыкъыкIэлъыкIуауэ ара?

– КъэпщIэпащ, тхьэ, – Валя щIыIэ-щIыIэу къыпогуфIыкI. Хьэбас аргуэру зэрынэгуншэщ. – Зы жэщ фэдгъэIыгъащи, куэдщ, – Валя и щытыкIэри сигу ирихьыртэкъыми, къэхъуамкIэ сыщIэупщIэмэ, ищхьэкIэ зи гугъу сщIа мо хъыбар нэщхъеягъуэр къысхуеIуатэ Тхьэр зэуа бзылъхугъэ насыпыншэм. Жэщ псом плIыри дыжеякъым. Къезыхужьа гузэвэгъуэр къыщызгурагъаIуэм:

– А унэжынхэ, фи адэхэр сыукIат? Дыгъусэ къызжефIамэ... Иджы машинэтедзэкIэ абы нэс фыкъикIыу...– мохэр сфIэгуэныхь хъуауэ, жысIэр сымыщIэж щхьэкIэ, ахэр ежьэжа нэужьт ахъшэр уафэм «къызэрытхурадзыхар» къыщытщIар.

– Арыншами зи Iэри ткIэрымыкI, зэпымыууэ зи гулъытэри къытлъыс Сашэ ахъшэр къызэрыфIытхыр къедгъэщIэн ди напэм тхутегъэхуакъым. ДыукIытащ. Аргуэру къытщIэIуа гузэвэгъуэхэри зэкIэ едгъэщIа щIыкIэкъым абы. Ауэ зэгуэрым къимыщIэу дэнэ кIуэн? Хьэбас и тхылъ мы гъэм и кIэм е илъэс дызэрыхьэнум и пэм къыдэкIынущи... Дыгъуасэ Сашэ къыфхуиша сом минийр... Ар минипщIу къуитыну кърищэжьати... А ди гъусам и мыIуэху зэрихуэу, тIур залымыгъэкIэ хригъэхыжат, армыхъуамэ минипщIу къыдэптынт, – щыжиIэм, дяку зэщыбзыщI илътэкъыми:

– Уэли, япэрауэ, сэ минипщIи минии сыпэмыплъат. Мыдрейуэ, къыс-

хуэфшам и зэхуэдитIыр згуэшащ, къыдэхуам хэтлъхьэну хьэзыру сом минищ хуэдиз ди унэ илъщи, ари щIыдогъури... Хьэуэ жыфIэрэ, Налшык кассэм докIуэ е си къуэш нэхъыжьым къыIызохри...

ТIури къысхуамыдэу, унэм щIэлъыр сIах.

– Фи шэрджэс ахъшэм щыщу сом мин къыстенащи, фэстыжынщ, – я гукъыдэжыр тIэкIу къэсIэтыну согушыIэ. Хьэбас и дзэлыфэ хуэтIыркъым. Узыншагъэ зимыIэж Валя нэхъ лIыгъэ хэлъу къыщIокIри.

– Хэхъуи щIыгъуу фымыгъэгувэу нывошэжри фынокIуэ, – жи. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы и унафэр дгъэзэщIэн хуей хъуащ: махуэ зыбгъупщI нэхъ дэмыкIауэ, Сашэ къопсалъэ: Валя щыIэжкъым.

Дунейм ехыжа тхьэмыщкIэми гуауэшхуэм зи щхьэр къыфIиха нэхъ тхьэмыщкIэжми яхуэсщIэфынурати, унэм исхэр къэзутIыпщыжри, си ныбжьэгъужьым зы жэщ сыбгъэдэсыжащ. ЯхуэсщIэфынурати, абы сыкъызэрикIыжу, сыгъ-сыпыхьэу усэ яхуэстхащ.

Валя и дыуэщIым дызэрыхэтрэ махуищ фIэкIа дэмыкIауэ Хьэбас и шынэхъыщIэ Фатихь зэуэзэпсэу малIэ. УкъэзгъэкIуэну сыпщысхьащ, жери хъыбарыр кIасэу езы Хьэбас письмокIэ сигъэщIащ...

ФIыуэ зэрылъагъуу куэд лъандэрэ зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэр тхьэ елъэIу хабзэщ зы махуэм лIэнхэу е, ар Алыхьым къахуимыщIэмэ, жьы куэд яку димыхуу зэкIэлъыкIуэжынхэу. Братхэ я унагъуэм илъа а тхьэлъэIур Алыхьым зэхихри... Хьэбаси мыгувэу и Валя, псоми ди Валя, ди шыпхъу Валентинэ тхьэмыщкIэм кIэлъыкIуэжащ. Ар пщэдей зэрыщIалъхьэмкIи хъыбар сэзыгъэщIар Сашэщ.

Нэщхъеягъуэр зыхуэсIуэта си гъунэгъу, си ныбжьэгъуфI Шапсыгъ Хъусени ныздэкIуэри, аргуэру гъуэгуанэ хьэлъэм сытехьащ.

– Тхэуэ стIолым здыкIэрысым... – и нэпсышхуэр хуэмыубыду къысхуэтхьэусыхэрт си ныбжьэгъухэм я къуэ нэхъыщIэ Руслан.

И гур къыщIэувыIэн гуауэшхуэхэр (и къуэш нэхъыщIэр нэхъапэIуэкIэ тракторым ипIытIат) зи фэм дэкIа тхьэмыщкIэр, къызыхуигъэщIа икIи дэгъуэу къехъулIэ и IэщIагъэм бгъэдэсу, пэрытхэр IэщIэхущ, и щхьэр стIолым тещIэри... Ар уи жьэм къекIуэну къемызэгъыщэми, къыхуищIэнур Алыхьым къыхуищIэжащ: япэрауэ, тхьэ щIелъэIухэм ящыщ зыр къехъулIащ: дуней хьэхужьым куэдрэ зыщимыIэжьэу, и Валя дахэм и пащхьэм напэ хужькIэ ихьэжащ. ЕтIуанэрауэ, и къуэ нэхъыщIэри абы и щхьэгъусэри кIэщIу езым я ужь иту дунейм зэрехыжар илъэгъуакъым. А псори бэлыхьым хэзыдза я къуэ нэхъыжьыр зыми и дыуэщI хэтакъым, езым и дунейри ухыкIейуэ иухащ: щIыпIэ жыжьэ щыIэрэ и хьэдэр уэрамым дэлъу къагъуэтыжащ.

Уи адэ-анэр, къыбдалъхуахэр, уи бынхэр бэлыхь хэбдзэу я мылIэгъуэу, игъуэ нэмысу умыгъэлIэну урикъункъэ апхуэдиз гуауэм? Абыхэм дерс къыхэзыхын, щымыуэн Тхьэм ищI ди щIалэгъуалэр... Мис ахэр къэмыхъун щхьэкIэщ гупсысэн, япэкIэ плъэн, цIыху хуэдэу, псалъэм папщIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым ис адыгэ тхакIуэхэм ящыщу псом япэ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ цIэ лъапIэр зыфIащауэ щыта Брат Хьэбас хуэдэу. Си ныбжьэгъуу, куэдым ди ныбжьэгъуу щыта цIыху телъыджэм, тхакIуэшхуэм и цIэр адыгэ литературэм фIыкIэ къыщIыхэнэнур куэд мэхъу. Абыхэм ящыщ гуэрщ мы си гукъэкIыжхэм къыщысIуэтэжари. Хьэбас нэхъыбэжи нэхъыфIыжи зыхуэфащэу къысщохъу сэ...

***ЕЛГЪЭР Кашиф.***



# ЩIэблэми хуэлажьэу псэуа тхакIуэ

Сабийхэм уахуэтхэныр Iуэху тыншкъым. Абы щхьэкIэ анэдэлъхубзэр фIы дыдэу бгъэшэрыуэныр мащIэщ. Ауэ а птхыр цIыкIухэм гунэс ящыхъууи щытын хуейщ.

Дэ псори дыщыгъуазэщ езым я фIэфIыныгъэкIэ къащтэрэ тхылъ еджэу ди школакIуэ цIыкIухэм мащIэ дыдэ фIэкIа зэрахэмытым. А Iуэхур нэхъ хэплъэгъуэж ещI сабий тхакIуэкIэ узэджэ хъунухэр къызэрыдэмэщIэкIым. Апхуэдэхэм хуэныкъуэр ди закъуэкъым. Дэтхэнэ зы лъэпкъри къащти, тхылъыр япэу къызэIузыхыу сабийр дэзыхьэхын тхыгъэ къызэхъулIэр закъуэтIакъуэххэщ. Сыту жыпIэмэ, дунейр зи щIэщыгъуэ, гукъыдэжыр зи бэ цIыкIум и гум, и псэм къиищтэр езым и психологием тещIыхьауэ, абы хуэгъэзауэ гъэпса тхыгъэхэрщ. Апхуэдэхэр нэхъ къызэхъулIэ адыгэ тхакIуэхэм ящыщащ КIуантIэ Iэзид. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ «Дыжьын фалъэ», «Гулэз», «Мэз лъагъуэхэм», «Лъэмыж», «Фэеплъ», «Тхыгъэ къыхэхахэр», «Тыгъэ», нэгъуэщI тхылъхэри.

КIуантIэ Iэзид 1930 гъэм октябрым и 10-м Тэрч районым щыщ Дей къуажэм къыщалъхуащ.

Къуажэ школым классиблыр къыщиуха нэужь, Налшык дэт педагогическэ училищэм щеджэри, я жылэм егъэджакIуэу игъэзэжащ. Япэ щIыкIэ Iэзид лэжьащ пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу, итIанэ Дей къуажэ пэщIэдзэ школым и унафэщIу ягъэуващ. А зэманырщ КIуантIэм сабийхэм яхуэтхэным гу щыхуищIар.

1949 гъэм Iэзид Къэбэрдей къэрал педагогическэ институтым щIотIысхьэри, 1953 гъэм ар къеух, а илъэс дыдэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щылэжьэну къащтэ. Абдеж къыщыщIэдзауэ КIуантIэ Iэзид и гъащIэ псор тхылъ тедзапIэм пыщIауэ щытащ. Урысей Федерацэм и Журналистхэми ТхакIуэхэми я союзхэм хэта цIыху гуащIафIэм республикэм и ЩIыхь тхылъхэр, къэрал дамыгъэ лъапIэхэр мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ. КIуантIэм къыфIащауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэри.

КIуантIэ Iэзид и тхыгъэхэр щIэмычэу къытехуащ «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм, «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь» газетхэм. Апхуэдэу ахэр ихуащ школакIуэхэр зэреджэ тхылъхэм. Зи анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэ тхакIуэр яхэтащ 1999 гъэм Москва къыщыдэкIа «Адыгэбзэ псалъалъэр» зыгъэхьэзыра щIэныгъэлIхэми. 2002 гъэм Iэзид къыдигъэкIащ «Гупсыси, псалъэ» зыфIищар, псалъэ шэрыуэхэр, жыIэгъуэхэр, хъуэрыбзэ псалъэхэр зэрыт тхылъыр.

Зи художественнэ хъэтI зиIэжу, адыгэбзэ дахэ зыIурылъу илъэс плIыщIым щIигъукIэ ди литературэм, щэнхабзэм хуэлэжьа КIуантIэ Iэзид псэужамэ, и ныбжьыр илъэс 80 ирикъунут. Ар дунейм ехыжащ 2008 гъэм. Ауэ и лэжьыгъэ купщIафIэхэр мыкIуэдыжын пхъуантэдэлъу къытхуэнащ.

**НафIэдз Мухьэмэд**

КIУАНТIЭ Iэзид

***Рассказхэр***

# Тыгъэ

Ладин, щакIуэхьэхэм щIагъэIа тхьэкIумэкIыхьу, гъэмахуэ сабэ пщтырым и лъакъуэ пцIанэр къытрипхъуэтыкIыу, чырбыш сэрейм бгъурыту жэрт. Жэрт зэмыплъэкIыу. Абы нэхъ хуэм зыщищIар уэрамдэкI цIыкIум къыдэхутэу и адэшхуэ Темыр и унэр къилъэгъуа нэужьщ. Абдежым ар къэувыIэри зэплъэкIащ. Зыри къыкIэлъыжэртэкъым. ЖыпIэнурамэ, абы мызэ-мытIэу игъэунэхуауэ ищIэрт къызэрыкIэлъымыжэнуIари. Ладин къезыхужьар и анэ Думэсарэт, ауэ ар абы къыхуэдалъэщ, къыкIэлъыкIийри игъэзэжат.

Ладин къуэншат, ар езыми ищIэжырт: абы махуэ псор Iуэхуншэу игъэкIуат. Думэсарэ пщэдджыжьым бэзэрым кIуэну щыдэкIым абы и пщэ кърилъхьа къалэнищэрэ зым щыщу зыцIыкIу игъэзэщIатэкъым: гуэщымрэ пщэфIапIэмрэ я зэхуакум иIэ гъуанэр а зэрыгъуанэти, джэдыр хадэм иужьгъэри джэш тхьэмпэ дыкъуакъуэхэр трахъукIа, абы нэмыщIкIэ ипщIэну езым къылъыса кIэртIоф хьэсэм (Ладин къуэшитIрэ шыпхъуитIрэ иIэти, псоми хьэсэ Iыхьэ зырыз хухахат япщIэну, щIатхъуэну, бжьыхьэр къэсмэ, къатIыжыну) еIусатэкъым. А и пщэ кърапъхьа Iуэху псомкIи езы Ладин акъылэгъу хъури, и щхьэр ищIат: «Хъунщ, зэфIэзгъэкIынщ, ар Iуэху сытми». Ауэ дауэт я гъунэгъу щIалэ цIыкIухэр езым япэ тутейм дригъэкIуейуэ, пщэдджыжь уэсэпсыр зытеха мэракIуэ хужь-морафэхэр еплъу къазэригъэфыщIынур? Ар абы «хузэфIэмыкIын», игуми къыхуимыдэн Iуэхут...

Тутейр «зыми имейуэ», и лъабжьэр бжыхьым и курыкупсэм хэкIауэ хэтт, и щхьэкIэр, «зэгъунэгъуитIым я жагъуэ имыщIын папщIэ зэкIэщIидзауэ» лъэныкъуитIымкIи елэлэхырти, удэкIуейрэ мэракIуэ пшхыкIэ къыппэрыуэн щыIэтэкъым. Хабзэ хъуауэ, пщэдджыжьым хэт нэхъ жьыуэ къэтэджрэ абы дэпщеями – ар зэгъунэгъухэр арами, хьэблэ щIалэ цIыкIу гуэру щытми – жыгыр абы ейт икIи ар хуитт игу пэщыху абы пытыр ишхыну.

Думэсарэ дэкIыу куэбжэр къызэрыхуищIыжу, Ладин хадэм илъэдащ. Тутейм зыри тестэкъым. Ар, къэгуфIауэ, напIэIэрыкум жыгыщхьэм къы-

техутэри, мэракIуэ щIыIэ фоупсыр къыIурыпIытIэу иригъэкIуэсэхыу щIидзащ...

Мыгувэу жыг щIагъым щIыхьащ Ладинхэ я гъунэгъу щIалэ цIыкIу Нурбий. Ауэ абы зы псалъи жиIакъым, жыгми дэкIуеякъым. «Хабзэр хабзэщ» жиIа хьэмэрэ жыгыщхьэм исым щышына (Ладин абы нэхърэ зы илъэскIэ нэхъыжьт, ар щIалэ псыгъуэ кIыхьт, и дамащхьитIыр гъурыбзэу, и щхьэц хъурыфэ Iэмбатэм и щхьэр абрагъуэу уагъэлъагъуу, и нэ фIыцIэ пIащитIыр пкIатэлъатэу зеплъэу, Iущхьэ жылэу анэлыр зытез и пэр цIыкIунитIэу и нэкIушхуэм къыхэщу... Абы ущышынэ хъунут) – сытми Нурбий Iуигъэзык Iри ежьэжащ.

Тутейм узылъэIэсыну зы щIыпIэ къимыгъанэу ишхри, Ладин арэзыуэ жыгым къехыжащ. ИтIанэ, абы пэплъэу къуэгъэнапIэ къуэта нэхъей, Нурбий, Чэмал цIыкIу щIыгъуу, занщIэу къэхутащ. Ладин абыхэм емыпсалъэу я дежкIэ иунэтIыжащ...

Ладин зы уахъты зы щIыпIэ щысыфынутэкъым. Махуэм абы икъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ (езым зэригугъэмкIэ) Iуэху минхэр зэфIигъэкIырт, ауэ нэхъыжьхэм (и адэ-анэм, и къуэш нэхъыжьхэмрэ и шыпхъухэмрэ) къалъытэрт абы ищIэ, зэригъэкIуэкI псом зы мыхьэнэ ямыIэу, ухуейрамэ, делагъэу. Язынықъуэми абы и гум къридзэрт цIыхум игъащIэм ауэ жыжьэуи я гущхьэм къэмыкI гупсысэ, Iуэху гъуэзэджэ, махуэми жэщми псэхугъуэ къримыту. Ауэ апхуэдизу гупсысэшхуэу абы къыщыхъу Iуэхум щхьэкIэ нэхъыбэри къытехуэрт. Мис, псалъэм папщIэ, вэсэмахуэ абы Iуэр къитхъуну унафэ къыхуащIат. Белхьэкхъуафэр къищтэри Iуэм ихьащ. Зэ щIигъалъэри къызэригъэдзэкIащ, етIуанэуи щIигъэлъащ, ещанэуи... ИтIанэ къызэфIэувэри и пэр зэригъэлъащ – къыщIихьэ мэр игу ирихьыртэкъым. Зиплъыхьу щытщ-щытри гупсысэшхуэр и щхьэм къихьащ:

«Сыт ебзымэм зэщIищта хьэуа фIейр щIыжьэдэсшэнур, пкIэунэм телъ противогаз хъарзынэмкIэ сымыбауэу?»

Уи гум къэкIар бгъэзэщIэным куэд хуей?! Ладин напIэзыпIэм пкIэунэм дэкIуейри, дакъикъи темыту, противогазыр и щхьэм фIэкъуауэ, папщэу, бэлыхьлажьэ лIыхъужьу и бгъэр кърригъэкIыу, къехыжащ. Ауэ ар занщIэу IущIащ джэдыкIэр и кIэдахъуэм изу джэдэщым къыщIэкIыжа... и анэм.

Думэсарэ «шейтIан нэкIур» щилъагъум (ар и къуэрауэ ищIа абы), къащтэри и кIэдахъуэр иутIыпщри и IитIымкIэ и нэр иуфIыцIащ икIи щэху дыдэу жиIащ: «Бисмилахьи!» Арати, и куэщIым илъа джэдыкIэхэр зэрыщыту «джэдыкIэжьапхъэ» хъуащ.

КъызэремыдэхэщIэнур ищIэри, Ладин щIэпхъуащ, Думэсари зыкъищIэжри, абы кIэлъежэжьащ, и къуэм ириутIыпщын гуэр нэкIэ къилъыхъуэу. Ар Ладин лъэщIыхьэнт? ЛъэщIыхьакъым, ауэ итIани куэбжэм дэмыж щIыкIэ и анэм и кIэлош лъэныкъуэр кIэлъынэсри и плIэм ихуащ...

Ладин и адэшхуэм я деж жэри пщыхьэщхьэ пщIондэ абы щыIащ, итIанэ, пшапэр зэхэуа нэужькIэ, зыри къэмыхъуа хуэдэ, игъэзэжащ. Абы ищIэрт и анэм гужьгъэжь къызэрыхуимыIэжыр, езым Iуэр къызэритхъуар, пщIантIэми, хадэми, унэми Iуэху Iэджэ зэрыщилэжьар.

Ар щынэсыжам псори пщыхьэщхьэшхэ ящIауэ пщэфIапIэм щIэст, шэнтщхьэгуэ цIыкIухэм тесу уэршэру. Адэмрэ Думэсарэрэ щэхуу зыгуэрым тепсэлъыхьырт, и шыпхъу нэхъыщIэр жьэгум дэст, баш цIыкIукIэ дэпым хэпэщэщыхьу...

Думэсарэ, Ладин къызэрилъагъуу, щэхуу и IэштIымыр къыхуигъэдэлъащ, ауэ абы къыфIигъэкIакъым. ИтIанэ жьэгубгъум щыт тебэшхуэр

кърихъэлъэгъуащ, пшхынур абы илъщ, къащтэ жыхуиIэу, къэтэджри шэ стэкани къыхуригъэхъуащ. Ладин тебэм мэжаджэ пщтырыр кърихщ, шэ стэканыр къищтэри пырхъуэм щIэкIащ...

А псор къыщыхъуар вэсэмахуэщ. Нобэ гуэрми «лей зылъыса» Ладин, тезыр зытримыгъэлъхьэну «бежинцу» ежьэжат. Апхуэдэу еджэрт Темыр и пхъурылъхум, ар тезырым къыIэщIэкIыу абыхэ щыжэм деж. Ладин сыт щыгъуи игъэщIагъуэрт и адэшхуэм зэрызэхигъэкI щIыкIэр ар къыщрахужьамрэ Iуэху гуэр и пщэ илъу щыкIуэмрэ. Ар бжэщхьэIум зэребэкъуэххэу, лIыжьыр абы зэм къеупщIырт:

– ЛIо, укъахурэ?

Зэми жиIэрт:

– Сыт ухуейт?

Ауэ зэи щыуэртэкъым.

Мы зэми, абы куэбжэ цIыкIур зэрыIуихыххэу, Темыр къеупщIащ:

– ЛIо, пхъурылъхур бажницэу укъежьэжауэ ара? ЛIо зэхэпщIыхьар?..

ПцIы быупс хъунукъым, Темыр ар игу техуэркъым, армырами пцIыр щIэна хъунукъым. Ар Ладин ещIэри, и адэшхуэр къызэреупщIам и жэуапу и щхьэр ещI – «сыкърахужьащ».

Жьым къыгуищIыкIа мыIэрысей къудамэр джыдэ цIыкIукIэ зыухъуэнщI Темыр зыблрегъэхри, Ладин и адэшхуэм и «хъугъуэфIыгъуэр» зыщIэлъ гуэщым макIуэ. Гуэщым щIэтщ Iэдэ-уадэхэр зэрылъ ашыкыр, упхъэщIэнумэ, пхъэпсышхуэри, пхъэпс цIыкIури хьэзырщ, уIущIэнрэ – маисэу зэщIэлъыкIа джыдэр пхъащIапIэм телъщ, угъукIэнумэ, сыдж папщIэу къагъэсэбэп рельс ныкъуэри ауэ деж щылъщ...

А псори Ладин и адэми иIэщ, ауэ ахэр абы IункIыбзэ къэбышхуэ зэта шкафым дэлъу ехъумэ, Ладин дапщэрэ емыплъми. Шкафыр зэи къыхуIухыркъым.

Темыр – аракъым. Ар зэи и пхъурылъхум пэрыуэркъым: зыхуей Iэмэпсымэр къищтэу игу къридзэр ищIыну хуит ещI. Абы къыщымынэу, Iуэху гуэрхэри и пщэ ирелъхьэ. Ирелъхьэри, зэрылъащэми кIэлъоплъ икIи гъущI Iунэ щыхиукIэкIэ ар уадэкIэ и Iэпхъуамбэм еуэжауэ щэIуу илъэгъуакъэ – и дамащхьэр сысу, макъыншэу мэдыхьэшх.

– Ягъэ кIынкъым, ар-ы-ы, пхъурылъху, пхъащIэ Iэзэ ухъунущи аращ, – жеIэ Темыр.

Ладин абы щхьэкIэ зэгуэпырт, ауэ узыр хэкIыжа нэужь и гур псэхужырти, аргуэру и Iуэху и ужь ихьэжырт. ТIэкIу дэкIырти, Темыр и Iэшхуэр и пхъурылъхум и щхьэц хъурыфэм трилъхьэрт. Ладин, игъэщIагъуэу, и адэшхуэм худэплъейрт:

«СыфIэпсэкIуэд хъуауэ аращ».

Ауэ абы Темыр и нэкIум гущIэгъу лъэпкъ ирилъагъуэртэкъым. Ар, сыт щыгъуи хуэдэу, залымыфэт...

* * *

Ладин Темыр и гуэщым къыщIохутэри, и гур мамырыжауэ, абы къыIурыпIытIэу ишха мэракIуэри, махуэ псом зэрыхьэулеям папщIэ къызэрыщIагъэIари щогъупщэж. Иджыпсту ар зэгупсыс мы дунейм теткъым Iэмэпсымэхэр зыдэлъ ашыкым инэмыщIа. Абы ашыкыр зэтрехри допщIэпщIыхь. Сыту щытми абы зыгуэр ищIын хуейщ. Бжэкъужь гуэр къегъуэтри, ехьри хадэм зэрихьэ бжэм треIулIэ, абы нэгъуэщI зы бжэкъу тет пэтми. Иджыри сыт ищIэн? Аргуэру ашыкым дэлъхэр зэIепщIыкI,

ауэ и нэм зыри къыфIэнэркъым. ИтIанэ стIол къыдэгъэжыр къыдегъэкIуэт. Абы дыд, вакъэнжей, къэнжал зэраубзытэ лэныстэжь гуэри дэлъщ... Пшахъуашхэ тIэкIуи дэлъауэ ещIэж. Дэнэ кIуауэ пIэрэ?..

Абдежым Ладин къелъагъу къамапIэжь гуэр. Абы тебза фэр зэфIэгъуат, и джабэ лъэныкъуэр апхуэдизкIэ техъукIати, зэгуэр фIыцIэу щытауэ пщIэжынтэкъым. Ауэрэ дэпщIэпщIыхьурэ, абы къегъуэт къамапIэм илъа езы къамэри, улъияуэ, удзэгужауэ...

Зэпиплъыхьщ-къызэпиплъыхьри, Ладин зэуэ къицIыхужащ ар зэгуэрым Темыр и пIэщхьагъым щIэлъу щыта къамэр зэрыарар. КъицIыхужри, и нэр игъэупIэрапIэу зиплъыхьащ... Абы игу къэкIыжащ зэман гуэр а къамэ дыдэр щхьэнтэ щIагъым щэхуу, зыми закъримыгъэлъагъуну зиплъыхьу, къыщIихыу зэрыщытар, мащIэу, Iэпэ щалэ нэхъ мыхъуми, кърингъэкIуэту зы лъэныкъуэмкIэ лэдэхитI, адреймкIэ зы лэдэх зиIэ гъущI цIу щIыIэм зэ закъуэ Iуплъэн, Iуплъэу иригъэкIуэтэжын щхьэкIэ. А дакъикъэхэм Ладин и гур апхуэдизкIэ ину къеуэрти, и бгъэгур къыкIуэцIриуду, къилъэтыным хуэдэт. Дауэ къыпщыхъурэт: абы, япэрауэ, иIыгът къамэ нэс, етIуанэрауэ, асыхьэтым бжэр къыIуихыу и адэшхуэр къыщIыхьэнкIэ хъунут...

Зэгуэрым Темыр Ладин иубыдат къамэр щхьэнтэ щIагъым къыщIихауэ зэпиплъыхьу щыту... Ар гужьеяуэ къамэр къамапIэм псынщIэу иригъэлъэдэжыну щеIэм, фIэцIэфтри и Iэр мащIэу ирибзэгъат... Темыр зыри жиIатэкъым, ауэ Ладин и Iэр иубыдри, къамэ джабэмкIэ и Iэгум еуат. ЩIалэ цIыкIум и нэпсыр къыщIэлъэлъат, ауэ ар щIэгъар и Iэр игъэузауэ аратэкъым, атIэ езыр зыхузэгуэпыжу арат, къамэм дихьэхыу, и адэшхуэр къызэрыщIыхьэжым гу зэрылъимытам щхьэкIэ. Бжьыхьэр къэсащ, ар зыщеджэ интернатым игъэзэжри, Ладин къамэр щыгъупщэжат...

Иджы мис, апхуэдизу фIыуэ илъагъуу щыта а къамэр, улъиижауэ къилъагъури, и гур къыпикъузыкIащ. Абы къыщыхъуащ къамэр зэрыулъиямкIэ, ар апхуэдизу теплъаджэ зэрыхъуамкIэ езыри къуаншэу... Абы и нэпсыр къызэпижыхьащ, ауэ и гум хыхьар, фIэпсэкIуэд хъуар къамэрами, ар зей и адэшхуэрами, е езым и щхьэрами хузэхэхыртэкъым...

АрщхьэкIэ Ладин нэпскIэ зи гур зыгъэтIысхэм ящыщтэкъым... ДакъикъитIи дэкIатэкъым къамэр абы и джанэ щIагъым щIэлъу и адэшхуэм и пщIантIэм къыщыдэжыжам. Темыр ар щилъагъум, уэрамым дэкIри, щхьэхьу кIуэж и пхъурылъхум кIэлъыплъащ, и щхьэр игъэкIэрахъуэу.

* * *

Ладин лIы хуэдэу ишэчащ и анэр къешхыдэу къыжриIэ псалъэ «дыджхэри», жыхапхъэкъур и плIэм тIэу къызэрытехуари икIи, зэрихабзэу, «хуэдзэлэшхакъым», Iым жимыIэу, и щхьэр щIикъэри и адэм и шкафыр зыщIэт гуэщымкIэ зригъэхьэкIащ...

«Iухауэ къигъэнэнти! Дыщэ дэлъми ярейщ!» – егупсысащ Ладин, IункIыбзэ къэбыжьыр шкафыбжэм ириудэкIри.

ПхъэщIапIэм деж, пхъэ упсахуэм хэлъу, абы къигъуэтащ ижь «джафабзэ» гуэр, пшахъуашхэ кIапэ, гъуаплъэ гъущI кIапсэ тIэкIу икIи а псори иIыгъыу хадапхэм кIуащ.

Пщыхьэщхьэ пщIондэ Ладин хадэм исащ, пшапэр зэхэуа нэужь къигъэзэжри, зыри жимыIэу, тхьэмыщкIафагъэшхуэр зытригъэуауэ, шхэну Iэнэм пэрытIысхьащ.

И къуэр махуэ псом зэрыIуэхуншар гулъытэншэу къимыгъэнэну арат хьэмэрэ ифIэщыпэу кърherwigъэшхыдэну арат – сытми Думасарэ и щхьэгъусэм хуэтхьэусыхащ Ладин къызэремыдаIуэм щхьэкIэ.

Хьэлий и нэщхъыр зэхэуэри и къуэм хуеплъэкIащ (ар зэи и бынхэм еуэртэкъым икIи ешхыдэртэкъым, абы и зэ Iуплъэгъуэр ирикъурт ар зэрымыарэзыр зыхащIэн папщIэ).

Иджыпсту Ладин мысэ зищIыну зы псалъэ жиIакъым, уеблэмэ абы егупсысыххакъым. Ухуейрамэ, абы и гур къигуфIыкIырт, и нэ пIащитIыр хъуреибзэ хъуауэ. Думэсарэ гурыщхъуэщIу абы и нэгум щIэплъэри, и натIэм теIэбащ – «мысымаджэу пIэрэ?» Къызоуэ жиIэри Ладин и щхьэр Iуипхъуэтащ. И гущIэгъур и къуэм къызэрыгурымыIуар гущIыхьэ щыхъуауэ, Думэсарэ и нэкIур зэригъалъэри, и къуэм щIэгубжьащ:

– Зумылъэфыхьу шхэ... Уи лъакъуэри сытым ещхь, игъащIэм псы емыIуса нэхъей... УмытхьэщIу умыгъуэлъ!..

Мынобэу, нэгъуэщI махуэ гуэру щытамэ, Ладин лъаIуэу увынт иджыри дакъикъипщI къудейкIэ щIамыхуэжыну, «мыхьэнэшхуэ зиIэ и Iуэхухэр» и кIэм нигъэсын папщIэ. Ауэ мы зэм ар псалъэмакъыншэу шхэри щIыхьэжащ. Жэщыр щигъакIуэ пэш цIыкIум и закъуэу къыщыхута нэужь, абы и джанэ щIагъым щIэлъ къамэр къыщIихыжащ. Сыту хуабжьу зэмыщхьрэт и адэшхуэм и деж нобэ абы къыщищта къамэ улъиямрэ мыбырэ? Нэр игъэгуфIэу сыту дахэу уэздыгъэм пэлыдрэт иджы абы и жырыдзэр! Сыт хуэдэу цIурэт абы и дыжьын къамэ Iэпщэр? Дагъэ иригъафэу къэщIэрэщIэжа къамапIэ вындрыжьычыр-щэ?!.

Ладин къамэр щхьэнтэ щIагъым щIиIущ, псынщIэу зитIэщIри гъуэлъыжащ икIи напIэзыпIэм Iурихащ, къамэ Iэпщэр икъузу, и Iупэр зэтежауэ...

Пщэдджыжьым Ладин къэушащ гуфIэгъуэ махуэшхуэ гуэр къыпэщыт хуэдэ, и Iэпкълъэпкъыр жану, и гур къигуфIыкIыу. Ар псынщIэу къыщылъэтщ, и нэкIум тIэу-щэ псы щIикIэри щIыбым щIэжащ, къамэр и джанэ щIагъымкIэ бгырыпхым дэIуауэ.

Нобэ абы къамэр Темыр иритыжын хуейт. Къамэ къигъэщIэрэщIэжар! Иритыжынурэ фIыщIэ къихьынут. Ауэ зэ догуэт! ФIыщIэ къыхуищIыным и пIэкIэ къыкъуимылъхьэну пIэрэ, мыупщIэу къамэр къызэрищтам щхьэкIэ? Абдежым игу къэкIыжащ ар щхьэнтэ щIагъым къызэрыщIихам папщIэ къызэрылъэIэсауэ щытар, ухуейрамэ и Iэгур къэбжьыбжьри иплъэжащ. ИкIи напIэзыпIэм игу илъа гуфIэгъуэр щхьэщыкIри, и напщIэр зэхэуащ. Ауэ, сыт щыгъуи хуэдэу, дакъикъи дэкIатэкъым абы хэкIыпIэ хъарзынэ къыщигъуэтам.

Темыр совхозым хъумакIуэу щылажьэрт, жэщкIэ жызумым кIэлъыплъу. Пщэдджыжьым къыщыкIуэжкIэ, ар Ладинхэ я дежкIэ блэкIыжырт. Думэсарэ сыт щыгъуи куэбжэм дэкIырти, и адэм пэплъэрт. Темыр къэсырти, куэбжэм деж щыт кIарц жыгыжьитIым яку дэт скамейкэм щетIысэхырт. МыпIащIэурэ и жыпым тутын кърихырт, сигаретэр зэпищIыкIырти, зы пыкъуэр мыштыкум ирилъхьэрт, апхуэдэуи мыпIащIэурэ щIигъанэрт, зэтIэу екъурти, итIанэ и пхъум пкърыупщIыхьырт. Думэсарэ, зэрихабзэу, и адэр къызэреупщIхэм кIэщIу жэуап яритырт...

Темыр тутын ефэн иуха нэужь, хуэмурэ зыкъиIэтыжырти, мыпIащIэурэ, я дежкIэ иунэтIыжырт.

Мис а псом фIыуэ щыгъуазэти, Ладин мурад ищIащ и анэм елъэIуу къамэр и адэшхуэм ирыригъэтыжыну. Абы и анэм кIыхьу къыхуригъэкIуэкIащ къамэм и Iуэхур, ауэ, гъэщIэгъуэн къыщыхъуауэ, Думэсарэ мы зэм и къуэм хуэгубжьакъым, зыри жимыIэу къамэр Iихри и щхьэр ищIащ:

– Хъунщ, тIасэ, хъун, естыжынщ, – икIи и адэм и къэкIуэжыгъуэ щыхъум, уэрамым дэкIащ.

Мыгувэу Темыр кыкъуэкIащ. Къэсри етIысэхащ. Тутын кърихыну и жыпым имыIэбэ щIыкIэ, Думэсарэ къамэр абы хуишиящ. Темыр япэ щIыкIэ, къэуIэбжьауэ, и нэр игъэупIэрэпIащ, хуэму Iэбэри къамэр къыIихащ. Зэпиплъыхьщ-къызэпиплъыхьри, къицIыхужауэ, къыпыгуфIыкIащ. ИтIанэ, Ладин зыкъуигъэпщкIуауэ здэщыт куэбжэ блыпкъымкIэ плъэурэ, жиIащ:

– Мы къамэр къэзыгъэщIэрэщIэжар, мыбы гъащIэ езытыжар хэт жысIэу сыноупщIыркъым, сипхъу, ауэ бжызоIэ: мыр зи IэдакъэщIэкIым и IитIыр «и Iэм дыщэ къыпощ» жыхуаIэм хуэдэщ, абыхэм куэд яхузэфIэкIынщ... Псэхугъуэ зымыщIэн, лэжьыгъэ зыгъуэтын, цIыхум IуэхуфIкIэ яхуэлэжьэн тхьэм ищI ахэр...

Темыр адэкIи зыгуэрхэр къыпищэну и гугъащ, ауэ, ирикъухыжри, япэкIэ а зэрыплъэм хуэдэурэ и пхъурылъхум еджащ:

– Мыдэ къыкъуэкIыт абдей...

Ладин куэбжэм къыдэкIри и адэшхуэм и пащхьэм иуващ еплъыхыу:

– Мэ, – жиIащ Темыр, къамэр пхъурылъхум хуишийри. – Мыр зыхуэфащэр уэращ. Зехьэ...

Ар жиIэри, Темыр хуэмурэ къэтэджыжащ...

Думэсарэ, абы кIэлъыплъу тIэкIурэ щыта нэужь, жыхапхъэр къиштэри пщIантIэр ипхъэнкIыу щIидзащ.

Ладини къамэр и бгъэм ирикъузылIэри, и адэшхуэм хуэарэзыуэ, гуапэу къыпыгуфIыкIащ.

## НАСЫП

1.

Насып! Сыту куэд илэжьын хуей цIыхум, насып иIэн папщIэ! Ауэ сытуи мащIэ ар зыхуейр, и насып къикIауэ къилъытэн щхьэкIэ!..

ХьэщIэхэр щIэкIыжа нэужь, стIолыр зэрызэтету къигъанэри, Зуритэ хэIубауэ диваным зридзащ икIи пщыхьэщхьэ псом зэтриIыгъа и нэпсыр къыщIикIутыкIащ, и гуфIэгъуэ нэпсыр...

Абы игъащIэкIэ и гугъэнтэкъым апхуэдэ насып къеуэлIэжыну. Нобэр къыздэсым Зуритэ къыщыхъуу щытащ абы и щхьэ закъуэ – и лъакъуитIу, ар зыми къримыдзэу, къызыфIэIуэху щымыIэу, дунейм тетми гу къылъамытэу, ныбжьэгъуи жэрэгъуи имыIэу, ар къалъагъу мыхъуу, апхуэдэ дыдэу щымытми – Iумпэм къащIу...

Ауэ мис ныщхьэбэрей пщыхьэщхьэм къыщхьэпридзат и гум илъа а гурыщхъуэр.

Зуритэ зыми еджатэкъым, ахэр зэхуишэсыну игу къэкIыххатэкъым. Ауэ итIани адэ жыжьэу и гущIэм къыщыхъейуэ ар щыгугъырт и цIыхугъэхэр (абы ныбжьэгъу иIэу къилъытэртэкъым) къыхуэкIуэну, къыхуэкIуэу къехъуэхъуну...

– Зурэ, Зурэчкэ, сыт, тIасэ, къэхъуар? – и пхъум бгъэдэтIысхьащ Пагуэ.

Хъыджэбз цIыкIум и дамащхьитIыр нэхъри хуабжьу сыса мыхъумэ, и анэм жэуап кърита къым.

– Хэт, тIасэ, уи жагъуэ къэзыщIар? – щIоупщIэ аргуэру анэр.

Зуритэ, зыри жимыIэу, зэщоджэ.

– Хъарзынэу фыщыса хуэдэти, – игу хощI анэм, и хъыджэбзыр щIэгъыр зыхуихьынур имыщIэу хощэтыкI.

Зуритэ щыму и нэпсыр щIелъэщIыкI, и пэр дрелъэфей... Пагуэ, и пхъум и щхьэм Iэ дилъэурэ...

– Уа, фыз, и гугъу умыщI мыбы, – жеIэ Мухьэриф. – Гъыну хуимытыжу ара-тIэ иджы мыр?..

Пагуэ и щхьэгъусэм хуоплъэкI, – «гушыIэрэ хьэмэрэ и фIэщ? – ауэ, зыри къыгурымыIуауэ, зыкъеIэтыжри стIолым тет щыкъур зэщIикъуэжу щIедзэ.

Зуритэ хэлъщ, нобэрей и насыпыр насып зыщIа гукъэкIыжхэр гуфIэгъуэ нэпскIэ егъэпскIри...

2.

Куэд щIащ абы лъандэрэ, ахэр Мейкъуапэ къиIэпхъукIыу Тэрч къалэм къызэрыIэпхъуэрэ. Зуритэ еханэ классым щIэст абы щыгъуэ.

ЕгъэджакIуэм хъыджэбз цIыкIур классым щIишэри жиIащ:

– Мис, зэвгъэцIыху. Нобэ щыщIэдзауэ ди классым щеджэнущ. Тыкъуэхэ ейщ. И цIэр Зуритэщ. – ИкIи ишэри Шаризэт бгъуригъэтIысхьащ.

Классым щIэсхэм екIи фIыкIи зы псалъэ «ягу пыкIакъым». Уеблэмэ зыбгъурытIысхьами, нэбгъукIэ къыхуеплъэкIа мыхъумэ, Iым къыжьэдэкIакъым. Пэжщ, я гупэ къис щIалэ цIыкIуитIым я зым – Мысост – зыкъригъэзэкIри и бзэгур къыхуридзащ...

И гъащIэ тIэкIур нэжэгужэу, цIыхухэм яхэтын фIэфIу, ныбжьэгъу и куэду еса хъыджэбз цIыкIур, школыщIэр жагъуэу къыщыIущIэм, Iэпхлъэпх, Iэнкун хъуащ: иджы ар зыхэхуахэр езыр зыхэсахэм ещхьтэкъым, цIыху мыщIхэт, я хьэл-щэнкIи гъэщIэгъуэн гуэрхэт – ар сыт хуэдизкIэ емыгупсысами, зыри къыгурыIуэртэкъым – «е сэ апхуэдэу къысщыхъуу арауэ пIэрэ?» – шэч къытрихьэрт Зуритэ.

Абы гущIыIэ-псэщIыIэу къыIущIат, абы къыщымынэу, ауан, щIэнэкIалъэ къащIырт, къыхуэпагэт, Iумпэму къеплъырт, нэмыплъи къыхуащI хуэдэт.

Зуритэ зыхэса классым хуэмыдэу, иджы къызыхэхуахэм тIурытI-щырыщу къакIухьырт. Абы нэмыщIуи, щIалэ цIыкIухэр щхьэхуэт, хъыджэбз цIыкIухэри арат.

А псор щилъагъукIэ, Зуритэ и гум зишхыхьыжырт, зэгуэпырт, ауэ сыт щыхуэщIэнт абы «хамэ» классым, «зи хабзэ щызиIэж» а гупым?

Япэ махуэхэм Зуритэ, ухуейрамэ, и гугъащ зыгуэрхэр ныбжьэгъу къиищIыну, зыгуэрхэм ягу дыхьэну, дыхьэу абыхэм яхыхьэну. АрщхьэкIэ абы зыми гу къылъитэртэкъым: ищIэри ялъагъуртэкъым, жиIэри зэхамых хуэдэт. Хэт къыхуейт абы, нэгъуджэшхуэ зыIулъ а хъыджэбзыжь цIыкIум?

Абы сыт имыщIэми, сыт имылэжьми – зыми и гупэ къыхуигъазэртэкъым. Зуритэ къыгурыIуэрт: ар Iумпэм къыщIащIыр, къепсэлъэну къыщIызэрамыпэсыр зэрыбыртIымырт, «зэрыIэмпIэкIэщIырт» – ауэ сыт ирищIэфынут абы езым и теплъэм, и Iэпкълъэпкъым, апхуэдэу къыщигъэщIакIэ? Ауэ зэ догуэт, – «псори зи лажьэр нэгъуджэрамэ-щэ?» – егупсысащ ар. ИкIи ягу зригъэхьын щхьэкIэ, нэгъуджэр зыIуихащ, ауэ ар сэбэп къыхуэхъуакъым, уеблэмэ абы и ужькIэ «Нэгъуджэ» цIэ лейр къыфIащащ, езым и цIэр IэщIыб ящIри.

Заул дэкIри, Зуритэ и партэгъу Шаризэт и гупэр нэхъ къыхуигъэзащ. Зэ еплъыгъуэкIэ ар ныбжьэгъу къыхуэхъуауэ а фэри тетт. ИтIани Зуритэ илъагъуpт: Шаризэт абы гъунэгъу зыкъыщIыхуищIыр ар езыр зыми зэремызэгъырт, нэгъуэщI зыбгъэдэсын зэримыIэрт. Зурити и гур иудауэ, зыми зыпэщIимысэфыну, ауан зэращIым есэжауэ, кърапэс псор

игу тригъахуэу, и «лъэIу» псори фIы дыдэу икIи пIалъэ къыхимыгъэкIыу игъэзэщIэну а фэр ириплъэауэ арат...

Ауэ Шаризэти абы зэуэ гъунэгъу къыхуэхъуакъым. Япэ щIыкIэ абы зригъэщIащ, «къихутащ» и партэгъум ишэчынури имышэчынури, игу техуэнури темыхуэнури.

Абы мурад ищIащ «Нэгъуджэ» ихьыфынур «игъэунэхуну». Махуэ гуэрым япэ урокым и ужькIэ переменэм щIэмыкIыу классым зыкъыщIигъанэри, абы Зуритэ и тетрадым ирищIыхьащ «шейтIан гуп». Переменэр иухыу Зуритэ тIысыжа нэужь, и партэгъум «къыкIэщIищIыхьам» гу лъитэри «Iэл фIыцIэу» къызэкIуэкIащ, ауэ зызэтриIыгъэри, зыри жиIакъым, и гъунэгъум хуеплъэкIыу, и пIэм зриIуэнтIыхьа мыхъумэ. Ар зылъэгъуа Шаризэт арэзыуэ къыпыгуфIыкIащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Зуритэ кърохьэлIэж и къэрэндащым и пэр пыщIыкIауэ.

– Мыр-мыр хэт зы.., – Шаризэт и дамащхьэр дрегъэуейри, классым къыщIыхьа егъэджакIуэм и дежкIэ и щхьэр ещI – «мобыкIэ плъэ» жыхуиIэу.

Ещанэ махуэм Зуритэ и портфелым дэлъа тетрадыр унэ лъэгум щылъу къегъуэтыж – ар къэщтэри «мафIэр къредз», – ауэ аргуэруи зыри жиIэркъым, щысщ и Iупэр зэтекъузауэ. Шаризэт абы нэбгъукIэ къыхуоплъэкI, ар арэзыщ, и мурадыр къехъулIащи, – и партэгъур «и пIэм къришащ»...

«ЛIо сщIэнур, дауэ мыбы зэрыщезгъэгъэтынур мы Iуэху фIейр? Сыкъэгубжьу псалъэ гуауэ жесIэ хъунукъым, ар шэч зыхэмылъщ. Аращ мыр зыхуейр – сыкъигъэгубжьу щIэнэкIалъэ сыкъищIыжыну. КъохъулIэнкъым!.. – йогупсыс ар и щхьэр икъутэу икIи къегъуэт и партэгъум и Iэщэр къызэрыIэщIихын Iэмал: абы сыт кърищIэми, Зуритэ «дзэху Iурагъэлъэдам хуэдэу» щысщ, бзэгу ихьыркъым, и Iэр къиIэту егъэджакIуэм хуэтхьэусыхэркъым, адрейхэм зэращIым хуэдэу. Ар дэнэ къэна, зыгуэр кърищIа нэужь, Шаризэт хупогуфIыкI...

Иужьрей дыдэу, Шаризэт «имыщIэу теувэу» Зуритэ и линейкэр щызэпищIыкIам щыгъуэ, абы и жэуапу хъыджэбз цIыкIум жиIащ:

– Шаризэткэ, сэ сымыщIэ уфIэщIрэ а уи гуращэр? Ухуейкъым а делагъэм...

А псалъэхэр Зуритэ апхуэдизкIэ гущIыхьэу, и партэгъур зэрыфIэпсэкIуэдыр, зэрыфIэтхьэмыщкIэр къигъэлъагъуэу и нэкIур зэригъэлъауэ жиIати, абы и ужькIэ Шаризэт илэжь щIэпхъаджэжь цIыкIухэр зэуэ щигъэтыжащ – и партэгъур къыщымыгубжьым, къыщызэщIэмынэм езыми фIэхьэлэмэтыжакъым.

Зуритэ фIэпсэкIуэд хъур «зи гум фIей илъ» Шаризэт хуэдэхэм я закъуэтэкъым. Абы игу щIэгъурт егъэджакIуэхэми, щыуагъэкIэ ягъэкъуэншауэ ахэр еджакIуэ гуэрым щешхыдэм деж. Абы зэгуэр къыщыщIауэ щытащ мыпхуэдэ щIэщхъу.

Зуритэ и щIыбагъым къыдэс щIалэ цIыкIум зыхуригъэзэкIащ, фломастер къыIихыну.

– Зуритэ! – къэIуащ егъэджакIуэм и макъыр. – ЛIо пщIэр?

Зуритэ къэтэджри жиIащ:

– Мурик фломастер щхьэкIэ селъэIуауэ аращ...

– Сыт фломастер? ЛIо фломастер зэрыпщIынур? – и макъым срегъэIэт егъэджакIуэм.

– Псалъащхьэр щIэстхъэнущ, – жеIэ Зуритэ емыгупсысу.

ЕгъэджакIуэм абы жиIам ауан кърехри, губжьауэ, ручкэр къепхъуатэри жеIэ:

– ТIыс, двойкэ!

Зуритэ абы пимыдзыжIауэ тIысыжащ, губгъэн зыхуищIыжуи егупсысащ:

«Зэщхьэщытхуащ, и пIэм къитшащ. СеупщIрэ зезгъэзэкIамэ, хъунутэкъэ?»

Зуритэ и анэм сыт щыгъуи къыжриIэрт:

– Пагэу щыт, ауэ укъызыфIэмыщIыж...

«АрщхьэкIэ сыт хуэдиз уи пагагъыу ущытын хуей мис апхуэдэу цIыхухэм я щыуагъэр яхуэбгъэгъуфу, ауаныр бгъэвыфу, къуащIэхэмрэ къуапэс гуемыIухэмрэ гузэрыдзэ умыщIу ущытыфын папщIэ? ЛIо щIэн хуейр упагэу ущытын щхьэкIэ? Псом япэрауэ, узыхэтхэм нэхърэ умынэхъыкIэу зыплъытэжыфу зебгъэсэфын хуейщ. Ар схузэфIэкIкъэ-тIэ сэ, а тIэкIур?» – егупсысырт Зуритэ сыт щыгъуи. Ар пагэт, ауэ гущIэгъу хэлът, цIыхум и лъэкIыныгъэншагъэр хуигъэгъуфу, хуей щыхъум деж, абы дэIэпыкъуфу. Ар гупцIанэт, зыгуэр къелъэIуамэ, къыщIелъэIуам «хьэуэ» къыхимыгъэкIыу хуищIэу, лъэкIыу щытмэ...

... Зуритэ сымаджэт, и нэр операцэ ящIауэ сымаджэщым щIэлът. Абы къыдыщIэлъхэр цIыкIу-цIыкIу защIэт. Медсестрам абыхэм я нэм хущхъуэ щIигъэткIуэну щишэкIэ, Зуритэ къелъэIурт:

– Зуритэ, си псэм хуэдэ, къыздэIэпыкъу...

Зуритэ езыр дэIэпыкъуэгъу хуейт, и нэм ерагъмыгъуейуэ фIэкIа имылъагъуу, ауэ «хьэуэ» хилъхьэртэкъым, гушыIэ защIэурэ цIыкIухэр ириджэрт:

– ИIэт, жэмыхьэт, фыкъакIуи фыкъызэкIэлъыувыт!

ИкIи, пэж дыдэу, зыгуэр ягуэшу абы хэн хуэдэ, псори зэхуэжэсырти, зэкIэлъхьэужьу зэкIэлъыувырт...

Зэгуэрым сымаджэщым щIалэ цIыкIу гуэр щIагъэгъуэлъхьащ. Операцэ нэужьым ар яхуэмыгъэувыIэу жэщ псом гъащ. КъыкIэлъыкIуэ пщыхьэщхьэм щIалэ цIыкIум аргуэру гъыуэ зэрыщIидзэу, Зуритэ ар къищтэри жэщыбг пщIондэ кърихьэкIащ. Пщэдджыжьым пэшым щIэлъхэм арэзыуэ жаIащ:

– Ныжэбэ сыт хуэдэу фIыуэ дыжея, мамыру, гъы макъ щымыIэу...

Зуритэ, къыпыгуфIыкIа мыхъумэ, зыми зыри жриIакъым...

3.

Зуритэ а псор игу къэкIыжырт, иджы зыхэс классыр къызэхиплъыхьу здэщысым. Апхуэдиз цIыхум къаухъуреихь пэтрэ, абы и закъуэт, къум нэщIым и закъуэпцIийуэ щыпсэу хуэдэ, псэ Iуту зы цIыху здэщымыIэ островым «Робинзону» къыщыхутауэ зыкъилъытэжырт...

Апхуэдэурэ, и закъуэу, зыми къримыдзэу, езыми защидзейуэ куэдрэ екIуэкIащ, ауэ икIэм-икIэжым абы а псор иужэгъуащ. Ар кIуэгъужэгъуншэ, Iэл, псэлъэгъуей, зэкIуэцIылъ хъуащ, къелъэIуми къеупщIми гурыщхъуэщIу, дзыхьмыщIу еплъу щIидзащ. Ар школым щыщыIэми, я деж щыкIуэжкIи и щхьэр къиIэту зыми еплъыртэкъым, егъэджакIуэхэм япэпсэлъэжын жыхуэпIэр игу къэкIыжыххэртэкъым. Абы и гум зишхыхьыжырт, езым гущыкIыгъуэу зыкъыщыхъужырт – лъэныкъуэкIэ къеплъхэм дауэт ар къызэралъытэн хуейр? Абы щыгъупщэжат «ныбжьэгъу» псалъэр, апхуэдэ гуэр дунейм тетаи темытаи, езы ныбжьэгъум и гугъу умыщIыххи. Зуритэ школым къикIыжырти, зызэфIимыхыу ди-

ваным зридзэрт икIи, зимыгъэхъейуэ, сыхьэткIэрэ щылът, и нэпситIыр къежэбзэхыу унащхьэм еплъу е щхьэнтэм зыхиIубауэ гъыуэ... Абы иджы зыри къыфIэIуэхутэкъым...

Пагуэ, а псор щилъагъукIэ, и гур ткIурт. ИщIэнур имыщIэу, и пхъум къыпикIухьырт. Хуэм дыдэурэ бгъэдыхьэрти, сакъыпэурэ и щIыбым еIусэрт, щабэ дыдэуи еупщIырт. Ауэ абы Зуритэ мащIи-куэди зы жэуап къыпихыфыртэкъым: «зэгуигъэжу и гум имыхьэмэ», зыри къыжриIэжыртэкъым. Ар и щхьэр икъутэу егупсысырт и пхъум, апхуэдизу нэжэгужэу, пкIатэлъатэу щыта и хъыджэбзым, къыщыщIар къыхуэмыщIэу...

«А ныбжьым итхэр апхуэдэщ», – и гур игъэфIырт Пагуэ, и пхъум и гущхьэм щызэрызехьэм ауэ жыжьэуи хуимыгъэфащэу...

Иджы Зуритэ и гурыгъур иризыщхьэщихыну, и зэш ирытригъэуну, дэIэпыкъуэгъуу, щIэгъэкъуэну зыщыгугъыу иIэр тхылъырт. Тхылъыр абы и теупIэт, и чэнджэщэгъут, и ныбжьэгъут. Тхылъым щеджэкIэ, абы апхуэдиз гухэхъуэ игъуэтырт, абыхэм къыщыхъу-къыщыщIэхэр апхуэдизкIэ фIэгъэщIэгъуэн хъурт, и гум хыхьауэ, ар зэрыщыту апхуэдизкIэ къызэщIиIэтэрти, зыкъищIэжу и «пIэм иувэжыху» зэман дэкIырт... Иджы абы ар, япэхэм хуэдэу, ауэ сытми еджэ къудейтэкъым. Иджы абы тхылъым ит лIыхъужьым ич дэтхэнэ зы лъэбакъуэми, абы илэжь дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми, абы и хьэл-щэнхэм якIэлъыплъырт, ахэр зэпигъэувырт, зэпилъытэрт, лIыхъужьым жиIар щIыжиIар, ищIар, нэгъуэщIу мыхъуу, апхуэдэу щIищIар зыгуригъэIуэну хэтт. Ар къыгурыIуа нэужь, абы гузэвэгъуэ, псэхугъуэ игъуэтырт – икIи езым и напщIэм телъ зэIумыбз псор лъэныкъуэкIэ екIуэкIырт.

Зуритэ и хьэл-щэным, и дуней тетыкIэм, и зыIыгъыкIэм, езым къызэрыхущытым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр зылъагъу, псэкIэ зыхэзыщIэ Пагуэ, и гур нэхъ зэгъэжауэ, щэхуу гуфIэрт.

Зуритэ нэгъуэщI зэрыхъуам школми гу щылъатат.

– Уа, Зуритэ, угъэщIэгъуэнщ уэ! Уи щхьэ закъуэ – уи лъакъуитIу уопсэу. Уигу илъыр къызжепIэркъым, – къегиящ зэгуэрым абы и партэгъу Шаризэт.

– Сыт сэ си гум илъыр зэрыпщIынур? – къыгурыIуакъым мыдрейм.

– НтIэ, дауэ, на-а? Сэ сигу илъыр ныбжезмыIэм, уэ узэгупсысыр сэ къызжумыIэм, итIанэ... АрщхьэкIэ уэ узэгупсыс мы дунейм тету пIэрэ?

Зуритэ зыри жиIакъым, ауэ егупсысащ: «Пэж дыдэуи, сэ си гур зэрыгъу, сызыхуэпабгъэ мурад щыIэу пIэрэ? Зыми семыгупсысу, мы дунейм и зы кIапэ сытету ара-тIэ иджы сэ?»

ИкIи абдежым, а уахътым Зуритэ и щхьэм щыхъуэпскIащ, къыгурыIуащ ныбжьэгъур езыр «дызэгъэныбжьэгъу» жиIэу къызэрыхуэмыкIуэнур, ныбжьэгъур езым къилъыхъуэн, и гур хузэIуихын, езым закъригъэлъагъун, закъригъэщIэн, закъригъэцIыхун зэрыхуейр, насыпыр езыр-езыру къызэрымыкIуэр, абы лъыхъуэн зэрыхуейр...

Абы иужькIэ Зуритэ и гум илъыр, ар Iуэхум зэреплъыр, япэхэм хуэдэу, имыгъэпщкIуу, игу иримыхьын гуэр зэхихамэ е илъэгъуамэ, ехьэкI-къехьэкI хэмыту утыку ищIу, нахуэу тепсэлъыхьу, абы зыпэщIисэу щIидзащ, зыгуэр къыгурымыIуэрэ – «къызэрыкIам иримыхуэжу» къыкIэрымыкI хъуащ.

Япэ щIыкIэ Зуритэ жиIэр къагурымыIуэу екIуэкIащ, итIанэ ар «къызэрызэрыкIар», абы и тегушхуэныгъэр (иджы ар шынэртэкъым имыIэ ныбжьэгъухэм я щIыб езым къыхуагъэзэнкIэ) ягъэщIагъуэ хъуащ, иужькIэ ар ягъэщIэгъуэн щагъэтыжри, абы жиIэхэм къыщIэдэIуу хуежьащ.

Ар тегушхуэри зыкъызэкъуихыпащ: концертхэм нэкIуэпакIуэ щыхъуащ: усэ къеджэрт, уэрэд жиIэрт, ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэрати, и напIэр иримыдзыхыу, и ныбжьэгъухэм я нэкIу иплъэф хъуат. И нэгур зэхэлъу, нэщхъылэу, зэкIуэцIылъу, цIыху мыщIу къащыхъуу щыта хъыджэбз цIыкIур иджы къызэщIэнэхукIат...

Ухуейрамэ игъащIэм зи жьэм псалъэ IэфI къыжьэдэкIыу зэхамыха Мысост зэгуэрым гъэщIэгъуэну Зуритэ еплъри жиIащ:

– Зурэчкэ, иджыри къэс гу лъыстакъым, мыр ситу гуфIэкIэ дахащэ уиIэ! Уи нитIри сыту гуакIуэ!..

А классым апхуэдэ псалъэ гуапэ иджы япэу щызэхихыу арати, япэ щIыкIэ Зуритэ ар гъэщIэгъуэн къыщыхъуащ, итIанэ шэч къытрихьэу егупсысащ: «ауан сыкъищIу армырауэ пIэрэ?» АрщхьэкIэ ауан къищI хуэдэтэкъым. Ауэ псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныр а псалъэхэр къыжезыIарт. Ар къызыжьэдэкIар абы и жагъуэгъуу, къилъагъу мыхъуу, ухуейрамэ и бийуэ къилъытэ Мысостт. Япэу ар школым къыщыкIуам абы гу лъитат: Мысост классыр «и IэмыщIэ иsу иIыгът», абы жиIам щIалэ цIыкIухэр дэнэ къэна, хъыджэбз цIыкIухэри фIэкI хъуртэкъым: ар дыхьэшхмэ, адрейхэри дыхьэшхырт, абы зыгуэр щIэнэкIалъэ ищIыну къыхидзакъэ, адрейхэми абы и щхьэр щIрагъэхьэрт. Арат Зуритэ «Нэгъуджэ» дзыр къыфIэзыщари. Иджы мэ: «и гуфIэкIэри игу ирохь, и нитIри фIэдахэщ...»

4.

Ебгъуанэ классыр къиуха нэужь, Зуритэ музыкальнэ училищэм щIэтIысхьат. Ар иджы Налшык щеджэрт, ауэ я дей къызэрыкIуэжу, и адэ-анэм псалъитIи яжримыIэ щIыкIэ, школым жэрт. Ар, малъхъэдисым зыщIишэ гъущI кIапэ хуэдэ, къару нэрымылъагъу гуэрым школым ишэрт. Ауэ Зуритэ сыт хуэдизкIэ емыгупсысми, къыхуэщIэртэкъым а къарур зищIысыр. Абы и классу щытам, хьэуэ, иджыри и классым, щIэсхэм щыщу зыгуэр хэубыдыкIауэ нэхъыфIу илъагъуу, зыгуэрым нэмыплъ ириту щыттэкъым, псори и зэхуэдэт. АрщхьэкIэ, зэ догуэт!..

Каникулым щыIэу, Зуритэ школым кIуащ и классэгъухэм ирагъэкIуэкI пщыхьэщхьэм хэтыну. Сыт щыгъуи хуэдэу, ар абыхэм усэ къахуеджащ. Уэрэди яжриIащ. Пианинэ еуэурэ, и ныбжьэгъухэр къигъэфащ. ХэкIуэтауэ къыздэкIуэжым, абы и щIыбагъымкIэ и цIэр щызэхех.

Зуритэ къоувыIэ. «Дауэ хъун? – йогупсыс. – Ар зи макъыр Мысостщ. Сыт ар зыхуейр? СыщIэпхъуэн хьэмэрэ?.. Ауэ сыт сыщIыщIэпхъуэ-нур?..» – икIи пэплъэу мэув.

Мысост зэрипэс щымыIэу «пэ лъагэт», хъыджэбз цIыкIухэрати – кърдзэххэртэкъым, абы «зэхищIыхьхэм» къалэ псор щыгъуазэт, езы Зурити игъащIэм абы фIыуэ зыгуэр дилъэгъуатэкъым...

Зуритэ япэ зрегъэщри йоупщI:

– Сыт узыхуейр?

– Зыри, – щытщ Мысост. – УпIащIэрэ?

– ХэкIуэтащ, – жеIэ Зуритэ.

– СощIэ, – жеIэ Мысост, – ауэ тIэкIу къэдгъэкIухь...

Зуритэ абы худоплъей, зэхихыр гъэщIэгъуэн щыхъуауэ, икIи тогушхуэ:

– НакIуэ!..

Абыхэм куэдрэ къакIухьащ, и жьэр имыгъэувыIэу Мысост псалъэу. Абы и гугъу ищIырт пасэу «жьы» зыщIа и гъащIэ «зэIыхьар» зэриужэгъуам, хузэфIэкIыну щытам и гъащIэр щIэрыпсу къыщIидзэжыну зэрыхьэзырым, ауэ абы и «ныбжьэгъухэм» кIуапIи жапIи къызэрырамытым.

Зуритэ едаӀуэрт ар зэпимыуду, абы къыгурыӀуэрт ар абы къызэрыхуэмейр, абы здихьын имыщӀэу и щхьэр къызэрырихьэкӀыр, и гурыгъур зрихьэлӀэн къигъуэтауэ, и гур къиунэщӀу зэрыарар, езы Зурити, япэм зэрыщытам хуэдэу, иджыпстуи зэризакъуэр...

Ахэр щызэбгъэдэкӀыжым, Мысост жиӀащ:

– Зуритэ, сэ псоми сакъызэрыщыхъум хуэдэ дыдэу сыщыту уи мыгугъэ...

– Сэ зыуи си гугъэкъым, – зэпиудащ Зуритэ Мысост кърригъэжьар. – ПщӀэрэ, сэ сынолъэӀу. Зэи зыми ущымыгугъ... Сэ чэнджэщ уэстынщ, адрейхэми къуатыфынщ ар, ауэ абы ухуейкъым... Уи щхьэм и фӀыныр дэтхэнэ зыми нэхърэ нэхъыфӀу уэ пщӀэжын хуейщ... Иджыри зы лъэӀу: школыр хыфӀумыдзэ, сэ зэхэсхащ... ЦӀыху ухъумэ, уи «ныбжьэгъухэри» езыр-езыру пкӀэрылъэлъыжынущ...

Мысост зыри жимыӀэу, хъыджэбз цӀыкӀум сэлам ирихыжри ӀуигъэзыкӀыжащ. Зурити дыхьэжащ...

5.

Майм и кӀэм, экзаменхэр къэблэгъауэ, Зуритэ къыщалъхуа махуэм «и классыр» къыхуэкӀуащ.

ИлъэсипщӀ зэрызэдеджам зэгъусэу зэи зыщӀыпӀи щызэхуэмыса классыр зэрыщыту, еджакӀуэ тӀощӀрэ хым щыщу зы цӀыху къэмынэу къэкӀуауэ щилъагъум, Зуритэ ар игъэщӀэгъуэну къару игъуэтыжакъым. Ауэ абы псом нэхърэ нэхъ телъыджэ къыщыхъуар псом япэ Мысост (!) къызэрысарт.

Зуритэ пщыхьэщхьэ псор нэжэгужэу, гухэхъуэрэ дэрэжэгъуэрэ игъуэту, псоми: хъыджэбз цӀыкӀухэми щӀалэ цӀыкӀухэми гулъытэ къыхуащӀу игъэкӀуащ икӀи псэкӀэ зыхищӀащ – икӀэм-икӀэжым абы хуэфащэ пщӀэ къызэрыхуащӀар.

Жэщыр хэкӀуэтауэ, псори (щэрэ зырэ берычэт бесынышхуэ къыжраӀэу) зэбгрыкӀыжа нэужь, Зуритэ зыхуэмыубыдыжу къыщиудри къэгъащ. Абы и гущӀэм зыгуэрым зыщигъэзат. Ар сыт лъандэрэ пэплъэрэт ныщхьэбэ абы и гъащӀэм къыщыхъуам? Абы и гъащӀэм зыкъызэридзэкӀат, ауэ ар и фӀэщ хъуртэкъым. Апхуэдиз гуфӀэгъуэ къызыдэкӀуа, къыхуэзыхьа а махуэр, абы игъащӀэкӀэ щыгъупщэнутэкъым. А махуэм ар нэхъ балигъ ищӀат, иджыри къэс къыгурымыӀуа куэд къыгуригъэӀуат. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэрати, абы хьэкъ щыхъуат, зыхищӀат уи щхьэ закъуэ – уи лъакъуитӀу ущыт зэрымыхъунур, цӀыхухэм захэбгъэщхьэхукӀ, запыӀубдз зэрымыхъунур, цӀыхухэм уэ укъыщагъуэтынум, гу къыщыплъатэнум упэплъэу ущыс зэрымыхъунур, уэ езыр абыхэм уапежьэн зэрыхуейр. Насып жыхуаӀэри зэрыарар...



# Япэ дыдэ сыкъызэралъхурэ сопсэу, е Дыхьэгъыу зэхэлъ автобиографие

ГушыIэ тIэкIур си щIасэу сыкъокIуэкI сэ. 1955 гъэм (а илъэсращ школыр къыщызухари) газетхэм къытрадза «Сэ епщIанэр къэзухащ», «Лу шыдыгум икIуэдащ», «Пакъ колхозым хуэмеиж» зыфIэсща усэхэри гушыIэрэ ауану зэхэлътъ. Си цIэр Щхьэлыкъуэ къыдэзыхыу утыкухэм изыхьа а усэ гъэпсыкIэм сытетрэ, дыхьэгъи хуэдэу, сотхыж си къекIуэкIыкIар.

Революцэм и пэкIэ къалъхуахэм я нэхъыбэм автобиографием иратхэу щытащ унагъуэ къулейсызым (ар нэхъ къулейсызыхукIэ, уи пщIэр нэхъ лъагэ хъу нэхъей) къыхэкIауэ. Ауэ революцэм и ужькIи, колхозхэр зэгухьа нэужьи, «къулейсыз зэрыщымыIэжам» къыхэкIыу, автобиографиехэр нэгъуэщI зыгуэру тхын хуейуэ къызыхудэкIахэм сащыщщ сэри.

Ар къыщыщIэдзапхъэр укъыщалъхуа махуэрауэ къыщIэкIынщи, махуэр, мазэр щыгъэтауэ, сэ мы дуней нэху-кIыфIышхуэм сыкъыщытехьам и пэжыпIэ дыдэр зыщIэж нобэр къыздэсым срихьэлIакъым, сримыхьэлIэжыххэну щыпихыжар иджыщ: си жагъуэ зэрыхъуищи, ди нэхъыжьу хъуар щыIэжкъым, сэрщи, нобэ сымыщIалэжь цIыкIужми, сыкъыщалъхуам сыцIыкIуагъэнти – ар сщIэжыркъым.

ЗылI гъащIэ къэсхьэлIэу нобэм къэс къызэпысча гъуэгуанэ кIыхьым хуиту сызэрытехьэн тхылъ къабзэ пашпортыр симыIэу хъунутэкъыми, ар зыIэрызгъэхьэным бэлыхьу сызыхигъэтахэр си художественнэ тхыгъэхэм къыщысIуэтэжащ. Мыр щыавтобиографиекIэ, си гъащIэм и къекIуэкIыкIар, гъэщIэрэщIаи щIэхъуми хэмыту, зэрыщыта дыдэм хуэдэу къэсIуэтэжын хуейуэ къыщIэкIынщи...

Зи Iуэхухэр хуэмыщIа ди унагъуэм срамыгъэджэфурэ, пэщIэдзэ классхэм щыщу къэзухар япэ закъуэращ. Адрейхэм, мазэ, мазитI-щы нэхъыбэ сыщIэсакъым. Ауэ етхуанэм къыщыщIэдзауэ гъэ еджэгъуэхэр зэрызэкIэлъыкIуэу къесхьэлIащ.

Зауэм зэрыщIидзэ лъандэри зэриухри «къэхь» фIэкIа, «мэхь» зымыщIэ колхозым мэкъумэшыщIэхэр итхьэлэрт. Абыи зыгуэрурэ удэкIуэтэнт, фIэкIыпIэ зыхуумыгъуэтыр налогхэмрэ заемхэм Iэ тедзэнымрэт. АитIум уакъелын папщIэ, уи унэ хадэ цIыкIуми уи пщIантIэм дэт псэущхьэхэм къапыпх хъеру хъуари, - ари «уарэзыбзэу» къэралым щхьэузыхь хуэпщIу уэ езым ныбэ нэщIу зыкъэбгъэнэн хуейт.

А псоми я бэлыхьыр сэри зыхэсщIэрти, мурад хъарзынэ сощI: 7-нэр къызэрызухыу дохутыру соджэ. Дыдейхэм ахъшэр хъушэу къахуэсхьу, сымаджэхэми сэбэп сахуэхъуу... Апхуэдэурэ си хъуэпсапIэм IэкIэ сытеIэбэну Iэмал согъуэт. 1952 гъэм ебланэ классыр къызоух. Медтехникумым сыщIэсуи зызобжыж (Щытхъу тхылъ къызатам, экзамени сыти хэмыту, еджапIэбжэр схузэIуихырт). АрщхьэкIэ абы ущIэтIысхьэн, къалэдэс ухъун щхьэкIэ паспорт уиIэн хуейт. А лъэхъэнэм ар зиIэ къуажэм дэгъуэтэгъуейт – къуатыртэкъым. А къэрал тхылъ нэхъыщхьэр къыпIэрыхьэмэ... колхозым ухуэмыубыдыжынкIэ шынэхэрт. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм дыздахуа мэкъуIэнащтэм сыкъикIыжу паспорт Iуэхур зэфIэзгъэкIын хуейти... Хуиту сыкъыщамыутIыпщыжым, ТIуащIэм сыкъикIуэсыкIыжыну къысхудокI.

Апхуэдэ нэмысыншагъэ зэрызлэжьам кърикIуахэр «ШейтIан къафэ» зыфIэсща повестым, гушыIэ лъэпкъ хэмылъу, къыщысIуэтэжащ. Зи гугъу сщIынур адэкIэ сызыIууа дыхьэгъхэращ.



**Си къуэш Мухьэб сригъусэу**

Зыми тэмэму имыщIэж сыкъыщалъхуа махуэм и пэжыпIэр зыубзыхун хуейр Шэджэм район комиссэм и дохутыр Iэзэхэрат. Ауэ абыхэми IэнэщIу уабгъэдыхьэ хъунутэкъым – къуажэ советым къуита справкэ умыIыгъыу хъунутэкъыми... Си адэ къуэшым и къуэ Мухьэбрэ сэрэ (ар къафэлъакъуэти, ансамблым хыхьэн мурадкIэ школым къыщIэкIыжат. Ари мы Iуэхум къыщIыхэзгъэхьэм щхьэусыгъуэ иIэщ) справкэхьэ дожьэ. АрщхьэкIэ дызытекIухьар а махуэм къыдэхъулIэркъым:

– Си щхьэр хэтIауэ илъэсныкъуэ отчетым сыхэсщи, нобэ кIэ естынущ. Пщэдей сыхьэтипщIхэм фыкъыщIыхьэ, - жи дызэкIуэлIам.

Нэху дыкъекIрэ тедгъэзэжмэ, ари зы гушыIэрей гуэру къыщIэкIынти:

– Дот и къуэ, - си адэ Мысост нэхъыбэр къызэреджэр апхуэдэут, - уэ дапщэрэ укъызэралъхуар? – къысщогуфIыкI. Ауан сыкъищIу къысщыхъуу, мо сызыхэта бэлыхьхэми срищхьэжагъуэти, уэ укъызэралъхуам хуэдизрэ, жысIэ пэтащ, ауэ зыкъызэжьэдэскъуэжри:

– Адрейхэр  къызэралъхум хуэдизрэ! – зызогъэIэт си макъым. Си щытыкIэм гу къылъызыта лIыр щIегъуэжагъэнщи:

– Уэлэхьи, ущоуэм, тIасэ. Сеплъыну сызыхунэса ди тхылъхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, уэ зэкъым икIи тIэукъым укъызэралъхуар. Мис мыбы узэритымкIэ, 1929 гъэращ. МыдэкIэ дыкъэкIуэжынщи... – жиIэурэ къысхуребжэкI «сыкъыщалъхуа» илъэсхэр. КъызэрыздэмыгушыIэр си фIэщ ищIын папщIэ, сегъэлъагъу а бжыгъэхэр. Пэж дыдэу, мор зыхунэса къэрал тхылъхэр (адрейхэм итхэр зыхуэдэр зэхэгъэкIыным дыпылъакъым) щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, сэ дунейм сыкъытехьэн щхьэкIэ, ди анэ тхьэмыщкIэ мыгъуэр зытIущрэ гугъуехь хэзгъэтауэ къыщIэкIырт.



**Си классэгъуа ХъутIэ Хьэжсуфрэ Музэринрэ срагъусэу. 1950 гъэ**

Абдеж уигу фIы щыщIэнт? Сыкъонэщхъей. ЛIым фIэгуэныхь сохъу.

– Жьым щытхъуи, щIэр къащтэ, жи. УщIалэху нэхъыфIщ, Дот и къуэ. Ар зы. КъимыдэкIэ... – къэтэджауэ сызэпеплъыхьыпэри: – Уэ сэ слъагъур 1929-м укъалъхуар, шэчыншэу, пцIыщ. Бжыгъэхэми уэри сынывоплъри, нэхъ пэжыр мырагъэнщ, – жери, 1934 гъэм IэпэкIэ тоIэбэ. Сэри абдеж сигу къокIыж илъэс зыплIытхукIэ узэIэбэкIыжмэ къэхъуауэ щытар.

Шэджэм военкоматым къикIри, си къуэш нэхъыжь Хьэчимрэ (нэгъабэ дунейм ехыжащи, жэнэтыр увыIэпIэ хуэхъуауэ Алыхьым къыщIигъэкI) сэрэ повесткэхэр къытхуэкIуат. Илъэс 16–17-м итхэрауэ си гугъэжщ, щIалэщIэхэр ирагъэжэурэ я тхылъхэм иратхэрт («лъабзэ ирабзэрт»). ТхылъымпIэ цIыкIу гуэри кърататырт.

Арати, зэкъуэшитIри Шэджэм докIуэ. Зэгъусэуи дыщIохьэ военкоматым. Зи пащхьэ дихьар зы нэщхъыцэ гуэрти:

– Уэри узыхуейр лIо? – къыстокIие. Си къуэшри Iыхьэншэ ищIыркъым: – Хьэмэрэ уи закъуэ къэпкIухьын ушынэу, мори къыздепшэкIыу ара?! – нэкIэ къыдопыдж. ТIу зэгъусэу дызэрыщIыхьарагъэнт къэзыгъэгубжьар.

– Абыи мыпхуэдэ ныхуэкIуащ... – езым ишия и тхылъымпIэ тIэкIум, Iэнкунурэ, сысейри щIегъу. Бысымыр къызоплъ. Зипкъ иткIэ сыкъэкIуа тхылъымпIэр тлъагъуурэ зэIетхъыжри:

– Зегъэхь адэ! Дыпхуей хъумэ, уэри укъэдгъуэтынщ, – жи. ИкIи си ныбжьыр щынэсым сыкъагъуэтат...

Иджы зетхуэр нэгъуэщI Iуэхути, апхуэдизрэ «сыкъызэрырагъэлъхуам» сризэгуэпауэ:

– Фи тхылъхэм сызэритым хуэдизрэ сыкъалъхуауэ справкэхэри къызэфт-тIэ... – жызоIэ, ауан хэлъу.

– УкъэмытэмакъкIэщI, Дот и къуэ. А жыхуэпIэм ещхьу тщIымэ, дэри пыIэхуабафэ къыдаплъынщ, уэри къыпщыдыхьэшхынхэщ. Абы нэхърэ...

– Абы нэхърэ, сыкъыщалъхуар тэмэму фтхамэ...

– Ахьей, ара мыгъуэт нэхъыфIар. Ауэ... абыкIэ къуаншэр дэракъым... – къуаншэр хэтми жимыIэу, зыгуэрхэм дыщIегъэдэIу: цIыхухэр щыхатхыкIкIэ, зи школ кIуэгъуэм нэса-нэмыса зиIэхэм я сабийхэр тхылъ ящIыну пщэрылъ щащIауэ къуажэр щIэзыпщыкIхэм зэкIуэлIа унагъуэхэм къыжраIэр ятхыу аращ. Бзэрэ тхылърэ зымыщIэ адэшхуэ-анэшхуэхэм, сабийхэр къэзылъхуахэм, унэм ис нэхъыжьхэм къыжраIэр ятхыу аращ. Зи школ щIэтIысхьэгъуэм нэс цIыкIухэр илъэс къэскIэ щыщыIэкIэ, гъэ къэсыхукIэ а къыхэтхыкIыныр щебгъэкIуэкIкIэ... Аращи, нэгъабэ, абы и щыпэгъэм, и щыпэгъэжым узрихьэлIам темыхуэу, мы гъэм узыхуэзам нэгъуэщI илъэс гуэр уигъэтхынкIэ мэхъури... Апхуэдизрэ фыкъалъхун хуей щIэхъуар къывгурыIуа иджы? Нэхъ захуэр сабийр къыщалъхуа махуэр, мазэр, илъэсыр тхамэ арати... Ауэ, иджыри вжызоIэри, ар къыщынэр ди дежкъым... А Iуэхур зетхуэну, абыкIэ дымыарэзыуэ дежьэмэ, фэри сэри... Ау-уей, фэ сыт къывэщIэн, къывэщхьэфэуэнхэщи, зэфIэкIащ, ауэ сэ... Нобэ сэ фхуэсщIэфынуращи, фызыгъэшкIэуи щыжыфIэкIэ, мис мыбы дыкъытеувыIэнщ, – жери, тIури 1934 гъэм дыкъызэралъхуамкIэ справкэхэр къыдетри...



**Ди егъэджакIуэ Куэшмэн Серафимэ (ижьымкIэ щысщ) зэклассэгъухэр дригъусэу. 1953 гъэ**

Шэджэм комиссэм дынос. Ди тхылъхэм еплъахэ нэужь, пIэтепхъуэ гъуэжьыфэ-фIыцIафэкIэ къэуфыхьа икIи зэпыгъэлIыкIа дэтыпIэ зэбгъурытитIым дыщIагъэхьэри зыдагъэтIэщI. Си щхьэцхэр зэIапщIыкI, си дзэхэм къоплъ, блэгущIэ щIагъхэм нос, йоплъыххэр, сыкъагъэкIэрахъуэ-сынагъэкIэрахъуэурэ, зэмыплъ щIыпIэ къагъанэркъым.

Къызэплъа дохутырышхуэр икъукIэ жумарту икIи Iэзэшхуэу къыщIокIри:

– 1935 гъэм къалъхуауэ тхы, – и къуэдзэм унафэ хуещI. Сэ, абыкIэ сымыарэзыуэ, зыкъызотIэ: ди анэ тхьэмыщкIэ мыгъуэр игъуэ нэмысу зэрылIыкIар сыщыдзадзум къыстепсыхауэ щыта фэбжьышхуэм къыхиха гупщIэузрат. Хуабжьу гурыхуэу щыта ди адэм дежкIэ кIуэжауи, гушыIэшхуи зыхэлъа си къуэш нэхъыжьым зэрыжиIэжхэмкIэ, езыр школым щыщIэтIысхьари, ди анэр дунейм щехыжари комиссэм хэтхэм «сыкъыщрагъэлъхуа» гъэ дыдэрат. А псори си тегъэщIапIэу сыдауэу щыщIэздзэм:

– Щхьэр егъэуз! А къомыр щищIэм ди деж къэзыхуар лIо?! Тхы 1935-м къалъхуауэ.

Арати, къыптекIуэм урифызщ, жи, уи къуажэ справкэри сэ къахуез-

гъэкIуэкIахэри щайуэ кърамыдзэу, «си нэчыхьыр ятх». Пэжщ, махуэ, мазэ къыхэсхынумкIэ хуит сыкъащIати... Ар къыхэсхыныр къызыхэкIар, тобэ ирехъун, усэ фIэсщу япэ дыдэ стхар зытеухуар бжьыхьэ мазэу зэрыщытар арагъэнт. Сытми, 1935 гъэм октябрым и 10-м сыкъалъхуауэ справкэр къызат. ГъэщIэгъуэнракъэ, сэр нэхърэ тIэкIукIэ нэхъыщIэ Мухьэб зы илъэскIэ нэхъыжьу къыщIрагъэдз дохутыр Iэзэшхуэхэм: абы иIыгъа къуажэ справкэм арэзы тохъуэхэ. Арат, зэкъуэшитIыр дызэгъусэу зыщIыпIэ дыкIуамэ, жьантIэр зылъысыпхъэм дыщIридыхьэшхыр: ди анэхэм я ныбэ дыкъызэрикIамрэ Шэджэм комиссэм «дыкъызэрыщалъхуауэ» щытамрэ дригушыIэжурэ, чэзуурэ зыдгъэнэхъыжьырт.

Мы дыхьэгъыр абдежи щиухакъым. Дохутыр справкэр сIыгъыу Шэджэм мылицэм сокIуэ – сыкъыщалъхуам щыхьэт техъуэ тхылъ нэхъыщхьэр щатхынур, итIанэ, абы ипкъ иткIэ, паспорт къуущатынур арат.

А IуэхущIапIэми зыкъом щызэхэзэрыхьащ: комиссэм къисха справкэм октябрым и 10 жиIэут итыр. АрщхьэкIэ, Тхьэм ещIэ, щыхьэт тхылъыр зытхыр щыуа зэрыхъуар: нолым бжьакъуэ цIыкIу тет хуэдэу къыфIэщIа е... Сытми, 10-м и пIэкIэ 16 итхащ. АбыкIи зэфIэкIакъым – мазэцIэмкIи щыуащ: октябрыр бжыгъэкIэ епщIанэ (X) мазэу, ар псалъэкIэ щитхыжым епщIыкIузанэ (XI) мазэу къыщIригъэдзащ. Е справкэр къызэзыта дохутырхэми апхуэдэу ятхат?.. Абыи удэкIуэтэнт, а цIыхубз цIыкIуми анитIым «сакъригъэлъхуащ»: си анэ Дзадзу ди къуажэм щыщ Къущхьэхэ япхъут. Мобы зэритхамкIэ, сыкъэзылъхуар шэджэмыпхъу Къардэн ХьэкIунэт. Си къуэшым зэрыжиIэжымкIэ, а етIуанэ анэнэпIэсыр ди адэм къыщытхуишар 1937 илъэсырт. Абы 1938 гъэм и гъэмахуэм къуэш цIыкIу къызэрытхуилъхуар сэри фIыуэ щIэсщIэжыр, лажьи-хъати имыIэу (ауэ ди къэралым лажьи-хъати зимыIэ щагъэтIысауэ жыпIэмэ, уэри абы и гъуэгур уагъэхунут) а илъэсым ди адэр зэрагъэтIысауэ щытам (пэжыр зэхагъэкIа нэужь, къытралъхьа илъэситхум и зэхуэдитIымкIэ щагъэсауэ, хуит къащIыжщ, здаша КъуэкIыпIэ Жыжьэм къикIыжри къэкIуэжат) техуати арат.

Си сабиигъуэм щыщ зэман куэд Къардэнхэ щызгъэкIуат. Щыхьэт тхылъыр схуэзытх ЗАГС-м и лэжьакIуэр абыхэ я нысэт икIи я гъунэ-гъубзэт, мобыхэ я деж сыкъыщилъагъурейти, си анэш дыдэр ахэрауэ къыщыхъуа е къэралым апхуэдэ Iуэхухэр мыхьэнэншэу къызэрыщалъытэм трищIыхьа? Сытми, къызэмыупщIрэ мынэгъуэщIу, хуэгъэфащизмэм тету итха, апхуэдиз зэхэзэрыхьар зэрыт щыхьэт тхылъыр щхьэгъубжэ цIыкIумкIэ къыдашиикIрэ къызатыжмэ... Сыкъэгъын къудейуэ сыкъызэщIещIэ. Си макъым зезмыгъэIэтыщэу, сытхьэусыхэу щIызодзэ. Я нэхъыщхьэм и деж сыщIыхьэну щыжысIэм, «си анэшым» я нысэр, къызэдэхащIэурэ, сегъэупщIыIужри: «Абы щхьэкIэ зыщIыпIи умыкIуэ. Паспортыр щып-хуэстхкIэ сэ псори зэзгъэпэщыжынщ» – жи. ИкIи, и псалъэр игъэпэжри, щыхьэт тхылъым ит щыуагъэхэр паспортым щызэригъэзэхуэжат.

Ауэ мо махуэм сыкъэкIуэжмэ, щыхьэт тхылъым еплъ си къуэшыр, и щхьэр егъэкIэрахъуэри, щIыIэ-щIыIэу къыпогуфIыкI:

– Нэхъыжьхэм зэрыхуагъэфащэмкIи, сэри зэрысщIэжымкIи, ди анэ мыгъуэр гъатхэпэхэм деж лIащ. Ауэ ар 1935 гъэм и бжьыхьэм къэкIуэжу уэ укъилъхуу игъэзэжауэ сщIэжыркъым... – зэрихабзэу, ауэ нэщхъейуэ къыздогушыIэ.

– Махуэри мазэри къыхэзыхар сэращ... – зыкъызоумысыж.

– Уэрами, уэри Шэджэм чэмисэми щхьэр вгъэузащ. Илъэсри мазэри пцIыщ. Махуэм, и тэмэмыпIэр сщыгъупщэжами, укъыщалъхуар фIыуэ

сощIэж. БжэIупэм деж щыт мо пщэфIапIэм сэ сыщигъашхэу, езыр щыIэуэлъауэу къыздикIухьым, къызбгъэдохьэ, си щхьэм Iэ къыделъэри: «УкъэкIуэжмэ, ушхэжынщ, тIасэ. ПсынщIэу жэи Зырум къысхуеджэ», – жи.

Сэ сыкъощтэ. Сыкъыщолъэтри... ГуащэцIыкIухэ сожэ, – жиIэрт Хьэчим.

ГуащэцIыкIур ди адэ къуэш Хьэмызэ и щхьэгъусэт. Абыхэрэ дэрэ ди хадэр зэбгъурылъу дызэгъунэгъубзэт. Къэхъуар, и нысэгъур къызэрыхуейр занщIэу къыгурыIуагъэнти, напIэзыпIэм къожэкI.

– Сэри абы и ужь иту пщэфIапIэм сыщIэлъадэмэ, си Iэнэри щымытыжу, пщэфIапIэри зэлъыIухауэ, ди анэр, щылъ-щысу, гъуэлъыпIэм егъэщIауэ солъагъу. Нэхъ Iеижу сыкъэщтауэ, сыщытти:

– Жэ, тIасэ, джэгу уэ, – жери сыкъыщIегъэкI ГуащэцIыкIу. АрщхьэкIэ джэгун си Iуэхут сэ? Сыгузавэу бжэIупэм сыIутщ. Абдей сабий гъы макъ си тхьэкIумэм къоIуэ. – УзогъэгуфIэ! Къуэш цIыкIу къыпхуалъхуащ, – жери ГуащэцIыкIу бжэщхьэIум къытоувэ...

– Абы щыгъуэ махуэри, мазэри, илъэсри зыщIыпIэ иптхауэ щытамэ...

– Арат жыхуэпIэр?! Абы щыгъуэ сытхэфрэт сэ? Школым сыщыщIэтIысхьар етIанэгъэращ...

А псор зыщIэж езы си къуэш нэхъыжьри зэ къэлъхугъуэкIэ дунейм къытехьатэкъым – 1940–1942 гъэхэм ятхауэ къуажэ советым щIэлъ тхылъым зэритымкIэ, ар 1927 гъэм къалъхуат. Езыми, ди анэр щылIари, школым щыщIэтIысхьари, 7-нэ классым кIуа къудейуэ зауэмрэ колхозымрэ я зэранкIэ еджэныр къызэриухари зэпилъытурэ, зытригъэчыныхьыр арат. УлIмэ, уэ къащIэ ар 1929-м етIуанэу «къызэралъхуа» щIыкIэр. Мис а тхылъ дыдэращ зэрытыр 1937 гъэм къытхуаша ди анэнэпIэсым 1928 гъэм къуэш цIыкIукIэ дигъэгуфIауэ зэрыщытари.

Бынхэм ди адэр, зи гугъу сщIы а тхылъыр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, 1890 гъэм къалъхуащ. 1905 гъэм щхьэлыкъуэдэсхэр къызэрыхатхыкIам ипкъ иткIэ зэхалъхьа тхылъыр Владикавказ щахъумащ. Абы къытрахауэ сэри зыIэрызгъэхьа копием къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ди адэр 1895 гъэм къалъхуат. Илъэс Iэджэ дэкIа нэужь кърата паспортым къыхуратхар мойтIуми фIыуэ къащхьэщыкIырт: 1882 гъэм къалъхуат...

Дауи, апхуэдэхэр къызыщыхъуар ди унагъуэм и закъуэ къыщIэкIынкъым.

Мы псор къыщIестхэкIыжам и щхьэусыгъуэращ: ди къэралым цIыхур цIыхуу (псом хуэмыдэу къуажэдэсхэр) къыщалъытэу, мэкъумэшыщIэ бынхэр къыщалъхуари, ахэр щхьэбжыгъэ къудейм хабжэнри (унагъуэхэм, лIэун, джэдкъазым лъабзэ ирабзэрт, псэущхьэхэм я дамыгъэ традзэрт!) къафIэIуэхуу зэрыщымытам сринэщхъеижын папщIэщ.

*Мис ахэращ къызыхэкIар мы усэр стхынри:*
*Сыкъыщалъхуа махуэр*
*Ар зыщIэж нобэ теткъым дуней нэхум.*
*КъафIэмыIуэхути Iейуэ*
*Зы сабий*
*Къалъхуамэ,*
*Мелуан бжыгъэкIэрэ цIыхур*
*ЩаукIхэм фIащурэ «цIыхубэ бий».*
*Арати, къыфIэбгъэкIмэ сэ щхьэ бжыгъэм*
*Сыхалъытэнри къэмыкIыххэу ягу*

*ЕкIуэкIыурэ кIэлъыкIуэрт зы гъэр зы гъэм;*
*Щэ ныкъуэ гъэхэм къэсхусащ си гъуэгу.*
*СыдэкIыу къуажэм къалэм сыщеджэныр*
*Ебланэр къыщызухым си гурылъ т,*
*Ауэ мохьт ар!*
*КъикIын папщIэкIэ уи кIэныр*
*Укъыщалъхуа гъэр иту ухуейт тхылъ.*
*УимыIэр дэнэ къипхынт?*
*Хьэзабищэр*
*ПыщIауэ (къуажэм ядэу щымыта*
*УдэкIыу) щIэздзэм тхылъхэр зэзгъэпэщу,*
*Гъэ гуэр фIэкI,*
*Мази махуи имыта*
*Тхылъ къызатам*
*(ЛIот сщIэнур-тIэ абдежым?)*
*Хуэгъэфащизмэм тету,*
*Сигу къихьа*
*Уи мази махуи си IэкIэ истхэжри,*
*Зэтыпхъэм си лъэIу тхылъыр яхуэсхьащ...*
*А щIыкIэм тету,*
*Минрэ сыцIыкIуами,*
*Сыкъыщалъхуар, -*
*Щай хэкум щымыхъуар, -*
*«КъыщIэкIщ сэ сщIэжуи», абы теухуауэ*
*Аращ ар нобэ щIэзгъэлъапIэ хъуар.*
*Пэжщ, сэрэ унэм исхэмрэ нэмыщIкIэ,*
*Хэт мыгъуэ (дыкъалъхуауэ щамыщIа*
*Хэкум ди жьыщхьэри щыхъуащ тхьэмыщкIэ)*
*Дэ къытхуейр?*
*Гузэвэгъуэр мис аращ...*
*Ауэ сищI Тхьэм си лъэпкъыр къысхуеин, -*
*СоIэт хъуэхъубжьи хьэлэл схухъу -*
*Iэмин!*

**10/X-02**

Ауэ, къэрал тхылъхэмкIэ дапщэрэ «сыкъалъхуами», апхуэдизрэ «сыкъызэралъхуарагъэнщ» гъащIэ кIыхь сыщIэхъуари... Дунейм тет бэлыхьыр пыщIауэ иужь дыдэу Шэджэм комиссэм «сыкъызэрыщалъхужам» тещIыхьауэ абы щыгъуэ къаIэщIэстхъа паспортыр (иужькIэ ар тIэу-щэ яхъуэжащ) сIыгъыу 1952 гъэм сызыщIэтIысхьа медтехникумым, мазэрэ махуихрэ фIэкIа сыщемыджауэ, сакъыфIыщIокIыж - сэ къуажэм сыкIуэжауэ, си щащыху хуабэр общежитым зэрыщIадыгъукIам, ар сэ къэспшыныжын хуейуэ къызэрыспаубыдам щхьэкIэ зызгъэгусэри, советскэ медицинэр «згъэунэхъуат». Къуажэм згъэзэжри, 8-нэ классым сыщIэтIысхьащ.



**Серафимэрэ абы и дэлъху Ержыбрэ еджакIуэ сыщрагъэжьа махуэрщ. 1955 гъэ, августым и 5. Налшык.**



**УсакIуэ Коваленков Александррэ абы и щхьэгъусэ Елизаветэ Сергеевнэрэ драгъусэщ си курсэгъу Ахмадулинэ БеллэрэЛитвам щыщ усакIуэ Вилис Стасрэ. 1956 гъэ. Москва.**

Пэжщ, абы къикIыркъым советскэ литературэр згъэунауэ. Ауэ, Алыхьым сыкъещIэ, Тхьэм къысхуигъэфащауэ къыщIэкIын IэщIагъэм сызэрыхуеджэрэ хьэрэмыгъэ хэзмылъхьэу, гурэ псэкIэ сыбгъэдэтурэ, схуэщIэр злэжьащ: тхылъ тIощIрыпщI хуэдиз къыдэзгъэкIащ.

Мухьэмэд бегъымбар лъапIэм теухуа тхылъымрэ Тхьэм и ФIыцIагъэ КъурIэнымрэ адыгэбзэкIэ яджын папщIэ, си гуащIэрэ си мылъкурэ зэресхьэлIам, пцIы щхьэ упсын хуей, срогуфIэж икIи срогушхуэ. СщIа псом я нэхъыщхьэу къэслъытэ а лэжьыгъэ щхьэпитIым нэмыщI, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я автор куэдым ятхауэ сэ зэздзэкIахэр, очеркхэу, статьяхэу, рецензэхэу, гукъэкIыжхэу си къалэмыпэм къыщIэкIауэ сиIэхэр зы къэп гъуэжьыфI из хъунщ. Ахэри, иужьрей зэманым стхауэ щылъ си романри, повестхэри, рассказхэри, усэхэри щхьэхуэурэ къыдэбгъэкI хъуну къыщIэкIынт...



***Сызигъусэхэр:* Апажэ Мухьэмэд, Гуртуев Берт, ЩоджэнцIык1у Iэдэм, Кулиев Къайсын, Эфендиев Сэлихь, Черемисин Борис, Макитов Сэфар, Боташев Исса сымэщ. 1972 гъэ**

АрщхьэкIэ а хъуэпсапIэхэр къызэхъулIэн папщIэ сиIэн хуейхэм зэкIэ сыпэIэщIэщ. Хэт ищIэрэ, щIэрыщIэу, ауэ нэгъуэщI зыгуэру, къэрал тхылъхэм япкъ иткIэ иджыри зэ сыкъалъхужыху сыпсэумэ, абы кърикIуэми деплъынщ...

Аращ зэкIэ. Сэ къызэхьэлIауэ нэхъыбэIуэ къэзыщIэну Iейуэ зи нэ къикI щыIэмэ, си тхыгъэхэмрэ сэр папщIэ ятхахэмрэ щыгъуазэ защIыну хуитыныгъэ язотри - зэрегуакIуэхэщ...

***ЕЛГЪЭР Кашиф,***
*2010 гъэм и бжьыхьэ.*



**Жьыщхьэ махуэ сыхъуауэ зыщIэслъытэж си бынунагъуэм сахэсу 2010 гъэ, октябрь.**

*Мыбы дэщIызгъу рассказ цIыкIури си къекIуэкIыкIам щыщ Iыхьэ гуэрщ.*

# Бэзэрым

*Рассказ*

***Си къуажэгъу АбытIэ Мухьэб и фэеплъу***

А гъэм сэ етхуанэ классым сыкIуэну арат. Ауэ щыхъукIэ, тхылъ нэхъыби сыхуейт. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм си IитI зэтедзауэ сыщымыса пэтми, си тхылъхэмрэ тетрадхэмрэ я уасэр къытхудэгъэхуатэкъым.

– Тхьэ, Быбэ, аурэ си школ щIэтIысхьэжыгъуэр къэсыпэнум. Сэ иджыри зы тхылъ сиIэкъым. Пщэдей сщэну чийлъэрыкIуэмкIэ къэсщэхуамэ... Къыдэхуэжу тIум си тхылъхэр къыщIэкIынут. Зы чий уасэр сыхэмыIэбэу къыпхуэсхьыжынт. Хъун, Быбэ? – жысIэу махуэ къэс ди анэм селъэIу щхьэкIэ, зикI си тхылъ уасэр къытхудэгъэкIыртэкъым. Махуэм Бзуукъуэшхуэ къисшрэ етIуанэ махуэм бэзэрым сша итрыгъу пхъэ гу цIыкIум къыщIэкIамкIэ я нэхъыбэ дыди зы нартыху хьэжыгъэ банкIт къысхуэщэхур. Абы зэрыбынитхур дыщыгугъырт. Си шыпхъу нэхъыжьыр губгъуэм сэрначгъэкъабзэ щыIэти, абы гъуэмылэ хуегъэшэн хуейт. ВакIуэм хэт си шынэхъыжьри арат. МыдэкIэ унэм щIэс си анэмрэ си къуэш нэхъыщIэмри шхэнутэкъэ? Сэри арат. Зауэр а гъэм иуха пэтми, ди адэм къигъэзэжатэкъым. Хъыбари-шэбари иIэтэкъым. Ауэ дэ псори дыгугъэрт. Дыгугъэ къудейм къыщымынэу, ди адэр къызэрыкIуэжу си къуэш нэхъыжьри вакIуэм къыхэкIыжу школым щIэтIысхьэжын и гугъэт. Сэрнач гъэлынцIам зэтригъэуфIыцIэжауэ пхафэм ит си шыпхъури пэплъэрт ди адэр ди бжэщхьэIу къызэребэкъуэжу гуахъуэмрэ хьэмфIанэмрэ щыхыфIидзэ-

жыным. Си къуэш нэхъыщIэрти – ари нэхъ мащIэкIэ щыгугъыртэкъым ди адэм и къэгъэзэжыныгъэм. Сэ бэзэрым сша чийлъэрыкIуэмкIэ е пхъэ гу цIыкIумкIэ хьэлыгъуанэ, кIэнфет къызэрыхуэзмыщэхур и гукъеуэшхуэти: «ФымыпIащIэ фэ, Атэ къэвгъэкIуэж зэ. Си Iуэхущ абы кIэнфети хьэлыгъуани къысхуимыхьмэ», – арат и псэлъафэр.

Зы махуэр бэзэрщи, зы махуэр къэзэрщ жыхуаIэм ещхьу, сэ чийлъэрыкIуэхэр пудыбзэу фIэкI схуэмыщауэ, гъавэр лъапIащэрэ, зы хьэжыгъэ банкI щхьэIууд фIэкIаи къысхуэмыщэхуауэ сыкъэкIуэжауэ, мыдэкIэ хьэлыгъуанэти кIэнфетти жиIэрэ къысхуэгъынанэу... Ар пхуэхьынт? Си къуэш нэхъыщIэм зытесшащIэрт.

– И гугъу умыщI, тIасэ. Абы сыт къыгурыIуэрэ? Делэжь цIыкIущ. И адэм иригъэсауэ щытащи... ИджыпстукIэ дэ хьэлыгъуанэуи кIэнфетуи къытхуэнар мыращ. УхуэнщIауэ пIэрэ, тIыкIуэ? – жиIэурэ хьэжыгъэ тIэкIум IэпищкIэ хэIэбэрти зэтригъэжт. Хъуржын дзакIэм дэкIуэда хьэжыгъэ банкI щхьэIуудым хуэсакъыпэурэ кхъузанэм иригъэщащэрт. ИтIанэ къэп цIыкIур къызэригъэдзэкIырти кхъузанэм ириутхыпщIэрт. Хьэжыгъэр Iэнэм триухуэнщIа нэужь, икъукIэ хьэдыгъуэдахэ тIэкIу хъурт. ГъатхэкIэм деж кърипхъыхыжа уэсым щIыр къуэлэну фIэкI хущIэмыгъэнауэ, ари ткIужу телъ хуэдэт. Хуэсакъыпэурэ IэбгъуитIкIэ зэхуитхъусырти, ди анэр хьэжыгъэм хэплъэу щхьэщытт. Асыхьэтым деж узижагъуэри абы и пIэм къимыхутэкIэт. А гъавэхэкI тIэкIу зыхэплъэм хьэдзэу хэлъ къыщIэкIынтэкъым ди анэм и гум щыщIэм хуэдиз. «Хъыджэбзыр зыхэтым хэмыгъуащэмэ, зыгуэрым нэхъыбэ хуагъэхьауэ ехъуапсэмэ, гуэныхьщ», – жиIэрти, Сасэ щхьэкIэ гузавэрт. «ЩIалэ мыгъуэр вакIуэм хэтщ. ТхьэмыщкIэм и гъатхэ лъэнкIапIэр щIэщIэрэ пхъэIэщэм щIилъафэмэ, дыунэхъужащ, – абы щхьэкIи гузавэрт. – Уэ пщэдджыжь мэз укIуэнущ. Пхъэ еуэм пхъэ ешх, жи. Уэра мыгъуэкъэ мыр зи пщIэнтIэпс къыдэкIар?» – сэр щхьэкIи и лыр ткIурт. – Сэ губгъуэм хадэтI сыдэкIмэ, мыдэкIэ пщIантIэм къыдэнэну сабийри... – си къуэш нэхъыщIэми тегузэвыхьырт.

– Зэ мыгъуэ фи адэр къэсыжу фи ныбэ изу фызгъашхэу, сыIэбэмэ, къызыхэсхын унэм илъу слъагъужащэрэт, – жиIэрти хьэжыгъэ тIэкIур тепщэч IэгуIэщIым иригъэщащэрт.

Ди анэри ди адэм къигъэзэжыным куэдкIэ щыгугъырт. Ар унэм къихьэжу быниплIыр шхын щхьэкIэ имыгъэлIэну. Абыи и гугъэт ди адэр къызэрыкIуэжу ди унагъуэм берычэтыр хьэмбырэбову къихъуэжыну. Апхуэдэу щытат ди адэр зауэм кIуэн и пэкIэ. Ауэ ар зауэм япэрат. Абы щыгъуэ дунейм гъавэри вагъуэри тезт. Узытеджалэр уи былымт. Иджы псори къэб гъуэжьыжьым хуэдэу джафэт. ИтIани ди анэр гугъэрт ди адэр унэм къызэрихьэжу, зыхуей псори игъуэту ежьэжыну.

Сэри икъукIэ сыпэплъэрт ди адэм зэ къигъэзэжыным. Уи мэз кIуэни, уи чийлъэрыкIуэ щIыни, уи пхъэщэни хыфIэздзэжынут. Атэ и шы къаритIыр къратыжмэ, – а шыхэр зэрыщымыIэжми щхьэ семыгупсысрэт, – пшынауэм зэгуакIуэр кърегъэкI жыхуаIэм хуэдэт, – абы пхъэри къишэнут. Атэ къилэжьыр тшхынуи къыдэлыжырт. Сэ тхылъ, тетрадь щхьэкIи, школым сызэрыщIэтIысхьэжын щыгъын щхьэкIи сыщIэгузэвэн щыIэтэкъым. А псори, япэм ещхьу, Атэ къысхуищэхунут. Сэ езы Атэ и гъусэу гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр шытесу ТIуащIэ мэкъуауэм щесхьэкIынут. Сыту фIыт ар! Пщэдджыжьым бзухэм я уэрэд макъым укъагъэушу... Укъызэрытэджу пхъэ шынакъышхуэм из шэ уефэу. Шэ щIэмыху кхъуей плъыжьымрэ лэкъумымрэ пшхыурэ пщыIэм утекIыу. Пщэдджыжь акъужьыр уи псэм къеIэфIэкIыу. Шы узытесым игъэщта ныбгъуэ цIыкIухэр хэлъэтрэ адэкIэ

хэтIысхьэжу. А ныбгъуэхэр зэрызэпсалъэми уедаIуэу. Уи адэм жиIэ уэрэдри нэхъ дахэжу! Къулъшыкъу зэрыхъуу пщэдджыжьышхэ укъытехьэжрэ уагъэтхъэжу. Сэ чийлъэрыкIуэм къыщIэсхауэ Iэнэм телъ хьэжыгъэжь тIэкIум хуэдэ Iэджэ хьэIусым хакIутэрт мэкъуауэхэм. Пхъэбгъу Iэнэ кIыхь цIыкIум хугу пIастэ гъуэжь бэлагъыщхьэхэр тезу. Ахэр лы пшэрым иуфэнщIыжауэ! Лырэ пIастэу узыхуейм хуэдиз пшха нэужь, шэ щIэмыхур хэзу хэту хьэнтхъупс шынакъыжьи тепфыхьыжу. Абы иужькIэ мэкъу уеуэнумэ – къеблагъэт! Иджыпсту гу цIыкIум сыщыдэтым деж дыгъэм сыдижьыхь щхьэкIэ, Атэ и шым сыщытесым дыгъэми зы цIыкIу къызищIэфыртэкъым. Ауи сыщышынэххэртэкъым. Уеблэмэ щынэхъ хуабэм деж нэхъ къэсщтэххэрт. Нэхъ пасэу шыхэр щIыдагъэтIыкIырти, ахэр дгъэпскIыну псым дагъашэрт. Мис арат тхъэжыгъуэ дыдэр. Псыр шым и ныбэм къыщIэуэу. ЩIалэ цIыкIу къомыр дышууей пцIанэу. Шыхэри дгъэпскIыу, дэри зыдгъэпскIыу... Ди ныбэхэр зэхуэфI хъуауэ, шэджагъуашхэ дыкъытехьэжрэ куэд тхуэмышхмэ, пщафIэ Лэкъумэн къыттекIиеу. Абы иужькIэ шэджагъуэ жей тщIырэ махуэр жьауэ хъуа нэужь, шыхэр зэщIэтщIэжу. ПщыхьэщхьэкIэ лIыхэм къыджаIэ хъыбарыжьхэмрэ таурыхъхэмрэ дыщIэжеикIыу...

Мис апхуэдэу гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр исхырт. Школ щIэтIысхьэгъуэ хъуа нэужь, мэкъу щабэ хуабэм сыхэсу ди адэм шыгукIэ сыкъишэжырт. Си щыгъынымщIэри дахэт, тхылърэ тетраду сызыхуеину псори сиIэт.

– Гъэмахуэ къакIуэ си гъусэу ТIуащIэм ущыIэну ухуеймэ, лIы хуэдэу еджэ, – жиIэрти, ди адэр ехыжырт. Сэри...

Мис ахэрат сэ ди адэм сызэрыпэплъэр. АрщхьэкIэ ар къэкIуэжыртэкъым. Мурид и адэри Исмел и адэри, нэгъуэщI Iэджи къэкIуэжат. Сэри си бэзэр кIуэныр сыухыртэкъым. ВакIуэри икIат, хадапщIэри зэфIэкIат. Сэри бэзэрым сыкIуэрт. Ауэ си чийлъэрыкIуэхэмрэ пхъэщэнхэмрэ къащIэкIым тхылъ уасэр къызэрытхудэмыгъахуэм хуэдэт. Си шыпхъумрэ си къуэшымрэ иджы мэкъу Iэнащтэм хэтт. Ди адэм и гъусэу мэкъуауэм сыщыщыIам сызэрышхэу щытар сщIэжырти, ди анэм яхуигъэхь гъуэмылэ тIэкIумкIэ мэкъу Iэнэ зыщтэхэр Iейуэ сфIэгуэныхь хъурт. Абыхэм яхуумыгъэхьу си тхылъхэр къэзгъэщэху жысIэну си жьэ къысхуегъакIуэртэкъым. Ауэ зэманыр кIуэрт. Си щIэтIысхьэжыгъуэр къэсырт. Тхылъхэр симыIэу школым дауэ сыкIуэнт? Зы хэкIыпIэ гуэр къэгъуэтын хуейт. Махуэм сэ бэзэрым къисхам щымыщу тхылъыр сыткIэ къэсщэхуну? Абы куэдрэ сегупсысащ. Ди анэри гузэвэгъуэм ихьырт.

– Зэ мыдэ нартыху цIынэр къэхъурэ ар тхьэж, зэтедуд хъуамэ, – жиIэу арат ди анэм гугъапIэу къыхуэнэжар. АрщхьэкIэ абыи узэрыщыгугъын щыIэтэкъым. Уэгъум ихьыжа нартыху цIынэр къэппфыщIыжынри хэкIыпIэтэкъым. АтIэ, сыт хэкIыпIэр? Махуэм тIэу мэз сыкIуэн? Гъуейр дыухъуэнщIащи, зыри щыбгъуэтыжынукъым. Пхъэщэныр здэщыIэ Бзуукъуэшхуэ укъикIыжа нэужь, бэзэрым унэсыжыфкъым. Унэсыпэми, бэзэрым укIуэн хуэдэу укъэсыжынукъым. ЧийлъэрыкIуэр къупынщыпынщи, бэзэр нэужьым мэз укIуэу, ар пхууэ етIуанэу бэзэрым тебгъэзэжыну уехъулIэжынукъым.

А-а!.. ХэкIыпIэ къэзгъуэтащ. Къыщызгъуэтари бэзэрырщ. ЧийлъэрыкIуэм сыбгъэдэту сыздэщытым, шыудз ящэу слъэгъуащ. МыIейуи ящэхуу. Iэмбатэ цIыкIу-цIыкIуурэ ягъэтIысауэ зыр сомищ-плIыкIэ ящэрт. Зы фыз си нэкIэ слъагъуу, Iэмбатищ ищэхущ, ар къэпым ирикуэри си гъунэгъуу щыт щIалэ цIыкIумрэ абы и анэмрэ тумэн къаритащ. Iэмбатищым зы тумэн! «Апхуэдэ дапщэ къысхуэшэну сэ!» – сегупсысащ. ТIощI... ЫIы.

ТӀощӀрэ пщӀырэ... Ди гъуей щӀагъым шыудз щӀэзщ. Аращ. ПсынщӀэу сыносыжри, шыудзышэ сокӀуэ.

Нэхъ жьыӀуэу сынэсыжыным сыхуэпӀащӀэрти, си чийлъэрыкӀуищыр нэхъ пудыӀуэу изгъэкӀщ, абы къыщӀэкӀамкӀэ, ди анэм зэрыжиӀам хуэдэу, хьэ хьэжыгъэ банкӀитӀ къэсщэхури сежьэжащ.

Ди анэр щӀэстэкъым. КӀыщтэм кӀуат. Хьэ щӀакхъуэ тӀэкӀу сырэ цӀыкӀум дэлъти, абы нартыху зэтеуда хьэнтхъупс сыдефащ. Шэмэджри гъубжэри гу цӀыкӀум испхэри сыкъыдэкӀащ. Гъуейр гъунэгъути, асыхьэту сынэсащ. И ныкъуэр шэмэджкӀэ пызупщӀми, и ныкъуэхэр банэ лъабжьэм гъубжэкӀэ къыщӀэсхыкӀми, нэхъыбэ схуэшэнкъым жыхуэсӀэм хуэдиз удз цӀынэгу зэщӀэскъузащ.

Ар Ӏэмбатэ дапщэ хъунуми, Ӏэмбатэр дапщэкӀэ схуэщэнуми сегупсысурэ, бэзэрым сынэсащ.

Ичынды нэблэгъат. Бэзэрри къутэжу хуежьат. Пхъэ зыщи шыудз зыщи тетыжтэкъым. Зыри щыщымыӀэжкӀэ, си шыудзыр лъапӀэ хъунщ жысӀэри сыкъэгуфӀащ. Нышэдибэ сомищ-плӀыкӀэ ящэу слъэгъуа Ӏэмбатэхэм нэхърэ нэхъ иныӀуэу зы цӀыкӀу къом къэзгъэтӀысащ. Мыхэр инщ. НэгъуэщӀи щытемылъыжкӀэ, сом тхурытху къызатынщ. Сом тхурытхукӀэ сщэмэ, мыбдеж щылъыр дапщэ? Зы, тӀу, щы... ТумэниплӀрэ сомитхурэ. Гу цӀыкӀум илъри Ӏэмбатэ дапщэ хъужын? ИкӀэ къинамэ – пщыкӀуз. Ари тхурэ тхурэ. ТумэнипщӀ къыщӀэсхмэ, абы си тхылъхэри къыщӀэкӀыу Быбэ естын ахъши къысхудэхуэжынкӀэ хъунущ, – ахэр зэпэслъытэу сыздэщысым, зы фызыжь шыдыгукӀэ къыӀухьащ.

– Сыт зэрыпщэр?

– Сомитху.

– Зэрыгу цӀыкӀууи?

– Хьэуу-у, зы Ӏэмбатэр.

– Уделэ уэ? Хэт иджы шыудз хуэлэжа Ӏэмбатэм сомитху къозытынур? Къащтэ тӀур сомищкӀэ.

– Сыхуейкъым.

– УщӀегъуэжынщ, тхьэмыщкӀэ. БэзэрыкӀэ хъуащ.

– Абы жиӀэрелъ! БэзэрыкӀэщ, нэгъуэщӀ телъыжккъыми аракъэ нэхъ лъапӀэу щӀащэхунур?! – фызыжьым къыгурыӀуэ щымыӀэу къэслъытэри, ауанышхуэ сщӀащ.

– Къызэптыну тӀур сомищкӀэ? – шыдыгум зэрису къызоплъэри щытщ.

– Хьэуэ. ТӀур сомибгъукӀэ узот, – жызоӀэ. – Ӏэмбатэ къэс сом ныкъуэ щыпхукӀэрызгъэхукӀэ, сыт абы лей узыхуейр? – сигукӀэ сыхуошхыдэ фызыжьым.

– Уэ слъагъум игъащӀэм шыудз пщакъым. Мыр пщыхьэщхьэм зыми ищэхужынукъым. Шыудзыр щащэхур пщэдджыжьырщ. ЦӀыхур лэжьапӀэм Ӏумыхьэ щӀыкӀэщ. Шыудзри къэмыплъауэ, мыхуэлауэ. Иджы пщыхьэщхьэм зыри шыудзщэху къыдэкӀынукъым. Къызэт тӀур сомищкӀэ, къытебнэу укӀуэжын хуей хъумэ, ущӀегъуэжынщ...

«СыкъэбгъэпцӀэну хъунт. Хэт уфӀэщӀрэ уэр нэхърэ нэхъ делэр? Ямыщэхужынумэ, уэ укъызолъэӀури... ТӀур сомищкӀэ лӀо абы къыщӀэбгъэкӀынур? Ӏэмбатэ тӀощӀ... Тумэнищ! ХьэлӀамэ ухуеятэкъэ? Сэ абы гугъу сызэрыдехьар зыхуэдизыр пщӀэрэ? Ар къызыщӀэсхыкӀа банэ лъабжьэр плъэгъуа? Ар умылъэгъуами, мы си ӀитӀыр зэрычэтхъар плъагъуркъэ? Уэ шыдыгум узэрисым щхьэкӀэ, а гу цӀыкӀур езыр къэжа уфӀэщӀрэ? ТӀур сомищкӀэ сыту уэстрэт! Щыгугъ абы», – си щхьэ сыхуохъущӀэж.

– УщIегъуэжынщ, – жеIэри фызыжьыр йожьэж. Сэри абы сыкIэлъошхыдэри сыщытщ. НэгъуэщI къызбгъэдыхьи къызэупщIи щыIэкъым. ТIэкIуи сыкъэгузавэу щIэздзащ. Дыгъэр йокIуэтэхыпэ. Ауэрэ си Iэмбатэхэри мэтIыс. Сэ ахэр къызогъэбырыбыж. АрщхьэкIэ, и пкъыр хулIащи, шыудз цIынэр йотIысэх. ИтIанэ гу цIыкIум илъым щыщ къисхыурэ Iэмбатэхэм тIэкIу ятызогъащхъэ. А тезгъэщащэр техьэлъэурэ иришэх хуэдэ, Iэмбатэхэри мэтIыс. Иджыри щыхэслъхьакIэ, нэхъыбэ щысщIакIэ, сом тхурытху къызатынт. Ауэ тумэнипщI къыщIэкIыжынукъым», – жызоIэри, гу цIыкIум къинари Iэмбатэ щылъхэри зэпэсплъыхьу сыздэщытым, адыгэ пыIэ щхьэрыгъыу зы лIыжь къыIуохьэ.

– СлIо, кIалэ, уи удз хуэлам жыпIэр? – къызоупщI.

– Хуэлакъым ар. Мэзым къисша къудейщ, – жызоIэ. «Адыгэбзэ щищIэкIэ нэхъыбэ къызитынщ», – сигукIэ жысIэу, лIыжьым сыхудэплъеящ.

– Зыр сомитхукIэ сощэ.

– Зыгукъэ, кIалэ делэ, мыбдеж щытыр-тIэ?

– Сэ зы Iэмбатэрщ жыхуэсIэр.

– Уи адэр къэгъэпцIэж абыкIэ. Псоми тIурэ тхурэ узот. Хъуну, кIалэ? УщIегъуэжынщ, – жеIэри лIыжьым IуегъэзыкIыж. Мис абы ухуэшхыдэнумэ – къеблагъэт. НетIэ фызыжьым тумэнищкIэ естакъым. Езым и шыдыгумкIи ишэжыну. Уэ тIурэ тхукIи уэсту, сэри ныпхуэсшэжу! Мохь, лIыжь быдэжь!

Ауэрэ дыгъэри йотIысэх. Си Iэмбатэхэри мэтIыс. ЗэхэзекIуэхэри мащIэ дыдэ мэхъу. Сэри сыгузавэу щIызодзэ. Уэли, нетIэ тумэнищымкIэ естамэ нэхъыфIу къыщIэкIынтэм, жысIэу сигу къокI. АрщхьэкIэ ар сфIэмащIэ мэхъу. Мы къомыр тумэнищкIэ дауэ птын? Шыудзым соплъ.

– Сыт гу цIыкIум жыпIэр? – къызбгъэдэувыIэ хуэдэу ещIри къызоупщI зыгуэр. Сэ уасэ зытесщIыхьауэ щытар Iэмбатэрщ. Фызыр занщIэу гу цIыкIум къыщIэупщIащи, жэуап естынур сымыщIэу, сыIэнкуну сыщытщ. ЛъапIэу жысIэни сошынэ, згъэпудыни сигу пыкIыркъым.

– ТумэниблкIэ сощэ, – жызоIэ.

– ТIукIэ ухуеймэ, псынщIэу некъу.

– ТхукIэ узот, – жысIа щхьэкIэ, абы къемыдаIуэу, фызыр ежьэжащ. Си щхьэуз атIэ узыхуейр? И зэхуэдитIым щIигъу пхукIэрызгъэхуащ. Щы, тIурэ тхурэ къызату естакъыми, езым тумэнитI, жи. Зым нэхърэ зыр нэхъ къэзэрыжи мы Iеижь къомыр. Уэли, тумэнищ къызэзытыну жызыIам къигъэзэжамэ, абы есщэнти сыкIуэжынтэм. Жэщ хъуащ. АдэкIэ, сыздэщыIэр имыщIэу, Быбэ гузэвэнщ, жысIэу согупсыс. ЩэхуакIуэ лъэпкъи щыIэжкъым. Си закъуэпцIий сыпIийуэ бэзэрым сыкъытенащ.

ТумэнитI къысхуэзыгъэлъэгъуауэ щытами естыну сыхьэзырт. АрщхьэкIэ дэнэ къипхыжын? Сыт иджы сщIэнур? Сшэжынущи, схуэшэжынукъым. Бэзэрым нэс ипшыж нэхърэ гъуейм къипшынир нэхъ гъунэгъущ. Армырами, нышэдибэ чийлъэрыкIуэр къэсшауэ, бэзэрым сикIыжу мэз сыкIуауэ, аргуэру шыудзыр къэслъэфауэ, иджы мыр схуэшэжыну? Щхьэ мыгъуи къэсшат? Быбэ къызэшхыдэнукъэ иджы? Шыудзыр къытезнэуи дауэ сыкIуэжыну? Зыгуэрым тумэн къызитамэ, зэпыту укIуэт, естынти сежьэжынт. Зы цIыху зэрыщымыIэж. ХыфIэздзэ нэхърэ, сомищ е сом къызатами нэхъыфIат. Аращ. Фейдэ уимыIэмэ, убиткIэр хьэзырщ.

НэгъуэщI къысхуэнэжыркъыми, гу цIыкIум илъ удзыр къызох. Ауэ Iэмбатэу згъэтIылъыркъым. Сытми къызотхъу. Зызоплъыхьри – зыри щыIэкъым. Сыгъыным хуэдэу си тэмакъыр къызэщIищIауэ кIапсэхэр гу

цIыкIум изопхэж. ЕщIэкъуауэу адэ зылI къокIуэ. Абы ищэхуну пIэрэ? Уэли, ауэ ептамэ, пIимыхын. Портфель иIыгъщ. КъулыкъущIэ хъунщ. ЛIо абы шыудз хуэлэжар зэребгъэщIынур? ЛIыр сэ къызэплъурэ къокIуэ. Ар блэкIмэ, сежьэжынщ, жызоIэри сыщытщ. Къэсри, къеплъэкIыурэ, блэкIащ. Сэри сыгъыпэным нэсауэ удз щылъым сытенэщхъейуэ гу цIыкIум зыщIызощIэж. Абдей лIым къигъэзэжауэ солъагъу. Сэри лъэбакъуитI-щыкIэт сызэрыIукIыжари, сыкъэувыIэжауэ сыкъоплъэкI.

– Мо удзыр пщэрэ? – къызбгъэдохьэ лIы щIакъуэр.

– НтIэ.

– Сыт хуэдиз жыпIэр? БгъэлъапIэрэ? Жэщи къыптехъуаи.

– ЖысIэнури сщIэркъым, тхылъ къызыщIэкIын тIэкIу...

– Уеджэрэ, щIалэфI?

– НтIэ. Тхылъ уасэ сщIыну арати...

– АдэкIэ уи адэ-анэр гузэвэнкъэ? Щхьэ жэщ пщIа? ИкIи уи закъуэу.

– Си адэр иджыри зауэм къикIыжакъым. Быбэ лэжьапIэм щыIэщ.

– НэгъуэщI фиIэкъэ?

– Нэхъыжьхэр губгъуэм щыIэщ, нэхъыщIэр цIыкIущ, – жызоIэ. «А къомым хууIуэхур сыт? Пщэхунумэ, щэху», – сигукIэ сошхыдэ.

– Сыт класс узыхэсыр? Сыт хуэдэ тхылъыт, щIалэфI, къэпщэхунухэр?

– Урыс грамматикэ, историе... географие... псори етхуанэм щаджхэр...

– Зыри уиIэкъым-тIэ? Сэ иджыпсту историери грамматикэри къэсщэхуат. Си щIалэм зэриIэр сигу къэмыкIыжу... Ари етхуанэм кIуэнуаращ. Иджы мы тхылъхэм зыкIи сыхуеижкъым... Уи удзымкIэ къызэпхъуэжын? Мы тетрадхэри ныпхутеслъхьэнщ. Хъун?.. Къызэхъуэж, щIалэфI. Мэ тхылъитIри тетрадхэри... А-а... мыдэ нэгъуэщI зыи щыIэщ. Нэмыцэбзэр. Етхуанэм абыи фыщеджэнущ.

ЛIым тхылъищыр къызитащ, тетрадь зыкъоми щIыгъуу.

– Еуэ-тIэ, щIалэфI. ФIыуэ еджэ. Уи адэр къэкIуэжмэ, гуфIэнщ, – нэщхъыфIэу къызэплъурэ, лIым сыкърегъэжьэж.

– Ялыхь, уи шыкурщ. Си гугъуехьыр псыхэкIуадэ дыдэ хъуакъым. Тхылъ щIэрыпсищри тетрадхэри къызитащ. Сыту угъурлыуэ къысхуэзэжат а лIыр! Уэт цIыхуфI. ИкIи къызэныкъуэкъуакъым. Зы тхылъ фIэкI къызимытами, шыудзыр естынут... ЛIот-тIэ? Арыншэми хыфIэздзэжырт. Ауэ езыр цIыхуфIт, хьэлэлт... Алыхьым игъэпсэун. Сыту угъурлы! Ар зи цIыхуфIагъ щхьэ щIакъуэу пIэрэ? Уэли, зауэм щыIа хъунмэ. Хьэмэрэ егъэджакIуэу пIэрэ? Етхуанэм нэмыцэбзи дызэрыщеджэнур дауэ къищIа? А шыудзыр сыткIэ ишэжыну иджы? Жэщ хъуащ. Уэли, щIакъуэщ, псапэтэм, шыудзыр хуэсшэжамэ. Езым хыфIэздзэжа удз цIынэмкIэ мы къомыр къызихъуэжащ.

Згъэзэжу шыудзыр унэм хуэсшэжын мурад сщIауэ сыкъеплъэкIащ. Арщхьэкiэ лIыр адэ нэсыжауэ хуэмурэ кIуэжырт. Шыудзри а зэрыщылът.

# Гъащlэр зэрыщылэм иlэу щхьэусыгъуэ
# Къызыфlэзыгъэщlхэм къагъэщl дуней фlыгъуэр



## ЛЪЭПКЪЫМ И НАБДЗЭ

Нэхъапэхэм адыгэхэм щытхъум зыдрагъэхьэхыу щытакъым. ЦIыхур къыщалъхуа махуэри ягъэлъапIэртэкъым. Уеблэмэ, ди бзэм хэтакъым «юбилей» псалъэр. Дунейм ехыжам апхуэдэ лъытэныгъэ къылъысын хуейуэ зыми игу къэкIыххэртэкъым, ауэ зи лIыгъэкIэ, лэжьыгъэкIэ, акъылкIэ лъэпкъым Iуэхушхуэ хуэзыщIам фIыщIэ жыг хухасэрт, уэрэд хуаусырт, псалъэ гуапэкIэ ягу къагъэкIыжырт. Зырыз дыдэхэм хуагъэфащэт «Лъэпкъым и набдзэ» псалъэ дахэр, купщIафIэр. Набдзэм цIыхум и нэгур егъэдахэ, и нэр уэшхми уэсми щехъумэ. Апхуэдэ набдзэу лъэпкъым иIащ тхакIуэ цIэрыIуэ, ныбжьэгъу пэж, цIыху щыпкъэ IутIыж Борис.

IутIыжыр зэрыпсэуа гъащIэр зыфIэмымащIэ цIыху срихьэлIакъым. ФэрыщIагъ лъэпкъ хэмылъу ар я нэгум къищырт Борис дунейм щехыжа махуэм абы и жэнэзым къыщызэхуэса цIыху мин бжыгъэхэм. Апхуэдиз цIыху здэкIуэ хабзэр, псоми зэрытщIэщи, къулыкъушхуэ зиIэу дунейм ехыжам е мылъкушхуэ зыбгъэдэлъам и дыуэщIырщ. IутIыж Борис зэи

къулыкъушхуэ иӀакъым, бюджет улахуэмрэ гонорарымрэ къыхэкӀыу мылъку гуэри хузэгъэпэщакъым. Сыту пӀэрэ абы егъэлеяуэ цӀыху куэд щӀыхуэгузэвар, я гур зыкъутар? ЛӀыр мыгъ хабзэми, щыгъуэ митингым кърихьэлӀа цӀыхухъухэм я нэпсыр къыщӀэзыхуар?

Апхуэдиз пщӀэ ӀутӀыж Борис щӀигъуэтар цӀыхуфӀу, ныбжьэгъу пэжу, быным яхуэгумащӀэу зэрыщытам и закъуэкъым. Пэжщ, ари мащӀэкъым икӀи тыншкъым: цӀыхум ягу удыхьэнри, ныбжьэгъу пӀыгъынри, бын бгъэсэнри, ауэ лъэпкъ псом пщӀэ къыпхуищӀын, тхыдэм укъыхэнэн щхьэкӀэ, куэдым яхузэфӀэмыкӀ Ӏуэхушхуэ блэжьын хуейщ. Апхуэдэ лэжьыгъэу зыбжанэ зэфӀихын хузэфӀэкӀащ ӀутӀыж Борис. А псом лъабжьэ хуэхъуар, дауи, зы щхьэусыгъуэкъым, ауэ ӀутӀыжым и ехъулӀэныгъэхэр нэхъыбэу къызыхэкӀар лэжьакӀуэшхуэу зэрыщытаргщ. ТхакӀуэм къигъэна лъэужь дахэм уриплъэмэ, умыгъэщӀэгъуэну Ӏэмал иӀэкъым апхуэдиз зы цӀыху гъащӀэкӀэ зэрыхузэфӀэкӀар.

Ижь-ижьыж лъандэрэ цӀыхухэм уасэшхуэ щӀат бриллиант зыфӀаща мывэм, беягъым и мардэ хъуам. Мывэ къуабэбжьабэу щыта а бриллиантыр цӀэрыӀуэ зыщӀыр елӀалӀэу зэрахъуэрщ, мылгъурыджейм хуэдэу цӀу зэращӀырщ. ДэнэкӀэ зигъазэми, абы нур дахэ къыщхьэщыжу дэзыгъэлъагъур абы елэжьым и Ӏэзагъ инымрэ трагъэкӀуадэ гуащӀэмрэщ.

ЦӀыхури а мывэм ещхьщ. ДэнэкӀэ зигъазэми, сыт хуэдэ Ӏуэху илэжьми, «и Ӏэм дыщэ къыпыщу» зыщӀыфыр и гугъуехьырщ, ерыщагъырщ. ӀутӀыж Борис зы махуи дунейм тетакъым, «сыт щӀэуэ си лъэпкъым хуэзлэжьын» жиӀэу и гум имылъу. Аращ лъэужь дахэ къыщӀигъэнари.

И гъащӀэ псом Ӏуэхугъуэ зыбжанэ зэдихьащ Борис: и зэфӀэкӀыр ӀупщӀу къыщигъэлъэгъуащ поэзиеми, прозэми, драматургиеми, публицистикэми, сурэт щӀын ӀэщӀагъэми хуэӀэижьу щытащ, «псэ къаӀуигъэкӀащ» пхъэми, мывэми, жэзми, хуэӀэзэт гушыӀэ сурэтхэр щӀынми. Сэ къысфӀощӀ ар адыгэ культурэм и Ломоносову къэплъытэ хъуну.

ТхакӀуэр зэлэжьыр псалъэрщ, зэчий зыбгъэдэлъым абы «нур идзу» ещӀыф. Борис тхакӀуэ зэфӀэкӀым и мызакъуэу, бзэм елэжьыным теухуауи щӀэныгъэшхуэ иӀащ. Шэч хэлъкъым абы и сэбэпи къызэрекӀам. Куэдым зэращӀэщи, абы ди университетыр къиуха нэужь, Тбилиси университетым и аспирантурэми щеджэри, бзэ щӀэныгъэмкӀэ кандидат хъуат. Илъэс тӀощӀым щӀигъукӀэ ар щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр щӀэныгъэ-къэхутакӀуэ институтым. 1999 гъэм адыгэбзэ псалъалъэ къыдэзыгъэкӀахэми яхэтащ. Бзэр кууэ иджащ, ар ящыщщ адыгэбзэм нэхъри зезыгъэужьа тхакӀуэхэм.

Гу лъывэзгъэтэну сыхуейт зы Ӏуэхугъуэ. Урыс литературэбзэр зэфӀэзыгъэуvауэ, абы зезыгъэужьауэ къалъытэр А. С. Пушкинращ. Тырку литературэбзэм и лъабжьэр зыгъэтӀылъар адыгэхэм къахэкӀа тхакӀуэ Омер Сейфеддинщ (Хьэткъуэ Умар). НэгъуэщӀ лъэпкъхэми къыхагъэщхьэхукӀ бзэм и зыужьыныгъэм лъэужьыфӀу телэжьа усакӀуэхэр, тхакӀуэхэр. Адыгэ литературэбзэм и зыужьыныгъэм апхуэдэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщӀахэм ящыщщ Бэчмырзэ, ЩоджэнцӀыкӀу Алий, КӀыщокъуэ Алим, ӀутӀыж Борис сымэ.

ТхакӀуэшхуэхэу бзэ къулей зыӀурылъхэм я псалъалъэ зэхалъхьэ хабзэщ. Апхуэдэ хузэхагъэуващ ЩоджэнцӀыкӀу Алий. Ягъэхьэзыр КӀыщокъуэ Алим и псалъалъэри. Шэч хэмылъу, а пщӀэр хуэфащэщ ӀутӀыж Бориси. Абы бзэщӀэныгъэм теухуауэ итха тхылъым, статьяхэм я гугъу умыщӀми, и тхыгъэхэм къыщигъэсэбэпа бзэм и къулеягъэр, псалъэу

къигъэсэбэпам я куэдагъыр, ахэр шэрыуэхэу зэрыщытыр зымыгъэщIагъуэ яхэткъым критикхэми, литературэхутэ щIэныгъэлIхэми.

Адыгэбзэм и зыужьыкIэр, ар хъумэн, гъэлэжьэн зэрыхуейр темэ нэхъыщхьэ хуэхъуащ Борис и публицистикэ тхыгъэ куэдым. И гъащIэ псом Борис анэдэлъхубзэм ил хуэузу щытащ, бзэр хъумэным теухуауэ къыщыпсалъэрт радиом, телевиденэм, статьяхэр къытридзэрт газетхэм, журналхэм, доклад щищIырт щIэныгъэ конференцхэм, лъэпкъ зэхуэсышхуэхэм. IутIыж Борис хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэр анэдэлъхубзэм къыхуэгъэушын Iуэхуми лэжьыгъэшхуэ хилъхьащ. Ар хэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, ауэ зэи политикэ Iуэхум зыдригъэхьэхакъым. Абы и нэIэ зытригъэтар бзэм, литературэм, адыгэ культурэм пыщIа ныкъуэсаныгъэхэрщ.

Щхьэхуэу къыжыIэпхъэщ адыгэ публицистикэм ныбжь хъарзынэ зэриIэр. Ар къыщожьэ XIX лIэщIыгъуэм – урысыбзэкIэ тхэуэ щыта ди тхакIуэ-узэщIакIуэхэм я деж. Совет зэманми а жанрым зыужьыныгъэ игъуэтащ. Абы пызыщахэм ящыщщ IутIыжри. Абы и публицистикэм къыщиIэт темэхэр мащIэкъым. Абы хэтщ бзэм, литературэм, театрым, драматургием, диным, идеологием, критикэм, педагогикэм я Iуэху зэIумыбзхэр сэтей къэзыщI, абыхэм я хэкIыпIэ къыщилъыхъуэ тхыгъэ купщIафIэхэр.

Театрым, драматургием теухуа статьяхэм хыболъагъуэ тхакIуэр зыгъэгумэщI Iуэху зыбжанэ: Къэбэрдей театрым пьесэ щагъэувхэм адыгэ авторхэм ейуэ хэтыр зэрымащIэр, Урыс театрым зэикI адыгэ, балъкъэр пьесэ зэрыщамыгъэувыр, адыгэ тхакIуэхэм ящыщу пьесэ зытххэр зэрымащIэ дыдэр. Борис фIыуэ хищIыкIыу щытащ режиссер IэщIагъэми (уеблэмэ зы спектаклым режиссер къалэныр щигъэзэщIащ). Драматургием и теориери кууэ ищIэрт. Абы щыхьэт тохъуэ и пьесэхэр зэриухуэр, ахэм къыщыгъэсэбэпа Iэмалхэр. Борис тхыдэм, щэнхабзэм теухуауэ лэжьыгъэ куэд щIиджыкIащ, ерыщу зыхуигъэхьэзыращ «Эдип» трагедиер тхыным. А пьесэр къызэрытрадзэу, псом хуэмыдэу абы къытращIыкIа спектаклыр Къэбэрдей театрым зэрыщагъэуву абы теухуауэ зыгуэрхэм псалъэмакъ къаIэтащ. Авторым зыхуигъэувыжа къалэныр къызгурымыIуа куэди тепсэлъыхьащ. Уеблэмэ къахэкIащ Борис а трагедием имыавтору жызыIаи, абы алыдж пьесэр зэридзэкIауэ къэзылъытаи. Мы Iуэхум теухуауэ Борис и лэжьыгъэ гуэрым щитхыгъащ: «Зы критик е литературэдж Iэзэ гуэрым си пьесэр къищтэу а сюжет дыдэм теухуауэ трагедие зытхахэм иригъэпщамэ, IупщI хъунт си зы псалъэухаи, зы пычыгъуи зым ейм зэрытемыхуэр, сюжеткIи, зэхэгъэувэкIэкIи, жыIэкIэкIи стхар сэ си Iэдакъэ къызэрыщIэкIар». Мыр тхакIуэм и уэсят хуэдэу къэслъытэри, сэ щIэспщытыкIащ алыдж мифологием къыхэкIа сюжетым тещIыхьа пьесэу щыIэм я нэхъыбэр. Абыхэм хэткъым Борис итхам техуэ гуэри.

Псоми ямыщIэжынкIэ хъунщ IутIыжым «Эдип» пьесэр итхыну къыщIыхиха щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр. КIэщI дыдэу жыпIэмэ, а трагедие гуузым и сюжетымкIэ Борис хэтащ адыгэбзэм лъэкIыныгъэу иIэр къигъэлъэгъуэну, а къалэнри ехъулIэныгъэкIэ зэфIихащ. Пафос лъагэ зиIэ алыдж трагедие нэхъыфIхэм хуэдэм пэлъэщащ адыгэбзэр.

Пьесэм къыщыхъу Iуэхухэр гуузщ, укIытэгъуэщ. Ахэр адыгэ нэмысым къемызэгъыу авторыр зыгъэкъуэншахэри мащIэкъым. Пэжщ, адыгэ нэмысыр лъагэщ, ауэ алыджхэр нэмысыншэу пIэрэ? Мифым зи гугъу ищI Iуэхухэр къыщыхъуар илъэс минитIрэ щитхурэ и пэкIэщ. Эдип

пащтыхьым зыри химыщIыкIыу и адэр еукIыж, иужькIэ апхуэдэ дыдэу и анэр фызу къешэж. Зэрыхьэдыгъуэдахэм нэмыщIыжкIи, абы кърокIуэ нэпсрэ гузэвэгъуэу цIыхум и фэм дэмыхуэным хуэдиз.

Мы сюжетыр дуней псом щыцIэрыIуэщ, абы пьесэ тращIыкIащ нэхъ цIэрыIуэжхэу Софокл, Сакс, Корнель, Вольтер, Кокто сымэ. Ауэ IутIыжым итха пьесэм абыхэм техуэу зыри хэткъым, псоми я зэхуэдэ сюжетым нэмыщIу, уеблэмэ, трагедием и финалыр Борис нэхъыфIу къехъулIауэ убж хъунущ, зи цIэ къитIуа классикхэм нэхърэ. Эдип и адэр иукIыжа зэрыхъуа щIыкIэр Борис щIэуэ хигъэхьащ (щакIуэ кIуауэ), щIэуэ персонажу блы хигъэхьащ, хорым и къалэнхэр игъэмэщIащ, иджырей драматургием и IэмалыщIэхэр тегъэщIапIэ ищIащ. Адыгэбзэр шэрыуэу икIи IутIыж Борис фIыщIэшхуэ къелэжь и пьесэ гъуэзэджэмкIэ драматург цIэрыIуэхэм зэрабгъэдэувэфам папщIэ.

Зэман жыжьэ дыдэм теухуащ IутIыжыр цIэрыIуэ зыщIа «Тыргъэтауэ» трагедиери. Мыр спектаклу ягъэува нэужь, авторыр зыгъэбэмпIэн Iуэху-гъуэхэр къыхукъуэкIащ. Борис фIыщIэ хуащIыным и пIэкIэ, спектаклыр гъэлъэгъуэныр къызэтрагъэувыIащ, и щхьэусыгъуэр къыжрамыIэу еплъа псори. Iэгуауэ инкIэ зыпежьа спектаклыр сыту пIэрэт кIэщIу сценэм изыхар? Езы IутIыжым зэритхыжамкIэ, зыгуэрым «къызэригъэпэща» статья газетым къытрадза нэужь, къулыкъушхуэ дыдэ зыIыгъхэр еплъащ трагедием, иужькIэ спектаклыр ягъэлъэгъуэжакъым зэман кIыхькIэ.

IутIыжым и драматургием щIыпIэшхуэ щеубыд комедием. Адыгэ литературэм имыIауэ а жанрым и фащэ зэхуэмыдэхэр абы къыщигъэсэбэпащ комедиографием: водевиль, фарс, трагифарс, иIэщ либреттэ щхьэхуи. Адыгэ IуэрыIуатэм и Iэмалхэр и щIэгъэкъуэну, IутIыжым итхащ комедие цикл ин. А псоми телъщ езым и дамыгъи, лъэпкъым и дамыгъи. ТхакIуэ куэдым яхузэфIэкIыркъым езым я хъэтI, зыми емыщхь я стиль зэрагъэпэщын. IутIыж Борис и тхэкIэр нэгъуэщI зым ейми ещхькъым. Сыт хуэдэ темэ къимыщтэми, езыр-езыру къонэж, зэры-Борису, зэры-Адыгэу. Зыми и зекIуэкIэм, и къэфэкIэм, и гупсысэкIэм я жьауэм щIэхуакъым. Ар езым и шы тесыкIэ иIэжу дунейм тетащ, итха псоми и дамыгъэ ятебдзэ хъунущ.

Литературэм и пкъыгъуэ щхьэхуэхэу лирикэмрэ эпосымрэ зэхэухуэнауэ къэзыгъэсэбэпыфыр мащIэ дыдэщ, литературэ нэхъ къулей дыдэхэм я деж уIэбэми. Борис ирикуфащ а жанр гугъуми. Абы и жыпхъэм иту тхакIуэм и Iэдакъэм къыщIэкIащ тхыгъэ тIощIрэ хырэ. Ахэр ихуащ 2005 гъэм къыдэкIа «Къудамэхэр» тхылъым. Абы итщ сонетхэри (IутIыжым и поэзием и фIыпIэхэр), новеллэхэри. Иужьрейхэм къахэгъэщыпхъэщ «Насыпыр щагуэшыр пщэдджыжьырщ», «МэракIуэщыпэ», «Гум и тезыр» жыхуиIэхэр. ТхакIуэм къигъэлъагъуэ персонажхэр я фэкIи, я бзэкIи, я психологиекIи «узэдащ», ахэр гум къонэж. Абы нэмыщIыжкIи, языныкъуэ тхакIуэхэм рассказым новеллэ зэрыфIащым хуэмыдэу, IутIыжым ейхэр мы жанрым и фащэм итщ. Апхуэдэу тхакIуэм и усэхэри, прозэри, драматургиери гъащIэм и философиекIэ псыхьащ. ГъащIэм и пэжымрэ авторым къигупсысахэмрэ зэпэгъунэгъущ. Аращ IутIыжым и IэдакъэщIэкIхэм фIэщхъуныгъэ щIахэлъыр, ущIызыIэпашэр.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьыпхъэщ IутIыж Борис адыгэ щIэныгъэлIхэм, тхакIуэхэм, композиторхэм я ехъулIэныгъэхэм щыгуфIыкI къудейм и мызакъуэу, езыхэми ятетхыхьу, я гур ихъумэу, игъэгушхуэу зэрыщытар. 2008 гъэм абы къыдигъэкIа «Пщыхьэщхьэ нэбзийхэр» зыфIища тхылъым итщ ЩоджэнцIыкIу Алий и деж щегъэжьауэ нобэрей ди щэнхабзэм

къыхыхьа ныбжьыщIэхэм деж щиухыжу статья тхущIрэ блырэ. Апхуэдэ гулъытэ зиIэ нэгъуэщI тхакIуэ диIэу сщIэркъым.

IутIыж Борис тхэмытыжми, абы и тхыгъэхэр, сурэт ищIахэр, образ дахэу ди щэнхабзэм хилъхьахэр мэлажьэ, цIыхухэр фIым къыхураджэу, гъащIэм и дахэр щIэблэм къагурыIуэу ягъасэу. КъызыхэкIа адыгэ лъэпкъым тегужьеикIауэ, теубгъуауэ псэуащ а тхакIуэ гъуэзэджэр, дахэу тетащ дунейм. Абы и лъэужь иным хуэфащэ пщIэ игъуэтын хуейщ. Шэч къытесхьэркъым ар ди тхакIуэ нэхъ ин дыдэхэм зэрабгъэдэувам. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, сэ срогушхуэ абы и ныбжьэгъухэм сахибжэу зэрыщытам.

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор.*

# Уахъутыншэ фIэпщыну гъащIэм хэлъыр

Борис и псалъэ, и усэ сэ япэу щызэхэсхам университетым сыщIэтIысхьа къудейт. Абы ипэIуэкIэ, школым сыщыщIэсам щыгъуэ, адыгэ литературэм сэ къысфIыхэбэкъукIырт ЩоджэнцIыкIу Алийрэ Пушкинымрэ. Алий спэгъунэгъу зыщIыр тхьэмыщкIагъэмрэ залымыгъэмрэ теухуауэ итххэмрэ зауэмрэ гъаблэмрэ зи нэгу щIэкIа си нанэм жиIэжу зэхэсхымрэ зэрызэпэджэжыр арагъэнт. Пушкинырати, и таурыхъхэр тхылъуи сабий фильмуи гъэщIэгъуэныщэт, укъыхэкIыжыну ухуэмейуэ, дуней щIэращIэт, нэхъыщхьэращи, фIыр Iейм щытекIуэрт, сабийм и псэр игъэтыншт. Нэхъ дыкъыдэкIуэтейуэ «Я помню чудное мгновенье» усэр гукIэ щызэдгъэщIам, адыгэбзэкIэ дахэу уи гурыщIэр къыпхуэмыIуэтэну къэслъытауэ, си анэдэлъхубзэм сигу ебгъэрт. (Псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, литературэращ бзэр фIыуэ уэзгъэлъагъужри, абы и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, дэ дызэреджахэри иджырей учебникхэри куэдкIэ зэщхьэщыкIыу, ефIэкIуауэ пхужыIэнукъым. Ауэ ар нэгъуэщI Iуэхущ).

Университетым сыщIэтIысхьа нэужьщ адыгэбзэм и IэфIри и зэфIэкIри япэу щызыхэсщIар. Ар зи фIыщIэр зыгуэрым и лекцэтэкъым, атIэ радиокIэ сызэдэIуа нэтынырт. Артист Хъыдзэдж Борис къеджэрт усэ телъыджэхэм. Ахэр зытхар IутIыж Борист. Макъамэ гуакIуэ щIэту къэIу лъагъуныгъэ усэхэм я къарур Пушкиным и бзэм зыкIи ефэгъуэкIыртэкъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, адыгэбзэм кърипIуатэ хъунур тхьэмыщкIагъэмрэ залымыгъэмрэ я закъуэтэкъым, адыгэбзэр лъагъуныгъэм и бзэт, зи щIалэгъуэм къиIущэщ хъун псалъэхэмкIэ гъэнщIауэ.

*Зэгуэр. Илъэс зыкъом дэкIауэ,*
*Мо мазэр мэзым къыхэкIауэ,*
*Мы жыгри хужьу къэгъэгъауэ,*
*Мыбдежым тIу щызэIущIауэ,*
*Дэ дэщхьу я щхьэр зэгъэщIауэ*
*Уэ плъагъумэ, уигу сыкъэгъэкIыж…*
*КъытфIэщIми нобэр мыухыж,*
*Хъужынущ псори гукъэкIыж.*

ГъэщIэгъуэныракъэ, япэу щызэхэсхам сызэригъэпIейтеям зыкIи кIэрыхуауэ сщIэркъым зэман-зэманкIэ Борис и усэхэм сыщеджэжкIэ. Набоков Владимир и псалъэкIэ жысIэнщи, «Наивысшее достоинство писателя, вообще любого художника, - способность возбуждать в других душевный трепет», - гупсысэр сыт и лъэныкъуэкIи ягъэпэж IутIыжым и тхыгъэхэм.

Зы усэ дыкъыздевгъаджэт, адыгэбзэр псэм къызэрехуэбылIэр, лъагъуныгъэм и макъамэр зыхэтщIэн папщIэ:

*Сэ ныщхьэбэ уэ сыпщIогупсысыр:*
*КъыскIэрыхъыжьащ зы гукъэкIыж.*
*Укъалъыхъуэу си нэхэр мэплъызыр,*
*Гуми IэщIэхуахэр къещыпыж.*
*Сэ уи цIэ къудеи къысхуэщIэжкъым,-*
*Ди зэхуэзи ди зэпсалъи кIэщIт.*
*Лъагъуныгъи тщIауэ си гугъэжкъым,*
*Ауэ сыту лъагъуныгъэм ещхьт!..*
*Си нэгу къыщIохьэжыр пшагъуэ-пшагъуэу:*
*Дунейр щIэзыхъумэ нэ къабзитI,*
*Жэщым къыхэщ мазэу напэ щIагъуэ,*
*Си пщэм ешэкIауэ Iэ хужьитI…*
*Гъэхэр пIащIэу жыжьэ гуэрым макIуэ,*
*Псори зыгъэунэхур ахэращ.*
*Удз гъэгъа дахащэм и мэ гуакIуэу,*
*Уэ зэгуэр зэманым узблихащ.*

Зэманым тIэщIихащ усакIуэ гъуэзэджэр, акъылымрэ гъэсэныгъэмрэ, напэмрэ цIыхугъэмрэ я щапхъэу дунейм тетар, зи усыгъэхэр адыгэбзэм и беягъымкIэ, Хэкум и теплъэмрэ и хьэуамкIэ зыгъэнщIар.

IутIыж Борис и цIэр фIагъым и дамыгъэ хъуат. Дыщэр зэрагъэунэхур чэзэпщ жыхуаIэм хуэдэу, Борис усэкIи, прозэкIи, драматургиекIи, сурэт щIынкIи, пкIыгъэмрэ пхъэмрэ зэрыхуэIэкIуэлъакIуэмкIи зигъэунэхужащ. Апхуэдэ псэемыблэж лэжьыгъэмкIэ ди лъэпкъым и художественнэ гупсысэм зригъэужьащ, «адыгэм я литературэр сыт хуэдэ» жызыIэнкIэ хъунухэм дигурэ ди щхьэрэ зэтелъу я пащхьэ итлъхьэн къытхуигъэнащ. ГъащIэм и пэжыр зыхуэдэр хьэкъыу зыпхыкIа, абсурдыр къыщежьэмрэ здынэсымрэ фIыуэ щыгъуазэ тхакIуэм хузэфIэкIащ ди псэр имыгъэгужьеин, гъащIэр зэрыкIэщIым тетщIыхьу ди щхьэм къихьэр тщIэуэ дунейм дытетыным дыщихъумэн. Ар щIыжысIэр, псалъэм папщIэ, австрие тхакIуэ цIэрыIуэ Франс Кафкэ хуэдэу псэм тегъуалъхьэ пэж егъэлеям Борис къызэрыпикIухьарщ, и философиер зыкIи мынэхъ чэнжами, гурэ псэкIэ щIызэныкъуэкъужын куэд илъэгъуами.

Сэ зэпымычу згъэщIагъуэрт IутIыжым и трагедиер щиухыфымрэ комедием къыщыщIидзэфымрэ, гъащIэм и IэфIымрэ и дыджымрэ къахуигъуэтыф псалъэр. ЗгъэщIагъуэрт зэрылэжьакIуэшхуэр. «Дэпсэлъей» жыхуаIэм хуэдэ хьэлыр зэрыхэмылъым, зыгуэр зыхузэфIэкI цIыху куэдым яхэлъ мыхъумыщIагъэхэм хуэдэ зэрыдумылъагъум мы цIыхум нэхъри пщIэ хузигъэщIт.

Зэманым здимыхьыжын тхыгъэ къызэзынэкIа, IуэхущIафэ ин зиIа цIыхум гений хужыпIэну къилэжьыркъэ?! Апхуэдэ пщалъэкIэ убгъэдыхьэмэ, Борис ди лъэпкъым къыхэкIа генийщ. Абы и тхыгъэхэр езыхэм къызэралэжьым хуэдэу зэзыдзэкIыфын къыкъуэкIамэ, ар дунейпсо

щэнхабзэм щыщ Iыхьэ зэрыхъунум шэч хэлътэкъым. Дауи, дыдейм хуэдэу абы и тхыгъэм зы лъэпкъ литературэ бей ирихъуфыну къыщIэкIынукъым, сыту жыпIэмэ дэ абы дызэреджэр IутIыжым и бзэрщ.

Сэ сщIэркъым Борис уэсят гуэр тхауэ къигъэнами, ауэ къысфIощI Дунейпсо Адыгэ Хасэм и цIэкIэ Интернетым ирилъхьэну абы игъэхьэзырауэ щыта тхыгъэ кIэщIыр лъэпкъым къытхуигъэна уэсяту. Ар мыбдежым къыщысхьыну сыхуейт щымыгъуазэхэм папщIэ.

**Адыгэр зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж лъэпкъ щыпкъэу, адрей лъэпкъхэм ядэгъуэгурыкIуэфу, ауэ адыгэ нэсу къэнэжын зэрыхуейр и лъым хэту игъащIэ лъандэм къокIуэкI.**

**Гуауэрэ хьэзабкIэ гъэнщIа илъэс мин бжыгъэхэм къакIуэцIрихащ абы лъэпкъым и дамыгъэ нэхъыщхьэ дыдэр - адыгэбзэр. Абырэ Iуащхьэмахуэ зи дыщэ таж ди Хэку уардэмрэщ дэ нобэ нэхъ дызэзыпхыуи, гугъапIэ нэхъ къыдэзытуи диIэр. АтIэми, зи щхьэ къэзыгъэпцIэжыну хуэмей дэтхэнэ адыгэм дежкIи нэрылъагъущ лъэпкъым и гурыгъухэри и гурыщIэхэри зыщIэзыфа ди анэдэлъхубзэ гъэщIэгъуэныщэр щIэгъэхуэбжьауэ нобэ зэрытIэщIэкIыр.**

**Маржэ хъужыххэн, дывгъэхъумэ ди адыгэбзэ дахэр! Зи къупщхьэ тхэлъ ди адэжьхэм я хьэтыркIэ! КъыфщIэджэ Хэкужьым и хьэтыркIэ! Ди къэкIуэнур Iей хъунуми фIы хъунуми зэлъыта ди щIэблэм я хьэтыркIэ. Дунейр зэрыхъунур зыщIэр Алыхьым и закъуэщ, ауэ щыхъукIэ пщэдей дыщIагъэкъуэншэжын едвмыгъащIэ нобэ къытщIэхъуэ ди щIэблэм, къаIурыдвмыгъэч абыхэм Алыхьталэм къытIурилъхьа бзэ дахэр!**

**Ди щIэблэм анэдэлъхубзэр яIурылъу къэгъэхъунымкIэ нэхъ еджапIэ пажэ дыдэу щыIэр унагъуэращи, Тхьэ лъапIэу Лъагэр фыдогъэлъэIу: ЩЫФХЪУМЭ ФИ УНАГЪУЭХЭМ АДЫГЭБЗЭР! ФЕПСАЛЪЭ ФИ БЫНХЭМ АДЫГЭБЗЭКIЭ! ДЫЗЭВГЪЭПСАЛЪЭ АДЫГЭХЭР АДЫГЭБЗЭКIЭ!**

Борис бзэм триухуа мы гупсысэр уэсятым щIыпэслъытар адыгэбзэм дыхуэмысакъмэ, дримыпсалъэмэ, зедгъэмыгъэужьмэ, жытIэ псоми мыхьэнэ лъэпкъ зэримыIэрщ, IутIыжым хуэдэ лъэпкъым къыхэкIыным ущыгугъын дэнэ къэна, абы и тхыгъэхэм еджэн дымыгъуэтыжу дыкъызэрынэнурщ.

*Тхыдэ-лIыжь кхъахэр уанэтемыхщи,*
*ХуэмыухыжыР гъуэгуанэ кIуаджэщ.*
*Уплъэмэ, - плъагъур пшагъуэ гу (ы) ихщи,*
*УзэплъэкIыжмэ, - щыхупIэ бзаджэщ…*

*Уоу си лъэпкъ мащIэу гущIэм щызгъафIэ,*
*Зи фIыр зи Iейхэм къысхугуэмых,*
*Зэм хубоIэт уэ си гур мо уафэм,*
*Зэм щIы къатиблкIэ гугъэр йодзых.*

*Я нэхъ лIы Iущу зызылъытэжхэм*
*Уи щымыIэжхэр дэнкIи яший,*
*ЕплъэкI зэпытурэ дыщIэзылъхьэжхэм*
*ЯхэплъэхункIэ, си псэр мэкIий:*

*«Зыхэдывгъалъхьи щымыIа лIыгъэ,*
*ДыкъыщIэвгъэкIхэ зэрамыгугъэу!»*

Унагъуэм, быным заужьыным, фIы хъуным хуэхъуапсэ адэм ещхьщ Борис лъэпкъым зыщыхуигъазэкIэ. ЛъэкIамэ, абы лъэпкъыр узыншэу пхришынут «пшагъуэ гу (ы) ихми», дыщихъумэнут «щыхупIэ бзаджэм» аргуэру пэгъунэгъу дыхуэзыщIынкIэ хъуну псоми: анэдэлъхубзэр къытфIэмыIуэхужыным, фадэм, тхьэмыщкIагъэм, щIэныгъэншагъэм, нэгъуэщIхэм я гупсысэкIэм, дин зехьэкIэ, дуней тетыкIэ мытэмэмхэм зыдедгъэхьэхмэ, зэкъуэча дызэрыхъунум.

*Куэбжэпэм адкIэ нэр мыкIуатэ –*
*Абдеж щеухыр мы дунейр.*

Апхуэдэ псалъэхэмкIэ еух IутIыжым и усэ «СфIэкIуэда дуней» зыфIищар. И адэ-анэмрэ къыдалъхуахэмрэ игъащIэ псокIэ пэIэщIэ зэрыхъуам апхуэдэ гупсысэ хьэлъэхэм хуашами, ар япэу я куэбжэм къыщыдэкIамрэ иужьу я куэбжэпэм щыблашыжамрэ яку дэлъа гъащIэр зыхуэдар, Борис хузэфIэкIар къэплъытэмэ, игурэ и псэрэ хуиту зэрыпсэуар, зэрытхар абы хэплъхьэжмэ, шэч лъэпкъ къытумыхьэжу пхужыIэнущ тхакIуэм и дунейм дяпэкIи зэрыпищэнури, ар цIыхур зыхуэдэн хуейм и щапхъэу дунейм зэрытетари. Адыгэ лъэпкъми бынми я хьэкъ абы къытенакъым. Дэ къыттемынащэрэт абы и гуэныхь, дэ тхуэгъэзэщIащэрэт абы и уэсятхэр, дэ къытхэкIащэрэт Борис и IуэхущIафэхэм пызыщэфын, адыгэбзэмрэ адыгэ гупсысэмрэ абы ещхьу зезыгъэузэщIын.

УсакIуэм и сатырхэмкIэ сыухыжыну сыхуейт мы тхыгъэ кIэщIыр.

*ФIыуэ тлъагъу цIыху щетхьэхкIэ мащэм,*
*Дэ дохъу хэтщIыкIыу нэхъри жьы.*
*Кхъэм илъхэр тфIощI къыдэIущащэ:*
*«Къыфпоплъэ псоми, псоми щIыр»…*

*Тхьэ ин Iэмырыр ихъуэжыныр*
*ЦIыху цIыкIум Iуэху къемыхъулIэнщ:*
*ЩIым къыхэкIащи, щIы хъужыныр*
*Iэпкълъэпкъ дэтхэнэмкIи къалэнщ.*

*АрщхьэкIэ псори щIокъу уахътыншэм -*
*Мис ари Тхьэшхуэм иухащ:*
*КIыфIыгъэ щIыIэ гуэщIэгъуншэм*
*ГугъапIэ бзийхэр хэшиящ…*

*Уахътыншэ фIэпщыфыну гъащIэм хэлъыр*
*ЛIам, дыщIамылъхьэу, кIэлъыпсэу гухэлъырщ.*

**ШИРДИЙ Маринэ**.

# Щапхъэ телъыджэу сигу къинащ

Мы дунейм зыри теткъым напэм, цIыхугъэм, адыгагъэм япэ ибгъэщ хъун, ахэр зыдэплъагъу цIыхухэр къуэшу, ныбжьэгъуу, нэIуасэу уиIэным нэхъ беягъ щыIэу сщIэркъым. КъэзгъэщIа илъэс блыщIым нэблагъэм апхуэдэ цIыху хьэлэмэт куэдым сахуэзэну, Iуэху яхузиIэну, шыгъупIастэ ядэсшхыну си насыпым къызэрихьар си гъащIэм къыщыхъуа нэхъ лъапIэныгъэ, гуфIэгъуэ дыдэхэм ящыщу къызолъытэ. Абыхэм ящыщ зыт Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, адыгэ щыпсэу щIыналъэ псоми

къыщалъытэ IутIыж Борис. ЗэрыщIэныгъэлIым, усакIуэм, тхакIуэм, драматургым, къыдэкIуэу, ар къызэрымыкIуэу цIыху къабзэт, зэтеубыдат, лъэпкъыр и псэм япэ изыгъэщ адыгэлIт. ХузэфIэкI Iуэхушхуэхэм папщIэ закъыхигъэщыну, фIыщIэ лей зыхуригъэщIыну пылътэкъым. А псом щыхьэт техъуэ Iуэху куэдым срихьэлIащ сэ, ауэ мыбдеж зи гугъу щысщIынур зы щапхъэщ.

«Ди литературэм и хэлъхьэныгъэ хьэлэмэт» зыфIэсща си тхыгъэмрэ абы и Iуэхур зэрыхъуамрэщ. Ар теухуат IутIыжым къыдигъэкIагъащIэ «ГущIагъщIэлъхэр» тхылъым. Ар стхын щIэхъуари IутIыж Борис фIыуэ зэрыслъагъу, ныбжьэгъугъэ зэрыхузиIэ, пщIэ зэрыхуэсщI къудейратэкъым, атIэ и тхылъыщIэм ит тхыгъэхэр си гущIэм зэрыхыхьарт, ди адыгэ литературэм дежкIэ ар хэлъхьэныгъэфIу зэрыщытыр хьэкъыпIэкIэ зэрызыхэсщIарт. Тхыгъэр къытрезгъэдзат ди деж къыщыдэкI «Черкес хэку» газетым. ИтIанэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэджыкIакIуэхэри абы езгъэджэну мурад сщIыри, «Iуащхьэмахуэ» журналым езгъэхьат а тхыгъэ дыдэр. Махуэ заул дэкIри, телефонкIэ си деж къэпсэлъащ IутIыж Борис икIи къызжиIащ: «Ахьмэд, фIыщIэ пхузощI си тхылъым псалъэ зэрыхуэптхам папщIэ, ауэ, уи жагъуэ умыщI…» А псалъэхэр щызэхэсхым, къызгурыIуащ си тхыгъэр журналым къызэрытримыдзэнур.

– Сыт щIытевмыдзэнур? – жысIэри, си жагъуэ зэрыхъуар къыхэбгурыIукIыну, и псалъэр зэпызудащ.

– ЩIытедмыдзэнум и щхьэусыгъуэр зы закъуэщ, - зэрихабзэу, гъэтIысауэ жиIащ Борис, - ар узытепсэлъыхь тхылъыр си IэдакъэщIэкIыу зэрыщытращ. Журналым и редактор нэхъыщхьэу сыщыту си тхылъым теухуа щытхъу абы теддзэныр къысхуемыгъэкIу, уэлэхьи…

Сыт жызмыIами, и псалъэм схутекIын идакъым Борис.

Ар зэуэ си жагъуэ хъуами, икIэм-икIэжым абы жиIам гукIэ сеувэлIащ икIи сэ абы лъытэныгъэу хузиIэм, пщIэуэ хуэсщIым езыр-езыру нэхъри зыкъиIэтащ, «апхуэдэ лIыгъэ къыпкъуэкIыныр къызэрымыкIуэ лIыгъэщ, ар яхузэфIэкIкъым куэдым», - жысIэри, узэрыпсэун хуейм и щапхъэ телъыджэуи ар сигу къинащ.

Иджы, IутIыж Борис къызэралъхурэ илъэс 70 щрикъум, сыхуейт абы зригъэтIылъэкIауэ щыта си тхыгъэр Борис илъэс 17-кIэ унафэ зыхуищIа «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуэжыну.

## Ди литературэм и хэлъхьэныгъэ хьэлэмэт

Пэжыр жыпIэнумэ, IутIыж Борис сэ зэрысцIыхур драматургыут, журнал, газет щхьэхуэхэм усэ, гушыIэ рассказ гуэрхэр щыслъэгъуами сыкъызытенэнури арауэ къыщIэкIынт, «ГущIагъщIэлъхэр» тхылъыр къысIэрымыхьэгъамэ. Мы тхылъым седжа нэужь, иджыри къыздэсым сызыщымыгъуазэ, сфIэкIуэда гуэр къэзгъуэтыжауэ, иджыри къыздэсым сызыпэплъа насыпыр си IэмыщIэ къихуэжауэ къысщыхъуащ. Щхьэихауэ жысIэнщи, тхыгъэхэм сащыгуфIыкIа къудейкъым, атIэ ахэр зи Iэпэм къыщIэкIа IутIыжым сехъуэпсащ. Езыри нэхъыфIыжу слъэгъуащ. Абдежи къыщыувыIакъым: сэ гушхуэныгъэ къызэрымыкIуэ къысхилъхьащ пьесэ тхынымкIэ Iэзагъ, зэчий ин къэзыгъэлъагъуэ IутIыжыр икIи усакIуэ хьэлэмэту, икIи прозаикыу, икIи публицисту зэрыщытым. Гу зылъыстэну сызыхуейри Борис и хъэтIкIэ нэгъуэщI усакIуэхэми публицистхэми къащхьэщыкIыу зэрыщытращ. Борис иджыри къэс адыгэбзэкIэ сызэджа псоми къащхьэщыкIырт зи гугъу ищIым и къэгъэлъэгъуэкIэкIи,

къихь зэлъытыныгъэкIи, къищтэ темэкIи, ар зэрызэпкърихкIи, псалъэ зэхэгъэувэкIэкIи, дыкъэзыухъуреихь дунейм и теплъэгъуэхэр, Iыхьэхэр къызэригъэсэбэпкIи, сыт хуэдэ Iуэхуми, къэхъукъащIэми зэрыбгъэдыхьэкIи…

И IэрыкIхэм ящыщ зым абы щитхащ мыпхуэдэу:

*Ящымыщ ар лъаIуэхэм,*
*ФэрыщI жыIэдаIуэхэм,*
*КъулыкъущIэкъу жьантIакIуэхэм,*
*Мылъку хьэрэмкIэ наIуэхэм.*
*Ар зи напэ емыщэжщ.*
*Гугъэ ищIмэ – щIемыгъуэжщ.*
*Зэхуихьэскъым щIыхь жьгъей.*
*Хуэпшиями мы дунейр,*
*Къулеягъыу ар зыхуейр*
*Пэжым хуэзэр аркъудейщ…*
*Мис апхуэдэ тхэтмэ, - ар УсакIуэщ.*
*Адрейхэр псори дыпсэлъакIуэщ.*

Мы сатырхэм седжэн щызухым жысIар зыщ: авторыр абы хуея-хуэмеями, мы тхыгъэм «ар УсакIуэщ» жиIэу зи гугъу щищIым япэ дыдэу ди нэгу къыщIигъэувэр езы Борисщ, сыту жыпIэмэ, усакIуэм кIэрилъэгъуэну зыхуеяхэр езым деж щыболъагъу. Куэд щIащ сэ а лIы хъарзынэр зэрысцIыхури, сыт и лъэныкъуэкIи цIыху щыпкъэщ, зи напэм и уасэр, зи пщIэр къызыгурыIуэжу, ар зыхъумэжу, мылъку хьэрэми жьантIи мылъыхъуэу, цIыхугъэр ипэ иригъэщу псэу тхакIуэщ. «Арыншэуи хъунукъым» щыжиIэ хуэдэщ абы «Къурш блын» зыфIища тхыгъэм. Езы авторыр щIэтщ а къурш блын лъагэм и лъабжьэми, абы елъытамэ, апхуэдизу сэ сыцIыкIущи, жи, къысщыдыхьэшх сфIощI ар. Сыт хуэдиз а къурш блыным и нэгу щIэкIар? Уеблэмэ абы илъэгъуащ гуIэгъуэ псом я нэхъ фIыцIэу щыт ИстамбылакIуэри. ИтIани нэпс къудами щIигъэкIакъым, гущIыхьэу гъыбзи иусакъым. Арагъэнщ «и гур мывэм хуэдэщ» щIыжаIэри, етх авторым, мыдэ къэхутакIуэ, тхыдэтх гуэрым хуэдэу. Нэхъыщхьэр абы къыкIэлъыкIуэращ: гуи псэи зимыIэ а къурш блыным къыбгъэдэкIа нэужь, и гур къэзыгъэфIыжын цIыхухэм яхэхуэжмэ, сыту фIыт! ИтIанэ абдеж щызыхищIа щIыIагъэр, гухэщIыр ахэм зыгуэркIэ щхьэщахынт. Абы щыгугъынуи иIэщ хуитыныгъэ, сыту жыпIэмэ, ахэр ЦIыхущ. Ауэ зыхыхьэжыр… зыри зыфIэмыIуэху, а мывэ блынри къозыгъэщтэжын куэд зыхэт цIыхухэращ. Ар сыту гухэщI. Апхуэдэу дыщывмыгъэт, цIыхухэ! – жиIэ хуэдэщ IутIыжым. Авторым и жагъуэ мэхъу а макъыр цIыхухэм зэрызэхамыхыр. Аращ а псэншэ, гуншэ къурш блыным а цIыхухэр щIэнэкIалъэ щIригъэщIри.

Мы тхыгъэм зи гугъу ищI цIыху зэхущытыкIэм хэлъ мыхъумыщIагъэхэр къэгъэлъэгъуэным пызыщэщ «ПщIыхьэпIэ» усэри. Абы уеджа нэужь, ди къэралым ущымыпсэуами, ущымыпсэуми, къэпщIэнущ ди нобэрей зэхэтыкIэр – цIыхухэр ахъшэм зэрилIыщIэр, мылъку фIэкIа нэгъуэщI ямылъагъужу зэрыпсэур. А псори къригъэлъэгъуэн папщIэ, усакIуэм Iэмалу къегъэсэбэп пщIыхьэпIэр: Гъуэжькуийм кърихьэкI ахъшэм цIыхухэр кIэлъопхъуэ, нэхъыбэ зыIэрагъэхьэн папщIэ зэрошхзэролI.

*ГущIэгъуи напи – зыри къыдэнакъым*
*Ауз шынагъуэм, нэпсеягъэ нэхъ…*

Сыту фIыт, нэхъ псынщIэу къыхэкIыжатэмэ а пщIыхьэпIэм. Ауэ, мис, къыхэкIыжащ. АтIэ, игъуэтрэ гупсэхупIэ?

*«ПщIыхьэпIэм согупсыс сыкъэушауэ,*
*Зэм-зэми къысщохъуж сымыжеяуэ», -*

жеIэ усакIуэм, хьэкъыпIэкIэ гъащIэми щыапхуэдэщ къригъэкIыу.

IутIыжыр езым и къэгъэлъэгъуэкIэм тетыжщ псори зыхуэусауэ куэдым зыри зыхужамыIэфа лъагъуныгъэм щытетхыхькIи. Ар псом хуэмыдэу щынэрылъагъущ «Си Дахэнагъуэ» тхыгъэм. «Ди пэжым, - жеIэ авторым, - и таурыхъыр дэ нэхъыбэм доущэху. ГущIагъщIэлъу дохъумэ. Щыдохъумэ абы къигъэуIэбжьынум. КъызыгурымыIуэнум. Ауан зыщIыну хьэзырым…» Лъэныкъуэ дапщэкIэ бгъэдыхьэрэ IутIыжыр псори зытетхыхь, ауэ яхуэмыух лъагъуныгъэм! Iэмал дапщэ къигъуэтрэ абы лъагъуныгъэм и IэфIагъымрэ дахагъымрэ къритIэщIыну?! Абы ефIэкIын къыхуэгъуэтыжыну къыщIэкIынкъым дяпэкIэ, жыпIэу зы напэ къызэбгъэдзэкIмэ, нэхъыбэжу узыхьэху псалъэхэр къигъуэтауэ къыщIэкIыу. Апхуэдэщ «Си Дахэнагъуэр» зэрызэхэт Iыхьэ къэси.

*Ужьэ дахэм хуэдэу зыпшэщIауэ,*
*Уэ ухэлъщ удзыпцIэм, удоплъейри.*
*Уи пкъы лантIэм си нэр тедияуэ,*
*Сыпщхьэщысщ гупсысэр дызощIейри.*
*Къытызошри мазэм нур Iуданэ,*
*Ныхызощ1э IэпэкIэ уи щхьэцым.*
*Вагъуэижхэр къызоубыд итIани,*
*ЩIызогъапщкIуэ ахэр уи нэ щхъуэпсым.*
*ЗэщIызокъуэ пщыхьэщхьэ акъужьри,*
*Сэ абыкIэ уи пкъым содэхащIэ.*
*Пхузоубгъу гухэлъыр данэпс хужьу,*
*Утызошэ псысэ гъуэгу щIэращIэм.*
*Щылъ апхуэдэу, си псэ. Умыхъей.*
*Умыкъутэ сыухуа дунейр.*

Мы сатырхэр апхуэдизу щIэщыгъуэу, аддэ гущIэм иплъэфу тхащи, ахэм еджэ ныбжьыщIэм си гум илъ дыдэхэр итхакъэ мыбы, жиIэнщ, нэхъыжьым – си нэгу щIэкIа, згъэва дыдэхэр сигу къигъэкIыжаи, жиIэнщи, щIэгуфIыкIынщ… А псор щыхьэт зытехъуэр аращи, IутIыжыр сыт хуэдэ ныбжьым ит цIыхуми и гум йоплъэф, абы щыхъэ-щыщIэхэр къелъагъури, ар нэхъыфI дыдэ зэрыхъунум хуэдэу уи пащхьэ кърелъхьэф. Аракъэ-тIэ Iэзагъэ, зэчий жыхуаIэжыр?!

Тхылъым ихуащ сонет Iэрамэ. Дэ сонетхэр зэрытцIыхур сатыр пщыкIуплIщ – сатыр плIырыплIитIрэ сатыр щырыщитIрэущ. IутIыжым и сонетхэри пщыкIуплI-пщыкIуплI защIэщ. Ауэ ахэр нэгъуэщIущ зэрызэхэтыр: сатыр плIырыплIищрэ зы сатыритIрэущ. Абы зыгуэркIэ къигъэбжьыгуэу пIэрэ атIэ усакIуэм и IэрыкIхэр? ЗанщIэу жысIэнщи, - хьэуэ. Уеблэмэ апхуэдэу зэригъэпсам и фIыщIэкIэ нэхъ тыншу уи пащхьэ къилъхьа мэхъу усакIуэр зыхуеяр: а иужьым къихь сатыритIым къыхэкъузыкIауэ, щытыкIэ тэрэзым иту щызэхуехьэс езы усэм и купщIэ нэхъыщхьэр. Псалъэм папщIэ:

*Гъуджэ Iушэ иплъэу есэжа дунейм*
*ФIыхэр щопудри, пудхэр щыдоуей.*

Е:

*ЦIыху Тхьэ Iэужьри щIэтщ шейтIан унафэм:*
*Ешэ, хуэкIуэ пэтми, икIуэт шейтIан мафIэм.*

Апхуэдэххэщ сонет къэс. А сатыр тIурытIхэм ящIэлъ гупсысэхэр апхуэдэщи, е псалъэ шэрыуэу къызэредзэкI, е цIыхубэм къыдекIуэкI Iущыгъэр, езым и фащэ зэгъым ирегъэувэри, къегъэщIэращIэ, узыгъэгупсысэу къыпхузэкIуэцIех.

Сонет къэс щхьэхуэу къапщтэми, дэтхэнэмкIи зы гъащIэ псо ди пащхьэ кърелъхьэф усакIуэм. Хуабжьу гъэщIэгъуэнщ абы цIыху гъащIэр едзыгъуищу зэхэлъ драмэм зэрырилъытыр. Япэ теплъэгъуэр сабиигъуэращ, етIуанэр – щIалэгъуэращ, ещанэр – жьыгъэращ.

*Персонажхэр щызэхуозэ, щызэблокIри, я блэкIам*
*ХуеплъэкIыжрэ зэпхъуэкIыжхэу гъадэщIыдэм хобзэхэж:*
*А «кулисэм» зэ къухьауэ щымыIа*
*Къэзыгъэзэж.*

Нэгъуэщ Iу жыпIэмэ, сонет жанрымкIэ къызэрымыкIуэу IэкIуэлъакIуэу, щIэм и лъыхъуакIуэу зыкъигъэлъэгъуащ Борис.

Тхылъым и кIэм къыщыхьащ «ГущIагъщIэлъхэр» зыфIища Iыхьэр. Аращ езы тхылъми фIэщыгъэцIэ хуэхъуар икIи ар тхакIуэм тэрэзу ищIауэ къэплъытэ хъунущ, сыту жыпIэмэ, тхылъым и пэм къыщыщIэдзауэ и иужьрей сатырхэм нэсыху иплъагъуэр усакIуэм и гущIагъщIэлъхэращ, иныкъуэхэр усэу, адрейхэр прозэу тхащ жумыIэмэ. Мыбдежи ар къыщытекIкъым и хабзэфIым – сыт хуэдэ Iуэхуми езым и бгъэдыхьэкIэрэ къэгъэлъэгъуэкIэрэ зэрыхуиIэжым, ахэри щIэщыгъуэу, удихьэхыу зэригъэпсым. Зы жыIэгъуэ къэси зы произведенэ цIыкIу мэхъу жыпIэми хъуну аращ зэрыщытыр. Феплъыт мыхэр нобэрей ди зэманым зэрытегъэпсыхьа дыдэм:

«НапитIхэр гъащIэм и зэхъуэкIыныгъэ сыт хуэдэми къол. Апхуэдэхэм ящыщу нэхъ хьэщхьэвылъэ дыдэми къыздрехьэкI напэ нэпцI щIэрыпс. Дэ тхуэдэ хъарыпхэр кърыригъапцIэрэ иужькIэ зыIуихыжу».

«Узэрыадыгэм щхьэкIэ ахъшэ къуату щытамэ, сыту «хэкулI» куэд къыплъыкъуэкIынут уэ, си лъэпкъ. Я псалъэкIэ уардэрэ адрейхэмкIэ надэу!»

Сыт дыпсэухукIэ дыщIызэрымылъагъур, зым адрейм псалъэ гуапэ щIыхужыдмыIэфыр, хуэфащэ гулъытэ щIыхуэдмыщIыфыр, апхуэдэу щхьэ дыкъигъэщIа, апхуэдэу щхьэ дытет мы дунейм?! - уегъэгупсысэ тхакIуэм.

IутIыжым и гулъытэр нэмысу къэнакъым литературэми, тхэн Iуэхум пылъхэми я деж. ГъэщIэгъуэнщ абы хуэгъэзауэ тхылъым итыр: «Литературэм псори щы-Сосрыкъуэщ, щы-Бадынокъуэщ, щы-НасрэнжьакIэщ… КъуийцIыкIу деж къыщыщIэдзауэ».

Мы псалъэхэм укъеджа нэужь, занщIэу уигу къокIыж «ЦIыхубэ тхакIуэ», «ЦIыхубэ усакIуэ» нобэ сэдэкъэм хуэдэу ягуэш зэрыхъуар. Ауэ апхуэдэу къазэрылъысар къагурымыIуэжу язынықъуэхэм закъыфIощIыж, езыхэм хуэдэу литературэм щы-Сосрыкъуэ щымыIэу къалъытэу. Мис абыхэм заригъэцIыхужыну арагъэнщ IутIыжыр зыпылъыр, ар я щхьэ тралъхьэу щIэдэIуфхэмэ.

Борис и жыIэгъуэ къэс шэрыуэщи, мащIэкъым узрагъэгупсысыр. Феплъыт мыбыи: «БампIэм ихьащ» жаIэу щызэхэпхкIэ, уогупсыс: «Дауэ,

мыпхуэдиз инагъ зиIэ дунейм бампIэдэх гуэр щимыгъуэтауэ ара?.. УмыгъэщIагъуэ. Дунейр кIыфI къыпщызыщI бампIэр дунейм нэхърэ нэхъ иныжщ».

Язынықъуэхэм деж тIэкIу иригъэлейуэ тхакIуэр зыхуейр зыщ: ар ди гъащIэм IэфIыгъэр, гуапагъэр щынэхъыбэу щытынырщ, цIыхугъэр ди къаблэмэуэ дызэдэпсэунырщ, дызэрылъагъун, дызэрылъытэнырщ, ди гъащIэм хэлъ Iейхэр IэщIыб тщIынращ. IутIыжым а псоми дыхуреджэ и псалъэ шэрыуэхэмкIэ, IущхэмкIэ, гущIэм къинэхэмкIэ. Апхуэдэу зэхэлъхьа тхылъыр узэрыгушхуэнщ икIи, шэч къызытумыхьэжынуращи, ар хъуащ ди адыгэ литературэм и хэлъхьэныгъэ хьэлэмэт. Си жагъуэ хъур зыщ: ар ялъысу абы еджэну дэтхэнэ адыгэми зэрыхузэфIэмыкIынурщ – къыдагъэкIар тхылъ 500 къудейщ.

***ШОРЭ Ахьмэд,***
*тхакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэсми,*
*УФ-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь*
*зиIэ я лэжьакIуэ.*

# «Тыргъэтауэр» япэу щагъэлъэгъуам щыгъуэ

Зэман-зэманкIэрэ гъащIэм Iуэху телъыджэ гуэрхэр къыщохъу, цIыху псори зэщIигъэуIуэу, псоми гъэщIэгъуэн ящыхъуу, иригушхуэу, зы фIыгъуэ ин гуэр къажьэхэуам хуэдэу лъэпкъым и гум IэфI гуэр къринэу. Апхуэдэр нэхъыбэу зэхьэлIа хабзэр искусствэрщ. Адыгэм и тхыдэр щIупщытыкIыжрэ, апхуэдэ Iуэхушхуэу иужь зэманым сыт къыщыхъуауэ пIэрэ жыпIэу ущIэупщIэмэ, шэч лъэпкъ къытумыхьэжыну, къэхъугъэ нэхъ пажэ дыдэхэм хэбгъэувэ хъунущ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэр» адыгэ театрым япэу щигъэлъэгъуауэ щытар. Спектаклыр щагъэхьэзырым, театрым и режиссер нэхъыщхьэ Теувэж СултIан абы теухуа гуэрхэр утыку кърилъхьат. РадиокIи псалъэмакъ екIуэкIат ар зэрагъэувым теухуауэ, университетми хъыбар щыIат. Псоми, пцIы хэмылъу, гукъыдэж уагъэщIт ягъэувыну спектаклыщIэм уеплъыну, фIы хъунуи ущыгугъырт. Арати, «Тыргъэтауэм» и премьерэмкIэ театрым и зи чэзу сезоныр къыщызэIуихым, ар щагъэлъэгъуэну жаIэр Музыкэ театрырати, псори абы дызэрыхьащ.

Япэ пщыхьэщхьэм спектаклыр екIуэкIащ театрым цIыхур щIэмыхуэу, дыхьэпIэхэми шэнт дагъэувауэ, унэ лъэгум исү еплъхэри куэду. Дэри арат къытлъысар. Спектаклыр щекIуэкIым, бадзэ лъатэми зэхэпхынут, апхуэдизу итхьэкъуауэ щIэсхэр еплъти. Ауэ щиухым унащхьэр тричыным хуэдэу Iэгуауэ макъым зыкъызэщIиIэтащ. Режиссерымрэ авторымрэ сценэм драшеяуэ, удз дахэ езытынухэр кIыхьу зэпыуваүэ, Iэгуауэ зэпымыужыр иракъутэкIт…

Борис а дакъикъэхэм адыгэ лъэпкъым и вагъуэу дэлъэтеят икIи хуэфащэ дыдэу къыпэкIуат ар и талант дахэм. Премьерэ нэужьым, хъуэхъу Iэни къагъэуващ. ЗэрыжаIэжамкIэ, абы Шортэн Аскэрбий «Тыргъэтауэр» Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэм» щыбгъэдигъэувэри, адыгэ классикэми щыхигъэхьэжащ.

ЗанщIэу премьерэм зыкъыдигъэзащ Борис къыхуащI пщIэм. Фэтэр

хьэху щIэсу иджыри къэс къекIуэкIа унагъуэм псэупIэ гуэрхэри къыхуагъэлъэгъуащ. А зэманым унэ узыщIэсын уиIэмэ, псори уиIэ хуэдэтэкъэ! Къулыкъу IэнатIэ зыIыгъхэр улахуэ гъущэм тес интеллигент хуэмыщIахэм щхьэкIэ пщIантIэртэкъым. Псом хуэмыдэу гугъут фэтэр Iуэхур. Ехьэжьауэ екIуэкIа премьерэм и ужькIэ а Iуэхури зэфIэкIынкIэ гугъапIэ щыIэ хъуат.

Спектаклхэр цIыхур щIэмыхуэу екIуэкIырт. Дэри пщыхьэщхьэ къэс дыкIуэурэ деплът, артистхэр гупитIу гуэшауэ джэгухэрти.

Апхуэдэу ехьэжьауэ екIуэкI спектаклыр куэд дэмыкIыу, щхьэусыгъуэр дымыщIэу, зэпыуащ. Пэжу, газетым къытехуащ «Белгъэрокъуэ» жиIэу щIэдзауэ статья мышу гуэр. Псалъэ хьэулейхэр адэкIэ-мыдэкIэ къыщыпхидзу хуежьащ. Нэхъ зэхэпхыр «Тыргъэтауэр» обкомым ягу иримыхьауэ арат. Ауэ пэжыр къэщIэгъуейт. Редакцэм дыкIуати, «дэ ди гупсысэр газетым теддзащ, фэ жыфIэн щыIэмэ, тхылъымпIэм тефтхи къэфхь, дызэпсэлъэнщ!» – арат газетым и редактор Черемисиным къыпытхар. Дигу илъыр тхауэ тIыгъыу редакцэм щыдгъэзэжым, «отдел культуры» – жиIэу зытедза пэшымкIэ дагъэкIуащ. Абы щIэст зы цIыхубз къамылыфэ и щхьэцым тхъугъэ хидзауэ. Арат газетым тета тхыгъэм зи Iэ щIэдзар. НэгъуэщI цIыхухъу гуэри, «си цIэр Александрщ!» – жиIэри, къытпэтIысат.

– Статьяр, уэ зэрыптха дыдэм хуэдэу спектаклыр къыпщыхъуар пэж? – зыхуэдгъэзащ дэ цIыхубзым.

– Пэжщ.

Псалъэмакъыр зэрекIуэкIыр урысыбзэкIэти:

– Къытхуэгъэгъу, кхъыIэ, адыгэбзэ къыбгурыIуэрэ?

Абы урысыбзэкIэ жэуап къыдитыжащ:

– Понимаю!

АдэкIэ урыс щIалэр къыхэIэбащ псалъэм:

– Причем тут «знать» или «понимать»?! Театр современный. Там каждое место оборудовано наушниками синхронного перевода!.. Ар адэкIи ирихьэжьэри, зэрыхузэфIэкIкIэ пьесэри, спектаклри игъэлъахъшэу щIидзащ. Дэ абы пэдгъэувын ди куэдт! Апхуэдэурэ щкъуахсыхкIэ «дызэхэуэу» дыздэщысым, бжэр къыIуихри редактор нэхъыщхьэр нырщIыхьащ. Ар псалъэм къыхэIэбакъым. КъэкIуахэр зыхуэдэмрэ зищIысымрэ зригъэлъагъуу арат.

Псалъэмакъыр кIыхь щыхъум, Александр жыхуиIэм ар лъэныкъуэкIэ ириIуэнтIэкIащ:

– Феплъыт Шекспир и «Гамлетым!» Мис ар трагедиещ! Гамлет и закъуэ фIэкI абы хэкIуадэ зыри хэткъым, ауэ сыт хуэдэ трагедие а зы ажалым ещIэкIар?!

Сэ абы шэч къызигъэхьыжат:

– Ар дауэ? Шекспир и «Гамлетым» зы закъуэ – Гамлет фIэкIа щыхэмыкIуадэу?! Си гугъэмкIэ, абы хьэдэ лъэмыж зэрытеплъхьэн цIыху бжыгъэ щокIуэд! Пэжкъэ? – жысIэу сыщеупщIым, жэуап къызитыгъатэкъым.

ДэркIэ гурыIуэгъуэ хъуат мы дыкъызэкIуэлIахэм я деж Iуэхур къызэрыщемыжьар. Ахэри гъэзэщIакIуэу арат. Ауэ, зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ Iэмал къызэрыхукъуэкIар Черемисинми фIэфI дыдэу къигъэсэбэпат. Езым и пьеси ягъэуват а лъэхъэнэм, ауэ ехъулIэныгъэ гуэри иIатэкъым.

Дауи, ди статьяр къытрадзакъым обкомым и газет пашэм. Дэ редакцэм дыкъыщIэкIыжащ, хэкъузауэ дызэрыпсэлъар ди фейдэуэ.

Борис и «Тыргъэтауэм» къырагъэувэкIа блыным мо псэ дахэ зиIэр, зыгъэпIейтей лъэпкъ Iуэхум псэ къабзэкIэ тетхыхьа щIалэр егъэлеяуэ бэмпIэгъуэм хидзат. Зэман хьэлъэт ар Борис дежкIи и унагъуэм дежкIи. Драматургыр зыхэхуа бэлыхьым пIалъэ кIыхькIэ зыщиукъуэдийм, Борис а бэмпIэгъуэхэм къыхэтшу зэ нэхъ мыхъуми хуиту дгъэбэуэну мурад тщIати, Iэмал гуэр зэдгъэпцIащ. Седжэу естыжыну жысIэри къеIысхащ и усэ къыдэмыкIахэм я экземпляр. И сурэтуи шарж хуэдэуи зыкъом къеIысхащ: «Зы жылэ дыкъыдэкIами, «Тыргъэтауэм» фIэкIа, птхами пщIами иджыри къэс сыщыгъуазэкъым, гупсэхуу сыхэгъаплъэ», жысIэри. МашинкэкIэ напэ зырызым тедзауэ папкэм дэлъ усэхэр къыщызитым: «Уеджэм, кхъыIэ, нэгъуэщIым иумыт. Мы зы экземплярыращ тедзауэ сиIэжыр», – жиIэгъат абы.

Дызыхуэныкъуэхэр къыщытIэрыхьэм, артист Шыбзыхъуэ Басиррэ сэрэ сценарие гуэр зэхэдгъэуващ, Борис и пщыхьэщхьэ едгъэкIуэкIыну. Театрым и артист псоми ди «щэхур» къыддаIыгъащ. КъыдэмыкIа тхылъым щыщ усэхэр зэхуагуэшри, гукIэ зрагъэщIащ. Хьэмыку Жаннэ «Тыргъэтауэм» щыщ монолог зыкъом хьэзыру ищIэххэрт. Шаржхэри блынхэм кIэрыдгъэзэгъащ. ХъыбарегъащIэ дгъэхьэзырам тету, артистхэри, Борис IущIэну гукъыдэж зиIэхэри къызэхуэсащ. Iуэхур щекIуэкIыр университетым и аудиторие нэхъ инхэм ящыщ зыр арат. Аудиториер инт, и кIэ дыдэм щысми сценэр и Iэгум итым хуэдэу илъагъурти арат ар къыщIыхэтхар.

Дауи, Бориси гу лъитауэ къыщIэкIынт «зыгуэр зэрызетхуэм», ауэ и щхьэ течауэ зыми зыри жетIатэкъым. КъызыфIамыгъэIуэху хуэдэурэ, пщыхьэщхьэм университетымкIэ ныкIуэцIрашыну арат зытедухуар. Езыри цIыху гъэсати, къыщIэупщIатэкъым дэнэ сыздэфшэр жиIэу. НэкIуат и ныбжьэгъу, и лэжьэгъу щIалэ зыбжанэ и гъусэу.

Пщыхьэщхьэр дегугъуу дыубзыхуат, мылицэ къалэн зыгъэзащIэ нэгъунэ диIэжу. ТIэкIу кIыхьлIыхьу щIидзами, ар джэгукIэ къызэIутхри, адэкIи, езыр-езыру хъууэ къыпщыхъуу, дахэ гуэру екIуэкIат.

Сыхьэтищ нэблагъэкIэ зэхэтат уэру цIыху къызэкIуэлIа а пщыхьэщхьэр. Ауэ гъэщIэгъуэн зэрыхъуам пцIы хэлътэкъым. Псори зэфIэкIыу дыщызэбгрыкIыжым, Борис и гъунэгъухэм я гъусэу лъэсурэ дэкIуеижащ. «Сабийм хуэдэу гуфIэрт!» – жаIэжат.

Дэ дызыхуеяр къыдэхъулIат. Борис къыдэтшыфат блын зыдэбэмпIыхьхэм. Бэуэгъуэ хуит еттыфат. Абы IупщI щыхъуат партым и бюрократхэм я Iуэху еплъыкIэмрэ лъэпкъым и гупсысэмрэ зэрызэтемыхуэр.

«Тыргъэтауэм» «къызэIуиха» IутIыж Борис нобэ адыгэ литературэр зэрыгушхуэ авторхэм ящыщщ. ГъэдэщIыдэм хыхьэжа авторитарнэ зэхэтыкIэу партым зэфIигъэувар зыщIэжхэр зэманыр кIуэху нэхъ мащIэ мэхъу, нэхъыбэж дэкIыжмэ, абы тетхыхьыжыфынур тхыдэм и лэжьакIуэхэм я закъуэщ, ауэ а зэхэтыкIэ бзаджэм зэгуэрым зи псэм бэлыхь трилъхьа тхакIуэм и цIэр ди лъэпкъыр щыIэху цIыхум къраIуэнущ.

***ШАЩIЭ Алик.***
*Москва.*

# Зи фэгъу гъуэтыгъуей цӀыхут ар

«ГукъэкӀыжхэм щыщщ» фӀэсщурэ иужь зэманхэм куэд зэрыстхри къызэрытрезгъадзэри зи нэм къыфӀэнэурэ къызэхъурджауэхэри, щэху цӀыкӀуурэ тӀэкӀу къысхуэпсэлъэн зи мыжагъуэхэри зэрыщыӀэр сощӀэ. Ауэ илъэс хыщӀым нэблэгъауэ тхакӀуэхэм, журналистхэм уапыщӀауэ, уадэлажьэу щыщыткӀэ, Ӏэджи болъагъу, уэ умыщӀэ куэди абыхэм уагъащӀэ. Ахэр пщымыгъупщэу фӀыкӀэ уигу къэбгъэкӀыжыным емыкӀу пылъу си мыгугъэу аращ сызэплъэкӀыжурэ зи фӀыщӀагъэ стелъхэм къысхуащӀахэм сыщӀытепсэлъыхьыжыр. Апхуэдэ Ӏуэху еплъыкӀэр зи щхьэм езымыпэсхэми сарохьэлӀэ. Ар къызыхахри гурыӀуэгъуэщ: зыми зыри къыхуимыщӀа хуэдэу, атӀэ я гъащӀэ гъуэгум щызыӀэрагъэхьа ехъулӀэныгъэхэмкӀэ (ахэр сытым ехьэлӀауи ирехъу) дэӀэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу къахуэхъун ямыӀэу, езыхэм я щхьэкӀэ псори къахьауэ цӀыхум зыкъыщагъэхъуну арагъэнщ. Абы щхьэкӀэ зыри згъэкъуаншэркъым – дэтхэнэ зыми езым и хьэл-щэн, и Ӏуэху еплъыкӀэ иӀэжщ. Сэ, псалъэм папщӀэ, зи фӀыщӀагъэ стелъхэм къысхуащӀахэр сщыгъупщэныр сфӀэемыкӀущ. Дяпэ ита ди нэхъыжьыфӀхэр фӀыкӀэ сигу къызэрызгъэкӀыжми, къысхуащӀахэр зэрызмыбзыщӀми сигъэпуду къысщыхъуркъым. Аращ зэпымыууэ абыхэм я гугъу щӀэсщӀыжри. Зыми зыри къыхуимыщӀауэ зыкъызыщыхъужым езым фӀы лъэпкъ зыми хуимыщӀауэ арагъэнщ…

Мо зи гугъу сщӀахэр ӀутӀыж Борис ехьэлӀакъым, ар сигу къэзгъэкӀыжхэм ящыщкъым – езыри, абы дэслъэгъуахэри, дызэрызэдэлэжьахэри сщымыгъупщэжауэ къыздокӀуэкӀ.

Сызижагъуэм и псэ пӀалъэ ухъу жыхуаӀэм хуэдэщ Борис къызэрытхэмытыжрэ блэкӀа илъэситӀыр. Дыгъуасэ хуэдэщ ди журналми, ди ныбжьэгъухэми, ар фӀыуэ зылъагъуу щыта псоми (ӀутӀыж Борис и щхьэкӀи, и дуней тетыкӀа дахэмкӀи, и творчествэ шэщӀа уахътыншэмкӀи фӀыуэ зымылъагъу адыгэ щыӀауэ си фӀэщ хъункъым) гуауэшхуэр къыщытщӀэӀуар. Ноби Борис и гугъу фӀыкӀэ щыдмыщӀ махуэ къэхъуу къыщӀэкӀынкъым. Сэ фӀыуэ слъагъухэри сыкъэзылъагъухэри абы и насыпым хуэдэм щремыщӀэ, Борис и уахътыншагъэр къыхуэзыхьам и фэгъу зэфӀэкӀ Тхьэм къарипэс.

Илъэс 17-м щӀигъукӀэ зи унафэм дыщӀэта ӀутӀыжыр ди редактор нэхъыщхьэу къытхуэкӀуэным и пэжкӀи ар «Ӏуащхьэмахуэм» къуэпскӀи псэкӀи къытпыщӀауэ дызэдэлажьэрт. Езым и тхыгъэу журналым къытехуэхэм нэмыщӀ, «Хъуэжэ и куэбжэр» къызэӀузыхари а «Куэбжэм» и тетри Борист. А псалъащхьэм щӀэту журналым къытехуэ тхыгъэу хъуар къызэзыгъэпэщыр арат.

Ауэрэ 1991 гъэр къэсри, журналыр редактор нэхъыщхьэ хуэныкъуэ хъуащ (а къалэныр илъэс зыбжанэкӀэ зыгъэзэщӀа Шэвлокъуэ Петр пенсэм кӀуат). Адыгэ тхакӀуэхэм я зэхуэсышхуэм ӀэӀэткӀэ а ӀэнатӀэр пщэрылъ зыхуащӀар ӀутӀыж Борисщ. Сэ журналым сызэрыщылажьэ илъэс плӀыщӀым къриубыдэуи абы япэжкӀи апхуэдэ Ӏуэху къэхъуатэкъым. Нэхъапэхэм щыгъуэ ящӀэр лӀот? Редактор нэхъыщхьэу ягъэувыну мурад зыхуащӀар Унэшхуэм яшэрт, Ӏуэхур абы щабзырт, щадыжырти… умыарэзымэ, зэрыжаӀэу, кӀуэи тхьэусыхэ щытыкӀэм уихуэрт.

Мы псор зэрекӀуэкӀар къыщӀэсӀуэтэжым щхьэусыгъуэ иӀэщ: адыгэ тхакӀуэхэм ящӀэрт фӀыуэ ялъагъу «Ӏуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу хэт хэпх хъунуми, а къалэныр дагъуэншэу зыгъэзэщӀэфынури. КъимыдэкӀэ, апхуэдэ Ӏуэху бгъэдыхьэкӀэми къегъэлъагъуэ езы

ІутІыж Борис фІыуэ ялъагъуу, и зэфІэкІымрэ и ІэужьыфІхэмрэ хуэфащэ пщІэ хуащІу зэрыщытари.

Си щхьэкІэ схужыІэнукъым ІутІыжыр унафэщІыфІ хъуну хуэзыгъэфэщахэр щыуауэ. Борис лэжьакІуэшхуэт. Гууз, лыуз иІэу бгъэдэтт и ІэнатІэм. Езыр гумызагъэт. Арат къызыхэкІыр журналым къытехуэну тхыгъэхэм щеджэкІэ къэрэндащкІэ фІэкІа хэмыІэбэныр. Языныкъуэ авторхэм къытхуатхахэм щыхэплъэкІэ фІэмытэмэм хуэзамэ, ар зэригъэзэхуэжырт. ИтІанэ етІуанэу, ещанэу тхыгъэм къыщеджэжкІэ езы дыдэм зэрищІари игу иримыхьыжу къыщІэкІырти, мо итхар хьэфэтегъэкІкІэ тригъэкІыжырт. Аргуэру нэгъуэщІ зыгуэру зэригъэзэхуэжырт. Аргуэру…

НэгъуэщІ авторхэм я тхыгъэхэм апхуэдизу гумызагъэу елІалІэ Борис, гурыІуэгъуэщ, езым и ІэдакъэщІэкІхэм и псэр ятегузэвыхьу, къищтэжрэ еплъыжу, дэтхэнэ и зы псалъэми минрэ тегупсысыхьыжу, псалъэухам теІэзэщІыхьыжу зэрыщытар. Мыри щхьэ бзыщІын хуей? Сэри сыкъримыгъэджауэ, къызэрысщыхъуамкІэ къызэмыупщІауэ и зы тхыгъэ журналым тридзэртэкъым. Ауэ езым итхам уэри къэрэндащкІэ фІэкІа ухигъэІэбэнутэкъым: уэ хузэбгъэзэхуам, хуэпщІа дагъуэм арэзы щытехъуэри зэзэмызэххэт. Апхуэдэ Іуэху еплъыкІэми къыбгурымыІуэн хэлъ сфІэщІкъым: уи быныр нэгъуэщІхэм сыт хуэдизкІэ фІыуэ къалъагъуми, абы уэ узэрыхуэгумыгъуэм хуэдэу къыхущытын бгъуэтынутэкъым. Борис и бынхэм яхуэбзэІэфІу, яхуэнэхъуеиншэу зэрыщытыр къыхэщырт абыхэм я гугъу щищІкІи, телефонкІэ щепсалъэхэм дежи. НтІэ, и тхыгъэхэри абыхэм япищІу щымытауэ си фІэщ хъункъым. Арат ахэм уазэреІусэ щІыкІэм егъэлеяуэ щІыхуэсакъри. Абы щхьэкІэ ар бгъэкъуанши хъунутэкъым: уэ иджыпсту укъызэджэ и тхыгъэр, и псалъэухахэр, и псалъэр езым Іэджэрэ зэригъэзэхуа, и нэри и псэри телэжьа нэужь, абыхэм псынщІэрыщІэу уатеІэзэщІыхьыжу щІэбдзэмэ, Борис и фэгъу гумызагъэхэр арэзы къыбдэхъунукъым. Ар мызэ-мытІэу си нэгу щІэкІащ. А Іуэху бгъэдыхьэкІэрт къызыхэкІыр зи пьесэ телъыджэхэр зрихьэлІэ театрымрэ абырэ зэдэлэжьэгъуей зэрыхъур. ІутІыжыр арэзы пщІын щхьэкІэ, езы ІутІыжым хуэдэу творчествэм бгъэдэтын, цІыхум и лэжьыгъэми пщІэ хуэщІын хуейт.

Борис щхьэІэтыпІэ зимыІэ, зи псэм щымысхьыж творческэ лэжьакІуэт. Ари тлъагъурт дэ. Мыри къыжыІэпхъэщ: журналым къытехуэну тхыгъэр зыхуей хуимыгъэзауэ, абы езым и щхьэ Іуэху зэи зэрихуэнутэкъым. Ауэ, жьыІурыхьэгъуэ игъуэтауэ, зы дакъикъэ пщІэншэу игъэкІуэдынутэкъым – зэманыр ІуэхукІэ зыгъэнщІыфІхэм ящыщт ар: сурэт ищІми, зэлэжь и тхыгъэхэр къищтэжми, бзэм, литературэм, тхыдэм, гъуазджэм теухуа Іуэхугъуэхэр кууэ щІиджыкІми…

Зэман нэхъыбэІуэ иІэ хъуарэ: «Сэ дачэмкІэ сокІуэ», - жиІамэ, абы къикІыр гурыІуэгъуэт: жэзым, пхъэм, нэгъуэщІ зыгуэрхэм сурэт къащыхищІыкІ и лъэщапІэр здэщыІэр хадэрати, и нэм нэху имылъагъуж хъуухукІэ абы щылажьэрт. Борис сытми сытри къыхищІыкІыфырт. АпхуэдизкІэ ІэпщІэлъапщІэти, ар зыхэмызагъэ щыІэу къыщІэкІынтэкъым. Псэ хилъхьэфыртэкъым, армыхъумэ зэІусэр зыхуей сэфэтым иригъэувэфырт. Ауэ… зыхуейр игъуэту езыр дгъэпсэуфакъым.

Уи лъэпкъ литературэри уи гъуазджэри зыгъэбжьыфІэу, уахътыншэ зыщІу тхуэлэжьа апхуэдэ цІыху емышыжыр, пэж дыдэр жыпІэмэ, зыхуейр къулыкъутэкъым – зыхэпсэукІын мылъкурэ и ІэщІагъэхэр къыщигъэсэбэпын лъэщапІэ зэгъэпэщарэт. АрщхьэкІэ, ди жагъуэ зэрыхъу-

щи, республикэм и унафэщIхэм а зы лIыр (псоми хэзагъэу абы и фэгъу нэгъуэщI диIэтэкъым) зыхуей хуагъэзэфатэкъым: «Уи къулыкъузехьэн (апхуэдэхэр щэрэ мину бгъуэтынущ) кIуэдакъым. Уэри уи унагъуэри къызыхуэтыншэу фрипсэуну мыпхуэдиз улахуэу пхудогъэув. Уигу зыхуэмыныкъуэн лъэщапIэ удот. Уэ пьесэхэр, усыгъэхэр, рассказхэр, повестхэр, романхэр тхуэтх закъуэ. Сытми къыхэпщIыкIыф уи сурэтхэмкIэ ди щэнхабзэр тхуэгъэдахэ, тхуэгъэуардэ», - жаIэрэ, «бдзэжьейм», «аргъейм» хуиту зыщигъэзэн, зэрыпсэун щигъуэтын псым хадзауэ щытамэ арати…

Езы IутIыжым ину хужымыIэрэ цIыкIуу хуэмыIуатэ а хъуэпсапIэр къехъулIэн папщIэ, Борис уэчыл сыхуэхъун мурад сщIат илъэс зыплIытху хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ.

Налшык дэт лъэпкъ музейм а махуэм къыщызэIуахат IутIыжым и IэдакъэщIэкI сурэт зэмылIэужьыгъуэ къомым я къэгъэлъэгъуэныр. Абы цIыхуу къекIуэлIамрэ Iэгуауэу, щытхъуу хуаIэтамрэ зэуэ куэд хъурти, я бжыгъэр пхуэмылъытэным хуэдизт. ЗэIущIэм нрихьэлIа унафэщIхэм, депутатхэм яхэтт а лъэхъэнэм щэнхабзэмкIэ республикэм и министру щытари. Ари ди гъусэу, гупыфI цIыкIу зыщIыпIэкIэ дыщIашати, абдежрат IутIыжым и хъуэпсапIэр хэIущIыIу щысщIар. АрщхьэкIэ ерэхъумрэ хъунымрэ щыIэу… сыт жаIэрэ?.. Дыкъызэрагъэгугъам зыри къимыкIыурэ екIуэкIащ.

ГушыIэр зи щIасэ езы Борис, тIэкIуи зыщыдыхьэшхыжу, а хъуэпсапIэр къызэремыхъулIэми иринэщхъейуэ, пщыхьэщхьэкIэрэ лэжьапIэм къыщIэзнэрт. Ар жэщыбг пщIондэ унэм щымыкIуэж куэдрэ къэхъурт… Иджы абыхэм иринэщхъеиж, иришхыдэжи пэт. Мелуани ет, дыщэкIэ зэщIэбгъа лъэщапIи къыхузгъэпэщи, си щхьэкIэ нобэ ди лъэпкъым хэслъагъуэркъым IутIыж Борис етIуанэу къэплъытэ хъун. АпхуэдэлIхэр лIэщIыгъуэкIэрэ зырызурэ лъэпкъхэм къахэкIмэ, гуфIэ. Аращ апхуэдэ цIыхухэр щыпсэухэм деж гъэлъэпIэн, яхуэфащэ пщIэ яхуэщIын щIыхуейр. Ар зыхузэфIэкIынухэр Iуэхум апхуэдэу бгъэдыхьэ хъуауэ щытамэ, ди лъэпкъыр ехъулIат.

Армыхъумэ уи IэфракIэпэм узэремыдзэкъэжыфынум хуэдэщ дунейм ехыжам къызэрыпхуемыгъэгъэзэжынур. ПфIэкIуэда цIыхур IутIыж Борис щифэгъум деж гуауэр тIуащIэ мэхъу: атIэми, абы и пIэм ибгъэувэн узэримыIэр зыхэпщIа нэужь. И творчествэм и гугъу сщIыххэнкъыми, IутIыжым хуэдэу «Iуащхьэмахуэр» зыгъэлъагэфын, журналым и Iуэхур зезыхьэфын зэрыгъуэтыгъуейращ илъэситI хъуауэ а къалэныр пIалъэкIэ сэ щIэзгъэзащIэр. ИкIи, си щхьэр згъэпудыжынуи сыпымылъу, фэрыщIагъми къыхэзмыхыу жысIэнщи, Борис ещхь сыхъун хуэдэу, сэри а лэжьыгъэр къызэхъулIэу зыслъытэжыркъым – пэж дыдэу, зебгъэщхьыну ухуежьэми, IутIыж Борис ухъунукъым: ар зи фэгъухэр гъуэтыгъуей цIыхут.

***Елгъэр Кашиф***



**Борис щыстудентам**

**И щхьэгъусэмрэ и бынхэмрэ и гъусэу**





**Тыркум къиIэпхъукIыжа IутIыжхэ къахэхъуа щIалэ цIыкIум цIэ фIэзыщар Борист. Иджы Пщымахуэ щIалэшхуэ хъуащ**





Борис зи унафэщI «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэр сыт щыгъуи цIыху зэхуэсыпIэт

Нало Зауррэ IутIыж Борисрэ музейм ирагъэблэгъащ



Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зи чэзу зэхыхьэр ирагъэкIуэкIыну Истамбыл кIуахэу



Борис и IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ Лъэпкъ музейм къыщызэIуах

Абы кърихьэлIащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ящыщ гупи





Борис и Iэ телъу абы и тхылъ иIэну хэти хуейт









**Борис зыщимыгъэщIу хуэнэхъуеиншэт и тхыгъэхэм щигъэлъапIэ и Хэкум и дэтхэнэ теплъэгъуэми**

**IУТIЫЖ Борис**

# *Сонетхэр*

**Тхыдэ-лIыжь кхъахэр уанэтемыхщи,**
**Хуэмыухыжыр гъуэгуанэ кIуаджэщ.**
**Уплъэмэ, - плъагъур пшагъуэ гу(ы)ихщи,**
**УзэплъэкIыжмэ, - щыхупIэ бзаджэщ...**

**Уоу, си лъэпкъ мащIэу гущIэм щызгъафIэ,**
**Зи фIыр зи Iейхэм къысхугуэмых,**
**Зэм хубоIэт уэ си гур мо уафэм,**
**Зэм щIы къатиблкIэ гугъэр йодзых.**

**Я нэхъ лIы Iущу зызылъытэжхэм**
**Уи щымыIэжхэр дэнкIи яший.**
**ЕплъэкI зэпытурэ дыщIэзылъхьэжхэм**
**ЯхэплъэхункIэ, си псэр мэкIий:**

**«ЗыхэдывгъалъхьииIщымыIа лIыгъэ,**
**ДыкъыщIэвгъэкIхэ зэрамыгугъэу!»**

* * *

**Сыту хуабжьу тхыдэм ущыпсыхэкIуадэт,**
**Ди лъэпкъ нобэ псомкIи щэджащэн хуея.**
**Кхъэхалъэншэщ, жаIэ, зи псэ хым хэкIуадэр, -**
**Уэ зэгуэр хы лъащIэр псэхэмкIэ псеящ.**

**Лъахэм и дахапIэу лъэпкъым имеижхэм**
**Ди блэкIа гъэ минхэр ноби къахогъыкI.**
**Ахэм я псыхэгъэ дызэрагъеижхэр**
**Хы тхьэрыкъуэ макъхэм къахызохутыкI.**

**ФIыкъым тхыдэтегъэр, ауэ нэгу щIэкIахэм**
**Дерс хэзымых лъэпкъыр кIуэуэрэ — мэкIуэд...**
**Адыгэ жылакIэу дунейм щикъухьахэм**
**Дэ къытщIоджэ нобэ лIыхъужьыпсэ куэд:**

**«Маржэ хъужыххэнхэ, зыхэвгъэлъ ди лIыгъэр!**
**Ауэ лIыгъэм япэ ирырещ Iущыгъэр!»**

* * *

**Гъэ мелуанхэр зи Iэпэрыбжу**
**Къахуэмыбжыр зи ныбжь Зэман,**
**Дунеижьыр кIуэцIрыкIыбжэщ,**
**ГъащIэу дыбжыр — уэркIэ ауанщ.**

**Гъунапкъэншэм дыщегупсыскӀэ,**
**Ди гупсысэр щоункӀыфӀыкӀ,**
**ЩӀыху акъылым и пэж щӀэрыпсхэр**
**Сабий шыпсэ уэ къыпщӀохъукӀ…**

**Ауэ и гур имыухыжу**
**Тетщ итӀани цӀыхур дунейм,**
**Зытеувэм хуемыплъэкӀыжу**
**КӀуэ Зэманми пхуэмыгужьей…**

**ГъащӀэр зэрыщыӀэм иӀэу щхьэусыгъуэ**
**КъызыфӀэзыгъэщӀхэм къагъэщӀ дуней фӀыгъуэр.**

* * *

**Псэ зыӀумытхэр мыпсалъэу,**
**Тхьэм урицӀыхумэ, жумыӀэ:**
**Мы дунеижьу кхъэхалъэм**
**Къипсэлъым гъунэ имыӀэ.**

**Месыр, мо бгыжьым и щыгур**
**ЛӀы ныбжь мин куэдым я тхыдэщ.**
**Мо псынэм къыхэщ мывэ цӀыкӀур.**
**Щэху Ӏэджэм щыгъуазэ бзэ быдэщ…**

**ЗэдгъэщӀэфамэ а бжыгъэ**
**ЗимыӀэ пкъыгъуэхэм я бзэр,**
**Тхьэр зыщӀэхъуэпс фӀэщхъуныгъэм**
**Техьэжыфынут цӀыху хабзэр…**

**Ауэ гъащӀэр бзэ имыщӀэ тенджыз иным щос.**
**ФӀэщхъуныгъэр фэрыщӀыгъэм и лъэкӀэным нос.**

* * *

**Мы дунеижьурэ лъыщӀэжыкхъэшхуэм**
**Ерыщ-ерейхэр щызоныкъуэкъу.**
**Зи цӀэ къудеи къахуэмыщӀэжхэм**
**КъащӀэна губжьхэр щызохьэкъувэкъу.**

**ДекӀэрэхъулӀэри дрихьэлӀауэ**
**ЗэрылӀ-зэпекъум дызэдыхэтщ.**
**ДахэкӀыжынут, арщхьэкӀэ — дауэ?**
**ДакъыдэщӀынут, арщхьэкӀэ — хэт?**

**КӀапсэ мин куэдкӀэ дызэпыщӀауэ**
**КъытфӀэщӀми, цӀыхухэр зэпэзырызщ.**
**Зэм-зэм къытщохъур дыкъыщигъэщӀым**
**КъыддигъэщӀауэ дуней зырыз…**

**ЦӀыхухэр цӀыху зэрыхъурэ къыщызэролъыхъуэ**
**Нэхъри зэпэӀэщӀэ щыхъуу зыдэт псыхъуэм.**

* * *

**Гъащӏэр зэрыкӏэщӏым теухуауэ**
**Мы дунейм куэд дыдэ щыжаӏащ.**
**Нэхъ гупсысэ куухэри а гуауэ**
**Псоми ди зэхуэдэм къигъэщӏащ.**

**«Дапщэщ?..» «Дауэ?..» А псалъэ шынагъуэ**
**Гум итӏыхьхэр дэ къыздыдохьэкӏ.**
**Иж зэпыту уэгум ит ди вагъуэр**
**Къыздимыгъэзэнум къыхуоплъэкӏ.**

**Я насыпти, цӏыхум а я гуауэ**
**Гъэтӏылъыгъэр ямылъагъу защӏыф.**
**Къакъэ-пщӏыпщӏу къыпщагъэхъур... Ауэ**
**Зыми зыри зэримыхъуэкӏыф...**

**Фэрыщӏагъэ дахэ пыгуфӏыкӏым**
**Къыпхрогуӏыкӏыр дигу къигъэкӏхэр.**

* * *

**Тхьэм и щыӏэныгъэм си псэр и уэчылщ, -**
**А псэр сӏутыхункӏи абы сытетынущ.**
**Ауэ къимытӏасэ зыи си акъыл**
**Мы упщӏэ нагъыщэм жэуап зэрестынур:**

**Дуней абрагъуэр зи ӏэдакъэщӏэкӏ,**
**Абы тету хъуари зи ӏуэхущӏафэ игъуэ**
**Лъапӏэу Лъагэм гъащӏэр щыпкъэу езыхьэкӏ**
**ЦӀыхухэр щхьэ нэхъ хинрэ игуэш хъугъуэфӏыгъуэм?!**

**Дауи, гуэныхьышхуэщ Тхьэм ӏэмыр ищӏам,**
**Цӏыху акъыл къудейкӏэ утепсэлъыхьыныр,**
**Ауэ ижь-ижьыжкӏэ гухэм ярищӏа**
**А гукъанэ щэхур дэнэ здэпхьынур?..**

**Догупсыс тлъэмыкӏыу: «Мыр Тхьэм и щыуагъэ?**
**Хьэмэрэ шейтӏаным и зы хьэгъэщагъэ?»**

* * *

**Бжьыхьэ жэщыр щэрэ минщи,**
**Жей зимыӏэм и гъэр мащэщ.**
**Гупсысэгъуэр благъуэ инщи,**
**Умылъагъур и кӏэмажьэщ.**

**ФIым щыгугъыр гугъэ нэпцIым**
**Иропсэур, щIэгуфIыкIыу.**
**Мыгугъэжым и гу къуэпсым**
**Пэж нэщIыпсыр къыпогъыкIыр.**

**КIыфI шынагъуэр, мес, щхьэгъубжэм**
**Къысхудоплъыр жьынду нэкIуу.**
**Си къэкIуэнур къысхуэзыбжым**
**СыщIигъаплъэркъым и нэгум…**

**Щымщ зэрыдунейуэ. Зэрыжэщу щэхущ.**
**КъыпфIэщIынущ зэи мыщыжыну нэху.**

* * *

**«ХъугъуэфIыгъуэм хэсми, и жьэр зэтедауэ**
**Ягъэпсэум сытыр и дуней?..»**
**Жэуап къызатыжыр: «Я жьэм текIуэдауэ**
**ЩIэлъщ мы щIы фIыцIэжьым куэдыкIей»…**

**УщIэлъ нэхърэ, дауи, нэхъыфIщ утетыныр**
**А ЩIыгу ЛъапIэу Лъагэм къыдитам,**
**Бзэншэу къигъэщI Iэщым ещхьу ущытыныр**
**Зи лъым хэт хъарыпхэм зэщIащтам.**

**Мэпсэу ахэр псомкIи зыхуэарэзыжхэу,**
**Ауэ уи гум щыхъэр къыжыпIэн**
**Ухурамыгъэтрэ узыхуимытыжу**
**Къэппсэу гъащIэм сытыр и пэрмэн?..**

**ЦIыхум и Iэпкълъэпкъым хэткъым зыри лейуэ, —**
**КъыщIигъэщIа Iуэхур егъэщIэн хуэмейуэ.**

* * *

**ЦIыху цIыкIур щохъур нэхъри нэхъ цIыкIуж**
**Дунейкъутэжым щхьэщыхьа мы гъащIэм.**
**«СылIа нэужькIэ — удз къремыкIыж!»**
**ЖызыIэхэм дунейр зыкIзыщхьэ ящIыр.**

**Зэм-зэми уогупсысыр: ярэби,**
**Мыбыхэм Тхьэшхуэм къахузэIуихауэ**
**Арауэ пIэрэ-тIэ а дэ дгъэпIий**
**Ди пэжхэм зыри пэж яхэмылъауэ?**

**ГущIэгъу, цIыхугъэ, напэ, пщIэ, нэмыс,**
**Гуапагъэ, гу къабзагъэ, лъагъуныгъэ…**
**А псори нобэ зыми имыщIыс**
**Зи гъуазэ закъуэм дежкIэ къулеигъэр…**

Нэхъуейм икIа дунейм ирегъэзагъэ
И хабзи-бзыпхъи къэунэхуа хьагъэм.

* * *

ЖаIэр пэжмэ, зэгуэр къутэжынущ
Мыпхуэдизыр щагъэхъа дунейр.
Зэи щымыIам яхыхьэжынущ
А нэхъ тфIэтелъыджэу тфIэдомбейр.

Ярэби, нтIэ, а къутэжыгъуэр
Къэсыпауэ пIэрэ, ахъумэ сыт
Дыщэм пащIрэ гущIэм щагъэтIыгъуэу
Зэрахьахэм щIамыIэжыр лыд?

ЦIыхур зыгъэинрэ зыгъэдахэу
Щытагъахэм дащодыхьэшхыж.
«Напэ нэхърэ — кIапэ!» жызыIахэм
Нэхъ Iущ щымыIауэ къыщIокIыж...

Гъуджэ Iушэ иплъэу есэжа дунейм
ФIыхэр щопудри, пудхэр щыдоуей.

* * *

КъызэзнэкIа илъэс хыщIым:
Сэ къысщищIащ мыр бэян:
ЦIыху хьищэ я кIуэкIэ зыщIэм
Къэхъуакъым щимызэман.

Ар топсэлъыхь адыгагъэм,
ЦIыхугъэм щытхъур хуегъэш,
ДыхуеунэтIри щыпкъагъэм,
Езыр хьилагъэм хохьэж.

ФитIнагъэ фиблым кIуэцIысщи, -
Бегъымбар теплъэм пхуихьэнщ.
ШейтIан IэрыкIщи, зищIысыр
Тхьэ дыдэм къыхуэмыщIэн...

Шынагъуэр мис апхуэдэрщ, армыхъуамэ
Зи нэгум къищыр зырикIщ — зэрыгъуамэр.

* * *

Къысхуэгъэгъу уэ, ди Тхьэу уэгур зи унапIэ:
КъысфIощI къэунэхуауэ уэр нэхъ нэхъ лъагэж.
Зи фIэщ умыхъу къомым аращ ягъэлъапIэр.
Уэ къыпхуэпщылI куэдми абы зыхуагъэш.

**Зэшхэр зэлъимыхьэу хуощӏыр зэжагъуэгъуи,
Зэныбжьэгъухэр щӏакӏуэ кӏапэм трешэф.
Щӏыхум я нэхъыкӏэр бегъымбар пщегъэхъури,
Напэм я нэхъ къабзэр фӏейкӏэ щӏегъэнэф.**

**Дунейр апхуэдизкӏэ абы итхьэкъуащи,
Икъутэжыфынми шэч къытезмыхьэж.
Гури, псэри, нэри — псори ихьэхуащи,
Зыхуимыт ӏэпапӏэ цӏыхум имыӏэж...**

**Лыщӏэми пащтыхьми зызыхуагъэлъахъшэ
Тхьэм и тхьэжкӏэ зэджэм и цӏэ дыдэр АХЪШЭЩ.**

* * *

**Дунейр — бэмпӏэгъуэкӏэ гъэнщӏауэ
Къэуэным пэплъэ хулъэ инщ.
Гугъапӏэ псори — къытфӏэщӏауэ
Къыщӏэкӏыжа адэжь щӏэинщ...**

**Дахагъэм Щӏыгур къихъумэным
Ущыгугъыныр щхьэгъэпцӏэжщ...
Зэгуэр номиным дыхуэкӏуэну
Жиӏамэ Дарвин, - ар нэхъ пэжт.**

**А пэжыр мис-тӏэ: цӏыхур щӏылъэм
И тепщэу Тхьэшхуэм къигъэщӏат,
Арщхьэкӏэ homo-хьэщхьэвылъэ
Лъэпкъыгъуэм яуфэбгъу: «Vivat!..»**

**Дуней къутэжыр Тхьэшхуэм и псэлъэгъуэщ:
«Дыпоплъэ, дыщогугъыр Уи гущӏэгъу!»**

* * *

**Нэм къиубыдыр гъуабжэлъабжэщ,
Зэхэсхыу хъуари мыфэмыцщ...
Зэӏузогъэжри гупсысабжэр,
Сэ нитӏыр быдэу соуфӏыцӏ.**

**Соуфӏыцӏри, нэгу къыщӏызогъэхьэ
Хъуэпсапӏэ минхэм я дунейр.
Ди гугъэ гъуэгухэр щызэхыхьэу
Ди лъагъуныгъэм и унейр.**

**Дуней гъущӏам къытекӏа си пкъым
Шэфэл къарукӏэ згъэнщӏыж...
Зэупщӏыжыным еса си гум
Жэуап мыпхуэдэу зыретыж:**

«Ущыпсэуну къэнэжар
Нэр быуфIыцIмэ плъагъур арщ»...

* * *

Ухуеймэ гъащIэр тыншу епхьэкIыну,
Абы уримыхъукI уэ гупсысэх:
Псалъэжьым тету — а псы узыхьынум,
УпэщIэмыту, зыдрагъэхьэх.

ЗыхуэщI теIущIыкIыпIэ уи нэхъыщхьэм.
Узинэхъыщхьэр лъабжьэм щIэгъэтыф.
Якъутэу плъагъукIэ цIыху хей гуэр и гущхьэ, —
Зыкъутэр зылъэкI гуэрмэ, - блэплъыкIыф.

ЦIыхубэм къащхьэщыжхэм уадежажьэу,
ЗумыщI нэщанэуапIэ, дыхьэшхэн.
ЦIыхубэм и цIыхугъэр хуабжьу жьажьэщ, —
УлIа нэужькIи къыплъэщIэмыхьэнщ...

Апхуэдэу утетыфмэ мы дунейм,
УтекIыжынщ... ухъуауэ Iэщ домбей.

* * *

УтекIыфкъым натIэм къритхам,
Уэр нэхъ цIыху ерыщ щIым темытами.
Ухуозэжыр Тхьэм къыпхуиухам,
КъыпэпкIухь зэпыту упсэуами.

АтIэ сыт къапхъэн къытхуагъэпсам
Ди псэр IэщIэтхыну дыщIыхэтыр?
Хьэхурэ-щIыхуэу дуней къытлъысам
Тхуэмыухыж хъуэхъур щIыхуэтIэтыр?..

ЩыIэкъым зи гъащIэр къэзыбжыф, —
Тхьэм и закъуэщ а щэху иныр зыщIэр.
И IэфI къыздэтлъыхъуэм — доункIыфI,
Ди фIэщ тхуэмыщIыжурэ къытщыщIыр...

ЦIыхум и цIэ лъапIэр къызэрилэжьар
НатIэм къритхахэм яку къыдищIыкIарщ.

* * *

Хьэдрыхэ напэлъагъу щыIэжкъым, -
Шэч зыхэмылъыжхэм ар ящыщщ.
Зэращыщыр тщIэжми, илъэс блэжхэм
Ди нэр къыщапхъуауэ дадоущ.

**Дигу зэхуилъу къыздетхьэкI IэфIагъхэр**
**ЩызэхуэтIуэтэнум дыщIохъуэпс.**
**Ауэ гъащIэр хьэчэхьэпсэ жагъэщ,**
**Насып благъэм щхьэщылыдыкI хъуэпскIщ.**

**Ди уахътыр къыщыскIэ, а щыуагъэм**
**И инагъыр дэ къыдолъагъуж.**
**ДунеягъкIэ дымыщIа гуапагъхэр**
**«Джатэ щIагъым» къыщыдопшыныж…**

**ЩIыхур Тхьэ Iэужьми, щIэтщ шейтIан унафэм:**
**Ешэ, хуэкIуэ пэтми, пикIуэт шейтIан мафIэм.**

* * *

**ГъащIэр зэман-жыгым къыпытIысхьэ пцIащхъуэщ:**
**Ажал-къашыргъэжьыр къэсмэ, - пымысыж.**
**Дуней мылъкур хуэдэщ Iэгу ущIам илъ пшахъуэм:**
**Iэгум зегъэгъази, - занщIэу йощэщыж.**

**АтIэ сыт мыкIуэду къэнэжынкIэ хъунур?**
**Хыхьэрэ «нэужьым» гъащIэм и Iэужь?**
**Уи псэм и нэщэнэ гуэрхэр далъагъуну**
**ЩыIэр пэжу пIэрэ, ярэби, лъэужь?**

**«IуэхуфI зыщIэ и пщIэ зэи кIуэдкъым!» жыпIэу**
**Хъунущ жэуап дахэ уэ езым зэптыж,**
**Ауэ и IуэхуфIым пэкIуэр лъагъужыпIэ**
**Имыхуэн къыфIэщIмэ, - цIыхур йокIуэтыж…**

**Зедгъэсат фIы тщIэфу цIыхухэм ад-дэ пасэу,**
**Ауэ «псым хэддзэфу» зи зытхуемыгъасэ.**

* * *

**Нэпсеягъэм иIэкъым гъунэ.**
**Нэпсеягъэм иIэкъым щIэ.**
**Псэм телажьэм, трищIэурэ лъынэу,**
**Абы ешхыр хуэм-хуэмурэ пщIэр.**

**Мы цIыху цIыкIум я щIагъэщIафэу**
**Ди щIы щхьэфэр зыуфэбгъуар**
**Зэхуэпхьэсу ептми, мо уафэм**
**Дэпхъуеинущ ар хьэл зыхуэхъуар….**

**Ауэ щыIэщ щIыхьым телажьэу**
**ПщIэр зыIэт нэпсеягъэ нэгъуэщI,**
**Дуней гъащIэу а хэти фIэмащIэр**
**Нэхъуеиншэу IуэхуфIкIэ зыгъэнщI…**

**Псэм телажьэхэм бжыгъэ ямыӀэ!**
**ПщӀэм хуэлажьэхэ, дэнэ фыщыӀэ?!**

* * *

**Къыщимыгъуэту а нэхъ къилъыхъуэр**
**Мы гъащӀэр цӀыхум хузэхалъхьащ,**
**Дызэрыхуейуэ зыри щымыхъурэ**
**Зэрыхъуу тщӀыуэ дыщесэжащ.**

**ЗыщӀэхъуэпс дыдэм лъэӀэсыфауэ**
**Дунейм зы цӀыхуи къытемыхъуа,**
**Зэрыгугъауэ къыщӀэкӀыжауэ**
**Зы щӀагъэщӀафи щамылъэгъуа.**

**Зедгъэсэжащи, зыгуэр щымыщӀэу**
**Насып дгъуэтыным дыблохъуэпсыкӀ.**
**Дыхэмыныпэу, и лъэхъумбыщӀэр**
**Къытлъысу щытмэ, дыщогуфӀыкӀ…**

**Аращ езыр «цӀыху гъащӀэкӀэ» зэджэжыр:**
**ХъуэпсапӀэхэр щыкӀуэщӀурэ — зэлъэжырщ.**

* * *

**Дуней зэӀумыбзыр зигу мыкъабзэ цӀыхухэм**
**Я хъуэпсапӀэ щэхухэм тегъэпсыхьыпащ…**
**Бжыхьдэжыпэ куэдым мурад яубзыхухэм**
**Я гъэунэхупӀэ мы ди гъащӀэр хъуащ.**

**ГъэщӀэгъуэныракъэ, я гугъэжщ абыхэм**
**ЦӀыхум я акъылыр зыдынахуса**
**Нэхъ лъагапӀэ инхэм ящхьэдэӀэбыхыу**
**ЩымыӀэхха гуэрхэр къытхуагупсыса.**

**ЩӀадзащ къащыхъужу Тхьэшхуэм къаритауэ**
**КъытщхьэщызыгъэкӀхэу къыдэзыгъэфӀэкӀ.**
**«Къупщхьэ хужь» теорием псори хуашэ… ауэ**
**Щхьэусыгъуэ дыдэр нэхъ къызэрыгуэкӀщ:**

**Псы утхъуам псыдыуэр щохъур псынщӀэу пшэр…**
**Щхьэ утхъуам щӀэх дыдэу доуей къавэ щэр.**

* * *

**Гум гугъапӀэ лъэпкъ къыхуэгъуэтыжкъым…**
**Псэр хощыпыхьыжыр и блэкӀам…**
**Ауэ икӀутахэр из щыхъужкъым**
**Мы ди гъащӀэ къэублэрэкӀам…**

**Зи щӀалэгъуэр егупсыскъым ахэм —**
**ГъащӀэр дахэу къыпщыхъуху ууейщ…**
**Ауэ Жьыгъэм — ар философ кхъахэщ —**
**ЖеӀэ щӀимыхъумэу я нэхъ Ӏейр:**

**«ЩӀыху насыпыр напӀэзыпӀэрыбжэщ.**
**Къытхуэлыду — кӀуэдыж гъуэбжэгъуэщщ.**
**ГъащӀэр — щымыӀа ямыгъуэтыжхэм**
**ЩепщӀыхьыжу шыгъушыпсыпӀэ жэщщ…**

**ЗэрымыщӀэу щӀыгум къытехъуа**
**ЩӀыхур зыщ зэхъуапсэр: къамылъхуам».**

* * *

**Зыми имыщӀысу псоми дэфыщӀейхэм**
**Дунейр, кӀуэаракъэ, къаублэрэкӀащ.**
**Илъэс мин зыбжанэ хъуауэ дращӀейхэр**
**Ажьмыжь зэщӀэщыщэм яулъэпсыжащ.**

**ЛӀым я нэхъ икъугъэ хъуну къигъэщӀари**
**Мы иджырей гъащӀэм зэрыхуей ещӀыф.**
**Насып джанэ щыгъыу щӀым къытралъхуари**
**ФакъырэпэщмэнумэнУ къыщӀрегъэдзыф.**

**ЛӀы нэутхъуэ гупым, дуней псор къащӀэплъу,**
**«Къэрал мылъкукӀэ» зэджэу щытар зэбграх.**
**Зи жьэ ӀурыхукӀэр медицинэхуэплъэ**
**Я бын гъэфӀа цӀыкӀухэм жэнэт хузэӀуах…**

**ЛэжьакӀуэжьу псори къезыхьэкӀыр плӀэкӀэ**
**Щысщ, ундэрэбжьарэ щтэӀэщтаблэу… ЗэкӀэ!**

* * *

**«Пщы» зыфӀэпщым «пщылӀ» къыпфӀещыр, жаӀэу**
**Ижь-ижьыжым лъандэрэ къокӀуэкӀ,**
**«УнэӀут аслъыхэм» гъащӀэм щаӀэ**
**Уасэм елъытауи фэзэхъуэкӀщ.**

**Мисыр: ди зэманым кӀуэрдэкӀуашэм**
**Хуабжьу щӀэупщӀэшхуэ игъуэтащ.**
**Уэ пхуэдэлӀ зыгуэр уриӀумпӀашэу**
**Ущытыныр бизнес щхьэхуэ хъуащ.**

**Ауэ, я псэукӀэр тевэвыжми,**
**Ахэм я гум щыхъэр сыт хуэдиз:**
**Зэпымычу уи кӀуэцӀ уишхыхьыжу**
**Упсэуныр — ар каннибализм**

Лӏэужьыгъуэу арщи, зи щхьэ хуимытыж
Каннибал-лъэгущӏэтхэм щӏэхыу заухыж.

* * *

Зэманыр тетщ а и гъуэгуанэ
Щӏэдзапӏэ зэи зимыӏам,
Ухыпӏэ лъэпкъи имыӏэну
Философ инхэм жыхуаӏам.

Пхужыӏэ псори щхьэм къитӏасэу
Щытамэ, кӏэншэм псэр тесшэнт.
Тесшэнти, псэху зимыӏэ Гъуазэм
Дыздишэр дэнэми къэсщӏэнт.

Арщхьэкӏэ цӏыхум и гупсысэр
Гъунапкъэм адкӏэ щоункӏыфӏ.
Ункӏыфӏ гупсысэр мэхъури псысэ,
Я нэхъ нэ жанри пхымыплъыф…

А псысэ гъуабжэрщ Гъащӏэкӏэ зэджэжыр.
Гъунапкъэм адкӏэщ зыдэщыӏэр Пэжыр.

* * *

Жьыху уэсыр зэрехьэ жьы щӏыӏэм.
Гупсысэри псэри епхъэх.
Къуаргъыжьхэр жыгыжьхэм хогуӏэ.
Гугъапӏэр нахуапӏэм щомэх…

Гугъапӏэр шейтӏанхэм я жьэгущи,
Зыхэпщӏэ къудейуэ хуабэпцӏщ.
Пцӏы дахэр псэ махэм и хэкущи,
Бжьэ нэпцӏхэм къыхуахьыр фо нэпцӏ…

Тхьэгъэпцӏу еса лъэужьей гуэрхэм
Пэж минхэр зи пэжхэм щагъэпщкӏу.
Къэкӏуэнур щыуалэ хъарпшэрым
Хъуэпсапӏэ бжыгъэншэр щопэкӏу…

Тхьэм пэплъэу йокӏуэкӏыр игъащӏэми гъащӏэр.
Дунейр «тхьэпэлъытэ» щыхъуахэм зэӏащӏэ.

* * *

Теорие щыӏэщ бжыгъэр хуэкӏуэу фӏагъым,
Ауэ цӏыху гъащӏэм ещӏ ар фӏэщщӏыгъуей:
Илъэс къэдгъэщӏхэр хъуууэрэ зэлъагъэ,
Ухыгъэ эшафотым дыдокӏуей.

**ЕщIэжыр хэти а зыхуэкIуэр сытми.**
**Насып нэхъ зиIэм зыкъыхуогъэпцIэж…**
**IэфIыпсщ дунейр, ар минрэ нэпцIу щытми,**
**АрщхьэкIэ къритхам имыIэ хъуэж…**

**А гу зыщимыхуа дуней IэфIыщэм**
**Ехыжыр нэкIэ къызоупщIэкIыж…**
**Жэуап зымыгъуэта упщIэ нагъыщэу**
**ЗеIуантIэ псэми, хьэршым щобзых…**

**Мыр хьэкъщ: цIыху псори Тхьэшхуэм къигъэщIащ.**
**ДымыщIэр зыщ дэ: дыкъыщIигъэщIар.**

* * *

**Мы гъащIэр игъащIэми екIуэкI шурылъэсщ.**
**Дунейр гуэрэныгущи, цIыху цIыкIур**
**Къэхъуакъым Iэдэбу щыпсэуа зы илъэс:**
**ЦIыхугум кIуэцIысщ дыгъужьыгур.**

**Гъуэрыгъуэ шэнт гъурыр зылъысахэр допсэу,**
**Уахътыншэ дащIа къытфIэщIыжу.**
**Допсэу, кIуэаракъэ, нэм къыфIэнэу хъуа псор**
**Ди гуэным итлъхьэныр гупыжу.**

**АтIэми хьэкъыпIэщ зэрыхьэхур дунейр, -**
**Ар зейм а щыхуейм тIихыжынущ.**
**Факъырэ щыхъуахэри щащIахэри бей**
**Зэгуэр щIыгъэпшэр дыхъужынущ…**

**ЦIыху гъащIэр фарс папщIэу зыгуэрым итхащ,**
**АрщхьэкIэ финалыр а жанрым икIащ.**

* * *

**Дуней зэгуэчыгъуэр гъущIыч ныбгъуэхьэшщи,**
**КъимыкIыжыф псэхэм къалъэтыхь.**
**ГъащIэри ажалым ещхь Iыхьэмыгуэшщи,**
**КъакIуэу пIахыжыху — уи щIыбырыхьщ.**

**Тхьэм къызэригъэщIрэ цIыхум зеузэщIыр,**
**Ауэ, уриплъэжмэ гъуэгу къэткIуам,**
**Хэхъуэу диIэм нэхърэ ди нэхъыбэу хэщIыр**
**Шэч дегъэщI мы гъащIэр зыхуэкIуам…**

**Бзаджэр иродджэгур цIыху жыIэзыфIэщым.**
**Делэм «IУЩ» цIэ лъапIэр къещэхуф.**
**И тхьэщ хьэкIэпычыр псори къэзылэжьым.**
**Беймэ, я нэхъ Iейри мэхъур лIыфI…**

Пэжыр хъуащ джэгуалъи, псори щодыхьэшхыр.
ПцІым и метастазэм гъащІэ гущІэр ешхыр.

* * *

Мэкъугъыр хьэр. Мэкъугъ емызэшыжу.
Дунейр жэщ кІыфІым щІипІытІа къыпфІощІ.
Бжэкъуагъым къуэтщ псэхэх емызэшыжыр.
КъапыткІуу псэр, дакъикъэхэм яхощІ.

Къэгъазэ зимыІэнур щылъщ гууэщІу.
Щхьэщытхэм нэпс къекІуар къыщІапІытІыкІ.
Жэщыжьым и пкъы фІыцІэр псэм докІуэщІыр.
Псэхэхым и нэ-дэпхэр къоцІыщхъукІ.

Псэхэхыр псэкІэ зыхэзыщІа хьэжьым
КІыфІыгъэм хэкъугъэныр иухащ.
Ухыгъэр зэриухыр сурэт гъуэжьу
ЦІыху лІам и нэхужьыбэм тедиящ…

Дахагъэ пхухэлъхьэнукъым лІэныгъэм.
А зырщ ІэфІ зыщІыр дэ ди псэуныгъэр.

* * *

ФІыуэ тлъагъу цІыху щетхьэхкІэ мащэм,
Дэ дохъу хэтщІыкІыу нэхъри жьы.
Кхъэм илъхэр тфІощІ къыдэІущащэ:
«Къыфпоплъэ псоми, псоми щІыр»…

Тхьэ ин Іэмырыр ихъуэжыныр
ЦІыху цІыкІум Іуэху къемыхъулІэнщ:
ЩІым къыхэкІащи, щІы хъужыныр
Іэпкълъэпкъ дэтхэнэмкІи къалэнщ.

АрщхьэкІэ псори щІокъу уахътыншэм —
Мис ари Тхьэшхуэм иухащ:
КІыфІыгъэ щІыІэ гущІэгъуншэм
ГугъапІэ бзийхэр хэшиящ…

Уахътыншэ фІэпщыфыну гъащІэм хэлъыр
ЛІам, дыщІамылъхьэу, кІэлъыпсэу гухэлъырщ.

* * *

Гугъэ нэхуу щыдиІахэр къэббжмэ,
ГъащІэр хъунущ тенджыз ин хуэдиз.
ГурыІуэгъуэу щытлъэгъуамкІэ къэппщмэ,
ФІэпщыфынур гъащІэм «ІэмыщІизщ».

Ауэ, ди насыпти, я нэхъ мащӀэр
ЩыдощӀыф дэ гущӀэм куэдыкӀей.
КъыхыдощӀыкӀыф Сэтэней гуащэ
Гуащэм и нэщэнэхэм хуэхейм.

Я щхьэ къагъэпцӀэжу зэрыпсэур
ЯщӀэж псоми, - зым зимыумысыж.
Зызыумысыжым уемыхъуапсэ:
Хьэзырщ и тезырри, - зеукӀыж...

Зыми зэхихакъым нэгъэсауэ пэж.
Дуней нэпцӀым дежкӀэ — ар дунейкъутэжщ.

* * *

Зигу къыпщӀэмыузым уи уз хуэпӀуэтэныр —
Ар делагъэ инщи, зыхэныгъуей хьэлщ.
Тхэныр зи хьэл мыгъуэу а тхьэгурымагъуэ
Зи гугъэжхэм, хэти хуэмыдэжу, тхэлъщ.

ГущӀэр къэбунэщӀу япэ къэс убакӀуэм
ЗыхузэӀупхыныр, дауи, ямылейщ,
Ауэ щэху хъумакӀуэ иӀэкъым усакӀуэм:
Псори и гум илъщи, и гур телъщ сэтейм.

ЕшыкъылӀэн гуэрхэр къыхуепхьэкӀмэ, - зыи
ЩыӀэкъым а гуру уэ къыпщызыхъумэн:
Уи нэр уфӀыцӀауэ псалъэ гуауэ дзыи, -
Апхуэдэ гу пцӀанэм кӀуэуэрэ техуэнщ...

Хэти хурепсалъэ, сытми къыхурет, -
И дуней иӀэжу мы дунейм ар тетщ.

* * *

Зэгуэрым нэху щыщынущ мы дуней
Ди Ӏуэхуи-дэлъи зыхэмылъыжынум.
Дэрыншэу зэӀуихынущ и пщэдей
Зи нэхуи-хупси къытлъымысыжынур.

А пэжыр хуабжьу пэж къызэрыгуэкӀщ,
Арауи къыщӀэкӀынщ щӀытщыгъупщэжыр:
ДызэрыгущӀу гъащӀэр идохьэкӀ,
А гъащӀэм и кӀэщӀагъыр дымыщӀэжу.

Тынш дыдэу къыщӀэкӀынукъым дунейм
Сыт щыгъуи зэнэзэпсэу утетыныр.
АтӀэми сэ къэсщӀэну мыр сыхуейт:
Нэхъ тыншу пӀэрэ мащэ зэхуэптӀыныр?..

**ЦІыху цІыкІур къалъху. Мэпсэу. Жьы мэхъу. МэлІэжыр…**
**Жэуап зимыІэ упщІэхэр къонэжыр.**

* * *

**Махуэ фагъуэр уэбэуэфэу**
**Уафэ лъакІуэщи, гъырнэІущ.**
**Пшагъуэ-пшатІэм мы щІы щхьэфэр**
**ЩІиуфауэ егъэщэІу.**

**ГукъэкІыжхэр щІахъумэну**
**Гурыгъузхэр къызэхуос.**
**Уи цІэр си гум ихупэнкІэ**
**Щышынагъуэм гъащІэр нос…**

**Ауэ Тхьэми фІэкъабылкъым**
**Хихыжыну псэм хыхьар.**
**ЦІыху акъылу къэрэгъулым**
**БлохъуэпскІыкІ дапщэщи ар…**

**ЦІыхум и псэр хуейкъым з-з-зыри къэмынэну**
**КъыжезыІэ Пэжым жиІэм еувэлІэну.**

* * *

**Гуауэр пшагъуэ фІыцІэу къыщхьэщылъщ кхъэхалъэм.**
**Мывэ сынхэу жауэ гъыбзэхэр зэхэтщ.**
**Макъым хуэмыныкъуэ бзэкІэ къызэпсалъэу,**
**Сынхэм я щІыбагъым псищэхэр къыдэтщ…**

**А гупсысэ хьэлъэм си гур игъэхыщІэу**
**КъыздэскІухьым, - тобэ! — уэ сыныпІуплъащ.**
**Уэсым нэхъри фІыцІэ щІэхъукІ сыным пІыщІэу**
**Къытещ уи сурэтыр къызэщыхьэкІуащ…**

**ЩІэкІыжащ си нэгум къэгъэзэж зимыІэ**
**Зэман уэрэ сэрэ къызэдэдгъэщІар…**
**Ауэ ажал фІыцІэм и Іу бахъэ щІыІэм**
**Пэлъэщакъым щІасэ псэм къыщеблыжар…**

**ГъащІэ гъуэгу бжыгъэншэм блапцІэурэ заІуантІэ, -**
**Псоми узыхуашэр а зыращ: кхъэ пщІантІэм.**

* * *

**Дунеижьыр Тхьэм и тыгъэ Іэгурыхьэ-ІэгурыкІщ,**
**ЗиукІыжу текІыжыну тегушхуамкІи гупымыкІщ.**
**Гъуэгыр тІэту дыкъытохьэ, гъуэгым щІэту дытокІыж,**
**ГъуэгыгъуитІым я зэхуакур жыхьэрмэ-жэнэт лъэмыжщ.**

Батэкъутэр щыдгъэшыну ди гугъэжурэ дытетщ,
Илъэсищэ мынэхъ мащӀэ къэдгъэщӀэнуи ди нетщ.
Ауэ псори убзыхуауэ дыкъалъхуауэ къыщӀокӀыж,
Хэтш къытфӀэщӀми, хэшагъэххэ щхьэж и лъагъуэ дытетыжщ…

МызэщӀэну къалэн минхэр дгъэзэщӀэну ди пщэрылъщ,
Фэ фэӀуадзэм дэлъым ещхьу, гъащӀэ дзэпкъым дыӀурылъщ.
Нобэ мыхъухэр пщэдей хъуным дыщыгугъыурэ йокӀуэкӀ.
Зы нэхъыкӀэ къызэднэкӀмэ, нэхъыкӀэжыр къытпогъуэкӀ…

Ди ажалыр ди гуфӀакӀэ зэрыдэсри дощӀэж,
Ди псэр илъми и ӀэмыщӀэ, дыӀэщӀэкӀыу ди гугъэжщ.

* * *

Едзыгъуищу зэхэлъ драмэу цӀыхухэм «ГъащӀэ» зыфӀэтщам
Персонажхэр щызэхуозэ, щызэблокӀри, я блэкӀам
ХуеплъэкӀыжрэ зэпхъуэкӀыжхэу гъадэщӀыдэм хобзэхэж:
А «кулисэм» зэ къухьауэ щымыӀа къэзыгъэзэж.

Сабиигъуэр — ар едзыгъуэ дыгъэ защӀэкӀэ гъэнщӀащ,
Зи ӀэфӀагъыр зи мащӀагъым нэхъри лъагэу иӀэтарщ.
КъыкӀэлъыкӀуэр — мы дунейри и унейуэ зи гугъэж
А щӀалэгъуэ дахэкӀейрщи, - зыдэгъагъэм мэгъуэлэж…

ЕдзыгъуитӀым фӀэмыкӀамэ, драмэр хъунут нэхъ дахэж,
Я дахэгъуэу текӀыжамэ, - персонажхэр гукъинэж.
Ауэ Тхьэм итхам пародие езы дыдэм хуитхыжащ.
ЩӀэгуфӀыкӀри, «Жьыгъэр» цӀэуэ а ещанэм фӀищыжащ…

Мы едзыгъуэм фӀыуэ хэлъщ зыгуэр итӀани:
Гухэр мыпхъэн щхьэкӀэ, лъэхэр пхъэм дегъанэ.

* * *

Къахуоунэхури гъуэбжэгъуэщ дахэу,
Насыпыр цӀыхухэм ящхьэщолъэт,
ЖаӀэн къудеи хунэмысахэу
А жаӀэ хабзэр: «Ху-мэл-жэнэт!»

КъытфӀэщӀу щытми дуней къэхъукъащӀэу,
Ар нэм къыӀуихьэ дыщэпс бэджыхъщ.
Хъэрэмэхъищэр щытхузэӀуащэ
ЩӀыналъэ дахэм и цӀэр «Таурыхъщ».

ЩхьэгъэпцӀэж ӀэфӀым дыхэзылъасэ
Нэщыпхъуэ гуэрщи, мы дуней цӀыху
ЩӀэмычэу хъуапсэм и псэр хокӀуасэ,
Ажалыр къэсу къыхихыжыху…

Ажал Iэ щIыIэм къызэрихутэу
Тхъурымбэ напIэу псэхэр мэкъутэ.

* * *

Уи жагъуэгъум къыпхуипсэлъхэм
Уримыхъут уэ нэщхъей:
«Ямыубрэ — бэным дэлърэ»
ЖиIэгъакъэ пасэрейм.

Пс-с-соми фIыуэ укъалъагъуу
Упсэуныр — ар мыIейт,
Ауэ лIо епщIэнур жагъуэу
Уилъагъуну хуа-абжьу хуейм?

Жагъуэгъу жыпIэ щхьэкIэ, ари
Псэ зыIуту къигъэщIащ,
Лъынтхуэу иIэр зыпыщIари
А гужьгъэжь къыпхуиIэращ…

Сэ къыслъысу мыр жызоIэ, гуэрэныгум сиувауэ:
«Си жагъуэгъу стемыплъэкъукIхэм яугъащIэ… гъэщIеяуэ!»

* * *

Накъыгъэ мазэм зызэпигъазэщ,
Зызэпиплъыхьри, гъуэгу техьэжащ.
Сэтэней уардэу фокIадэ мазэм
Щхьэр дэуназэу зыкъипхъэхащ.

Гъэм и дахэгъуэр ещхьщи щIалэгъуэм,
Мэзрэ бзухэу зэщогуфIыкI.
Iуэхушхуэракъэ, а дуней дэгъуэм
Дэ итырыгъухэу дыхопIиикI.

Ауэ зыгуэрхэм ирамыгугъэ
Гугъэбжэр Жьыгъэм зэIуигъэуэж:
МыпыIэж си псэм лъагъуныгъэр
Итырыгъу мафIэу щызэщIонэж…

ФымыгубжьыІт, лIыжь гушыIэм пэж хэфлъагъуэурэ.
Дыхъуэпсэнуи дыхуитыжкъэ, зиунагъуэрэ?!!

* * *

ПфIэфIт уэ лъагъуныгъэм тIэкIу уриджэгуну.
Я нэхъ щызифIэщым ухъут гушыIэрей.
Зэм сыкъэбгъэгугъэрт уи псэр сыбгъэшхыну,
Зэми къызыкъуэпхырт щэным я нэхъ Iейр.

**Сэри семызэшу хуабжьу зызгъэпхъашэрт.**
**Си пщIэм и хъумакIуэ нэщхъыр зэхэзмыхт.**
**Пщащэм я нэхъыфIхэр си ныбжьэгъухэм къашэрт, —**
**Дэ ди джэгу-зэпеуэр зыи тхуэмыухт…**

**Лъагъуныгъэм сытри хуэшэчынущ, ауэ**
**Ириджэгухэм зэи ар яхуимыгъэгъу.**
**Мисыр: джэгуакIуитIыр унагъуитI дищIауэ,**
**Ди гукъэкIыж IэфIхэм Езыр я Iэпэгъущ…**

**Тхьэм ирещIи, уэрэ сэрэ жыхьэрмэбжэр къытхуозэш.**
**Содэ ари: нэгъуэщI мыхъуми, мис абы къыщысхуэзэж.**

* * *

**Ей, мы Жьыгъэри мыр! А джаурым**
**ЗумыгъэщIыт, ныбжьэгъу, и джэгуэн.**
**Тхьэр къытщыжрэ ажалыр сабырмэ, —**
**Дэ иджыри зыгуэрхэр дгъэхъэнщ!**

**Ди щIалэгъуэ блэкIар мыщIэгъуауэ**
**Дауэ ди жьэ къедгъакIуэу жытIэн?**
**ЩIагъуэ куэди хэтащ абы… ауэ,**
**Сыт убзыщIкIэ, - бгъуэтынущ дэбгъуэн.**

**Моуэ, пщIэрэ, къысщохъур си гугъэ**
**Нэхъ домбейхэр мызащIэу къэна,**
**КъысIущIэну хуея лъагъуныгъэ**
**Нэхъ IэфI дыдэм мы си гур хэна…**

**ЖиIэ хуэдэщ блэкIам: «Бетэма-а-ал!»**
**Пидзыж пфIощIыр къэсам: «НеIэмал!»**

* * *

**Лъагъуныгъэр банэ папцIэм**
**Хуэзыгъадэм — къыхэуакIэщ.**
**Пщащэ дахэ щIалэгъапцIэщ,**
**ЖызыIари — къагъэпцIакIэщ.**

**Гухэлъ лыгъэр къыпщIадзамэ, —**
**Уи тыншыгъуэр быухакIэщ.**
**УилIыкIыну укъащIамэ, —**
**Къыпихахэм уахэхуакIэщ.**

**Къыпихахэм уахэхуамэ, —**
**Уихуагъэххэщ гупсысапIэ.**
**БампIэхуэлъэу укъэнамэ, —**
**Къыпхуэнэжыр зы гугъапIэщ:**

**Къыбблах пэтрэ а «уэгу мафIэ лыгъэм»**
**Укъисыныр — ари лъагъуныгъэщ.**

* * *

**Даущыншэщ. Жэщ гъуэхсэхщ.**
**ТхьэIухуд жеям и бгъафэщ.**
**Вагъуэ минхэр къоблэблэх**
**Сэтэней къызыпхыплъ уафэм.**

**Пасэрей хъыджэбз нэкIуху**
**ТхьэIухудхэм заущэхуауэ**
**КъокIуэ, уэсэпс лъапэпыху**
**Дэджэгуну щхьэж и щауэм.**

**Псыхъуэгуащэ и нэбзийм**
**УсакIуэжьхэр ныхуоусэ.**
**Зэманыжьу мажусийр**
**Псэ гъущIахэм къахошыпсэ…**

**ЙопщIыхьыж апхуэдэу — екIэкIуар зи лъахэ**
**Мы дунеижь кхъахэр и щIалэгъуэ дахэм.**



*2010 гъэр ЕгъэджакIуэхэм я илъэсщ*
*Сабий гъащIэм и усэщIакIуэхэр*

# Бзэ IэфI зыIурылъа урыс бзылъхугъэ



**Екатеринэ Васильевнэрэ и къуэрылъху цIыкIу Артуррэ. 1968 гъэ**

А цIыхубзым и гъащIэм и къекIуэкIыкIам щыщу дэ тщIэр мащIэт. Ауэ шэч къызытедмыхьэжыну дызыщыгъуазэрат: бийм Ленинград къалэр къыщаухъуреихьам къагъэIэпхъуахэм ящыщт. А зэманым Щхьэлыкъуэ щыпсэурт Ленингради, абы и Iэгъуэблагъэхэми кърагъэIэпхъукIа унагъуэхэр. Екатеринэ Васильевнэ Варфоломеевэр япэ щIыкIэ Дагъыстаным къыщохутэ, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къоIэпхъуэ.

КъыздэкIуэхэм, ар ирохьэлIэ Буйнакск пэмыжыжьэу гъущI гъуэгум екIуэлIапIэншэу къытена, зи адэ-анэр мафIэгу зэжьэхэуэм хэкIуэда, Хьэсэнкlэ зэджэ щIалэ цIыкIум. МэжэщIалIагъэм тхьэмыщкIэ дыдэ ищIа сабийм мо цIыхубз гуапэм и дзыхь кърегъэзри, гъусэ къыхуохъу.

Екатеринэ Васильевнэ егъэджакIуэ нэсу зэрыщытыр куэд мыщIэу псоми къащIэ. Абы къуажэм щригъаджэу хуожьэ ботаникэмкIэ, зоологиемкIэ, анатомиемкIэ, физиологиемкIэ.

А зэманым школыр щытыкIэ гугъум итт. ЕджапIэм и ныкъуэр нэмыцэ бомбэхэм зэтракъутат. Щхьэгъубжэхэм хэлъ абджхэр къутати, щхьэгъубжащхьэхэр уэсым щIагъэнат. Езы пэшхэри ягъэплъыртэкъыми, егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ бэлъто Iувхэр ящыгъыут урокхэм зэрыщIэсыр. Бэрэжьеипсым къыхэщIыкIа шакъэр шакъалъэхэм ищтыхьырти, абы иритхэн папщIэ, щIыIэм иса я Iэ цIыкIухэмкIэ яIыгъыурэ сабийхэм ар ягъэхуэбэжын хуей хъурт.

Екатеринэ Васильевнэ хэлъ гуапагъэмкIэ, зэпIэзэрытыгъэмкIэ, и предметым хуиIэ лъагъуныгъэмкIэ адрей псоми къащхьэщыкIырт. А цIыхубзыр зыгуэрым егуэуауэ е фIэнауэ зэи зэхэпхынутэкъым. Абы и урокым щIэсхэм я хьэлтэкъым щIыкIэншэу, еIуящIэу – яфIэемыкIут апхуэдэ егъэджакIуэм хьэлыншэу зыкърагъэлъагъуну. Игу иримыхьын гуэр еджакIуэм ядилъэгъуамэ, псалъэншэу еплъырти, мыарэзыуэ и щхьэр игъэкIэрахъуэрт. Апхуэдэ мыарэзыныгъэр цIыкIухэм нэхъ зыхащIэрт, шынагъэкIэ, псалъэкIэ ущиену хэт егъэджакIуэхэм нэхърэ.

ГурыӀуэгъуэ дыдэу, ауэ тӀэкӀуи зэрыгузавэр нэрылъагъуу, Екатеринэ Васильевнэ еджакӀуэхэр щӀигъэдэӀурт нэхъ удэзыхьэхыну дыдэхэм, гъащӀэм куэдрэ къыщымыхъу гъэщӀэгъуэнхэм. Абы къиӀуэтэжхэм цӀыкӀухэр апхуэдизкӀэ итхьэкъурти, уэзджынэр къеуа нэужьи, зэрытэджын хуейр ящыгъупщэжауэ, щыщыс куэдрэ къэхъурт. А зэманым школым щыбгъуэтынутэкъым зэребгъэджын тхылъи, плакати, сурэти. ЕгъэджакӀуэри мащӀэт. Ар къилъытэурэ, Варфоломеевэм и дэтхэнэ зы урокми псэ хилъхьэрт, щӀэщыгъуэ ищӀырт.



**Екатеринэ Васильевнэ и Ӏыхьлы, гъунэгъухэм я гъусэу**

Екатеринэ Васильевнэ и урокхэм къыздихьырейт Арсеньевым и тхылъ «Дерсу Узала» жыхуиӀэр. Урокыр арэзы техъуэу екӀуэкӀамэ, ди жэуапхэмкӀэ игу зэгъамэ, тыгъэ къытхуищӀ хуэдэ, зэман къыдигъахуэрти, ар къытхуеджэрт Дерсу щакӀуэм теухуа тхыгъэм. Тхылъыр зытепсэлъыхь цӀыхухэр еджакӀуэхэм фӀыуэ дигъэлъагъурт. Дерсу и псалъэхэу: «Къаплъэнри цӀыхущ, ауэ нэгъуэщӀ фащэ щыгъыу аращ», – жыхуиӀэхэм дэ езыхэр нэгъуэщӀ нэкӀэ дунейрыгъуазэмрэ псэущхьэхэмрэ драгъэплъыфат.

Километр никъуэкӀэ ди къуажэм пэжыжьэу, псы адрыщӀымкӀэ мэз Ӏув къыщытт. Екатеринэ Васильевнэ абы щӀэх-щӀэхыурэ дишэрт. Ауэ а мэзым дэ иджы худиӀэ щытыкӀэм зихъуэжат. ЕгъэджакӀуэ Ӏэзэм и фӀыгъэкӀэ, ди нэхэр нэгъуэщӀ зыгуэру къэплъэжауэ къытфӀэщӀырт. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, дэ дыхущӀегъуэжырт ди щхьэпсыгъэм, дызэрыеӀуящӀэхэм къыхэкӀкӀэ псы Ӏуфэхэм хьэндыркъуакъуэ щытлъэгъуамэ, мывэ едутӀыпщу, удзым хэс шындырхъуор дукӀыу зэрыщытам.

Екатеринэ Васильевнэ хущӀэкъурт щӀэныгъэ и лъэныкъуэкӀэ зыгуэрхэр къэдгъуэтыфу, щӀэ гуэрхэр къызэӀутхыфу дигъэсэну.

– Языныкъуэ хьэкӀэкхъуэкӀэхэм къэкӀыгъэр я шхыныгъуэщ. Ауэ а къэкӀыгъэхэм хьэкӀэкхъуэкӀэ е хьэпщхупщхэр щашх щыӀэу пӀэрэ?

Псоми я жэуапыр зыт:

– Хьэуэ!

Егъэджаклуэр зы заулкlэ щэхуу щытти, къыджиlэрт я къуэпсхэмкlэ зэщlаубыдэу ялъэхъар зыгъэкlуэщlыф къэкlыгъэ зэрыщыlэр.

– Килограмм щитl хъун мыщэм къилъхуа къудей акъушым сыт хуэдиз и хьэлъагъын? – къыдэупщlырт ар.

– Киллограмм зыбгъупщl нэхъыбэ хъуурэ къыщlэкlынкъым.

– Пэжкъым! Нэхъыбэщ!

– Килограмм 20 мэхъу…

Щхьэж зэрыхуигъэфащэу жиlэрт.

– Иджы къызыщывгъэхъут щlымахуэ зэманым и нэхъ уае дыдэ мазэм зы шыр е тlу къалъхуу. А зэманым къыщыщlэдзауэ гъатхэпэ хъуху ар мыщэгъуэм илъынущ. Апщlондэхукlи мыщэ-анэм зыри ишхынукъым. Сыт хуэдэ щlыкlэкlэ игъэшхэнут абы килограммипщl зи хьэлъагъ акъушыр? Зыщывмыгъэгъупщэ-тlэ: къалъхуа къудей мыщэ шырым и хьэлъагъыр килограмм ныкъуэ фlэкl хъуркъым. Мыщэгъуэм къикlыхукlи ар хуэмущ зэрыхэхъуэр.

Австралием щыlэ, цlыхум и инагъым хуэдиз хъу кенгурум и шырыр мэзыдэ цlыкlум нэхърэ зэрынэхъ ин щыlэкъым. Атlэ кенгуру анэм ищlэр фщlэрэ? Ар занщlэу ирелъхьэ и ныбэм деж щlэт жыпым. (Екатеринэ Васильевнэ ар къыздиlуэтэжым жыпышхуэ зиlэ кlэпхын зыlуелъхьэ) Къыдгурегъаlуэ апхуэдизу къаруушэ шыр цlыкlур и анэм щlэмыфыфми, зэман-зэманкlэрэ абы и жьэм шэр зэрыжьэдэлъадэр. А псэущхьэр жыпым илъэс ныкъуэм щlигъукlэ щопсэу.

Екатеринэ Васильевнэ и макъым зрегъэхъуэжри:

– Фегупсысыт, а жыпым сытыт къыщыщlынур, кенгуру анэр хуэмыхуу, щхьэхынэу щытамэ?!

Егъэджаклуэм и хъыбархэр сыт щыгъуи иухырт апхуэдэ ущиехэмкlэ. Ауэ ахэр зыгуэрым хуэгъэзауэ жиlэми, классым щlэсхэм я цlэ ириlуэртэкъым.

Абы и урокхэм дэ къыщытщlэрт къазхэм псы къащlыкlэрымыпщlэр, ахэр псым щlыщlимылъафэр, адрей псэущхьэхэми хуэдэу, бдзэжьейм дыгъэм зыщlригъэур е щlыlэм зыщlригъэсыр, языныкъуэ хьэпщхупщхэр зыр зым зэрыдэlэпыкъужыр, ныбжьэгъугъэ я зэхуаку зэрыдэлъыр. А цlыхубзым къыддригъэкlуэкlа псалъэмакъ щхьэпэхэм иужькlэ щlалэ цlыкlухэм хьэ, джэду, тхьэкlумэкlыхь шыр хуэдэхэр япlу, ягъашхэу щlадзэрт. Хъыджэбзхэми хьэсэ цlыкlухэр я хадэхэм щащlэрт, пэшхэм удз гъэгъахэр щагъэкlырт.

Клэртlофышхуэр ныкъуэ–ныкъуэу бупщlатэу хэпсэ зэрыхъур, балыджэр узыншагъэмкlэ зэрысэбэпыр, ар нэхъ пасэу къэкl хадэхэкlыу зэрыщытыр абы и дежщ дэ къыщытщlар.

А псом ящlыlужкlэ Екатеринэ Васильевнэ балигъхэми яхуэщхьэпэу, хадэхэкlхэр зэрагъэкlыпхъэм, ахэр бэв хъуным ехьэлlа чэнджэщхэр ярихьэлlэу дэсащ ди къуажэм. Арат абы пщlэшхуэ щlыхуащlри, фlыуэ щlалъагъури.

# Ди Серафимэ

Егъэджаклуэм и гупсысэри и акъылри зыхуэунэтlар адэ-анэр, къэралыр фlыкlэ зыщыгугъ, ди къэкlуэнур зыхуэдэ хъунур куэдкlэ зэлъыта щlэблэр гъуэгу тэмэм тегъэувэным, дуней тетыкlэ дахэм хуэгъэхьэзырыным, цlыху хуэдэ цlыхуу гъащlэм хэшэным ехьэлlа lуэхугъуэхэрщ. Абы адэ-анэхэм кърагъэз дзыхьым гъуни нэзи имыlэ хуэдэщ: бэкlэ зы-



Куэшмэн Серафимэ зяку дэтыр иригъаджэу щыта Елгъэр Хьэжидэрэ Кашифрэщ 1954 гъэ

щыгугъ я былыр школым къашэри уэ къуат. КъущIатыр гурыIуэгъуэщ: насыпыфIэ тхуэщI, цIыхугъэ хэлъу тхуэгъасэ, уэ ббгъэдэлъ щIэныгъэм хуэдэ егъэгъуэт. А IэщIагъэм илъэс щэ ныкъуэм щIигъукIэ срилэжьащи, Iуэхур апхуэдэу зэрыщытым сыщыгъуазэщ.

Мис а псори, нэгъуэщI фIы Iэджи сабийм къехъулIэнымкIэ егъэджакIуэ Куэшмэн Серафимэ щIыхуэ зытригъахуэу зэрыщымытамкIэ щыхьэту къыпхуэмыувын дэсу къыщIэкIынтэкъым ди Щхьэлыкъуэ. Мы псалъэр блэкIа зэманым иту щIыжытIэм щхьэусыгъуэ иIэщ: Симэ (гъэфIэныцIэу абы апхуэдэу куэд къеджэрт) зэрыпсэуам нэхърэ дунейм зэрехыжрэ нэхъыбэ хъуащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Симэ къыдэлэжьахэм, абы зи сабий иригъэджа адэ-анэхэм я нэхъы-бэри дунейм ехыжащ. Ауэ Симэ сыщыдэлэжьакIэ, сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ а цIыхубз телъыджэм гъуэгу пэж тригъэувахэм я ЕгъэджакIуэ гъуэзэджэр нобэми фIыкIэ ягу къызэрагъэкIыжым, абы и фIыщIагъэхэр зэрамыгъэкIуэдым. Симэ и фIыцIэ жызымыIэ къыдэгъуэтэгъуейщ Щхьэлыкъуэ къуажэшхуэм. Сэри си гъащIэр щхьэлыкъуэдэсу къызохьэкIри, срихьэлIакъым Куэшмэн Серафимэ хуэ-мыарэзы. Абы иригъэджахэм къахэкIащ дохутырхэри, тхакIуэхэри, усакIуэхэри, IэщIагъэлI зэмылIэужьыгъуэхэри. Симэ фэеплъ хуащIу ятха рассказхэми усэхэми сыкъеджащ. Срогушхуэ икIи сропагэ апхуэдэ цIыху хьэлэмэтыр сцIыхуу (сэри епщIанэ классыр къыщызухар Щхьэлыкъуэ школращ), абы срилэжьэгъуу зэрыщытам. Аркъудейкъым – сыт ищIыс лъэныкъуэкIи абы сыдэплъейуэ сабийм сахэтыныр си хъуэпсапIэт. Ар сэр нэхърэ нэхъыжьт. Сэ школым сыщыщIэсхэм щыгъуэ Серафимэ егъэджакIуэу лэжьэн щIидзакIэт.

Ди лъахэр нэмыцэхэм яубыдыным и пэкIэ Куэшмэн Симэ Налшык педтехникумыр къиухат. ПэщIэдзэ классым щригъаджэрт. Фашистхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрырахужу ди школыр къызэIуахыжат. Ауэ тIууэ зэтету, клубышхуи зыхэту щыта ди еджапIэ дэгъуэм тхьэмыщкIафэ дыдэ къытеуат: унэм къыгуэщIыхьа клубышхуэр зэрыщыту фашистхэм я бомбэхэмрэ топышэхэмрэ зэхакъутат. Школ унэм и зэхуэдитIым щIигъуми тхьэмыщкIагъэшхуэ къылъысат. Классхэм бжэуи, щхьэгъубжэуи, абджуи яхэлъыж щыIэтэкъым. Пэш мыгъэплъхэм жьыуейр щызепщэрт. Дэтхэнэ зы сабийри езым ейм хуэдэу зылъытэу зи кIагуэ дытахэмкIэ, IэлъэщIхэмкIэ (школым щылажьэхэм цIыхухъу закъуэтIакъуэххэт яхэтыр) цIыкIухэр къэзыгъэхуэбэж егъэджакIуэ нэхъ гущIэгъулы дыдэхэм ящыщ хъуат дыгъуасэ педтехникумыр къэзыуха къудей цIыхубз щIалэ Куэшмэн Симэ.

Ар къызыхуалъхуар сабийр фIыуэ лъагъуныр, абы псэкIи гукIи хуэсакъыныр, телэжьэнрати, а хьэлым сыт щыгъуи тетащ. Еш, щхьэх жыхуэпIэр ищIэртэкъым абы. Си лэжьэгъуэ зэманыр къэсакъым е иухащ жимыIэу, еджакIуэхэми егъэджакIуэхэми япэ школым къэсырт, сабийми балигъми школ пщIантIэр къабгынэжа нэужьт езыр щыкIуэжыр. Ар

тлъагъурт Симэ и лэжьэгъухэми иригъаджэхэми. Дауэт итIанэ абы пщIэ зэрыхуумыщIынур, ар фIыуэ зэрумылъагъунур?

Куэшмэн Серафимэ и Iуэху зыхэмылъ къуажэм дэмылъ хуэдэт. ЕгъэджакIуэхэр лэжьыгъэ IуэхукIэ дызэхуэсамэ, зыгуэрхэм дытепсэлъыхьу щIэддзамэ, Симэ зи гугъу имыщIыфын къуажэ кIыхьым къыдэгъуэтэгъуейт. ЕджакIуэхэр дэнэ къэна, абыхэм я адэ-анэу хъуар е апхуэдэхэр зимыIэжхэм я къуэш-шыпхъу нэхъыжьу зи цIэрэ зи унэцIэкIэ абы имыцIыху къуажэм цIыху къыдэпшынтэкъым. Ар къызыхэкIыр лIот? Зыхуэлажьэр, зи Iуэху зэрихуэр ищIэрти, абы и дежкIэ мащIэт иригъаджэ сабийр ицIыхун къудейр – ар зей унагъуэри, а унагъуэм я псэукIэр зыхуэдэри и нэкIэ зригъэлъагъун хуейт. ЕджакIуэм и дерсхэр зримыгъэщIауэ къэкIуамэ, ар къызыхэкIар лIо? Зумыгъэхьэзырауэ укъэкIуащи, «тIу» пхузогъэув жиIэу ежьэжынутэкъым – сабийр щIемыджар зэхигъэкIын хуейуэ ибжырти, ар зейхэм ялъыгъуазэрт…



**Серафимэ и лэжьэгъухэмрэ иригъаджэхэмрэ я гъусэщ. 1952 гъэ**

Нобэ зыгуэр школым къэмыкIуамэ, абы и щхьэусыгъуэр къимыщIауэ езыр унэм кIуэжу гъуэлъыжыну апхуэдэпсэ Алыхьым кърита тэкъым ЕгъэджакIуэ Куэшмэн Серафимэ – пщыхьэщхьэм е пщэдджыжьым жьыуэ кIуэнт нобэ е дыгъуасэ къэта цIыкIум я унагъуэм. Сабий псори зэхуэдэ? Хэт щхьэхынэщ, хэт зыщIрегъэх, хэти къуейщIейщ, тохьэулеикI… Мис апхуэдэхэм къахэкIырт Симэ унащхьэ чэзууэ жылэр къызэрызэхикIухьыр, я адэ-анэр къызэрешхыдэр зыфIэмыфIхэр. Абыхэм яхэтт Серафимэ Кетмурзовнэ хьэгъэбанэкIэ (дауи, и нэщIыбагъкIэ) къеджэ жьэрэIурэхэр. Ауэ, пэж дыдэр жыпIэмэ, Симэ къуажэхьэ куэд игъэбэнащ – иригъаджэ цIыкIухэм я унагъуэхэр къызэхикIухьурэ. ЗэрыегъэджакIуэм къыдэкIуэу, арат Куэшмэн Серафимэ къуажэм щекIуэкI общественнэ гъащIэм жыджэру хэтынри къалэн зыщищIыжауэ къыщIекIуэкIри. Къуажэдэсхэм я уэчыл пэлъытэу, абы куэдрэ захуигъазэрт унафэщIхэм: зи Iуэху хуэмыщIа адэ-анэхэм я бынхэм еджэну Iэмал щIамыгъуэтыр, цIыхухэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэща хъун папщIэ «и мыIуэху куэд зэрихуэурэ, унафэщIхэм я щхьэр игъэузырт». Ауэ и мурадым и Iэр тримыгъэхуауэ етIысэхынутэкъым, районми къалэми нэсынут.

Апхуэдиз къалэныр зи пщэ дэзылъхьэж Куэшмэн Симэ а зэрылажьэм хуэдэурэ, езыри еджэрт. Абы къыгурыIуэрт зауэм и пэкIэ педтехникумым щызригъэгъуэта щIэныгъэм жыжьащэ узэрынимыхьэсынур, пэщIэдзэ классхэм щебгъэджэн къудейр зэрымащIэр. Псори тэмэму зэпилъыта нэужь, ар щIотIысхьэ ди пединститутым егъэджакIуэхэр

щагъэхьэзыру иIэ къудамэм. Абы илъэситIкIэ щеджэу класс нэхъыжьхэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щригъэджэну хуиту тхылъ кърата пэтми, Куэшмэным дежкIэ ари мащIэт – адэкIи еджэн мурад ещI. Ауэ а зэрылажьэм хуэдэурэ. Арыншауэ хъунутэкъым – унагъуэр зыгъэпсэну зыщыгугъыр арат. Ар зы. ЕтIуанэращи, игури и псэри зрихьэлIэу зыхэт сабийхэм яхэкIыу, ар еджакIуэ кIуэфынутэкъым. Ауэ и щIэныгъэм хигъэхъуэн зэрыхуейри къыгурыIуэрти, аргуэру еджэн Iуэхум щIедзэжри, пединститутым тхыдэмкIэ и къудамэр къеух.

Апхуэдэ цIыху емышыжт, гу мызагъэрэ псэ мызагъэрэ зиIэт ЕгъэджакIуэ Куэшмэн Серафимэ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэзгъэгъуэтакIэ, адэкIэ щхьэ седжэжын хуей жызыIэу зызыгъэтыншын мурад зыщIхэми ящыщтэкъым ди Симэ: тхыдэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэрыт журналхэрауи, тхылъхэрауи, художественнэ литературэуи ирехъуи – и блэгущIэм зыгуэр щIэмылъу ар щыплъагъунур зэзэмызэххэт. Абыхэм щыгъуэ библиотекэ къулей зиIэ къуажэдэсхэр гъуэтыгъуейт, ауэ Симэ тхылъ и мащIэтэкъым. А иIэхэри езым и щхьэм хуихъумэу щигъэлътэкъым – и лэжьэгъухэм, иригъаджэхэм къытхуихьурэ дигъэгуфIэрт. Ар Iуэхутхьэбзэшхуэт. Гуапагъэт. Сабийхэм хуабжьу къахуэщхьэпэрт. Гулъытэ зиIэ апхуэдэ ныбжьэгъут, ЕгъэджакIуэт ди Симэ. Ди Серафимэ.

Адыгэ литературэми, урыс-советскэ, дунейпсо классикэми фIыуэ щыгъуазэ Симэ езым бгъэдэлъ щIэныгъэм, щэнхабзэм сабийхэри щIэпIыкIа хъун папщIэ къигъэсэбэп Iэмалхэм ящыщт ди школым къыщызэрагъэпэщу щыта художественнэ самодеятельностхэр. Ди еджакIуэхэм я зэфIэкIыр апхуэдизкIэ хъарзынэт, удэзыхьэхти, абыхэм зыкъыщагъэлъагъуэкIэ зи нэгу зезыгъэужьыр еджакIуэхэм, щхьэлыкъуэдэсхэм я закъуэтэкъым – ахэр район, республикэ утыкухэми ирашэрт, а зэпеуэхэми увыпIэфIхэр къыщахьырт, Щытхъу, ЩIыхь тхылъхэр къылъагъэсырт. А лэжьыгъэ щхьэпэр сэбэп хъурт цIыкIухэр хьэулейуэ уэрамхэм дэмыту, щэнхабзэм, езы Серафимэ зэрыригъаджэ литературэм дегъэхьэхынымкIэ, еджакIуэхэм я зэхэщIыкIым зегъэузэщIынымкIэ.

Къэралым щалэжь сыт хуэдэ IуэхущIэми жыджэру пэджэжырт Симэ. 1956 гъэм школхэм къалэн къыщащIауэ щытащ щIалэгъуалэр мэкъумэш лэжьыгъэм хэшэн, егъэсэн хуейуэ. Абы щхьэкIэ еджакIуэ бригадэхэр къызэгъэпэщын хуейт. Ауэ цIыкIухэм я закъуэкIэ а Iуэхур унэтIа хъунутэкъым. А псоми егъэджакIуэхэм я зэIущIэм дыщытепсэлъыхьырт. А къалэныр зи пщэм дэзылъхьэжын, абы тегушхуэн къыщытхэмыкIым, Симэ дыкъыдехыж: езым и арэзыныгъэкIэ ар мэув еджакIуэхэм я бригадэм и унафэщIу.

Шэджэм районым дэнэ къэна, а бригадэр республикэми цIэрыIуэ щыхъуат. Ар здынэмыс IэнатIэ мэкъумэшыщIэхэм я деж щыбгъуэтынтэкъым: гъавэ щIэнри, къехьэлIэжынри, Iэщ гъэхъунри, хадэхэкIхэм елэжьынри, шылэ хьэпIацIэхэр гъэшхэнри, Iусыпхъэхэр гъэхьэзырынри зэлъагъэIэсырт. ЕджакIуэ бригадэм и ехъулIэныгъэхэм щытепсэлъыхьырт газетхэми радиоми. ЗэкIэлъыпыту илъэситIкIэ ар ирагъэблэгъауэ щытащ СССР-м и Народнэ хозяйствэм и ехъулIэныгъэхэр щагъэлъагъуэ выставкэм (ВДНХ-м). Апхуэдэу ди еджакIуэ цIыкIухэм щытхъу псалъэхэр къащылъысащ «Учительская газета», «Народное образование» журналым. Мызэ-мытIэу абыхэм къыхуагъэфэщащ ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомымрэ щIэныгъэхэмкIэ министерствэмрэ я Бэракъ плъыжь зэIэпаххэр, Щытхъу, ЩIыхь тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Куэшмэн Серафимэ зи пашэу щыта бригадэм и ехъулIэныгъэхэм хэмыщIу, и Iуэху зехьэкIэр ефIакIуэу илъэс щэщIым щIигъукIэ лэжьащ. Абы и фIыгъэкIэ мэкъумэш лэжьыгъэр зищIысыр, ар зэрегъэкIуэкIыпхъэр ящIэу еджакIуэ минхэм ди школыр къаухащ. Дауи, мис а псори къалъытащ Куэшмэн Серафимэ КъБАССР-ми РСФСР-ми щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ цIэ лъапIэхэр къыщыфIащым. Щхьэлыкъуэ къуажэм щыщу апхуэдэ лъапIэныгъэр япэ дыдэу къызыхуагъэфэщауэ щытар лэжьэгъуфIу, ныбжьэгъу пэжу къытхэта ди Куэшмэн Симэщ.

Нобэ Щхьэлыкъуэ и уэрамхэм ящыщ зым зэрехьэ ЕгъэджакIуэ Куэшмэн Серафимэ и цIэр.

# ПсэкIэ я гъунэгъущ



**Чанаевэ Фази и къуэ Марат и гъусэу**

Щхьэлыкъуэ курыт еджапIэм щылэжьэну 1962 гъэм къагъакIуэ Налшык дэт педучилищэр къэзыуха, зи ныбжькIэ щIалэ дыдэ Чанаевэ Фази. Абы занщIэу къещтэ егъэджакIуэхэм нэхъ гугъуу къалъытэ япэ классыр.

– Сэри абыхэм я деж сыщеджэну сыхуейщ, зэрысхузэфIэкIкIэ я псэр щIэныгъэм хузэIусхыну, – жиIэгъат а зэманым Фази.

Гушхуэ зиIэ цIыхубз цIыкIур и псэ къабзагъэм и фIыгъэкIэ сабийхэм я нэIурыт, нэхъыфI дыдэу ялъагъу, псэкIэ я гъунэгъу цIыху мэхъу.

… Япэ сменэр иухащ. Зи урокхэр зэфIэкIа егъэджакIуэхэр я пэшым къыщызэхуэсыжауэ хэти унэм зэрыкIуэжынум, хэти етIуанэ сменэм зэрылэжьэнум зыхуегъэхьэзыр. Школым зэрыщрагъаджэ тхылъхэр, хьэпшыпхэр зыдэлъ шкафым бгъэдэт цIыхубзым зоологиемкIэ плакат гуэр къилъыхъуэрт.

– ЛIо, Фази Жунусовнэ, етIуанэ классым зоологиер щебгъэджыну мурад пщIауэ ара? – и щIыбагъымкIэ къоIу псоми фIыуэ яцIыху макъыр. Ар Фази занщIэу къецIыхуж. А егъэджакIуэм и лэжьэгъухэр мыхьэнэ зимыIэ бэлыхь куэдым хигъэтт. Пэжыр жыпIэмэ, абы щIэныгъэфI иIэт, ауэ, езыр гъащIэм къыкIэрыхуат, пасэрей егъэджэкIэм и хабзэм тетут зэрылажьэр. Егъэджэным пыщIауэ къежьа хэкIыпIэщIэхэр, IэмалыщIэхэр къэгъэсэбэпын зэрыхуейм егупсысыртэкъым. Урокхэр нэхъыбэу зэрыригъэкIуэкIри псалъэ къудейрэ мелкIэрэт. Сурэтхэр, плакатхэр, нэгъуэщI хьэпшыпхэр, Iэмэпсымэхэр къезыхьэкIхэр ауан ищIырт, ящыдыхьэшхырт, езым и хуэмыхуагъым гу лъимытэжу.

АуаныщIым пэпсэлъэжу и жьэр иригъэубыдыну мурад ищIат Чанаевэм, ауэ зызэтриIыгъащ. Фази апхуэдэ щытыкIэ гугъухэм къыщихутэм деж игу къигъэкIыжырт езымрэ и дэлъху цIыкIумрэ щапIа сабий унэм и унафэщI Евдокие Тимофеевнэ къызэреущиеу щытахэри, зэуэ зызэтриубыдэжырт. Къэзахъстаным яшэу гъуэгу здытетым хъыджэбз цIыкIум и анэри, къыдалъхуа сабиищри мафIэгум илIыхьати, Евдокие анэ пэлъытэ къыхуэхъуат Чанаевхэ я сабиитI псэууэ къэнам.

– Зоологиер етIуанэ классым щезгъэджын муради сиIэкъым, ауэ мы плакатым сылъыхъуэу арати, къэзгъуэтащ.... СызэрыщыгъуазэмкIэ, уэ нобэ япэ урокыр уиIэкъым.

– Пэжщ. Сыт-тIэ абы щхьэкIэ?

– Си урокым унызогъэблагъэ. Куэд мыщIэу гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэм теухуауэ уи доклад дебгъэдэIуэн зэрыхуейр, дауи, уощIэж. ЗыгуэркIэ къыпхуэсэбэпын адрей егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэхэми къыхэпхмэ, къыпхуэщхьэпэжынщ.

– Фази Жунусовнэ, дэри япэ урокхэр диIэкъым. Дэри дынакIуэ хъуну уи деж, – къелъэIуащ зи ныбжькIэ щIалэ, лэжьэн зэрыщIадзэрэ куэд мыщIа нэгъуэщI егъэджакIуитIи.

Классым щIыхьахэм пщIэ зэрыхуащIыр къагъэлъагъуэрэ, гъэсэныгъэ яхэлъу сабийхэр къэтэджащ. ЕджакIуэхэм щыщ зыри къэттэкъыми, урокым занщIэу щIадзащ. Доскам фIэлъ сурэтымкIэ егъэджакIуэм и Iэр ишийурэ, цIыкIухэм захуигъэзащ:

– Гупсэхуу мыбы феплъыт, хэт нэхъ рассказ гъэщIэгъуэн къимыгупсысынрэ?

Псоми зэуэ я Iэр яIэтащ. Беккиев Исмэхьил кърегъажьэ: Гъэмахуэт. ЕджакIуэхэр мэзым яшат. Абыхэм я гъусэт зы хьэ цIыкIуи. Сабийхэм чы матэхэр яIыгът. Мэзым мамкъут куэду къыщыкIырт. Заул дэкIауэ пабжьэм зы тхьэкIумэкIыхь къыхэцIэфтащ. Ар щилъагъум, зы щIалэ цIыкIу щтэщ, джалэри, къищыпауэ хъуар ирикIутыжащ... ЕгъэджакIуэм къегъэтэдж етIуанэр, ещанэр. Псоми езым я еплъыкIэкIэ зэхагъэува рассказхэр къаIуатэ. Уеблэмэ апхуэдизкIэ зэпоуэхэри, сурэтым къыщымыгъэлъэгъуа нэгъунэ топсэлъыхьхэр.

ИтIанэ къыфIадзэ «Хьэ лъэпкъыгъуэу щыIэхэр» плакатыр.

ИужькIэ Фази еджакIуэхэм къызэIурегъэх Л.Н. Толстой и «Булька» рассказыр. Плакатым еплъхэурэ, урыс тхакIуэшхуэр зытепсэлъыхьа хьэр сыт хуэдэ лъэпкъми къахутэну унафэ яхуещI.

Урокыр екIуэкIыху жьы ящIэту, гъэщIэгъуэн къащыхъуу сабийхэр лэжьащ. Я нэхъыбэм, щэ-плIэ я Iэр къаIэтурэ, жэуапхэр къатащ.

ОценкэфI зыхуигъэува цIыкIуипщIым я цIэр ириIуащ егъэджакIуэм. Уэзджынэр къеуа нэужь, урокым щIэса егъэджакIуэхэм урокыр зэрекIуэкIар я гум зэрырихьар, гъэщIэгъуэн къазэрыщыхъуар жаIащ. Сурэтхэр сэбэп зэрыхъум, щебгъаджэкIэ къэгъэсэбэпын зэрыхуейми гу лъатащ.

ГъэщIэгъуэни гукъинэжи хъурт Фази сабийхэр бжыгъэхэм, есэпхэм зэрыхигъэгъуазэу щыта щIыкIэхэри:

– Джанэ къэс мет тхурытху фхурадэмэ, мет 30-р джанэ дапщэм хурикъуну?

– ШхапIэм зэгъусэу цIыху 24-рэ фыщIыхьауэ дощI. ПлIырыплIурэ фытIысмэ, стIол дапщэ фыхуеину?

А есэпхэр цIыкIухэм щIащIыфыр ахэр езыхэм ехьэлIауэ къазэрыщыхъурат.

Фази и ехъулIэныгъэхэр тынш цIыкIуу къихьыртэкъым – ахэр зыIэригъэхьэн папщIэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIырт: мазэ зытхух тригъэкIуадэрт а Iуэхум, унагъуэ-унагъуэкIэрэ къызэхикIухьурэ, иригъаджэхэм я псэукIэр зригъэлъагъурт, щхьэж и бгъэдыхьэкIэ къахуигъуэтырт. Мис, иджы а псори псэхэкIуадэ хъуакъым.

Уэзджынэ къеуэри, егъэджакIуэм и гупсысэхэр зэпиудащ, абы пIа-

щIэу классымкIэ иунэтIащ. ЕтIуанэ урокыр зэрыригъэкIуэкIыну тхылъхэр партэхэм телъти, гурыIуэгъуэт псори абы зэрыхуэхьэзырыр. Сыт щыгъуи апхуэдэущ абы и дэтхэнэ урокми къызэрыщIидзэр.

Жэщым зыхэплъа лэжьыгъэхэр къихьыжауэ тетрадхэр щигуэшыжым, Фази къэзыгъэгуфIа хъыджэбз цIыкIум зыхуегъазэри щотхъу:

– УхъыджэбзыфIщ, Лианэ, уогугъу! Фыкъеплъыт елIалIэу дэтхэнэ хьэрфри зэритхым. Псом хуэмыдэу дахэщ хьэрф «Н»-р. Ар ещхькъым «И»-м е «М»-м. Сэри сфIэфIщ стхыну хьэрф зэкъуэш зэгъунэгъу «Л»-р,-



**Фази иригъаджэ цIыкIухэм яхэсу. 1962 гъэ**

«М»-р.

Адрей хьэрфхэри итхыну щIыфIэфIыр яжреIэ цIыкIухэм: Ахэр ирегъэщхь уи нэгу къыщIыхьэ, гум къинэж гуэрхэм. А хъыбар гъэщIэгъуэн цIыкIухэм сабийхэр дахьэх, хьэрфхэр зэгъэщIэнымкIэ, ахэр дахэу, щыуагъэншэу тхынымкIэ сэбэп мэхъу. Апхуэдэ Iэмалхэр тегъэщIапIэ зыхуэщIынур Фази ещхь егъэджакIуэфIхэрщ.

…Тетрадхэм хэплъэн зэриухыу, Фази пщэдеирей урокхэм зыхуегъэхьэзыр, щIэ гуэрхэр къегупсыс. Апхуэмыдэу ар цIыкIухэм я пащхьэм зэи къиувэркъым. Сабийхэр зэрыригъэджэнум ехьэлIауэ езыри йоджэ. Зегъэхьэзыр. Ауэрэ пщыхьэщхьэр хокIасэ. Заул докIри, гупсысэхэр фIызэхозэрыхьыж, жей IэфIыр къытокIуэри хелъафэ. Ауэ и пщIыхьэпIэми щохьэщIэ махуэщIэр, сыт щыгъуи хуэдэу, гуфIэгъуэрэ нэжэгужагъэрэкIэ гъэнщIа сабийхэм гуапэу зэраIущIэнур, зэрахэтынур, къызэрагъэгуфIэнур.

***Коммодов Геннадий***

## Хъуэрсэ и Кудэбрсэ

НАЛО Заур

# Ныр Мызэ и хъыбаритI

*Марусэ Псыгъуэ*

… НтIэ, си Марусэ Дахэмрэ ар сIэщIэзыгъэкIа къэзакъ кIэрэфыжь цIыкIумрэ, кIэбгъу защIу уэрамдэкIым зыдагъэбзэха къудейуэ, радиор къоджэ зифыщIыжу.

— Уэихь! — жи. — Тэварыщ Ныров, Жукуфым деж укъызэрысын!..

Сыт сщIэнт, жиIамэ, умыщIэу хъунутэкъым. Ей, ари ар: нэмыцэ матушкIэм сакIэ-лъигъэкIуакъым, хуитуи сигъэуакъым, ордени къызихьэгъакъым. Езым ординыр, и китилым хэмыхуэжу, и гъуэншэджми хилъхьэрт. Ар дауэ ныбжьэгъу!

Жукуфыр Гилътр и кэмбинету щытам щIэсти, сыщIохьэ. Зы хъыджэбз дахэ дыдэ къыбгъурысщ, тхьэIухуд жыхуаIэм хуэдэу. Генерал зытIощIырыпщIи къащхьэщытщ, я лъакъуэ мыгъуэхэр ешауэ.

— Сыт къэхъуар, Жорэ?

Жукуфыр Iэмрыканцхэм ядыгъуу къазэрытесхыжрэ нэгъуэщI цIэкIэ седжэу идэртэкъым, ЖорэкIэ фIэкIа.

— Къэхъуаращ, — жи, — мы Марусэ Псыгъуэ зэрыжиIэмкIэ, Гилътр и унэм щIэкIыу щIыщIагъ гъуэгу Шывецарым макIуэ. Мис а гъуэгумкIэ Гилътр и дыщэ гъэпцкIуар ирах. Ар изыхыр Iармэ псо мэхъу. Сэлэт къэсыху дыщэр дэубауэ пхъуан-тэ тIурытI яIыгъщ. Ращи, мис мы Марусэ Псыгъуэр гъуазэу узот. Мыбы щIыхьэпIэ-щIэкIыпIэ псори ещIэ. ИджыпстуупцIэ уи ротэр къызэщIэгъэтаджи, зы дыщэ кIанэ иревмыгъэхыу къатефхыж!

СыкъыщIэкIыну сыкъызэрежьэу:

— Кстати, — жеIэри сыкъегъэувыIэж, — мырмырауэ пIэрэт Марусэ Дахэр жыпIэу дыкъыщIепхуэкIар?

— АтIэ, зиунагъуэрэ, Марусэ Дахэ сырыхубзэт, нащхъуэ хъужауэ, и щхьэцыр и плIэм теуэ къудейуэ. Мыр щхьэцыгъуэ дахэщ, нэ къуэлэн хъужарэ и щхьэцыкIитIыр и лъэдакъэм нэсу. Жыжьэрэ гъунэгъуу зэкIуалIэркъым… Кыстати, — жызоIэ сэри, — килэграм дапщэ хъун дыщэр?

— Мы делэм и гугъэр елъ! — жеIэри мэдыхьэшх Жукуфыр. — Килэграм бжыгъэ щхьэкIэ укъесхуэкIынт сэ уэ? Iармэ псом пхъуантэ тIурытIкIэ яIыгъыр тон мин дапщэ хъун хуей?

— Гилътр и дыщэр къэралышхуитI я уасэ мэхъу, — жи Марусэ Псыгъуэ.

— КъэралитI къызыщIэкIыни?

— Ей, Ныр и къуэ, дэ иджыпсту хъыбар жытIэну зэман диIэкъым:

эсэсхэр Шывецарым нэсмэ, Гилътр и хъарзынэм, дыщэ цIыкIум хуэдэу, упыкIащ. Ар зыIэщIэдгъэкIмэ, уи пщэри си пщэри пымытыжу бжы. Айдэ!

Марусэ Псыгъуэ си гъусэу ротэр къэзгъэтэджщ аби, дежьащ. ДыкIуэм-дылъэм, дыкIуэм-дылъэурэ, зы мэзышхуэ гуэрым дыщIохьэ, жыгей зэрамыщIэжым дыбгъэдохьэри, Марусэ Псыгъуэм зы тхьэмпэшхуэ еIэт аби, бдзэжьеинэм ещхь гуэр IэпэкIэ трекъузэ. Зэрытрикъузэу, щIы щхьэфэр токIуэтри, гъуэдыдж къыщIощ. Псори а гъуэдыджым допкIэри, цIыхуитI зэрымылъагъуу, кIыфIым дыкъыхохутэ.

— Ныр и къуэ, — жи Марусэ Псыгъуэ, — къакIуи мы си Iупэ плъыжьым зы ба закъуэ къыхуэщI.

— Ей, дэ ба зэхуэтщIу дыщысыну дыкъагъэкIуакъым. Дэ Гилътр и дыщэр къэтлъыхъуэн хуейщ, — жызоIэри зызогъэщIэгъуэкI.

— Уи къалэныр бгъэзэщIэну ухуеймэ, къакIуи мы си Iупэ плъыжьым зы ба закъуэ къыхуэщIи, мы си нэ къуэлэнитIыр къызэщIэгъанэ!

— Сыт хьэдэгъуэдахэ жыпIэр! Жылэм дыкъалъагъуу зинэ тщIэуэ дытIысыж хъурэ?..

— АтIэ, уи ротэм щыщ гуэрым ба къысхуегъэщI, арыншамэ мы щIыпIэм дикIуэдэнущ.

Сыт сщIэнт, сокIуэри и Iупэ плъыжьым ба хузощI. ЗэрыхуэсщIарауэ Марусэ Псыгъуэ и нэ къуэлэнитIыр, афтэнэбил уэздыгъэм хуэдэу къолындри, зы километркIэ гъуэгур къегъэнэху, хьэпщхупщри уигъэ-лъагъуу.

— ПсынщIэу гъэункIыфI, арыншамэ дыкъалъагъунщи дызэтраукIэнщ! — сыхуолъ хъыджэбзым.

— Умыгузавэ, Ныр и къуэ, — жи, мэдыхьэшх. — Си нурыр я нэм зэрыщIэпсэу, ахэр псори нэф зэтехъуэнущ.

— Догуэ, сыт уэздыгъэ лIэужьыгъуэ а бгъаблэр?

— Ар уэздыгъэкъым, делэ, — жи. — НетIэ къысхуэпщIа бам си гум къыщIидза мафIэм и нурыр си нэ къуэлэнитIым къыщIихыу аращ.

— КхъыIэ, укъысхуэмывэ иджы: нэр блэуэ зылъэгъуар хэт!

— Фэ адыгэ тхьэмыщкIэхэм зыри къывгурыIуэркъым, — жи. — Дэ ди псэм лъагъуныгъэ гуащIэр къыщIэнэмэ, ди нэхэр мыпхуэдэу маблэ. Махуэм ар дыгъэ нэхум къыхэщыркъым, жэщым фэ нэф фохъури флъагъуркъым.

— А Iармэ къакIуэм ялъагъунукъэ а нэхур?

— Умыгузавэ бжесIакъэ: уи кIуэдыр си кIуэдщ, си кIуэдыр уи кIуэдщ.

Марусэ Псыгъуэ и нэ къуэлэнитIыр егъэункIыфIыжри, зы сыхьэт ныкъуэ кIыфIым дыхегъэс. ИтIанэ макъ гуэрхэр къэIуу щIедзэ.

— Iыхьы, — жи хъыджэбзым. — Къэблэгъащ. Си Iуэхущ иджы дэ ахэр тIэщIэкIмэ, — зэуэ и нитIыр къыщIегъэнэж. Дыщэ пхъуантэ тIурытI зыIыгъыу къакIуэ Iармэр хьэфиз зэтохъуэр аби, пхъуантэхэр хыфIадзэри щIопхъуэж.

— Iэгон! — жысIэу ротэр щезушткIэ, Марусэм идэркъым:

— Iэтставит! — жи. — Дэ абы ди Iуэху яхэлъкъым. Абыхэм я ужь

Жукуфым къриутIыпщхьа дзэм яшхынщ ахэр. Дэ мо дыщэращ ди Iуэху зыхэлъри, дэвай, ныдрегъэхьей.

Кэмандэ сотри, дыщэ зыдэлъ пхъуантэр тхьэмахуэм щIигъукIэ дунейм къыдрахьей. Къыдрахьеяр мо Бещто хуэдизу зэтетлъхьэри, Марусэ Псыгъуэ сэрэ и щхьэм дыкъытетIысхьэжщ аби, Жукуфым деж сыпсэлъащ.

— ПсынщIэу, маржэ, мафIэгуищэ къызэрыбгъэсын! — жысIэри. — Сиузникхэм дыкъахутэмэ, ди Iыхьэр жаIэнщи къыдэдэуэнщ. Сэ абыхэм Iыхьэ яхухэсхыну сигу илъкъым.

— Сыт хуэдиз хъурэ?

— Бещто хуэдиз мэхъу.

— НокIуэ уи мафIэгуищэр. Сакъ! — жиIэри трубкэр трилъхьэжащ.

ТхьэмахуэкIэ дыпэплъэн хуей мэхъу а мафIэгу къомыр яхузэпымыщIэурэ.

Абдежыращ сэ япэ дыдэу цIыхубз щызгъэунэхуари: лIот-тIэ сыбгъэщIэнур — Марусэ Псыгъуэ тхьэщишэт.

Арати, а тхьэIухудыр згъэджэгуу дыздэщысым, йоуэри, зы лIы пшэрышхуэ къыIуохьэ, езы Нало Заур дыдэ нэхърэ тIукIэ нэхъ пIащэрэ, хупхъэ хуэдиз хъууэ хьэмгъуокъужьи Iурылъу, дзэуэ зы полку щIыгъути, а къомыр тутын Iугъуэм уэхьэ-уэхьэ жиIэу игъапсчэу.

— Айдэ, маржэ! — жи лIы гъумым. — Мы дыщэр дыдейщи, кхъухьыр къыIуфхуи ифкIутэ, Сталиным къимыщIэ щIыкIэ. КъищIэмэ, си Iыхьэр жиIэнщи къытщыхьэнщи, къэхь къурIэн, фтэрой фронтыр тщигъэгъупщэжынкIэ!

— Мохьщ ар! — жызоIэри, си Iэхъуамбэшхуэр Iэхъуамбитхым я кум худызогъэж.

— Сэ сы Черчилщ, — жи. — Дунейр зэлъэIуу зым емылъэIуж Черчилыр сэращ, — жи. — Уэ гъуамэр ухэт, мыпхуэдэу зыкъысхуэбгъэубэлэцыну, ы?

— Сталиныр зэлъэIуу зыми емылъэIуж Ныр и къуэ Мызэ жыхуаIэжыр сэращ.

— Iау! — жеIэри, бжэгъу щхьэкIэ хуэдиз хъу хьэмгъуокъужьыр къыIурохуа а дунейр зэлъэIуу зым емылъэIужым.

Абы хэту лIы псыгъуэ кIыхь къыIуашэ, гу цIыкIум ису, и нэкIур пасэрей къурIэным хуэдэу гъуэжьрэ зэлъауэ.

— Айдэ! — жи. — Мыр ди дыщэщи, кхъухьыр къыIуфхуи ифкIутэ!

Аргуэрым Черчил хуэсшия Iэхъуамбищыр хузогъэпIий:

— Мыбы ухуейтэкъэ? — жызоIэри.

— Мы гъуамэм дауэ зыкъысхуищIрэ! — жи. — Сэ IэмрыкIым сыripaщтыхьщ, мы дунейм щхьэщэ зыхуащIу зыми хуэзымыщIыжыр сэращ.

— IэмрыкIым урипыщтыхь дэнэ къэна, уракоролу щытми, уэлэхьи, сэ уэ щхьэщэ пхуэсщIыну къыщIэмыкIын. Дуней псом щхьэщэ зыхуащIу тетыр лIищ къудейщ.

— Хэт сымэ?

— Тэварыщ Сталиныр, тэварыщ Жукуфыр, сэ.

— НтӀэ, сэ уэ щхьэщэ къызэрысхуумыщӀым сеплъынкъэ! — жеӀэри, зы таблеткэ зыӀуредзэр аби, блэ зэрамыщӀэж мэхъу, мо Чымызэхэ я щихужьым хуэдизу.

Ар фийуэ дыщэ Ӏуащхьэм къыдэпщеину хуожьэ, и жьэжьыр ущӀарэ сызыӀуригъэлъэдэн къудейуэ. Марусэ Псыгъуэ мэшынэри гъуэгыу зыкъызешэкӀ. Лӏот сыбгъэщӀэнур? Нэгъуэщӏ Ӏэмал сиӀэтэкъыми, блэжьым и жьэ ущӀам сыжьэдогъутхьэри — лӀы псыгъуэ кӀыхь мэхъуж.

— АбыкӀэ укъыстекӀуащ, — жи, гъутхьэпсыр къыӀурыжу. — Иджы уэ уи лӀыгъэм дыкъегъэплъ!

Сэ Ӏущхьэ жылэ зызощӀри, Ӏуащхьэ лъабжьэм нэс зызогъэлъэлъэх. Езым Волгэ зещӀри, Ӏуащхьэ щӀагъым сыкъыщӀилъэсыкӀыу хуожьэ. Сызыхуеиххэрати, си псэр зыхэлъ жылэ цӀыкӀур зыхызогъэжри, гу цӀыкӀум и щӀагъым щӀызогъэлъадэ. Мобы Ӏущхьэ жылэхэр къызэщӀикъуа и гугъэу, псыхъурей зищӀыну щызэхэлъэдэжым ирихьэлӀэу джей зызощӀри, зэ еӀубыгъуэу изоф. Апхуэдэ зи пщӀыхьэпӀэ къыхэмыхуа пащтыхьым си шхалъэм цӀыху зыщещӀыж аби, зифыщӀыжу щӀедзэ:

— УкъыстекӀуащ, — жи, — укъыстекӀуа мыгъуэщ! Иджы, хьэтыр Алыхьым иӀэмэ, маркуэ сымыхъу щӀыкӀэ, сынигъэкӀыж!

Дауэ щытми сиузниккъэ жызоӀэри, пащтыхьыр къызыдызогъэхыж аби, лӀы псыгъуэ кӀыхьу и гу цӀыкӀум изогъэтӀысхьэж. Щхьэнтэ щабэр зэригъуэтыжу, Черчилым хуоплъэкӀ:

— Мыр хэт? — жеӀэри.

— А зиунагъуэрэ, Ныр и къуэжьыр умыцӀыхужу ара? — жи Черчил. — Мыр къупщхьэпэ мыгъуэщ, зыпумышэмэ нэхъыфӀщ.

Пащтыхьым и фэр покӀ:

— Си пхъур щхьэгъусэу уэстынщ, — жи. — Сталиным сыхуумыӀуэтэж. Абы и тӀуалэр хуэубыдыркъым, уэрэдрэ Ӏуданэу дунейм сытрихьэжынщ.

Марусэ Псыгъуэ дежкӀэ си щхьэр сощӀри:

— Мыпхуэдэ тхьэӀухуд сиӀэу, уипхъу пэшхуэр зэрызбгъэщӀынур сыт! ФыӀуфэнтхъ! — жызоӀэри тӀури къызохужьэж.

Арыххэу ди мафӀэгури къос, паравозыжьыр этажипщӀу зэтетрэ вагонищэрэ пщыкӀузрэ пыщӀауэ. Хьайдэ, маржэ! — жызоӀэри, ротэр къызогъэтэдж аби, зы сыхьэтым дыщэр мафӀэгум из ящӀ. ЕтӀуанэр къыӀуолъадэри — дыщэр изу Ӏудогъэкӏыж. Ещанэр къыӀуахуэри — и хьэлъэ ирикъуауэ идогъэжьэж. ЕплӀанэри, етхуанэри… А махуэм дыщэмрэ налкъутымрэ иубауэ эшалонищэ къыӀудогъэкӀ. Иужьрейм Марусэ Псыгъуэрэ дэрэ дису Жукуфым деж дыкъокӀуэ:

— Жорэ, мы хъыджэбзым дэрэ ди нэчыхьыр тхуэтхи, мы эшалоным дыщэу илъыр нэчыхь тхыпщӀэу узот, — жызоӀэ.

— Джэдым зэраукӀыну сэр къеулъэпхъэщ жыхуаӀэракъэ ар! — жи Жукуфым — Уи щхьэри си щхьэри зэрыпаупщӀын къэплъыхъуэу ара? Абы нэхърэ мы дыщэ къомыр Кремлым шэи уи нэчыхьыр Сталиным егъэтхи нэхъыфӀщ.

Доуэри, сэставищэ дыхъуу Кремлым дыдолъадэ пщыхьэщхьэхуэ-кIуэу. Сталиныр къыщIож:

— Мыпхуэдиз Iэуэлъауэр къэзыIэтар хэт и джаур! — жеIэри.

— Уалэхьи, дэрам, Иосиф Висэрионович! — жызоIэри вагоным сыкъолъэ, соIэбэри си къэшэнри IэплIэкIэ къызох. — Гилътр и дыщэр фашистхэм къатетхщ аби, Iинджылызри IэмрыкIри къедмыгъэIусэу къэтшащи, тIых пэдрэспискэкIэ.

МэгуфIэри, къожэх аби, мафIэгуищэри къеплъыхь.

— Афэрым! — жи. — Уэ къыумылэжьауэ Ныр и къуэжь къыпхужаIэркъым.

Ленинын и сурэтыр зытетым хуэдэ орденитI и жыпым кърехри, зыр си бгъэм, адрейр Марусэ Псыгъуэ и бгъэм къытхухелъхьэри:

— Фынеблагъэ иджы стэловэмкIэ, — жи. — Фэ зы бжьэ къэвлэжьам шэч хэлъкъым.

— Уалэхьи, Иосиф Висэрионович, дэ ди Iуэхур абыкIэ зэфIэмыкIыну.

— Iау? — жеIэри Сталиныр къызоплъэкI. — СлIожь, герой зызыбгъэщIыну ара?

— АIэ, зиунагъуэрэ! Марусэ Псыгъуэ дэрэ ди нэчыхьыр тхуэтх.

Сталиныр и пащIэкIэм щIогуфIыкI:

— СлIо, — жи, — фи Iуэху тIэкIур нэчыхьыншэу зэфIэмыкIауэ ара?

ТIури цIыплъ дыкъохъури, ди щхьэхэр щIыдогуэ.

— Хъунщ, хъунщ, укIытэ нэпцIышхуэ зывмыщIу япэ щIыкIэ си кэмбинетымкIэ фынакIуэ!

Арати, ди нэчыхьыр итхыну Сталиныр мэтIысри, дыщэпскIэ лауэ тхылъымпIэ дахэ къещтэ:

— Уи къэшэным и цIэр сыт? — жи.

Марусэ Псыгъуэ къотэджри:

— Гитлер Марусэ Адольфовнэ, — жи.

АпщIондэху ар Гилътр зэрипхъур сщIакъым.

— Уэ а гъуамэм урипхъу?

— Тхьэ, сырипхъум! — жи. — Ауэ сыкъызэралъхурэ согъэбий.

А дакъикъэм сэ къысхэпIуами, лъы ткIуэпс къысщIэкIынтэкъым, апхуэдизу сызэгуэпати!

— Уэр фIэкIа набдзэ зытелъ мы дунейм къытемынэжами, укъасшэмэ, тхьэр зыгъэпцIа Ныр и къуэр сэращ! — жысIэри, гъуэгрэ зифыщIыжу, Сталиным къыхуэзгъанэри сыкъэкIуэжащ.

Щхьэпхэтыгу напэ

Сталиным деж къыщIэзнэу сыкъежьэжа нэужь, а нэжэсым ипхъу Марусэ Псыгъуэм зегъэгусэр аби, IамрыкIым мэIэпхъуэ, мис а СыШыА жыхуаIэм. Уардэ унэ хурагъэщI, пенсэшхуэ хуагъэув, гущхьэIыгъ иcy афтэнэбил дахи крат... Ауэ лIы яхудэкIуэркъым. Мызэ зыхэлъа си гупэм нэгъуэщI лIы гъуэлъынкъым, жи, си псэ тIэкIур пыту. АдыгэбзэкIэ фIэкIаи яхуэпсалъэркъым, фи гъым—шымымкIэ сыпсэлъэнумэ, сытыт сэ адыгэбзэ дахэр щIызэзгъэщIар, жи.

Уэпшэм, йоуэри, зы махуэ гуэрым дыхумэр къыкIэрицыцыкIыу письмо къысхуокIуэ, СыШыА-м къокIри. Сеплъмэ — Марусэ Псыгъуэт къэзытхыр. «Сыкъеджэмэ, Теуэрэтри, Инджылри, КъурIэнри, парт билетри зыгъэпцIа Мызэр сэращ!» — жызоIэри, хьэкум изодзэр аби, письмор согъэс.

Сэ сыткIэ сщIэнт апхуэдиз хьэзаб абы къикIыну!

НтIэ, етIуанэ махуэм лIитI эМГыБым къокIри, си Iэхэр пхауэ, Бахъсэн сашэ, епщIанэ этажым сыдрашейри, зы кэмбинет гуэрым сыщIадзэ, пэкIэ сытехуэу. Сыкъыщыпщыжрэ зысплъыхьмэ — тумбитху зиIэ тхапIэ стIолым зы дзыгъуэшхуэ пэрысщ, и бгъэгуцыр френч щхъуантIэм къыдэщрэ и фуражкэр ещэтэкIауэ, и дамэтелъми «майор» жиIэу тетхауэ.

— Си пащхьэм къиувэ, — жи.

Си жьэр Iурыхуащ: хэт и гугъэнт дзыгъуэшхуэм адыгэбзэ ищIэу!

СокIуэри и пащхьэм соувэ.

— Лъэгуажьэмыщхьэу! — жеIэри къысхудоплъей.

— Мохьщ ар! — жызоIэри Черчил хуэзгъэпIия Iэхъуамбищыр изогъэлъагъу.

Башышхуэ къызыкъуех аби, къоуэри тIэрабгъуу среуд.

— Ар сыт уэкIэ, на-а!

Бзылъхугъэ макъыр къыздиIукIыр къызгурымыIуэу сыкъызоплъэкIри — жэхафэ плIанэпэм деж, гъуэмбым къипща къудейуэ, дзыгъуэшхуэ гуащэр щытщ, крепдешин босцей плъыжьыр къекъузэкIарэ танкеткэм зэрит лъэпэд яжьафэм и дыпIэр ешэкIауэ.

— Уи кхъуей шхыгъуэр блэкIти, сыгузавэри къыпхуэсхьащ, дотэ, мэ, егъу, — жеIэри, тепщэчым кхъуей плъыжь гъур илъу къыхутрегъэувэ.

Майорым и щхьэр тепщэчым илъу кхъуей гъурым йогъу, щыкъуейхэр и пащIэм къыхэлъэлъу. Шхэн зэриухыу фызыр щIехуж. ИтIанэ зыкъегъазэри:

— Дыгъуасэрей письмор къыпхуэзытхар хэт? — жи.

— Гилътр ипхъу Марусэ Псыгъуэщ.

Аргуэрыжьти, къоуэр аби, пIэжьажьэу сыкъреуд.

— Езы Гитлерщ къыпхуэзытхар, — жи.

Абдежым къызгурыIуащ дзыгъуэшхуэм я пэжымрэ цIыхум ди пэжымрэ жыжьэрэ гъунэгъуу зэрызэмыкIуалIэр.

— Пэж мыгъуэщ, — жызоIэ. — Гилътр мыгъуэжьыращ. Хьэдрыхэ кърихтыкIащ.

— СлIот-тIэ къитхыр?

— СщIэркъым. Сыкъемыджэу згъэсыжащ.

— Зэто дэ дыкъеджащ.

Апхуэдэурэ жэщ ныкъуэр къосри, дзыгъуэшхуэ майорыр и гъуэмбым йопщхьэж. Ауэ абы и пэкIэ и стIолым къыдэгъэжышхуэ къыдегъэжри, сэ а къыдэгъэжым сыделъхьэр аби, дегъэлъэдэж, итIанэ IункIыбзэ иретыж. АрщхьэкIэ къегъэзэжри къытоуIуэ:

— Смэтри, — жи, — къыдэгъэжым удэгъутхьэнщи укъызэлынкъым.

Нэхущ пщIондэ лIыгъэкIэ зысIыгъащ, ауэ нэху щыщ дыдэм сыпэмылъэщыжу Бахъсэныжь къиури, кэмбинетым щIэмыхуэжу, гъуэмбым илъадэу щIидзащ. Дзыгъуэ майорыр гъуэмбым къирсыкIщ, къыдэгъэжым сыдиукIыхьыну, и кIэрахъуэжьыр къыщрихым, дзыгъуэ гуащэр къыкIэлъысри:

— Мы щIалэм и нэбжьыц уи зэранкIэ хэхумэ, сыщIэкIынщи, къэзмыгъазэу сыкъыздикIам сыкIуэжынкIэ, Уащхъуэ-Мывахъуэ кIанэ! — жиIэри тхьэ иIуащ.

Дзыгъуэм, мэIэнкунри, и кIэрахъуэр Iэпоху.

А махуэм щыщIэдзауэ дзыгъуэ гуащэм щэ сигъашхэу щIедзэ.

Зы жэщ гуэрым, си жейр зэпцIу щIидза къудейуэ, си къыдэгъэжыр нэху къохъу. «Мы жэщ ныкъуэ дэпросри хэт къэзыгупсысар!» — щыжысIэм, зыгуэрым сыкъыдегъэжри — дзыгъуэ гуащэрат. ЦIутI жимыIэу дзыгъуафэр зытрегъэжри, и анэм къызэрилъхуам хуэдэу, цIыхубз тхьэIухуд къыщIощ.

— Сэ сыдзыгъуэшхуэу уи мыгугъэ, — жи, — сэ сыцIыхущ, сыуэркъыпхъущ. Мы гъуамэм сигъэшынэщ аби, дзыгъуэшхуэ сищIауэ лъэщыгъэкIэ сегъэфыз, ауэ сэ си псэр зыщIэхъуэпсыр уэ зыращ, Мызэ, — жеIэри си IэплIэм зыкърегъэщатэ.

— Уи цIэр сыт, дахэ?

— Марусэщ. Марусэ Гуащэ жыхуаIэр сэращ, — жи.

Марусэ Гуащэ и дахагъэр езы ЩоджэнцIыкIу Алий дыдэ хуэIуэтэнтэкъым. Къанжэм и фIыцIэр и фIыцIэт, къанжэм и хужьыр и хужьт. И щхьэц фIыцIэшхуэр къигъэлъалъэри, щIакIуэм хуэдэу, зытрипIэжат. Уэс Iэтэ нэхъей, абы и бгъэ хужьитIыр зымылъэгъуам тхьэIухуд хъыбар жрыремыIэ.

Дзыгъуэшхуэ майорыр кэмэндирофкэ щыIэти, а тхьэмахуэм дыхуеиху дызэрыгъуэтащ. Ауэ зы блыщхьэ гуэрым, уэс—чэсей пIэкум дыздилъым, мо гъуамэр гъуэмбым къопщхьэжри, деубыд. Дыкъызэрилъагъуу мо дзыгъуэшхуэр хьэ къугъыкIэу къыхокъугъыкIри, щхьэцыкIэкIэ сыкърелъэфажьэр аби, и кэмбинет мыгъуэжьым сыкъелъэфыж, бритвэ зэщIэлъыкIар и Iэгум дедзэри, си щхьэр пеупщI аби, си пкъымрэ си щхьэмрэ къыдэгъэж зырызым дедзэж:

— Тхьэр бгъэпцIакъэ иджы унихьэу, сэ си пIэкIэ Марусэ Гуащэ и IэплIэ уимыгъуалъхьэмэ! — жеIэри.

Уигу фIы щыщIэнт ар зэхэпхауэ? ДокIуэдыпэ жызоIэри, къыдэгъэжым пэкIэ сыкъеуэ-сыкъеуэурэ къыдызогъэж, сыкъыдолъ, епщIанэ этажым сыкъокIэрэхъуэх, пщIантIэм сыкъыдокIэрэхъукIри, губгъуэм сынокIэрахъуэ... АдэкIэ сыжьэхэуэм-мыдэкIэ сыжьэхэуэм, сыдэлъеймсыкъелъыхыурэ, мы си щхьэр быркъуэшыркъуэ зыщIар аращ. Зы пэнтх гуэрым седжэрэзэхри, жыг гуэрым сыжьэхэуэри, си щхьэщIыбым тет пэ къуршыр къыхэзыхуар аращ... Иджы, плъагъурэ, си щхьэпхэтIыгури нэкIу хъуауэ напитI сиIэщи, сотхъэж: пэж жысIэнумэ, гупэ нэкIур согъазэ, къэзгъэпцIэнумэ, щIыб напэр къызоIуэнтIэкI... Сыт хуэдиз бзылъхугъэ

къызэлъэIуа сэ, уи щхьэпхэтIыгу напэр къыдэщэ, жаIэурэ! Мохыщ ар: апхуэдэ фIыгъуэ пщэ хъурэ?..

Арати, сыкIэрахъуэм-сыжэурэ, Алыхьым сыхуешэри, Борэжь и псынэм жыгъумпI жиIэу сыхокIэрахъуэ. Мо къибыргъукIым, сигъэкIэрахъуэурэ, къабзабзэу сегъэпскIыж, си псыхуэлIэри ирегъэкI аби, псынэм хэс бдзэжьейхэр цIынэу сшхыуэрэ, лъакъуитI къысщIокIэж, пкъы къызогъуэтыж, абы IитI къыпокIэжри цIыху сохъуж. Сыкъожьэжри, Бахъсэн Iуфэ сыкъэсыжауэ, зы пэлковникыжь пырхъыжу жыг щIагъым щIэлъу сыкъыхуозэ, аркъэ бамейр къыIурицыцыкIыу. Пэлковникым и фащэр зыщызотIагъэ, и дэкуументхэри, кIэрахъуэри къызощтэри, къалэм сыкъыдохьэж. ЕпщIанэ этажым сыдожейри, а уэ пщIэ кэмбинетыжьым и бжэр лъапэкIэ Iузоуд аби, сыщIохьэ. Дзыгъуэ майорыр пэдпэлковник хъуарэ кхъуей плъыжьым егъуу щысти, и щхьэр къиIэтри сыкъыщилъагъум, и гур зэгуэудщ аби, лIащ.

Марусэ Гуащэ гуфIэжу къыщIэсшри, дзыгъуафэр зытрезгъэгъэжщ, вурмирмагым сшэщ аби, уэркъыпхъум зэрыхуэфащэкIэ схуэпащ, дыщэ сыхьэтыр и Iэпщэм илъу, налкъут тхьэгъур и тхьэкIумэм ищIауэ, налмэс Iэлъынри Iэрыгъыу. ИтIанэ нэчыхь къабзэ хузогъэтхри щхьэгъусэ сощI...

А уэ пщIэ пэлковникым и кэмбинетыр соубыдри, и улахуэр къеIысхыу сыщIотIысхьэ.

Махуэ гуэрым нэкIуэпакIуэу зыгуэр ныщIохьэ. Сыкъэдэплъеймэ — сэрат, тоист, адрей къыдэгъэжым далъхьа си пкъым щхьэ къыфIэкIэжауэ арат. Зэщхьыркъабзэу тIу дыхъурт, ауэ мобы къыдалъхуа напэ закъуэм фIэкIа иIэтэкъым. Зызэддзри IэплIэ зэхуэтщIащ, дызэхуэгъащ. НтIэ, ари псэун хуейтэкъэ — нэгъуэщI район езгъашэри, колхоз тхьэмыщкIэ гуэрым пырсидатилу ягъэуващ. Мо напэ закъуэ фIэкIа зимыIэ, пцIы иупс мыхъумэ, игъащIэм цIыху къэзымыгъэпцIа лIыр и фIэщыпэу екъумекъуурэ, колхозыр къиIэтщ, дрихуейри, ординрэ медалрэ кърату щIадза къудейуэ, пыристройкэр къежьэщ аби, си Мызэу плъагъур къытрадзри, жэми, мэли, афтэнэбили къыхуамыгъанэу, мобы зэригъэпэща мылъкур а уэ пщIэ къомым зэхашхыхьыжащ.

Ауэ мо Налоужьым къытхуиша Ельцыфым и пэгъумпадэхэр къытригъэувэри дунейр тынш хъужащ: пэркурорри, судри, мылицэри, буджетри, кIэзетри, бжьэзетри дыдейщи, зы цIыхум Iым жедгъэIэркъым. КIэмунистми, прэфсиузми я жьэм пластир тедгъэпщIауэ пэкIэ догъашхэ, пэкIэ псы идогъафэ...

Сэ генерал сыхъуащи сотхъэ: Бахъсэн зы улахуэ, Налшыч улахуитI, Мэзкуу улахуищ къыщызат. Буджетми сыхоIэбэ, бизнесменхэми сакIэщIоIэбэ... Ауэ иджы тIэкIу сышынэу щIэздзащ. Ди район тхьэмадэми щхьэпхэтIыгу напэ иIэу къыщIокI, къытхуэдзэлашхэхэр щыIэ хъуащ. НэгъуэщI пырсидатил гуэрми, хирург къищэхуауэ, щхьэпхэтIыгу напэ ирегъэщI, жаIэ... Зэ ежьар къыпхуэгъэувыIэжыркъым...

## НЫБЖЬЭГЪУ ЛЪАПIЭХЭ!

Мы жуналым иджыпсту фызэреджэр и щыхьэтщ адыгэ литературэм, культурэм, тхыдэм, лъэпкъ Iуэхум хамэгуу фазэрыхущымытыр. «Iуащхьэмахуэр» къыдэзыгъэкIхэми дяпэкIи тлъэкI къэдгъэнэнукъым ди тхакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ я тхыгъэ нэхъыфIхэр фи деж япэу нэзыхьэс адыгэ журналыр нэхъри гунэс фщыгъун папщIэ. Абы ехьэлIа фи чэнджэщхэр къытхуевгъэхьмэ, сэбэп зэрыхъунуми шэч хэлъкъым. Апхуэдэуи зыфхуэдгъэзэну дыхуейт 2010 гъэм «Iуащхьэмахуэр» зыIэрыхьэу щыта цIыху минитIым нэхърэ мынэхъ мащIэм дызыхыхьэ илъэсми ди журналым Iэ тевдзэну.

Пощтым Iэ щытевдзэмэ, илъэс никъуэм и уасэр сом 58-рэ кIэпIейкIэ 20-рэщ.

**Илъэс псокIэ занщIэу Iэ тевдзэну фыхуеймэ, редакцэм фыкъакIуэ е фыкъэпсалъэ. Абы щыгъуэм тедзапщIэу къыфIытхынур сом 50-щ.**

Аращи, «Iуащхьэмахуэм» Iэ зэрытевдзам нэхъ хэщIыныгъэ фимыIэу, абы насып къыфхудэкIуэу илъэсыр ефхьэкIыну дынывохъуэхъу.

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къищтэр зэи къытемыхуа, компьютеркIэ тедзэжа тхыгъэхэрщ (дискыр щIыгъумэ, нэхъыфIыжщ).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэнкIэ хъумэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 47-35-32 (редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 47-26-21 (жэуапыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 42-42-14 (прозэ); 47-32-94 (публицистикэ); 42-75-22 (бухгалтерие). Электронный адрес: e-mail: oshhamaho@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, Полиграфкомбинат.





12 Заказ №

Нало Заур
Бэлэ и дыху сабыныр
Повесть

Мыгъэрей гъэмахуэр апхуэдизкIэ угъурлыщи, Къэбэрдейри Джылахъстэнейри зыхуэныкъуэм хуэдиз уэшх тхьэмахуэ къэс кърегъэжэх аби, дыгъэр гуфIэжу къыщхьэщегъэувэж; гъавэри, жыгри, мэкъури, хъунри, а угъурлыжьым зрагъэууэрэ, дошэсей; ахэр дыгъэрыжьэ имыщIын щхьэкIэ, аргуэрым уэлбанэр кърегъэблэгъэж. Къэралбийхэ я бжэIупэм Iут балиейм пыс бжэндэхъухэм «КIуэкIурашэ мэпщафIэ, КIуэкIурацэ мэгуфIэ...» - жаIэурэ игъащIэ лъандэрэ кърашуэрэд закъуэм я дамэхэр къыдагъафэ; абыхэм къагъэуша Бэлэ цIыкIу щхьэгъубжэр къызэIуигъэжым, къуалэбзухэр щхьэщощтри, жыгыщхьэр нэху мэхъу. Абдеж къыIулъэда хьэмаскIэ гъуабжэр лъаIуэу Бэлэ къыхудоплей, Бэли адэм и ныкъуэшх гуэрхэр абы хуедз; зэрыхуидзу хьэмаскIэр къыдолъейри, ар жьэкIэ къеубыд аби, мэтхъэж.

Асыхьэтым, бжэ щIыхьэпIэр игъэкIыргъыу къыIуехри, Иван Захарович, и адэр къамылъху щIыкIэ яда кIартIуз гъуабжэр щхьэритIагъэурэ къыщIокI, пэнурэ набдзэ къуий хъужауэ. Дуня и щхьэ мыжь цыпэплъыр бжэ дамэдазэм къыдегъэжри и лIым кIэлъоджэ:

- Смотри, Ваня, чэфу укъысхуэкIуэжынщи, тхьэуэ сыкъэзыгъэщIа, укъыщIэзмыгъэхьэжын! КъызжиIакъым жумыIэж, мы бжэIупэ псыфым уIулъыну щытми, бжэр пхуIузмыхынкIэ пхузоIуэ тхьэрылъхум и цIэкIэ!

АрщхьэкIэ Иван Захарович ауи къызэмыплъэкIыу докI, и саквояжыр щIиупскIэрэ и пащIэкIэми ауану щIэгуфIыкIыурэ: абы ещIэ сымаджэ зиIэ унэ гуэри фадэбжьэ кърамыгъафэу къызэрыщIамыгъэкIыжынур. Ар фадэм езыгъэсар Хъуэхъужьейрауэ фи мыгугъэ - илъэситI япэкIэ къуажэм къыщагъэкIуами ефэрейт, ауэ абы урыс нащхъуэжьыр иригъэжэхыу щытамэ, иджы цырибон пудым дихьэхащи, тыкуэным хуемыплъэкIыу блокIри, къущхьэ аркъэ щIэзыгъэжхэм я деж дохьэ, хьэми щымышынэу, Дуни фIэмылIыкIыу, Бэли фIэпсэкIуэд мыхъуу.

Хъуэхъужьей дохутырым, пщэдджыжь къэс зэхих тхьэрыIуэмрэ пщыхьэщхьэ къэс къызэрепыдж шыдэмрэ есэжащи, ар зыу къыщымыхъуу, сивоскIэ гъэсыпIэм блокIри, хьэмгъуокъу ишыхьурэ, ХьэцIывхэ я дежкIэ еунэтI. Пхъэрыгъажи зэрымылъ, набжи зыIумылъ куэбжэм зэрынэсу, и адэжь и пщIантIэ дыхьэж хуэдэ, долъадэ, бжэIупэм Iулъ хьэ къарэжьыр къотэджри, щхьэщэ къыхуищI нэхъей, «хьэу» къудей жимыIэу, зыкъыхуегъэщхъ аби, мэтIысыж: аитIур зэныбжьэгъуужь хъуати, хамэ зыдримыгъэкIуей пырхъуэр хуит къыхуещI. Мамсинэ зыкъом щIауэ хэлъу сымаджэт, къэтэджу мыпщафIэфу, щэIуу, къэжьу. ПщафIэу унагъуэр зыгъашхэри, псы зэфэн къахуэзыхьри, яхуэжьыщIэ-яхуэдыжэри Мамсинэ ипхъу нэхъыжь Бушкэт. Дохутырым шэнт щхьэгуэ къыхуегъэув, сымаджэм бгъэдегъэтIысхьэри, езы Бушкэ тэрмэшу и анэм щхьэщоувэж.

- Нобэ дауэ зыкъыпщыхъужрэ, Мамсинэ? - жи Иван Захарович, дохутыр Iэмэпсымэр саквояжым къыдихыурэ.

- Къыдресей мыгъуэ, къыдресей...

- Догуэ, хущхъуэри пэлъэщыркъэ уи сэхураным?

- АIэ мыгъуэ! - мэгурым унэгуащэ лъэрымыхьыр. - Нэхъапэ сызэбгъафэу щыта кIаплIэхэр куэдкIэ нэхъ сэбэпт а иджы къысхуэпхь хъурей цIыкIухэм нэхърэ...

Иван Захарович сымаджэм и температурэр къепщ, и лъынтхуэхэм йодаIуэ, и бзэгум йоплъ. Мамсинэ а псори къыфIэIуэхукъым, ар зыщыгугъыу зыпэплъэр саквояжым къыдихыну кIаплIэращ; модрейми, унэгуащэр куэдрэ имыгъэлъаIуэу, псы стэчаным ткIуэпсищ хегъаткIуэри ирегъафэ. Захарович

9 Заказ № 84

Адыгэ щэнхабзэм псэемыблэжу хуэлэжьащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэу щыта Къуэдзокъуэ Хьэсэн Бахъсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм 1935 гъэм февралым и 18-м мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ.

И ныбжьыр илъэс зыщыплIым фIэмыкIауэ, и адэ-анэр фIокIуэд. Зеиншэу къэна щIалэ цIыкIур 1945 гъэ пщIондэ щыIащ и адэ къуэшым деж. А гъэ дыдэм Хьэсэн сабийхэм я унэм (детдомым) ират. 1950 гъэм абы классиблыр къыщеух, иужькIэ еджэным щыпещэ республиканскэ школ-интернатым. 1953-1958 гъэхэм Хьэсэн щоджэ артистхэр щагъэхьэзыру Луначарскэм и цIэкIэ Мэзкуу дэт къэрал институтым и актерскэ факультетым.

Налшык къигъэзэжа нэужь, ар щолажьэ Къэбэрдей театрым. 1961-1962 гъэхэм Хьэсэн щэнхабзэмкIэ министерствэм и инспектор нэхъыщхьэу ягъэув. 1962 гъэм щегъэжьауэ дунейм ехыжыху (1996 гъэ) Хьэсэн иролажьэ гурэ псэкIэ езыр сыт щыгъуи дызыхьэхыу щыта журналист IэщIагъэм: 1962-1969 гъэхэм «Советская молодежь» газетым, 1969-1996 гъэхэм телевиденэм.

Мис абыхэм яужькIэ зи гупсысэри зи къалэмри жан хъуа Къуэдзокъуэр нэхъри тогушхуэ куэд щIауэ фIыуэ илъагъу художественнэ творчествэм псэемыблэжу бгъэдэтыну. ИкIи ар щымыуауэ къыщIокI: тхылъ щхьэхуэурэ къыдэкI мэхъу абы и рассказхэр, повестхэр, усыгъэхэр.

Хьэсэн зыкъигъэлъэгъуащ зэдзэкIакIуэ Iэзэуи. Абы зэридзэкIа пьесэхэм ящыщщ: Шекспир и «Отелло», Мольер и «Жорж Данден»-р, Лопе де Вега и «Овечий источник»-р, О Нил и «Последняя остановка»-р, нэгъуэщIхэри.

НэгъуэщI бзэхэмкIэ ятхахэр адыгэбзэкIэ зэридзэкI къудейм къыщымынэу, Хьэсэн адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэри урысыбзэкIэ зэридзэкIащ. Абыхэм ящыщщ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэр», КъардэнгъущI Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагъэрэ», Мысачэ Петр, Елгъэр Кашиф сымэ я тхыгъэхэр.

Хьэсэн и очерк хьэлэмэтхэр куэдрэ газетхэм, журналхэм къытехуащ, тхылъ щхьэхуэу къыдэкIащ. Мис ахэращ Къуэдзокъуэ Хьэсэн и цIэр ди щэнхабзэм фIыкIэ къыщIыхэнар.